

GOVERNMENT OF INDIA

ARCHAEOLOGICAL SURVEY OF INDIA


ARCHAEOLOGICAL
LIBRARY

ACCESSION NO. 41236

CALL No. 899.2223/Dre


D.G.A. 79

Acc No: 41236



JAVAANSCH PROZA

I. TEKST



EENVOUDIG HEDENDAAGSCH
JAVAANSCH PROZA

BIJEENGEBRACHT EN
VAN EEN WOORDENLIJST VOORZIEN

DOOR

DR G. W. J. DREWES

Hoogleraar te Batavia

41236

I. TEKST



899.2223

Dre.



LEIDEN
E. J. BRILL
1946

Address: RICHARD GALT

1000 10th St

Los Angeles 41236

Inv. 27.6.64

Call No. 899.2223/Dre

INHOUD

	Blz.
I. Djiarah datang pasaréan ing Ngampèl	I
II. Wonten ing lèpèn Mas	2
III. Batoe Gadjah lan Batoe Gantoeng	3
(M. Jitnasastra, <i>Késah lajangan datang poelo Pa-poewah</i>)	
IV. Kéndangipoen Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan Pakoe Boewana kaping VI, naréndra ing Soerakarta adiningrat .	7
V. Balélanipoen Pangéran Prawiradirdja, boepati Madijoen	18
(R. Ng. Soeradipoera, <i>Serat bedahipoen karaton Ngajogjakarta</i>)	
VI. Radjapati	22
(R. Ng. Jasawidagda, <i>Ni Woengkoek ing Benda Growong</i>)	
VII. Randa djoelig	31
(D. F. v. d. Pant en Padmasoesastra, <i>Serat doertjara ardja</i>)	
VIII. Gègèr ing padjagongan	39
(R. Ng. Jasawidagda, <i>Kirti ndjoendjoeng dradjat</i>)	
IX. Ngleloeri tata-tjara djaman koena, Pari pengantènan	45
X. Rasané pait nanging akèh wong sing karem . . .	47
XI. Pangolahé godong mbako.	49
(R. Sasrasoeganda, <i>Kembang Setaman</i>)	
XII. Botjah djoetakan	51
(M. Soeratman Sastradiardja, <i>Kantja anjar</i>)	
XIII. Kepandoengan serat samboetan.	56
(Mw. Asmawinangoen, <i>Moengsoeh moengging tjangklakan</i>)	
XIV. Tjandoe peteng toewin panjegahipoen	61
(R. Ng. Jasawidagda, <i>Djarot II</i>)	

Received from Oxford Book & Stationery Co., at 12.6.64 "Cald. 16.00 for two parts"

	Blz.
XV. Ambarang	71
XVI. Katjepeng	77
(Mw. Asmawinangoen, <i>Saking papa doemoegi moelja</i>)	
XVII. Ngangkataken lajon dateng pakoeboeran	84
(R. Tanaja, <i>Tata-tjaranipoen tijang kasripahan</i>)	
XVIII. Wiwitané ana matjan gaçoengan	90
XIX. Bab grahana (kawroeh Djawa).	93
XX. Paben temboeng srékalan.	95
XXI. Dongèngipoen dalang ringgit poerwa dipoen-tanggap ing lelembat.	97
(R. Ng. Soeradipoera, <i>Dongèng awarni-warni</i>)	
XXII. Pepangghian lan mitra lami	102
(R. Bagoes Soelardi, <i>Serat Rijanta</i>)	
XXIII. Pamiloeta	107
(Soeradi Wirjaharsana, <i>Wisaning agesang</i>)	
XXIV. Padoedon bab laki-rabi	112
XXV. Taoenan	121
XXVI. Wewadoel ala.	127
(Koesoemadigda, <i>Gawaning wewatekan</i>)	
XXVII. Wales-winales.	131
(M. Soeratman Sastradiardja karo K. M. Sasra- soemarta, <i>Botjah ing goenoeng II</i>)	
XXVIII. Semar, Garèng lan Pétroek ing dinten Rijadi . . .	137
XXIX. Rembagipoen Pétroek lan Garèng bab pilem Terang Boelan.	142
XXX. Pasar Gambir.	151
XXXI. Bab tijang èstri wonten ing goeminterad	161
(R. Soemantri Hardjadibrata, <i>Kadjawèn 1937</i>)	

VOORWOORD

Deze verzameling van prozastukken is bijeengebracht om te voorzien in de groote behoefte aan lectuur voor hen die de eerste moeilijkheden van het Javaansch hebben overwonnen. Het leek mij, toen ik dit boekje voor den druk gereed maakte, gewenscht er een woordenlijst aan toe te voegen, omdat er destijds geen zekerheid bestond aangaande het voorhanden zijn van woordenboeken. Naar ik hoop zal deze lijst de gebruikers niet al te dikwijls in den steek laten.

Bij de keuze der stukken heb ik mij laten leiden door de gedachte, niet alleen hedendaagsch, maar voornamelijk ook alledaagsch Javaansch te geven. Daaraan immers, hebben de meesten van hen die Javaansch leeren meer behoefte dan aan het voor het onderwijs gebruikelijke proza van de babads, en andere als parafrase van gedichten ontstane stukken. Dat men de grens van het hedendaagsche bij het Javaansch ruimer mag nemen dan b.v. bij ons, zal wel niet onbekend zijn; men kan tal van geschriften nog zeer goed hedendaagsch noemen, die niet meer gloednieuw zijn, en hier reeds tot een vorige generatie zouden worden gerekend.

De beperktheid van de keuze, en eventuele fouten en omissies mogen eenige verontschuldiging vinden in de omstandigheden waaronder dit boekje werd samengesteld en voltooid, en in den spoed die met de uitgave moest worden betracht.

Den heer J. SOEGIARTA, assistent voor het Javaansch aan de universiteit alhier, betuig ik gaarne mijn dank voor het vele werk, verbonden met het op fiches brengen van de in de teksten voorkomende woorden.

Leiden, Sept. 1946.

G. W. J. DREWES

I

DJIARAH DATENG PASARÉAN ING NGAMPÈL

Èndjingipoen koela sowan dateng pasaréan ing Ngampèl (Ngampèl-denta) inggih poenika pasaréaning wali ing djaman kina, tjetjarijosanipoen sampoen kaseboet wonten ing serat Babad tanah Djawi. Katelahipoen doemoegi sapriki pakampoengan ngrikoe poenika dados pakampoenganipoen tetijang bangsa Arab. Kampoeng Ngampèl poenika saking kampoeng Sasak boten patos tebih. Sadoemoegi koela ing pasaréan pinanggih djoeroe koentji, koela dipoen panggihi wonten ing grija kaprenah sakidoel masdjid. Wonten ingrikoe koela ladjeng angisèni peti kas masdjid, katahipoen ro sèn, sekar doepa koela sampoen mirantos, koela ladjeng dipoen irid mlebet dateng pasaréan; lebet koela medal konten sakidoel masdjid, ladjeng ménggok mangalèr mlebet konten malih. Ingrikoe waoe tjepoerining pasaréanipoen Sinoehoen ing Ngampèl-denta; ingkang ngirid koela anedahi, pasaréanipoen ingkang Sinoehoen ingkang moenggoel pinantjak soedji, namoeng mawi sekaran (kidjing) séla tjemeng loegas, boten mawi katjoengkoep, dados namoeng ngentak-entak kémawon. Koela ladjeng ngobong doepa, ingkang ngirid koela ndonga goemrenggeng, dipoen amini ing tetijang sanès ingkang oegi toemoet ngeteraken koela. Tijang waoe sasampating ndonga ladjeng tjarijos dateng koela, temboengipoen neda slawat sakadar koela; koela badé boten njoekani roemaos pakèwet mila ladjeng koela oeloengi arta talèn satoenggal, soepados dipoen bagé saktantjanipoen; sakawit tijang waoe inggih marenggoek, nanging boten koela raosaken. Koela ladjeng medal, sadoemoegi koela ing djawi wonten laré neda arta kados patrapipoen tijang ngemis, koela inggih ladjeng anjoekani sa-sèn, woesana laré sanès-sanèsipoen goemroebjoeg ambjoek oegi sami neda arta, dalah laré-laré ingkang saweg noedjoe dolan inggih sami toemoet ngebjoe. Koela roemaos ngantos kawekèn, saben koela mangsoeli boten njoekani, ladjeng melèhaken: „Wonten poenapa laré-laré waoe sami sampéjan soekani?” Dangoe-dangoe malah neranjam poeroen nggogohi kantong rasoekan, woesana inggih ladjeng koela soekani, ananging malah dados damel, poendi ingkang sampoen koela soekani, let sakedap malih wangsoel saha tjarijos dèrèng koela soekani, sampoen tansah makaten kémawon; saking kakening manah koela, ladjeng koela kèndelaken kémawon, sanadyan sami

ngetoetaken toewin sadjak membek-membek nangis meksa koela kèndelakèn kémawon, koela ngantos doemoegi pondokan laré-laré waoe saweg sami wangsoel. Ingkang koela pondoki tjarijos: „O, makaten waoe sampoen damelipoen, aloewoeng poenika laré-laré ingriki, boten sapintena, witikna menawi laré-laré ingkang wonten pasaréan ing Giri (Gresik) panedaniipoen menawi boten dipoen soekani poeroen memisoeh poenapa”.

Ing pasaréan Ngampèl poenika dados padjiarahan ageng, sabèn taoen noedjoe ing woelan Roewah angsal sadranan saking kraton Soerakarta toewin Ngajogjakarta, mila kañah para tetijang Islam ingkang dateng ing Soerabaja sami merlokaken djiarah mrikoe, piandelipoen sami ngalap barkahipoen ingkang soemaré.

II

WONTEN ING LÈPÈN MAS

Kawontenanipoen ing kita Soerabaja kados boten perloe koela tjarijosaken kañah-kañah, kados sampoen kañah ingkang sami priksa. Èndjingipoen wantji djam 12 sijang koela biðal dateng kapal, bebektan koela gelaran bantal tetedan toewin panganggé wonten ing tromol; koela noempak baita tambangan saking lèpèn Mas, lampahing baita anoedjoe dateng palaboehan. Lèpèn Mas poenika lèpèn ingkang ageng pijambak manggèn satengahing kita Soerabaja, dados pangangsonipoen tijang ingrikoe, kanggé adoes oetawi kaombé. Ananging sapoenika boten kanggé, amargi sampoen angsal toja mendet saking toek Kasri, tojanipoen bening akintjlong-kintjlong. Lèpèn Mas waoe sanadyan ageng toewin wijar, ananging ing pinggiripoen tinabag ing témbok, wiwit salebeting kita ngantos doemoegi ing palaboehan. Toeroet pinggir kebek kaedegan goedang-goedangipoen toko ingkang ageng-ageng; bilih dipoen tingali saking lèpèn ngantos itjal sipating kita, namoeng katingal kados lèpèn wonten saselaning lodji. Baita alit-alit ingkang wonten ing lèpèn ngrikoe kañah sanget, pating sliri kados sarah kèntir ing toja. Lampahing baita ingkang koela toempaki ladjeng andjog ing soengapaning lèpèn Mas, ingrikoe winastan ing Oedjoeng, ardjanipoen saja nggegirisi, baita-baita ngantos pepet boten kénging pinjak. Ingrikoe wonten baita setoem, mlampah wira-wiri dateng Madoera, minangka sambetanipoen Madoera Stoomtram; palaboehanipoen ing Madoera nama ing Kamal, saha wonten malih baita ingkang mlampah dateng Gresik. Lampahing baita ingkang koela toempaki sadoemoegining Oedjoeng ladjeng dipoen endeg ing paréntah ngeboem ngrikoe, perloe mriksa bebektan koela; sasampoenipoen kapriksa salesih ladjeng

teroes mlampah, lampahipoen mijak medal saselaning baita, ingkang sami wonten ingrikoe. Sadoemoeginipoen soengapaning lèpèn tojanipoen katingal idjem, saha katingal wates-watesipoen toja tawa kalijan toja asin (toja saganten). Lampahing baita wiwit kraos ébah kados dipoen ojog, inggih poenika wiwit kénging ombak ing saganten. Ingrikoe katingal kaṭah kapal-kapal ageng ingkang sami laboeh, toewin kapal perang ingkang djagi ingrikoe, pating renggoenoe kados kiṭa ing toja. Ing sisih wétan katingal loemahing poelo Madoera, grija-grijanipoen katingal ageng-ageng sami apajon gendèng. Koela nolèh mengilèn ningali kiṭa Soerabaja grija-grijanipoen taksih katingal tjeta, menaranipoen katingal ngégla, kinoebeng-koebeng ing wit tjemara, ngantos katingal kados panggoeng wonten sanginggiling kekadjengan. Lampahing baita sareng sampoen tjelak kapal api ingkang sami laboeh ladjeng mlampah lon-lonan. Kapal api ingkang badé koela toempaki laboehipoen wonten ing sisih wétan pijambak. Samargi-margi koela mireng soewanten pating kedogrèg, inggih poenika soewantening kèrèkan ing kapal ingkang kalampahaken mawi setoem, kanggé ngangkoeti oetawi ngandapaken barang. Woesana lampahing kapal ingkang koela toempaki doemoegi ing panggènan laboehipoen kapal api Japara, ladjeng dipoen tjantjang wonten ing andaning kapal. Koela ladjeng minggah saha ladjeng pados panggènan ingkang sakétja; kaleresan koela saged manggèn wonten sangandaping padjagèn setirman, dados sijang daloe saged adjeg kejo-man, amargi bilih manggèn sangandaping mota, bilih noedjoe laboeh mawi dipoen bikak. Manah koela ajem déné sampoen angsal panggènan sakétja, bebektan koela sampoen koela tata, gelaran sampoen koela gelar, tromol koela sanding, tetedan koela dèkèk satengening patileman koela, samangsa kepéngin neḍa kantoen ngranggèh kémawon.

Sareng djam 3 wonten poelisi ingkang mriksa tetijang ingkang sami noempak dalah bebektanipoen. Sasampoenipoen salesih ladjeng sami wangsoel mandap, boten dangoe bebaoening kapal ladjeng tata-tata badé biḍal.

III

BATOE GADJAH LAN BATOE GANTOENG

Batoe Gadjah poenika pakampoengan ingkang kadaleman pangageng nagari, inggih poenika Residèn, toewin padalemanipoen para prajagoeng Djawi ingkang sami kakéndangaken mrikoe. Padalemanipoen adjèdjèr-djèdjèr sami ageng-ageng, toewin ingrikoe tilas kedaton dalem Sampéjan dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng

Soesoehoenan Pakoe-Boewana kaping VI (Ambangoen Tapa). Sasoeroet dalem oegi soemaré wonten ingrikoe. Koela oegi langkoeng sangadjeng padaleman waoe, lampah koela ladjeng dateng palaboehan. Sakilènipoen padaleman ing Batoe Gadjah waoe wonten sekolahanipoen Walandi, toewin ing Ambon oegi wonten sekolahan Kweekschool. Woesana lampah koela andjog ing palaboehan malih.

Sadoemoegi koela ing kapal raosing manah dèrèng marem angambah ing daratan, mila sareng kèndel sawatawis koela ladjeng wangsoel malih. Lampah koela sareng doemoegi kreteging palaboehan kepeboek bangsa Djawi; sareng sami takèn-tinakèn, pandjenenganipoen ngandika trah sinatrija ing Ngajogja, sapoenika manggèn wonten ing Batoe Gadjah noenggil para sadèrèk-sadèrèk saha wonten ing Batoe Gadjah waoe amadjibi roemeksa pasaréan dalem Ingkang Sinoehoen Ambangoen Tapa. Wontenipoen ing Batoe Gadjah sami manggèn wonten ing grija lodji peparangipoen Kangdjeng Goepermèn, déné para prijantoen waoe sami wajahipoen soewargi Kangdjeng Pangéran Arja Dipanagara. Koela ladjeng dipoen ampiraken dateng padalemanipoen. Sadoemoegi koela ing Batoe Gadjah dipoen panggihi para sadèrèkipoen, sasampoenipoen bagé-binagé willoedjeng ladjeng sami pitakèn kawontenanipoen ing tanah Djawi; koela inggih ladjeng njarijosaken, woesana koela njipeng wonten ingrikoe.

Éndjingipoen koela sowan dateng pasaréan dalem Ingkang Sinoehoen Ambangoen Tapa, dipoen irid para ingkang sami roemeksa. Papaning pasaréan poenika manggèn wonten salebeting pakarangan waoe, wewengkoning pasaréan kinoebeng ing témbok, kontenipoen doemoenoeng wonten ing sisih wétan madjeng mangalèr, sawétaning konten wonten sarambinipoen, sadjawi toewin salebeting tjapoeri pasaréan dipoen tanemi wit pala, wohipoen mbijet kados sempal-sempala, godongipoen idjem ketel ngajomi sangandapipoen, bebasan ngantos boten katingal bentèring srengéngé, salebeting tjapoeri ngrikoe andèr isi pakoeboeranipoen para sentana ingkang roemijin sami ndèrèk ingkang Sinoehoen wonten ing Ambon. Sisih lèr sakedik sampoen pantog kamaring pasaréan dalem, kinoebeng ing témbok apajon sèng, ing èmpèr sangadjenging kamar wonten koeboeranipoen amergil, inggih poenika koeboeripoen Radèn Ngabèi Tjakradipoera, kekasihipoen ingkang Sinoehoen. Koela kèndel wonten ing èmpèr ngrikoe; sasampoenipoen kontening pasaréan kabikak, koela ladjeng mlebet. Ingkang soemaré ingrikoe namoeng ingkang Sinoehoen sakalijan Kangdjeng Ratoe, wijaring kamar boten sapintena, pasaréanipoen namoeng dipoen témbok kémawon, dados sanès sekaran séla toewin sanès-sanèsipoen, inggihgil mawi kalowahan katingal siti

kémawon, toewin wonten isinipoen awarni koewoekan, damar, doepa, poenapa déné wonten tabeting sekar tjampoer bawoer. Saantawising sampéjan dalem (sakil) sakalijan pinasangan songsong gilap mingkoop, pamasangipoen dandaning songsong toemantjep mestèr sampoen dipoen lépa; wonten ingrikoe kraos manah koela, angèngeti ing Goesti koela déné soemaré wonten ingrikoe. Sareng anggèn koela sowan sampoen sawatawis dangoe ladjeng medal, sadoemoegining djawi kèndel linggihan wonten sangandaping wit pala, wohipoen ingkang sampoen sepoeh sami mletèk, isinipoen sami dawah ing siti mblader, warninipoen abrit sepoeh, inggih poenika warninipoen sekar boentel ing nglebet, limrahipoen ingrikoe dipoen wastani kembang pala. Sasampoenipoen kèndel sawatawis ladjeng medal saking tjepoerining pasaréan. Sadjawining pasaréan ngrikoe awarni patamanan, tinaneman sesekaran, klapa géndjah, djambé pol, toewin sanès-sanèsipoen. Koela ladjeng mlampah angoebengi sakiwa tengening pasaréan, sakilèn pasaréan tjaket wonten marginipoen alit andjog dateng lèpèn. Salebeting pakarangan ajom sanget, soemoeripoen tjetèk-tjetèk, manawi mendet toja namoeng dipoen tjidoek kémawon. Sawingkingipoen pakarangan waoe wonten lèpènipoen, tojanipoen bening toer tjetèk, sélanipoen pating djanggeleg ageng-ageng, tetijang ingkang sami adoes tjekap namoeng aling-alingan séla kémawon sampoen pinda akekelir; sapinggiring lèpèn ngrikoe katah tijang ingkang gegrija, wonten masdjidipoen alit angongkang lèpèn; ingkang sami gegrija ingrikoe poenika katah ingkang toeroenan tetijang Djawi, amargi ing roemijinipoen ingrikoe dados pakampoenganipoen para abdinipoen ingkang Sinoehoen Ambangoen Tapa. Sasampoenipoen sawatawis dangoe koela ladjeng wangsoel dateng tjapoerining pasaréan malih, saha ladjeng kèndel wonten ing srambi satjelaking pasaréan, wonten ingrikoe sami kèndel sarapan.

Sareng sampoen ragi sijang koela dolan dateng ing Batoe Gantoeng, tebihipoen saking kiṭa kinten-kinten wonten kalih pal. Ing Batoe Gantoeng poenika wonten oemboelipoen, tojanipoen ambèr dados pangangsonipoen tijang salebeting kiṭa. Lampah koela oeroet margi èrèng-èrènging redi, sanadyan lampah koela oeroet paredèn, nanging tansah ngambah pakampoengan ingkang dahat ardja, grijanipoen ndèndeng, tetijangipoen katingal sami njamboet damel; nambal djala, ndeplok sagoe, damel toewak (dèrèsan sagoe), amratandani jèn tetijang ingrikoe sami madjeng-madjeng ing damel. Margi ingkang koela langkoengi waoe ajom sanget, lampah koela saja tebih saja njengkrèk saha ngambah margi ingkang mbamping, margi waoe namoeng oeroet énggak-énggoking lèpèn; labet saking noentaking siti dados tojaning lèpèn waoe goem-

rodjog sanget, kados woetah saking talang. Lampah koela ladjeng doemoegi ing papan ingkang sakalangkoeng ajom, papan waoe inggih wonten sapinggiring lèpèn, ananging tojaning lèpèn boten katingal, amargi tinoetoep ing séla bleg, dados ilining toja waoe medal sangandaping séla. Séla waoe warninipoen petak pating tjringih, saésta kados goemantoeng wonten sanginggiling lèpèn, saking kawontenan waoe mila ngrikoe nama ing Batoe Gantoeng. Ilining toja satjelakipoen ngrikoe santer, lémbak-lémbaking toja ingkang toemempoeh ing séla katingal moentoeck petak moentjrat-moentjrat pinda sekar mlati soemawoer ing patileman, kañah tetijang èstri sami adoès toewin ngoembah-oembah, banènipoen sami tjetjiblonan, dipoen tingali saking katebihan kados pepindanipoen para widadari sami leloemban. Wonten ingrikoe koela kèndel ngantos dangoe, saking lam-lamen ningali kawontenan waoe. Sareng sampoen itjal sajah koela, koela ladjeng mlampah malih, marginipoen minggah mandap, ladjeng ngambah pasitèn moenggoel ladjeng mandap ndjodjog; wiwit ingrikoe, sakiwa-tengening margi dipoen tanemi krotan, warninipoen sakalangkoeng asri; woesana ladjeng doemoegi panggénan oedalaning toja, inggih poenika ingkang dados sirahing lèpèn waoe, manggénipoen wonten lelengkèhing redi, boten patos wijar, ananging wedaling toja deres sanget. Wiwit oedalipoen ladjeng kinoelah ing témbok moebeng, pinasangan lompongan tinampèn ing oeroeng-oeroeng tosan, teroes doemoegi ing kiña. Wedaling pipa tosan waoe oeroet èrèng-èrènging djoerang, andjogipoen ing kiña ladjeng pinara-para dados kañah, saben sapanggénan dipoen dèkèki bikakan, toewin wonten ingkang dipoen djogaken ing palaboehan, ingrikoe dados pangangsonipoen kapal-kapal ingkang sami laboeh. Satjelaking panggénan toek poenika dipoen degi grija alit mawi ambèn-ambènan, koela kèndel wonten ingrikoe saha ladjeng tileman; koela ningali mangginggil ngiwa nengen katingal asri sanget, marginipoen katingal ndjlarèh oeroet lelengkèhing redi. Krotan-krotan ingkang dipoen tanem wonten sapinggiring margi katingal pinda pepaès; koela ladjeng adoès, tojanipoen bening kados katja, raosipoen asrep kados ès, datang badan raosipoen sakétja; lakar koela sampoen sawatawis dinten boten adoès, badan koela ladjeng kraos èntèng.

Sasampoenipoen adoès koela ladjeng minggah ing margi sisihipoen, marginipoen saja njengkrèk minggah, sadoemoegi koela ingginggil koela saged aningali loemahipoen kiña ing Ambon, katingal tjetja awéla-wéla. Ingrikoe wonten witipoen koewèni ageng, ingandap mbelader kebak gogroganing sekaripoen, warninipoen abrit mberanang adamel sengseming manah. Prenah ingandap tjaket katingal dalem Karesidénan, salebeting pakarangan kebak patamanan isi taneman mantjawarni, katingal asri

sanget, sesekaranipoen wonten ingkang roemambat ing andjang-andjang, wonten ingkang namoeng djinembangan, sawenèh nlosor roemambat ing siti, satengahing patamanan wonten sèlanipoen awarni sirah gadjah, telalénipoen medal tojanipoen moentjrat-moentjrat; awit saking wontenipoen wewarnèn waoe, mila ingrikoe karan kampoeng Batoe Gadjah. Oetah-oetahaning toja ladjeng pinara-para kinalèn ameradini taman, saha ladjeng andjog dateng kalénan ingkang meradini kiya, ilinipoen pating sarèwèh tanpa kendat. Katjarijos ing redi waoe kala roemijin kerep kagem lelangen Ingkang Sinoehoen Ambangoen Tapa jèn pinoedjoe kasekelan panggalih, wonten ingrikoe ladjeng saged pentèr; kados leres manawi ingrikoe dados padoenoengan kasengseman, amargi kawontenanipoen saged damel senenging manah. Ningali mangalèr katingal grija-grija atarik-tarik manggèn wonten ing pasitèn waradin, grijanipoen salong soemamar kaling-kalingan gogodonganing kekadjengan, ing sisih kilèn katingal loemahing sagan-ten tojanipoen alémbak-lémbak, kapal ingkang sami laboeh katingal sami mèpèt ing daratan, koekoesipoen koemeloen kados semoe sajah ing lampahipoen, ladjeng aningali saobenging kéblat, katingal redi ndendeng kados papageripoen kiya Ambon. Ing lelengkèhing redi katingal marginipoen pating djarèh kados tapaking sawer. Ngantos wantji srengéngé ngajom koela saweg mandap saking redi waoe, wangsoel medal margi lami, kawontenanipoen samargi-margi saja adamel lam-laming manah, para tetijang ingkang sami abalé-grija ing paredèn ngrikoe sami ngisis wonten ing djawi, katingal ing semoe sadjak tijang sarwa tentrem ing gesangipoen; djam 6 sonten lampah koela sampoen doemoegi ing pemondokan.

IV

KÉNDANGIPOEN SAMPÉJAN DALEM INKGANG SINOEHOEN KANGDJENG SOESOEHOENAN PAKOE BOEWANA INKGANG KAPING VI, NARÉNDRA ING SOERAKARTA ADININGRAT

Kangdjeng sang apraboe angandika aroem: „Doeh, doeh, adi adjeng, ajwa kadawa-dawa napsoenira, lan adja andadèkaké tjiliké atinira, ingsoen karsa tirakat marang ing Imagiri, andagan pasaréané kangdjeng éjang-éjang kabèh. Apa manèh Goesti Allah kang amahasoektji mangajoebagjaa, moega dika-boelaké sakpanedaningsoen. Mengko padjar ingsoen mangkat, déné kang andèrèk si Atmawiraga lan Atmasoe pana, loemakoe lalantjaran baé bésoek embèn ingsoen kondoer. Moenggoeh wekas-

ingsoen marang sira bok ratoe, satindakingsoen manawa poetra santananingsoen pada arep sowan, wangsoelana ingsoen lagi gerah ora bisa mijos, apamanèh manawa bapa résidèn sowan marang kadaton, oega wangsoelana kaja mangkono, toetoera bésoek embèn konen pada bali, karana bésoek embèn mesti ingsoen kondoeer”.

Kangdjeng ratoe matoer: „Doeh, paran tindak dalem, malah koela teka kirang sakétja, tansah senak-senik kémawon, karana pandjenengan dalem boten mawi paring pariksa dateng bapa résidèn, manawi-manawi wonten ingkang djail saéstoe boten saé kadadosanipoen, awit pandjenengan dalem karsa anerak pradjandjijan kalijan goepernemèn. Saking pamanggihipoen dalem prajogi pandjenengan dalem anoengkoe moedja semèdi aneda ing Goesti Allah ingkang sipat rahman rahim, boten ing Magiri kémawon Goesti Allah, sanadyan ing Kadaton ngriki inggih wonten Allahoe tangala, kados boten wonten bédanipoen ngrika kalijan ngriki, djandji temen-temen ing panedanipoen, ing saéstoe Ingkang Mahakoewasa angaboelaken”.

„Bener banget atoerira ikoe, adi adjeng, ana babasan djangka lan djangkah, sanadyan kadjangkaa jèn ora kadjangkah, ija ora noeli bisa katarima, kajata: lalakoné radèn djaka Tingkir, ing nalika katoendoeng marang Soeltan Demak, sebab saka banget soesahing atiné, bandjoer andadagan ana koeboéré wong toewané kang dikoeboer ing Pengging, ija ikoe kjai ageng Kebokananga, wajah sirep djanma, olèh wangsiting Pangéran kang agoeng sarana swara doemeling, djaka Tingkir kawisik angèngèra kjai ageng Banjoebiroe, ing kono margané olèh kamoeljan. Ikoe adi adjeng kang soen télad”.

Katjarijos sareng wantji sawoeng kloeroek sang apraboe angagem-agem angloegas raga, oerdenas kakalih radèn Atmawiraga toewin radèn Atmasoepana, sampoen sadija wonten ing aloen-aloen pengkeran, sang nata énggal mijos saking datoelaja boten wonten ingkang soemerep awit midjil ing pengkeran. Sang praboe ladjeng nitih titihan, oerdenas kakalih inggih sami noempak kapal. Boten katjarijos wonten ing margi, wantji poekoel woloe éndjing sampoen doemoegi ing Klatèn, karsa mampir ing grijanipoen radèn toemenggoeng Kartanagara, boepati pamaosan. Radèn toemenggoeng soemerep bilih ingkang Sinoehoen kangdjeng Soenan rawoeh, radèn toemenggoeng goepoeh goerawalan ametoek, Sampéjan Dalem toemedak saking titihan wonten sangadjenging pandapa. Radèn toemenggoeng angoeswa sampéjanipoen sang praboe saha matoer:

„Doeh, goesti poepoendèn kawoela, adamel kagèting manahipoen abdidalem kawoela, poenapa goesti ingkang dados wawa-

dosipoen, abdidalem kawoela njoewoen kadjatosan soepados adamel asreping manah".

„É, Kartanagara, ora ana apa-apa, ingsoen moeng mampir baé, perloe anglèrènaké titihaningsoen, lan ingsoen moendoet sarapan saanané, awit ingsoen arep menjang ing Imagiri, pasaréané para loelochoeringsoen kang woes pada soemaré kana".

Radèn toemenggoeng énggal amedalaken daharan sarapan, saha ladjeng kaḍahar, sang nata roemaos étja anggènipoen ḍahar. Sasampoening sang praboe ḍahar, ladjeng kalorodaken ḍateng oerdenas kakalih, sasampoening rampoeng ingkang sami neḍa, sang praboe ngandika: „É, Kartanagara, banget ing tarimaningsoen soegoehira marang ingsoen, saiki ingsoen mangkat".

Radèn toemenggoeng moendjoek: „Bilih kapareng abdidalem andèrèkaken".

„Adja, Kartanagara, ingsoen tindak déwé wis tjoekoep, moeng gawénen wadi rawoehingsoen iki".

Sang praboe énggal nitih titihan, kaḍèrèkaken abdi kakalih.

Katjarijos, radèn toemenggoeng Kartanagara waoe darbé poetra, nama radèn ngabèi Kartapijoga, ingadjeng dados abdidalem mantri gedong kiwa, kapidji njamboetdamel wonten kaḍaton, woesana manggih lepat sawatawis, sang nata ladjeng ḍawoeh angrangkèt ngantos satengah pedjah, sasampoenipoen karangkèt ladjeng dipoen-potjot saking kalenggahanipoen mantri, saha sang praboe boten karsa angabdékaken malih. Ngabèi Kartapijoga waoe ladjeng manggèn ing grijaning bapakipoen ing Kartanagaran Kalatèn. Sareng soemerep kangdjeng Soenan rawoeh, angintip saking katebihan, amirengaken pangandika dalem bilih karsa rawoeh ḍateng Imagiri. Ngabèi Kartapijoga anggraita, manawi badé andadagan ing pasaréanipoen ingkang rama oetawi para éjang, temtoe kagoengan paneda badé angrisak pangwasanipoen kangdjeng Goepremèn Welandi, poenapa malih boten paring priksa ḍateng kangdjeng toewan résidèn, dados tindakipoen waoe atjolongan kémawon.

Ngabèi Kartapijoga ladjeng loemampah ḍateng lodji ageng Klåtèn, pinanggih kalijan koemendan pradjoerit, perloe badé amales anggènipoen sampoen dipoen-wesiasat ḍateng sang apraboe; ḍatengipoen ing lodji atatabéan ḍateng toewan koemendan, ladjeng matoer:

„Sowan koela poenika angatoeri woeninga ing saodara, bilih kala waoe wantji taboeh woloe éndjing, kangdjeng Soenan ing Soerakarta rawoeh ing grijanipoen bapa koela radèn toemenggoeng Kartanagara, namoeng ambekta abdi oerdenas kakalih saha sami angloegas raga, perloenipoen mampir namoeng amoendoet ḍahar sarapan. Sasampoening ḍahar toemoenten nitih titihan

kadèrèkaken abdi kakalih waoe. Saking pangandikanipoen badé tindak datang pasaréan ing Imagiri. Ing panggagas koela sampoen temtoe tindakipoen waoe tjotjolongan, boten mawi paring priksa kangdjeng toewan résidèn, bokmanawi kagoengan karsa ingkang anjalawados, oetawi kagoengan karsa ingkang langkoeng awon, saha anerak pradjandjijanipoen kalijan kangdjeng Goe-premèn".

Koemendan pitakèn: „Poenapa sajektos saking pratélanipoen saodara poenika?"

„Inggih sajektos, manawi koela dora djangga koela padoeka pedot".

Koemendan énggal njerat lapoer datang koemendan ageng ing Sala; sareng sampoen anggènipoen njerat ladjeng animbali oerdenas Welandi kadawoehan bekta serat palapoeran katoer koemendan ageng, sarta kinèn noempak kapal gagantjangan. Radèn bèi Kartapijoga pamit moendoer, ladjeng tatabéan.

Kotjap lampahing oerdenas sampoen doemoegi nagari Sala, ladjeng malebet ing lodji ageng, angatoeraken serat waoe datang koemendan ageng. Sareng koemendan maos serat saking Klatèn agèdèg-gèdèg saha sanget getoenipoen, teka sang praboe karsa tindak pribadi. Koemendan énggal datang karésidènan angatoeraken serat saking Klatèn waoe. Sasampoening kawaos déning kangdjeng toewan résidèn, sakalangkoeng ngoengoen tindakipoen sang nata teka boten asoeke woeninga. Résidèn dawoeh pasang karéta, toewan résidèn amangagem dines, ladjeng tindak malebet ing kadaton, kairing toewan koemendan toewin toewan sékretaris. Sareng doemoegi kori Kamandoengan, toewan résidèn sakantjanipoen toemèdak ladjeng tindak, sadoemoeginipoen kori Srimanganti lèrèh pinanggih boepati ingkang tjaos. Toewan résidèn angandika: „Radèn toemenggoeng, koela sampéjan atoeraken kangdjeng Soenan, koela badé sowan wonten pakarjan ingkang wigatos".

„Noewoen inggih, kangdjeng toewan, kawoeningana, bilih Sampéjan Dalem saweg gerah boten saged mijos, dados prajoginipoen kangdjeng toewan béndjing-éndjing kémawon koela atoeri sowan sang praboe".

Toewan résidèn ngandika: „Awit sowan koela poenika moendi dawoehipoen kangdjeng toewan ingkang agoeng ingkang witjak-sana Goeprenoer Djéndral, andawoehaken prakawis ingkang langkoeng awigatos, ing sapoenika oegi koela mesti papanggihnan kalijan ingkang Sinoehoen kangdjeng Soenan".

„Noewoen inggih, kangdjeng toewan, bilih makaten kedah koela ngatoeri toemenggoeng èstri ingkang tjaos".

Ladjeng dipoen-atoeri, boten dangoe datang, toewan résidèn ngandika:

„Njai toemenggoeng, sarèhning kangdjeng Soenan sapoenika gerah, anggènipoen saréan wonten gedongipoen kangdjeng ratoe sinten?”

„Noewoen kangdjeng toewan résidèn, wonten gedongipoen kangdjeng ratoe Anom”.

„Sowan koela poenika wonten damelipoen sakalangkoeng perloe”.

Njai toemenggoeng Setjanama marak ingarsa kangdjeng ratoe Anom: „Kawoela noewoen goesti, abdidalem anjaosi woeninga, bilih kangdjeng toewan résidèn dateng wonten ing Srimanganti badé sowan goesti sang apraboe; sarèhipoen toewan résidèn sampoen mijarsa bilih goesti Sampéjan Dalem gerah, dados badé sowan ing pandjenengan dalem kémawon”.

„Ija, Setjanama, énggal atoerana maleboe maréné baé, mengko ingsoen temoni”.

Njai toemenggoeng énggal angatoeri kangdjeng toewan résidèn malebet ing datoelaja karaton kanoman. Toewan résidèn ladjeng kairid njai toemenggoeng, sadoemoegining kanoman kangdjeng ratoe nom ametoek ing plataran, ladjeng atatabéan kalijan toewan-toewan titiga, toemoenten sami pinarak ing koersi, toewan résidèn matoer:

„Kangdjeng ratoe, anggèn koela malebet ing kadaton poenika perloe badé sowan ingkang Sinoehoen kangdjeng Soesoehoenan, awit koela anampèni dawoehipoen éjang padoeka kangdjeng toewan ingkang ageng ingkang witjaksana Goeprenoer Djéndral ing Batawi. Koela kadawoehan papanggihan pijambak kalijan poetra koela kangdjeng Soenan, andawoehaken prakawis ingkang langkoeng awigatos, sarta ing dinten poenika koela mesti apapanggihan kalijan poetra koela kangdjeng Soenan”.

„O, bapa kangdjeng toewan résidèn, ing saèstoe kangdjeng Soenan boten saged mijos, sabab gerahipoen ragi sanget saha pantjèn gerahipoen boten kénging kadamel angandika, prajogi ing béndjing-éndjing kémawon bapa résidèn koela atoeri malebet ing kadaton malih; ing saèstoe sampoen senggang gerahipoen saged amanggihi sowanipoen bapa résidèn”.

„Boten kénging, kangdjeng ratoe, mesti dinten poenika koela apapanggihan kalijan kangdjeng Soenan. Bilih kangdjeng Soenan boten saged lenggah, koela narimah dipoen-panggihi kalijan saréan kémawon. Lah ing poendi pasaréanipoen kangdjeng Soenan?”

Kangdjeng ratoe boten saged angandika, nétya bijas panggalih tarataban, angoenandika: „Lah keprijé dadiné prakara mengkéné kijé?”

Kangdjeng ratoe ladjeng anedahaken pasaréan dalem. Sareng kawijak kelamboenipoen boten wonten, ladjeng kaoepadosan sale-

beting dalem kadaton kanoman boten wonten. Kangdjeng ratoe ladjeng ngoengkep-oengkep wonten ing pasaréan tansah moewoen.

Toewan résidèn sakantjanipoen moendoer saking kanoman, ladjeng sami lenggah wonten ing pandapa ageng, angandika dateng boepati ingkang tjao: „Radèn toemenggoeng, énggal sampéjan oetoesan animbali toewan Winner, littenan legoender sarta ambek-taa djadjaripoen kalihwelas, lan kangdjeng radèn adipati Sasradiningrat poenapa malih para pangéran sepoe aném koela timbali malebet dateng kadaton sapoenika oegi”.

Ingang kadawoehan sampoen moendoer, ladjeng dawoeh dateng para panèwoe mantri ingkang tjao. Kangdjeng toewan résidèn dawoeh dateng toewan koemendan boten pareng moendoer dateng lodji, kapoerih mesanggrahan wonten gedong panjarikan kalijan toewan résidèn. Toewan sékretaris kalilan moendoer nindakaken pakarjan pradja, makaten malih toewan résidèn dawoeh dateng koemendan amoendoet pradjoerit ing lodji titindihipoen satoenggil littenan angreksa kadaton, pamanggènipoen wonten ing kori Kamandoe-ngan.

Katjarijos, toewan Winner sampoen sowan ingarsa résidèn. Toewan résidèn ngandika: „É, toewan Winner, sapoenika karaton soewoeng, karana kangdjeng Soenan boten wonten, énggal djengandika mangkat ambekta djadjar legoender kalihwelas angoepadosi kangdjeng Soenan; jèn djengandika badé soemerep poeroegipoen kangdjeng Soenan, idjengandika pitakèn koemendan pradjoerit ing lodji Klatèn”.

Toewan Winner matoer sandika, tatabéan moendoer, doemoegi djawi ladjeng bidal noempak kapal sadjadjaripoen toewin oper-wahmèster. Kasigeg lampahing legoender.

Kotjapa, ing nagari Soerakarta salinggaripoen kangdjeng Soesoehoenan para abdidalem panèwoe mantri oreg kados gabah dipoen interi, oetawi kaliwon boepati sami kempal wonten ing pantjaniti. Kangdjeng pangéran adipati arja Angabèhi, toewin kangdjeng pangéran adipati arja Poeroebaja, miwah para pangéran poetra santana sadaja sami malebet ing kadaton, poenapa malih kangdjeng radèn adipati Sasradiningrat, oegi sowan malebet ing kadaton. Kangdjeng toewan résidèn kalijan toewan koemendan lenggah ing pandapa ageng, dipoen-adep para pangéran toewin radèn adipati miwah para najaka woloe.

Toewan résidèn angandika doemateng pangéran adipati arja Angabèhi: „Sarèhning kangdjeng Soenan sapoenika boten wonten ing kadaton, boten wonten para tijang ingkang soemerep tindakipoen, sadèrèngipoen rawoeh kangdjeng Soenan, para pangéran sadaja mesti wonten salebeting kadaton, boten koela lilani wonten

ing dalemipoen. Poenapa malih kangdjeng radèn adipati Sasradiningrat, koela patah wonten ing pantjaniti kalijan para boepati najaka lan para panèwoe mantri sapanekaripoen, boten kénging késah-késah bilih sang praboe dèrèng rawoeh. Sinten ingkang anerak dawoeh koela poenika amesti koela oendoer saking kaleng-gahanipoen”.

Radèn adipati matoer sandika, ladjeng bibaran, kangdjeng toewan résidèn kalijan toewan koemendan lèrèh dateng panjarikan.

Énggalipoen sareng wantji sonten radèn adipati Sasradiningrat sowan ing kangdjeng toewan résidèn, matoer : „Doeh, kangdjeng toewan résidèn, manawi andadosaken tjondonging panggalhipoen kangdjeng toewan résidèn, koela darbé atoe rembag pamrajogi. Salinggaripoen kangdjeng Soenan, ing tembé menawi sampoen pinanggih, sampoen ngantos kakondoeraken dateng karaton, moegi kaladjengaken dateng ing kita Samarang kémawon, karana saking panggas koela : sang nata bilih ngantos lami anggènipoen djoemeneng nata, sampoen temtoe risak nagari Soerakarta, poenapa malih temtoe saged anoewoehaken reresah ingkang badé damel kapitoenan ageng ing kangdjeng Goepremèn, kados déné prang Dipanagaran”.

„Inggih, kangdjeng radèn adipati, koela anjondongi. Salowongipoen karaton sinten ingkang prajogi djoemeneng nata?”

„Noewoen inggih, ingkang koela soewoenaken djoemeneng nata, kangdjeng goesti pangéran adipati arja Poeroebaja, awit pantjèn leresipoen poenika poetra naréndra iboe pramèsuari, saha panggalhipoen saé miwah adil, poenapa malih remen toetoeloeng kawoelanipoen ingkang nandang papa. Leres ingkang sepoeh kangdjeng pangéran adipati arja Angabèhi, nanging mijos saking garwa ampéjan, dados saoeпами koela njoewoenaken kangdjeng pangéran Angabèhi poenika boten leres, temtoe para najaka boten anjondongi”.

„Inggih, kangdjeng, koela anajogjani; bilih kangdjeng pangéran Poeroebaja kadjoemenengaken naréndra, bokmanawi nagari Djawi saged wilodjeng, tijang alit tata tentrem manahipoen. Lah, dawoeh koela sapoenika dateng kangdjeng radèn adipati, koela pidji djagi nagari kalijan boepati najaka sakawan, sakaliwon panèwoe mantrinipoen, boepati najaka sakawan sarèrèhanipoen ametoeka rawoehipoen kangdjeng Soenan wonten ing pasanggrahan Kartasoea, koela kalijan toewan koemendan poenapa malih pangéran adipati arja Mangkoenagara, ambekta pradjoeritipoen sadaja, toewan koemendan oegi ambekta pradjoerit sapalih toewin para opisiripoen. Koela bidal béndjing-éndjing kalijan pangéran Mangkoenagara sarta toewan koemendan”.

Radèn adipati ladjeng njoewoen moendoer dateng panangkilan,

sadoemoegining panangkilan dawoeh datang radèn mas arja Djajadiningrat boepati kaparak kiwa, radèn toemenggoeng Wiraredja boepati gedong kiwa, radèn toemenggoeng Mangkoejoeda boepati boemi, sarta radèn toemenggoeng Prawiranagara boepati panoemping sakalèrèhipoen sadaja. Boepati sakawan ladjeng bidal, sareng éndjingipoen toewan résidèn kalijan toewan koemendan sarta kangdjeng goesti pangéran adipati arja Mangkoe-nagara, noenggil sakaréta meboek kangdjeng Soenan wonten ing Kartasoera, saha pradjoerit Walandi sampoen datang salitnanipoen, poenapa malih boepati sakawan sarèrèhanipoen sampoen ngalempak wonten ing pasanggrahan Kartasoera.

Katjarijos lampahipoen toewan Winner sampoen doemoegi lodji ing Klatèn, papanggihan kalijan toewan koemendan; toewan Winner pitakèn tindakipoen kangdjeng Soenan datang poendi poeroegipoen. Koemendan mangsoeli: kinèn pitakèn datang radèn toemenggoeng Kartanagara ingkang soemerep tindakipoen. Toewan Winner ladjeng datang dalemipoen radèn toemenggoeng Kartanagara, sampoen apanggihan kalijan radèn toemenggoeng waoe, toewan matoer:

„Inkang awit dawoehipoen kangdjeng toewan résidèn, koela kaoetoes angoepadosi kangdjeng Soenan, margi ing kadaton boten wonten ingkang soemerep tindakipoen”.

„Inggihi, saodara, kala wingi wantji poekoel woloe éndjing sang nata rawoeh ing grija koela sakedap, namoeng bekta abdi oerdenas kakalih sarta angloegas raga, pangandikanipoen badé tindak datang pasaréan ing Imagiri, malah koela badé dèrèk boten pareng, déné saladjengipoen koela boten soemerep”.

„Bilih makaten, saodara, koela njoewoen pamit badé noesoel kangdjeng Soenan datang Imagiri”.

Toewan Winner tatabéan ladjeng mangkat. Boten katjarijos wonten ing margi, sampoen doemoegi ing Imagiri, papanggihan kalijan radèn toemenggoeng Prawirakoesoema, boepati djoeroekoentji pasaréan ing Imagiri. Sasampoening tatabéan toewan Winner matoer:

„Saodara, poenapa kangdjeng Soenan rawoeh ing pasaréan ngriki?”

„Inggihi, saodara, kala wingi sonten rawoeh andadagan wonten pasaréan sadaloe, sareng gagad raina toemedak saking pasaréan ladjeng tindak datang ing Pamantjangan laet kidoel, koela badé dèrèk boten pareng”.

„Sampoen ta, saodara, koela badé ladjeng noesoel kangdjeng Soenan datang Pamantjangan”.

Tatabéan énggal pangkat. Sareng doemoegi ing Pamantjangan taksih tebih kalijan kisik samodra, katingal regemenging tijang

kalijan kapal titiga, nanging taksih samar, ladjeng bikak kèker, kadoeloe sarana semprong, katingal tjeṭa bilih kangdjeng Soenan saréan wonten kisik, moestaka kapangkoe Atmawiraga. Toewan Winner énggal meḍoen saking kapal loemampah ḍarat. Sareng sampoen tjelak kapal kapoerih njepengi kantjanipoen, toewan Winner amladjengi soemoengkem sampéjanipoen sang praboe, sarwi nangis galolo anglir pawèstri:

„Doeh, doeh, goesti sasembahan kawoela, poepoendèn kawoela, déné karsa tedakan ingkang lampah sangsaja boten karsa ngandika ḍateng kawoelanipoen, ngantos adamel orenging nagari”.

Sang praboe ngandika: „É, Winner, adja nangis moendak agawé karanta-rantané galihingsoen; sapa kang akon marang sira noe-soel marang ingsoen?”

„Kawoela noewoen, goesti, awit ḍawoehipoen ingkang bapa toewan résidèn, abdidalem kaḍawahan noesoel sampéjan dalem kaatoeran kondoer ḍateng kaḍaton, karana kamanah tindakipoen sampéjan dalem sakalangkoeng nista, margi naréndra teka tindak pribadi, dados ingkang bapa langkoeng lingsem”.

„Ija, Winner, ajo mangkat”.

Sang praboe ladjeng nitih titihan, kadjadjaran legoender sakawan, pengkeran dalem toewan Winner kalijan oerdenas kakalih, ingkang nggrebeg wonten wingking legoender woloe. Sang praboe anggagas ing panggalih sakalangkoeng kadoewoeng ing lampah, boten nginten pisan-pisan bilih ngantos kasoemerepan déning toewan résidèn, sakalangkoeng ing pangoengoenipoen, boten ènget manawi kagoengan satroe soedra papa nanging wonten ing tjangklakan. Boten katjarijos wonten ing margi, énggalipoen sampoen doemoegi ing lodji Klatèn. Toewan Winner matoer:

„Goesti, sampéjan dalem kawoela atoeri lèrèh ing lodji santoen titihan karéta, soepados salira dalem sageda sakétja ing lampah”.

„Ija, Winner, prajoga”.

Ladjeng loemebet ing lodji koemendan anggoermati, ḍaḍaharan sampoen sedija, sampéjan dalem kaatoeran ḍahar sasarengan toewan koemendan kalijan toewan Winner, déné oerdenas kakalih oetawi para legoender sampoen kasedijanan pijambak-pijambak. Sareng sang praboe sampoen anggènipoen ḍahar, ladjeng pangkat nitih karéta pangirid toerangga nenem mawi plopore aèr, koesir kenèk kakalih, oerdenas kakalih noempak kapal kalampah-aken kémawon. Énggalipoen sang praboe sampoen doemoegi pasanggrahan ing Kartasoera, kapetoekaken toewan résidèn, toewan koemendan kalijan kangdjeng goesti pangéran adipati arja Mangkoenagara, poenapa malih pradjoerit Welandi toewin pradjoerit Mangkoenagaran sami baris sakiwa tengening plataran kalijan anggoermati rawoehipoen kangdjeng sang apraboe, ladjeng

malebet ing pasanggrahan sami atatabéan. Sang praboe kaatoeran lenggah djadjar kalijan toewan résidèn, koemendan kakalih saha pangéran Mangkoenagara, sami pinarak ing koersi. Kangdjeng toewan résidèn anembrama: „Doeh, kangdjeng sang apraboe, satindakipoen poenapa manggih rahardja?”

Sang nata mangsoeli seret ing pangandika: „Inggi saking pamoejdjinipoen bapa résidèn, koela manggih wilodjeng”.

Oendjoek-oendjoekan medal, sami angoendjoek anggoer klarèt, sareng poekoel woloe daloe ladjeng sami dahar, sasampoening dahar kangdjeng toewan résidèn matoer:

„Noewoen kangdjeng sang apraboe, ingkang awit dawoehipoen éjang padoea kangdjeng toewan ingkang ageng Goeprenoer Djéndral ing Batawi, poetra koela kangdjeng Soenan katimbangan badé kadangoe prakawis ingkang awigatos, koela atoeri tedak saking Kartasoera kémawon”.

Wangsoelanipoen sang apraboe langkoeng seret saha koemembeng ingkang nétra: „Inggi sandika, bapa”.

Ladjeng kaatoeran lèrèh ing kamaripoen. Para prajagoeng sami bibaran, koemendan paréntah dateng littenan pradjoerit Welandi kinèn djagi pasanggrahan.

Wonten wadana kakalih nama radèn mas arja Djajadiningrat kalijan toemenggoeng Wiraredja sowan sang apraboe lampah njamar, malebet ing kamar. Boepati kalih sami anjoengkemi sampéjanipoen sang nata kalijan matoer lirih:

„Doeh, goesti kangdjeng sang apraboe, sampéjan dalem kawoela atoeri ladjeng kondoer dateng karaton kémawon, sampoen ngantos andèrèk atoeripoen toewan résidèn; bilih wonten pameksaning koempeni, boepati sakawan ingkang dados tawoer ananggoelangi, saha abdidalem sadaja sampoen sami mirantos langkep sadadamelipoen ing ajoeda, karana kawoela mireng, radèn patih matoer dateng résidèn, tindak dalem poenika sampoen ngantos kakondoeraken dateng karaton, kaladjengna kémawon dateng ing Samarang”.

Sang nata ngandika: „É, rija oetawa Wiraredja, atoerira ikoe banget ing panarimaningsoen, nanging ingsoen boja nijat baléla marang koempeni, moendak agawé roesaké wong tjilik, toging endon oranana dadiné. Apa sira ora éling doek bedahing karaton Kartasoera, kangdjeng éjang baléla marang koempeni, apa ora bandjoer nandang kasrakat. Wis, moendoera, rija, jèn konangan résidèn moendak ora betjik kadadéané”.

Poenggawa kakalih mangandjali énggal medal.

Sareng sampoen taboeh gangsal éndjing, tamboer salomprèt moengel sasmita dateng pradjoerit kinèn midjil saking pamondokan, sampoen baris wonten ing plataran. Kangdjeng toewan

résidèn amatah ingkang andèrèkaken kangdjeng Soenan datang Samarang, toewan koemendan Soerakarta, toewan koemendan ing Klatèn, toewan Winner litnan legoender, sampoen sami mirantos. Karéta ageng sampoen sedija, déné abdi ingkang andèrèkaken kangdjeng Soenan namoeng satoenggal, nama radèn Tjakradipoera. Pangéran adipati arja Mangkoenagara sedija angoermati tindakipoen kangdjeng Soesoehoenan. Boepati najaka sampoen sedija wonten pandapa. Kangdjeng Soenan sampoen mijos lenggah wonten pandapa, ladjeng djoemeneng tatabéan kalijan toewan résidèn, toemedak ing plataran kaoermatan pradjoerit Walandi oetawi pradjoerit Mangkoenagaran; kangdjeng Soenan kakanti toewan résidèn minggahipoen datang karéta, lenggah djèdjèr kalijan koemendan ing Sala, toewan Winner linggih bak ngadjeng djèdjèr kalijan koemendan ing Klatèn, radèn Tjakradipoera linggih ing koesiran. Karéta ladjeng kalampahaken, toewan résidèn toewin pangéran Mangkoenagara angatoeri oermat, lampahing karéta sampoen amengkeraken Kartasoera. Kangdjeng toewan résidèn kalijan kangdjeng goesti kondoor nitih karéta datang Soerakarta.

Katjarijos lampahing karéta ingkang katitihan ingkang Sinoehoen kangdjeng Soenan sampoen doemoegi ing Samarang, karéta kalebetaken ing lodji ageng, sampoen dipoen-sadijani kamar ageng sarta saé, ingkang anampèni koemendan ageng pangkat kolonèl. Ingkang Sinoehoen kangdjeng Soesoehoenan animbali toewan Winner, sampoen sowan. Sang praboe ngandika:

„Winner, iki wangkingan poesaka karaton aran kjai Balabar, atoerna bapa résidèn soepaja amasrahaké marang karaton. Kadjaba ikoe sira matoera bapa résidèn, garwaningsoen bok ratoe Anom soepaja énggal kakirimaké marang Samarang, déné garwaningsoen bok ratoe Emas, jèn gelem miloe ija énggal kasoesoelna, lan tabéningsoen atoerna bapa résidèn”.

Toewan Winner njoewoen pamt moendoer datang Soerakarta, poenapa malih koemendan kakalih njoewoen pamt moendoer, ladjeng sami tatabéan.

Boten katjarijos lampahipoen toewan Winner kalijan koemendan kakalih; sampoen doemoegi Soerakarta, ladjeng sowan ing kangdjeng toewan résidèn, ngatoeraken wangkingan poesaka karaton, poenapa malih weling pamoendoetipoen kangdjeng Soenan. Toewan résidèn ladjeng dawoeh datang toewan Winner kinèn rembag datang kangdjeng radèn adipati Sasradiningrat, kangdjeng ratoe Anom énggal kakintoenaken datang Samarang katoempakna karéta pos. Toewan Winner matoer sandika. Énggali-poen sampoen kaleksanan kangdjeng ratoe Anom kakintoenaken

dateng Samarang, déné kangdjeng ratoe Emas boten karsa margi pambengan bobot sepoeh.

(Sinengkalan kéndangipoen sampéjan dalem ingkang Sinoehoen kangdjeng Soesoehoenan Pakoe Boewana ingkang kaping VI, nabdèng dijoe toetoe ardra — 1757, taoen Walandi: 1830).

V

BALÉLANIPOEN PANGÉLAN PRAWIRADIRDJA, BOEPATI MADIJOEN

Katjarijos, lalampahanipoen Pangéran Ranga Prawiradirdja, boepati ing Madijoen, bawah karaton ing Ngajogjakarta, kaleres mantoe kalijan kangdjeng Soeltan ing Ngajogjakarta, pinoedjoe badé malebet grebeg ing woelan Rabingoelawal. Mangka manawi loemampah dateng nagari Ngajogja toempakanipoen anèh sanget, inggih poenika satoenggiling ambèn kadjeng djati, wijaripoen tjekap dipoen enggèni tijang kalih dasa, sapirantosipoen sadaja, ambèn waoe kadèkèkan pawon oetawi pakiwan, pajonipoen moça, mawi kapageran képang, sarta mawi sentong-sentongan, dipoen rembat tijang kawan dasa. Ing wektoe woelan Rabingoelawal tanggal nèm mesi sowan garebeg Moeloet. Sang Pangéran sagarwa poetra santana sami noempak ambèn waoe, miwah sangkep sadadameling aprang; sareng lampahipoen doemoegi ngepos Delanggoe Soerakarta, ingkang angrembat ambèn sami lèrèh ngaso.

Kotjap poetraniipoen sang pangéran kakoeng taksih timoer amontah neda menda gibas boentoetipoen mèh klangsrah ing siti katahipoen woloe. Sang pangéran andangoe dateng demang pos ing Delanggoe. Demang matoer: „Menda poenika gadahanipoen demang patoeh ing Delanggoe”. Enggalipoen demang Delanggoe katimbangan, sampoen sowan, pangéran Madijoen ngandika:

„É, demang, ikoe weðoes apa njata doewèkmoe?”

Demang matoer: „Noewoen bandara, poenika menda kagoenganipoen kangdjeng goesti pangéran adipati Mangkoenagara, abdi-dalem amoeng angreksa kémawon”.

„É, demang sarèhné anakkoe radèn mas timoer amontah djaloek weðoes ikoe, kabeneran kagoengané kangdjeng goesti, akoe andjaloek sidji, bésoek jèn akoe wis toetoe Ngajogja, weðoes maoe dak balèkaké marang kowé, ing Ngajogja akèh kang doewé, soepaja radèn mas marija goné montah”.

Radèn ajoe inggih dèrèk ngandika: „Ija, demang, wènèhna sidji, jèn kowé matoer akoe kang djaloek temtoe ora dadi ing panggalihé, mengko akoe bakal maringi gandjaran marang kowé”.

Demang matoer: „Bandara, moegi sampoen andadosaken doe-

doeka dalem, awit abdidalem boten saged angatoeraken, karana abdidalem sampoen tampi dawoeh papatjakipoen kangdjeng goesti: Sinten-sinten para goesti amoendoet ménda poenika, abdidalem boten kalilan angatoeraken; bilih abdidalem anerak papatjak waoe amesti dipoen oekoem sarta kapotjot saking kademangan kawoela, mila, bandara, sanget adjrih kawoela".

„É, demang, wis ora: prakara wedoes sidji baé nganti dadi doekané, malah dadi danganing panggalihé. Ewadéné manawa kowé nganti nemoe doeka, gedéné kapotjot, kowé énggal tekaa ing Madijoen, akoe bakal paring kaloenggoehan sandoewoeré pangkat demang, ija ikoe pangkat mantri, loenggoeh boemi limang djoeng".

„Noewoen, bandara, kawoela boten saged ngatoeraken".

Sang pangéran toewoeh doekanipoen, ngandika sora: „É, demang, kowé ikoe ora ngrasakaké kandané oewong, moeng atimoe déwé kotoeroeti, tjekaké jèn kowé ora angoeloengaké wedoes maoe, mesti endasmoe dak-bedil".

Demang Dlanggoe sareng mireng pangandikanipoen sang pangéran ingkang kasar, sanalika boten darbé adjrih matoer poeroen: „Doech, doeh, bandara, koela poenika asal saking tijang soedra papa, bangsaning tijang narakarja, mangka sapoenika ngantos dados demang patoeh, poenika namoeng saking antep temen koela ing goesti, saha boten perloe pandjenengan dalem ngandika pangantjam datang koela, awit koela sanès laré alit".

Sang pangéran sareng mireng wangsoelanipoen demang Dlanggoe énggal angasta sandjata boewis ingkang sampoen dipoen isèni: „Lah, saiki petjating njawamoe!".

Demang boten koemelap manahipoen, pangéran énggal anjentil boewisipoen, mimis angéngingi dadanipoen demang, tatoe temboes aneratas tanpa sambat dawah ladjeng pedjah, rah soemamboerat kados pantjoeran. Sang pangéran dawah biðal datang Ngajogja.

Katjarijos, para warisipoen demang ambekta majit datang Mangkoenagaran, katjaosaken kangdjeng goesti pangéran adipati Mangkoenagara, saha matoer poerwa madya wasananipoen demang Dlanggoe manggih pedjah. Kangdjeng goesti sanget doekanipoen, ladjeng sowan datang karésidènan, saha majit kabekta. Sampoen apapanggih kalijan kangdjeng toewan résidèn, kangdjeng goesti matoer wiwitan doemoègi wékas, saha angatoeraken majitipoen demang Dlanggoe. Toewan résidèn énggal animbali toewan mestri ing lodji ageng, boten dangoe toewan mestri sampoen datang ing karésidènan, toewan résidèn angandika datang toewan mestri kadawoehan amariksa majitipoen demang Dlanggoe, sarta adamela serat papriksan leresipoen pedjah kénging dadamel sandjata. Sasampoening toewan mestri adamel serat

papriksan, njatakaken pedjahing majit dipoen aniaja tijang sarana labet kasandjata, serat papriksan kaatoeraken toewan résidèn, toewan résidèn ngandika: „Kangdjeng goesti, koela badé anga-toeri serat datang résidèn Ngajogjakarta, koela aneda datangipoen ing Soerakarta pangéran Madijoen; bilih sampoen datang ing Sala, sadèrènging kapantjas prakawisipoen amesti koela tahan wonten ing lodji ageng, nanging koela kedah njoewoen lilah roemijin kalijan kangdjeng toewan ageng goeprenoer djéndral”.

„Koela inggih njoemanggakaken kangdjeng toewan résidèn kémawon, minggahipoen datang pangadilan loehoer”.

Kangdjeng toewan résidèn ngandika: „Sampoen mesti, awit prakawis radjapedjah”. Ladjeng atatabéan.

Kotjapa kangdjeng toewan résidèn ing Soerakarta énggal anga-toeri serat datang kangdjeng toewan résidèn ing Ngajogjakarta, soeraosipoen aneda datangipoen pangéran rangga Prawiradirdja boepati ing Madijoen, ingkang sapoenika wonten ing kadaton Ngajogjakarta, awit kadakwa déning kangdjeng goesti pangéran adipati Mangkoenagara ing Soerakarta, sampoen amedjahi demang Dlanggoe, sarana dipoen sandjata, karana badé kapriksa kanja-taanipoen.

Sareng kangdjeng toewan résidèn ing Ngajogja anampèni serat saking résidèn Soerakarta, énggal anitih karéta malebet ing kadaton sowan kangdjeng Soeltan, kapanggihan wonten pandapi ageng, angatoeraken serat saking résidèn Soerakarta, ingkang sampoen kadjawèkaken. Sasampoening kawaos kangdjeng Soeltan angandika:

„Inggih, bapa résidèn, leres pangéran Madijoen wonten ing karaton koela, nanging ing sapoenika saweg ginandjar sakit panas; manawi sampoen sakétja énggal koela atoeraken doemateng bapa”.

Kangdjeng toewan résidèn pamit moendoer, ladjeng tatabéan; sasampoening rawoeh ing dalem karésidènan, ladjeng njerat wangsoelan datang résidèn ing Soerakarta, bilih pangéran Madijoen sapoenika saweg ginandjar sakit panas, manawi sampoen saras énggal koela atoeraken datang Soerakarta.

Katjarijos kangdjeng Soeltan énggal animbali pangéran rangga Prawiradirdja, boepati ing Madijoen, sampoen sowan ingarsa nata. Sang apraboe angandika:

„É, rangga, dèk maoe toewan résidèn sowan marang kadaton, awit woes anampani lajang saka toewan résidèn Soerakarta, soer-rasané sira digoegat marang pangéran adipati Mangkoenagara, jèn sira tinarka woes amatèni demang ing Dlanggoe, sarana sira beðil. Lah saiki keprijé kang dadi karepira, apa sira mringkoes apa bregagah. Jèn sira wani bregagah saiki ingsoen paringi sangoe saleksa, lan pametoené boemi Madijoen ingsoen paringaké marang

sira minangka prabéja ingoning pradjoerit; jèn sira mringkoes énggal sira ingsoen tampakaké marang résidèn”.

„Kawoela noewoen, goesti, abdidalem soeka bingah ambregagah”.

„Lah mengko bengi sira lolosa saka kadaton; jèn sira woes teka ing Madijoen angadegna baris, angrajoetana boemi kiwa tengening Madijoen”.

Pangéranangga matoer sandika, saha ladjeng njoengkemi sampéjanipoen sang praboe njoewoen pangèstoe, ladjeng lèngsèr saking ngarsa dalem. Pangéranangga sampoen papanggihan kalijan ingkang garwa radèn ajoe, badé lolos dateng Madijoen, angadegaken baris baléla kalijan koempeni Walandi, awit pijambakipoen mogok katarik résidèn Soerakarta, saha sampoen kaidèn kangdjeng soeltan, déné radèn ajoe dipoen tilar wonten ing Ngajogja. Inggaling kalijan matoer kalijan moewoen, pedjah gesang badé andèrèkaken, nanging sang pangéran boten pareng mindak angriribedi, bédjeng manawi djinoeroeng ing Goesti Allah badé kapoeroegan. Pangéranangga ladjeng anglempakaken sentana toewin wadya balanipoen, ing daloe waoe lolos medal redi Kidoel. Énggaling tjarijos sampoen doemoegi ing Madijoen, toemoenten anglempakaken wadya bala Madijoen, sanalika sampoen saged ngalempak pradjoerit kalih èwoe langkep sadadamelipoen, ladjeng angangkati kawoela warganipoen dados panèwoe mantri kaliwon oetawi pangkat boepati; baris ngadeg wonten ing Petik, adjoedjoe-loek pangéranangga ing Petik.

Kangdjeng soeltan sampoen angwoeningani bilih pangéranangga lolos saking kadaton, énggal dawoeh dateng abdi anggandèk kinèn asoeka woeninga dateng karésidènan jèn pangéranangga boepati wadana Madijoen sampoen lolos saking karaton, ladjeng baléla badé apatjak baris wonten ing Madijoen, koela énggal badé oetoesan pradjoerit anggebag ingkang amoetjoeki dados kraman, saha njoewoen bantoe pradjoerit Walandi, moempoeng dèrèng ageng pabarisanipoen.

Sareng toewan résidèn Ngajogja tampi katrangan saking kangdjeng Soeltan ingkang makaten, énggal-énggal asoeka woeninga doemateng résidèn ing Soerakarta. Toewan résidèn Soerakarta atampi katrangan bilih pangéranangga Madijoen baléla, sampoen awit damel reresah wonten ing doesoèn Petik Madijoen; toewan résidèn énggal ngatoeri woeninga ing kangdjeng Soenan toewin paring woeninga dateng pangéran adipati Mangkoenagara, kinèn sedija pradjoerit anggebag kraman waoe.

Katjarijos barisipoen pangéranangga sampoen ageng, wadya balanipoen boten kirang saking saleksa, sampoen wiwit adamel reresah, ananging pangéranangga ladjeng manggih gerah sanget

boten dangoe séda, lajonipoen kakoeboer ing Madijoen, wadya bala kraman ladjeng sami bibar. Kangdjeng Soeltan sampoen tampi lapoeran saking Madijoen pangéranangga sampoen adjal, djalaran sakit panas sanget. Kangdjeng Soeltan énggal asoeka woeninga doemateng toewan résidèn adjalipoen pangéranangga ing Madijoen; para kraman sampoen sami bibar sadaja.

VI

RADJAPATI

Ing kampoeng Tjindéredja ana omah tjilik, tjagaké wis ana sing ora djedjeg, gedègé pating gedagrèg, pomahané andjembroeng, wosé katon banget jèn ora kopèn. Mèmper, amarga sing doewé omah tansah njamboetgawé sadina-dina, dadi toekang rèmm ing sepoer, anané ing omah prasasat moeng saben bengi, malah trekadang nginep nganti pirang-pirang dina ana ing paran. Déné sing wadon karépotan doewé anak tjilik, watara oemoer woloeng sasi, imboeh-imboeh ora sapiraa olèh oeloeran pangan saka sing lanang, dadi kapeksa golèk dèwé. Boeroeh ambironi menjang patjinan, boeroeh noetoe sapepadané.

Éwadéné sanadjan omah maoe ing djaba ora kopèn, wis karo-tengah sasi ing djero moendak isèn-isènané: lemari, loengsoeran médja dawa sidji lan koersi papat. Awit toekang rèmm sing doewé omah maoe, djenengé Kartawana, wis dadi setoker, blandjané moendak dadi 25 roepijah sasasi, sarta mentas olèh empingan teloeng blandjan.

Kartawana sabodjoné ikoe asli saka Keðoengdjati.

Wajah djam sanga bengi, nadjan padang remboelan, nanging sadjroning omahé Kartawana kaja ana mendoeng peteng, djalaran sing doewé omah lanang-wadon lagi pada eroe. Sing lanang loenggoeh koersi karo oedoet, sing wadon toeron ngeloni anaké, aran si Minggoe.

Sing lanang tjalaṭoe: „Sirmoe apa ora trima, ora kedoeman doewit empingan?”

Sing wadon njaoeri: „Trima mawon, boten trima nikoe adjeng napa?”

„Lah katik oelatmoe ala baé?”

„Oelat ngoten rak moeng manoet rasaning ati”.

„Lah ija, atimoe sedih djalaran ora tampa doewit”.

„Doewit, koela bisa golèk dèwé. Enggih rekasa-rekasa dilakoni, anggèndong anak kalih boeroeh noetoe. Olèh opah satitik, dipangan kalih dienggé ngingoni si Minggoe”.

„Ija, ija, saka olèhmoe arep mèlèhaké akoe, ora bisa mènèhi blandja adjeg saben sasi. Akoe rak wis kerep toetoer, dadi toe-

kang rêm moeng blandja 12 roepijah, sok entèk dienggo mangan ana paran".

„Bijèn ... Lah saniki empoen dadi setoker ... Enggih empoen ta. Toemrap awak koela dèwé, bebasan bodjo boetoehan, bodjo tambel boetoeh. Balik anak sampéjan?"

„Bodjo tambel boetoeh?" Anggoné Kartawana tjalaŋoe mangkono ikoe karo njèlèhaké oedoeté ana ing médja, sarta mantelengi sing wadon. „Kowé doewé roemangsa kaja mengkono? Akoe ija arep toetoer, satemené pantjèn mengkono. Olèhkoe somahan karo kowé bijèn pantjèn moeng noeroeti karepé simbah, djaréné noen-toemaké baloeng apisah. Akoe karo kowé paŋa poetoené. Saiki simbah wis ora ana. Jèn kowé ora koewat, ija minggata!"

Sing wadon andjenggèlèk saka anggoné toeron, tjalaŋoené: „Éé-éé-é! Kok dadi saniki sampéjan bisa kanŋa kaja ngoten. Karepé simbah nikoe rak moeng amrih betjik, liré: koela empoen lola, nanging doewé tinggalan saka wong toewa koela. Sampéjan rosa baoené. Didjoŋokaké wageda paŋa oerip gotong-rojong. Olèh koela toetoer bodjo tambelan waoe nika, sédjé karep koela, napa samang kira koela boten ngerti? Hara, tjoba samang toetoer, tandjané ŋoewit empingan nikoe, sing teloengpoeloeh roepijah onten poendi?"

Kartawana roemangsa kabelèk wadiné. Sadjatiné doewé karep wajoeh, ngepèk prawan anaké kantjané, malah wis mènèhi wragad teloengpoeloeh roepijah. Kalah patitis remboegé, ora nijat gelem ngalah, ora mangsoeli pitakoné sing wadon, dak-sawenang-wenang, ngadeg njat amboekak lemari, isiné diawoet-awoet, doewèké sing wadon dioentjal-oentjalaké, malah ana sing ngenani rainé bodjoné. Tjalaŋoené karo briga-brigi: „Anggepmoe kowé anaké wong soegih? Enja bandamoe! Minggata kowé saiki! Ajo ...!"

Sing wadon digèrèd-gèrèd dikon tangi, malah bandjoer diŋoe-paki, nangis asambat-sambat: „Aŋoeh bjoeng ...! Mati akoe ...!"

Tangga-tanggané paŋa doeroeng toeroe. Kroengoe swara blagbleg sarta sesambat, bandjoer paŋa mara arep tetoeloeng.

Kartawana lanang ditakoni sababé, meneng baé, isih nesoe, oelaté ambasengoet. Déné sing wadon isih nangis karo ngekep-ngekep anaké.

Ana tanggané wadon wis toewa, djenengé mbok mas Sastra ngimoer-imoer Karta wadon, tjalaŋoené: „Wis ta, nak, bodjomoe wong lagi nesoe, adja koklawani, moendak kedawa-dawa. Ajo soemingkir ŋisik, toeroea ngomahkoe baé".

Mbok mas Sastra ija bandjoer nemboeng marang Karta lanang: „Enggih, nak Karta, bodjoné kadjengé tilèm grija koela krijin".

Karta lanang mangsoeli karo kalépat loenga, temboengé: „Sam-

poen mbok mas, koela kémawon ingkang késah, badé tilem grijaning kantja".

Mbok mas bandjoer ngadjak tangga wadon loro, ngelèki lan anglipoer Karta wadon, malah akon gawé wédang lan andjoe-poek panganan.

Sawisé Karta wadon lilih atiné, lan anaké toeroe manèh, ditanggap karo mbok mas Sastra, gelem toetoer ngandakaké lelakoné, mangkéné:

„Poen embah dados kepala doesoen wonten satjelakipoen Kedondjati, anakipoen pambadjeng èstri, émah-émah angsal dagang maésa wonten Salatiga, patoetan satoenggal, koela pijambak. Koela oemoer kalihwelas taoen, poen embok tilar donja. Nalika samanten bapak karépotan gesangipoen, dagangan boten patos madjeng, dipoen réntjangi kerep késah nilar grija, meksa boten sapintena kaoentoenganipoen. Éwadéné bapak poenika boedinipoen loehoer, koela dipoen titipaken embah kanti barang bektanipoen poen embok roemijin, boten tjitjir satoenggal-toenggala, malah wonten wewahipoen sakedik.

Déné mas Karta, sémah koela, poenika anakipoen pak tjilik, adinipoen poen embok toemoenten, lairipoen kaot satengah taoen, sepoeh koela. Wiwit alit dipoen pendet anak poen embah, dipoen sekolahaken boten doemoegi. Sareng sampoen ageng, sanget ambloentahipoen. Nalika samanten poen embah sampoen mantoen soegih. Koela oemoer woloelas taoen, dipoen arih-arih dipoen daoepaken kalijan mas Karta, mawi pangebng barang tilaranipoen poen embok, dipoen pasrahaken koela, minangka pawitan, mas Karta ingkang ambaoni. Koela inggih manoet kémawon, amargi bapak sampoen boten naté katingal, sapriki koela boten soemerep wonten poendi doenoengipoen. Salaminipoen saweg sapisan noewèni koela, inggih nalika koela dados pangantèn poenika.

Sareng mas Karta kalampahan dados sémah koela, ladjeng dagang, tetanèn, nanging boten wonten dadosipoen. Koela gadah anak kaping sakawan, pedjah-pedjah kémawon.

Poen embah tilar donja, barang koela telas. Mas Karta akal-akal pados padamelan dateng sepoer, dados toekang rèni, nanging kedah manggèn wonten Sala. Grija koela kasadé, kanggé toembas grija ing Tjindjèredja ngriki poenika. Sapriki sampoen mèh kalih taoen. Koela gadah anak malih, wilodjeng, inggih poen Minggoe poenika.

Tindakipoen mas Karta taksih kados laré, boten ngroemaosi sampoen anak-anak. Inggih koela emong kémawon, pantjèn koela anggep sadèrèk koela enèm, awoenipoen sepoeh koela, oemoeripoen inggih sepoeh koela.

Goemoening manah koela poenika, déné sapoenika mas Karta.

dados setoker, koela mireng saking mbakjoe masinis, mentas tampi empingan balandja, ingkang tigangdasa roepijah dipoen soekakaken kantjanipoen setoker, amargi anakipoen prawan badé dipoen pendet, malah woelan ngadjeng poenika badé ningkahipoen.

Koela kok nijat takèn oetawi anggenahaken, inggih boten. Sareng sonten poenika waoe mas Karta marahi rembag ingkang boten sakétja, ladjeng koela takèni tandjanipoen arta tigangdasa roepijah, ladjeng ngamoek boten kanten-kantenan ..."

Karta wadon wiwit ambrebesmili manèh, ketarik saka banget laraning atiné. Sambaté: „O, ja ta ... lah! Koela roemaos boten koewawi ...!"

Let patang dina karo lelakon ing doewoer, ing kampoeng Tjindéredja ana gègèr-gègèran. Ana radjapati, pantjené ora patoet ditjritakaké ana ing lajang iki, saka banget sijané, tegel sarta anggegirisi, kaja doedoe tindaking manoengsa, ngoengkoeli kéwan. Loewoeng kéwan isih ana sing weroeh ing kabetjikan: welasan, setya, mantep sapepadané. Tetéla wong sing doewé tindak kaja mangkono ikoe woedjoedé baé manoengsa, nanging dadi panga-waking sétan. Doeh, doeraka apa sing bakal tinemoe? Paoekoeman apa sing patoet dipatrapaké? Ni Woengkoek sing roepané anggegilani, pada dianggep demit oetawa sétan, satemené atiné loewih soetji, malah kaja oetoesaning Pangéran, tetoeloeng ing kasangsaran, ngajomi wong sing nemoe sija-sija sakoewaté. Moelané lelakon iki meksa ditjritakaké ing kéné, sabab sing doewé tindak betjik mèh katiwasan, sing ala arep énak-kapénak. Goesti Allah ora saré, tibaning paoekoeman ija maring wong sing dasar tjidra.

Saking gedéning prakara, mantri goenoeng sing ambawahaké Tjindéredja, nganti sawengi ora bisa toeroe. Ing omahé oejek-oejekan wong sing pada dadi seksi lan dakwa prakara radjapati maoe, dipriksa lan ditakoni sidji-sidji.

Ésoeké wajah djam satengah pitoe, wadana goenoeng kanthi panggedé sawatara, rawoeh ing kamantrèn goenoeng, mèloe mriksa prakara.

Atoeré mantri goenoeng: „Poenika poen Djajadi, ingkang alok-alok wontenipoen radjapedjah".

Wadana goenoeng: „Elo, kowé Djajadi sing moelih saka pam-boewangan! Omahmoe ngendi?"

„Njéwa grija tjoemplengan lèr ngrika".

„Pagawéanmoe apa?"

„Berah-berah".

„Boeroeh apa, boeroeh menjang ngendi?"

Djajadi ora mangsoeli pitakon, matoer lija golèk alem: „Koela ingkang soemerep roemijin pijambak, mbok Karta gereng-gereng saweg dipoen reredjeng ni Woengkoek. Koela ladjeng bengok-bengok neđa toeloeng".

Mantri goenoeng matoer: „Tijang gangsal poenika ingkang njepeng ni Woengkoek. Inggang kalih sami poenggawa Karanggan, datengipoen taksih njoemerepi ni Woengkoek njepeng bođing, tanganipoen kiwa njepeng tangsoel ingkang kanggé ngeroet mbok Karta”.

Wadana goenoeng: „Ni Woengkoek kena ditjekel, djaréné bangsané lelemboet”.

Djajadi njaoet: „Malah nalika ni Woengkoek sampoen kénging katjepeng, sarta dipoen rerampa tijang gangsal, koela tjoloki rainipoen, woedjoedipoen kados tijang limrah, namoeng diwoet-diwoet anggegilani”.

Bebaoené mèloe njamboengi: „Karosanipoen dédé sawawrating tijang. Nalika saweg koela tjepeng tijang kalih kalijan adi poenika, dipoen babitaken sami dawah sadaja. Sareng dipoen eboet tijang gangsal, saweg saged katjepeng sajektos. Polahipoen boten kadosa. Saja sareng dipoen tjoloki Djajadi, kedabigan boten kanten-kantenan. Kinten koela saopami ni Woengkoek poenika séloeman, nama sampoen kamanoengsan, sirna dajanipoen boten saged ngitjal”.

Wadana goenoeng: „Dèk kowé njekel ni Woengkoek koewi apa ora doewé rasa gila?”

Bebaoe: „Tijang wonten lebet grija, wah padang, kok koela boten gadah raos mengsah lelembat. Kilap saopami wonten papan tenggar saha petengan. Mila kados atoer koela kala waoe, ni Woengkoek sampoen kamanoengsan”.

Wadana goenoeng: „Lah saiki ni Woengkoek ana ngendi?”

„Oetjoel malih, ingkang moeroegaken mas rangga Koewata”.

„Lah rangga Koewata, endi?”

Mantri goenoeng mangsoeli: „Inggih poenika, kaparenga koela matoer. Sareng koela mireng wonten tengara wonten radjapedjah, ladjeng mangkat tandang. Djam satengah tiga doemoegi lèr palang margi sepoer, ingrikoe koela sampoen mireng raméning tijang. Rangga Koewata njwara tjeta, temboengipoen: „Ora, ... mesti doedoe ni Woengkoek sing ambelèh oewong. Oetjoelna ... Elo, oetjoelna. Kowé mengko bandjoer sédjé moengsoeh, lo!”

Bebaoe Karanggan Tjindéredja njelani atoer marang wadana goenoeng: „Rawoehipoen dèn bèi mantri goenoeng kawon roemijin sakedik kalijan mas rangga Koewata, papagan kalijan anggèn koela andabjang ni Woengkoek, inggih sampoen tjelak kalijan palang. Koela mireng paréntahipoen mas rangga Koewata makaten poenika manah koela pakèwed. Inggih leres mas rangga poenika rangga penatoes, nanging sanès loerah koela. Mbokmanawi koela katingal andomblong, kaselak ni Woengkoek amberot saro-

sanipoen, saged oetjoel malih. Sanadjan ing wingking kajah tijang, ni Woengkoek meksa kaladjeng itjal".

Mantri goenoeng: „Rangga Koewata koela srengeni kajah-kajah, katingal pidoewoengipoen. Ladjeng koela poerih datang kemandren kalijan tijang-tjiang poenika. Déné koela pijambak, ladjeng datang ing grijanipoen Kartawana, pinanggih rangga Tjindéredja saweg ngoepakara mbok Karta, tatoe sirahipoen tilas dipoen keproek mawi toegelan pipa tosan. Goeloenipoen taksih medal rahipoen, tatoe kados badé dipoen sembelèh. Ladjeng koela poerih ngangkataken datang grija sakit militèr, sapriki rangga Tjindéredja taksih tengga, wonten ngrika. Déné toegelan tosan saha boeding taksih mambet erah, dados boetamal koela bekta mriki, poenika woedjoedipoen".

Bebaoe njamboengi matoer: „Wonten ing margi mas rangga Koewata pamitan késah, namoeng tilar weling bisik-bisik, soepados koela andjagi poen Djajadi, sampoen ngantos soeka késah-késah".

Mantri goenoeng: „Rangga Koewata sampoen koela kèngkèni kaping kalih, koela oendang mriki, ingkang èstri tjarijos manawi dèrèng mantoek".

Wadana goenoeng: „Kok anèh rangga Koewata koewi, apa anggolèki ni Woengkoek? Lah anaké Kartawana ana ngendi?"

Mantri goenoeng: „Tjrijosipoen rangga Tjindéredja, sakawit pinanggih sampoen dipoen kroekoep kamli. Sareng kabikak, larénipoen taksih semapoet, sadjak mentas dipoen tekak. Ladjeng dipoen djampèni mbok mas Sastra. Koela sampoen tampi pala-poeran, bilih laré sampoen èngèt, taksih dipoen opèni mbok mas Sastra wonten ing grijanipoen".

Wadana goenoeng: „Lah Kartawana lanang ana ngendi?"

Mantri goenoeng: „Koela sampoen kèngkènan madosi datang poendi-poendi, boten pinanggih. Badé pangkatipoen sepoer éndjing poenika waoe, koela kèngkènan malih manggihi toewan sèp setatsijoen ing Balapan, mawi mratélakaken kadadosan ing grijanipoen Kartawana. Toewan sèp witjanten: Wingi awan setoker Karta mlakoe sepoeré menjang Semarang. Samangsa teka baé takladèkné menjang kamantrèn".

Wadana goenoeng isih ambandjoeraké pitakon warna-warna.

Djam woloe kliwat satitik, rangga Koewata teka kanti wong loro, sing sidji aran Drana ing kampoeng Djèbrès, sidjiné si Dirja, tjajané poetjet. Adaté Koewata ora taoe doewé polatan ambasingoet, salawasé moeng tansah bingar, éwadéné ésoek iki katon anteng asemoe soentroet, amarga saka tandésing pamikiré ngalami lelakon sing ngébat-ébati, lan jèn ora kabeneran, awaké kesangkoet prakara gedé.

Sawisé mapan ngadep lan lapoer, bandjoer toemindak sakarepé déwé, ora nganggo ngentèni dawoeh lan pandangan. Temboengé: „Poenika pak Drana, grija ing Djèbrès, damelipoen mragad maésalemboe dateng djagalan. Hé, pak Drana, priksanen, boðing koewi doewèkmoe apa doedoe. Karo matoera satemen-temené baé”.

Sawisé Drana ngiling-ilingi boðingé, bandjoer matoer: „Tjèta boðing poenika gadahan koela. Wingi sonten saweg rampoeng kémawon pangasah koela, dipoen datengi mas Djajadi poenika, nemboeng njamboet badé kadamel réntjang tijang gadah damel. Tepang koela kalijan mas Djajadi, nalika pijambakipoen asring toemoet anggereg maésalemboe saking Bekonang”.

Sadjroné Drana tjatoeran mangkono, Koewata njeðaki Djajadi, bandjoer loenggoeh ana boeriné, djalaran wiwit tekané Koewata sakanjiné, Djajadi katon ringas lan djoelalatan. Tjalatoené Koewata ana sing marang Djajadi, toemoedjoe marang wadana goenoeng, marang kantja bebae, ana sing marang Dirja, temboengé:

„Adja mlajoe, Djajadi, akoe ana ing boerimoe. Malah pantjené tali sing pantjené dienggo ambanda ni Woengkoek maoe bengi, saiki taktalèkaké kowé. — Noewoen, ndara wadana, tijang poenika kaparenga koela banda, amargi ambebajani sanget, woedjoedipoen kémawon manoengsa, nanging manahipoen asor ngoengkoeli kéwan galak. — Iki, kantja, bandané goedjengana! Akoe takngoepakara sidjiné. — Dirja, mrénéa! Lah linggih sing mapan, ngadepna bandara wadana. Elo, wis tjajamoe poetjet, katik nganggo andredég barang. Ja, oewis, ora soesah takbanda, nijata bangsa, ija anggandra sapira”.

Swara lan tandangé rangga Koewata nalika koewi medèni banget, temenanan, andadèkaké girisé wong sing alakoe tjidra. Nanging bareng Dirja katon wedi lan andredég, bandjoer salin alon lan sabar. Batjoeté tjalatoené: „Sarèhna atimoe. Ja, Dirja. Wis, matoera sing tjèta, adja ambolak-mbalik, adja nganti gèsèh karo patoerané Djajadi, mengko moendak takdoelang djenang biñi”.

Éwasamono si Dirja isih wedi, patoerané isih sok kalesak-kalesik. Tjetané mangkéné:

„Kala wingènipoen daloe kang Djajadi katamoean mas Kartawana, tjarijos jèn anggènipoen badé rabi énggal, wonten kalilipipoen, inggih poenika mbok Karta, mila kapoerih njingkiraken. Akalipoen dipoen borongaken, ing wingking sampoen ngantos wonten oeroesan ingkang ngéngingi mas Karta. Kang Djajadi sagah, katindakaken kala waoe daloe poenika. Mas Karta setoker wiwit wingi sijang sampoen ngésahi, soepados boten kénging dakwa medjahi bodjonipoen. Kang Djajadi dipoen tilari sadasa ringgit, dipoen soekakaken koela kalih ringgit.

Kala waoe daloe wiwit djam sanga, kang Djajadi kalijan koela

andèdèpi grijanipoen mbok Karta. Anakipoen rèwèl, tansah nangis kémawon, ngantos djam satoenggal saweg kèndel. Koela kekalih ladjeng saged loemebet ing grija. Anakipoen koela tekak, ladjeng koela goeloeng ing kamli. Mbok Karta melèk, ladjeng dipoen keproek sirahipoen déning kang Djajadi, tangan saha soekoenipoen dipoen eroet ing tangsoel, preloenipoen sampoen ngantos kekatahen polah. Angkahipoen kang Djajadi, samangsa goeloenipoen mbok Karta sampoen dipoen belèk, tangsoel waoe dipoen oetjoeli malih, boèding katilar dipoen tjepengaken tanganipoen mbok Karta, soepados manawi wonten oeroesan, mbok Karta dipoen anggepa nekak anakipoen pijambak, ladjeng nganjoet-toewoeh sarana ngiris goeloenipoen pijambak.

Kotjapa, kang Djajadi saweg wiwit ngiris goeloe, grobjag, ni Woengkoek djoemedoel. Koela adjrih sanget. Kaleresan namoeng mandeng saketjlapan, ladjeng boten migatosaken koela, ngantjap moeroegi kang Djajadi. Koela énggal-énggal andjroentoel medal.

Kang Djajadi katingal boten adjrih, badé namakaken boèdingipoen. Ni Woengkoek trampil njepeng toegelan tosan ingkang taksih goemlétak wonten ing ambèn. Tempoecking boèding kalijan toegelan tosan, banter sanget. Boèdingipoen mantjelat, malah kang Djajadi kesabet baètoekipoen, glajaran, ladjeng medal ing djawi. Ni Woengkoek riboet ngoetjoeli tangsoel ingkang kanggé ngeroet mbok Karta. Koela ngroemijini mladjeng mangilèn. Mireng pambengokipoen kang Djajadi, temboengipoen: Toeloeng! Toeloeng! Ni Woengkoek matèni oewong! Sinambetan raméning kentongan. Saladjengipoen koela boten soemerep, anggending loemadjeng pados wiloedjeng. Doemoegi ing grija, koela boten saged tilem, adjrih saha getoen sanget, déné arta kalih ringgit, koela réntjangi kados makaten. Wantji raméning sawoeng kloeroek, konten dipoen gobjag, soemerep mas rangka Koewata, koela dipoen takèni inggih ngaken. Ladjeng dipoen adjak dateng Djèbrès, moeroegi pak Drana, pinanggih boten wonten ing grija, sampoen kaladjeng dateng peken ageng. Dipoen soesoel tijang kalih, andadak dados padosan, ladjeng sami doemoegi ngriki poenika".

Para panggedé pada padang atiné. Djajadi didangoe, anèding-kloek meneng baé. Dititik baètoeké, temen saèdoewoering alis sisih tengen, isih gosong lan isih krasa lara.

Katoengka tekané rangka Tjindéredja saka roemah sakit, lapoer jèn mbok Karta wis éling saka klengeré, kandané dokter: larané ora ambebajani, tatoening goeloe doeroeng sapiraa, kena diareparep oeripé. Mbok Karta wis bisa toetoer, jèn sing njidra: si Djajadi, anggawa kantja sidji, mbok Karta doeroeng taoe weroeh.

Djam sapoeloeh ésoek papriksan wis rampoeng, bandjoer boebaran. Djajadi lan si Dirja dilebokaké ing koendjaran.

Rangga Koewata moelih, wis tansah diaḍang bodjoné. Tjelaṭoené soemèh, soepaja sing wadon ilang soesahé, temboengé: „Slamet, ndoek, slamet. Lega rasaning atikoe, nanging awakoe bandjoer krasa sajah lan karipan, takngombé wédang baé, bandjoer arep toeroe. Mengko baé kowé taktjritani”.

Djam satengah teloe awan, ndara demang kanti pak goeroe Siswa paḍa teka. Rangga Koewata isih toeroe, digoegah bodjoné, temboengé: „Wis mèh djam teloe, mas, tangia. Kaé lo, wis tak-olah-olahaké seger-seger, tambané wong karipan lan sajah. Kadjaba ikoe, bapak karo pak goeroe paḍa rawoeh mréné”.

Rangga Koewata tangi, raoep bandjoer mrelokaké nemoni dajohé ḍisik, tjelaṭoené: „Keparenga lenggah roemijin”.

Ndara demang Pantja: „Ija, lé, maḍang-maḍanga ḍisik. Enggonkoe paḍa mréné, kesoesoe martakaké prakara maoe bengi. Sing tak-roengoe ana kantor maoe ésoek, djaré kowé kesangkoet prakara, kena pandakwa ngoetjoelaké pasakitan. Moelané akoe lan pakmoe goeroe paḍa njoemelangaké”.

Rangga Koewata mapan linggih, tjelaṭoené: „Sakawit pantjèn makaten. Datengipoen poenggawa Tjindéredja wonten panggènaning radjapedjah, pinanggih ingkang wonten ngrikoe namoeng ni Woengkoek, mila ladjeng dipoen tjepeng, ni Woengkoek dados pasakitan. Sareng koela soemerep, ladjeng koela poerih ngoetjoelaken. Koela dipoen doekani kaṭah-kaṭah déning dèn bèi mantri goenoeng. Pantjèn doekanipoen poenika boten lepat, nanging manah koela kentjeng, bilih ni Woengkoek mesti boten damel sangsara. Mila koela ladjeng késah pados katrangan. Saged njepong poen Dirja, inggih poenika ingkang maḍangaken oeroesaning prakawis”.

Rangga Koewata njritakaké gegantjaran kaananing papriksan ing dina maoe, andadèkaké boengahé sing paḍa ngroengokaké.

Ndara demang tjelaṭoe: „Ija soekoer, lé, déné prakara sing tak-senggoeh gawé karibedanamoe, kira-kira malah bakal gawé katri-maning awakmoe”.

Pak goeroe njamboengi: „Ora ngono, rangga. Kok kowé bandjoer njekel Dirja koewi, olèhmoe latjak keprijé?”

Wangsoelané rangga Koewata: „Loegoenipoen inggih wonten ingkang soeka pitedah, nanging prajogi boten koela atoeraken pirsu roemijin, amargi prakawis poenika dèrèng poetoès, mangké mindak ketarik-tarik dados saksi”.

Ndara demang: „Maḍanga ḍisik, lé, selak dientèni bodjomoe. Akoe takdjagongan déwé karo paman goeroe”.

Sapoengkoeré rangga Koewata, ndara demang nginger koersiné, ngadepaké pak goeroe, tjelaṭoené: „Lelakoné setoker Karta, paman, ija dadi gagasan manèh moenggoehing djedjoḍoan”.

Pak goeroe: „Ah, poenapa, ndara. Tijang djaler ingkang taksih asor boedinipoen, boten preloe karembag, mesti nganggep sapélé dateng èstri. Manawi gadah roemaos menang, inggih ladjeng dak sawenang-wenang”.

„Sing takgagas koewi apa ora ngélingi toeroené. Tapa-salirané keprijé. Saoepama doewé anak wadon, digarap sawenang-wenang, apa ora krasa atiné?”

„Ngèneti toeroen, poenika rak barang dèrèng kalampahan, gagasanipoen dèrèng njandak doemoegi samanten. Déné bab tepa-salira, poenika pantjèn dados oekoeran beboedèning manoengsa. Liripoen, tijang ingkang taksih asor, tipis sanget raosipoen tepa-salira. Déné tijang loehoer ing boedi, landèp lan kandel sanget tepa-saliranipoen”.

VII

RANĀ DJOELIG

Ing nagara Poerwakandā ana soedagar gedé, djenengé kjai Goenawitjara, komoek kasoegihané, betjik atiné, demen wèwèh menjang wong mlarat, dialem ing wong akèh. Kjai soedagar maoe noedjoe lara panastis, toeroe ana ngambèn, ditoenggoe bodjoné linggih ngisor.

Kjai soedagar tjalaŋoe: „Bokné ŋolé, larakoe kiji ajaké ora bisa waras, atikoe wis krasa arep mati, dibetjik saoengkoerkoe”.

Njai soedagar bareng ditoetoeri sing lanang mengkono banget kagété, bandjoer nangis senggroek-senggroek, tjalaŋoené mengkéné: „Gèk kaprijé, bapakné ŋolé, nèk akoe sida kotinggal, wis ora ngemong anak, kowé ora ana, angoer akoe andisikana”.

„Wong ditoetoeri kok nangis, lara pati koewi rak ora kena di-djaloeŋ, kabèh-kabèh woes karsa Allah; menenga ta, roengokna kandakoe. Jèn akoe sida mati, kowé sing ngati-ati, adja kaja botjah, sing gemi, sing setiti, lan adja ngebrèh. Adja doemèh akèh tinggalankoe, kajata: omah teloe gedé-gedé, barang mas inten sapi-rang-pirang, doewit ija akèh, sapoet prantining omah wis pepak kabèh, malah nganti toerah pating kledèr, kabèh maoe bisa sirna ing dalem sadjam. Kajata: kemalingan, kaapoes-apoesan, oetawa kobongan, koewi jèn panggarapmoe ora pinter. Nanging jèn pinter, malah woewocha mangsa entèka, moelané diéling wekaskoe maoe. Awit abot-aboting abot koewi ora kaja wong mlarat, sèwoe lara sèwoe soesah ngloempoek dadi sidji, oetang selang menjang sanak sadoeloer oetawa wong tangga teparo, ora diendel, malah sandjan baé disigèni, jèn ana wong kélang-kélangan ditarka ing batin, kodjoéré bandjoer ditjog-emol baé, sédjé karo wong soegih, ngla-konana panggawé ala ija kalis ing tarka. Moelané adja nganti kowé

wani-wani sembrana nglirwakaké wekaskoe maoe, awit jèn wis kebatjoet, angèl toetoet-toetoetané”.

Kjai soedagar sawisé memekas mengkonon, bandjoer mati. Njai soedagar banget soesahé, kaja karoebোধan goenoeng, kontrang-kantring polahé kambi nangis anggijeng, tangga teparo, sanak sadoeloeré lan kadang karoehé sadjroning nagara pada teka nglajad, para kadji rahab pada njalataké, sawisé dibresihi, bandjoer dilebokaké ing tabela, karengga ing djarit soetra poetih semoewa banget, angkating lajon diiring ing wong akèh, nganti tekan ing makam pisan, bandjoer dikoeboer, gawé ngeresé atiné sing pada noengkoeli.

Saiki sing kotjap genti njai soedagar, sapatiné sing lanang ora bisa tentrem atiné, mari lakoe dagang, njamboet-gawé lijané ija ora, kasengsem matja lajang-lajang piwoelang anggitané para bisa, lan anderes, koer-an toewin kitab-kitab titinggalané sing lanang, awit moeng koewi sing bisa nglalèkaké prihatiné. Saja akèh wawatjané saja djembar kaélingané, osiking atiné mengkéné: Sabeneré manoengsa ikoe ora ana gedé, ora ana tjilik; ora ana lanang, ora ana wadon, anggeré kalah pinter, ija diparéntah lan kena dipèk amalé. Nanging loemrahé wong ikoe soetik kalah, kajata: wong lanang soetik kalah karo wong wadon, oraa doewé kapinteran, ija golèk dudukan ija. Wong toewa soetik kalah karo wong nom, oraa doewé kapinteran ija isin. Loewih manèh wong gedé banget loemohé kalah karo wong tjilik, oraa doewé kapinteran ija ngakoe loewih.

Njai Goenawitjara arep njatakaké panemoené maoe, gawé lajang oeniné kaja sing wis dikandakaké maoe, dipasang ana tebeng lawang djaba, soepaja disoeroepana ing wong akèh. Sawisé kelakon mengkonon saben ana wong liwat, lèrèn angoenèkaké, lan éran menjang njai Goenawitjara, déné wong wadon doewé panemoe mengkonon

Kotjapa ana soedagar soegih, djenengé kjai Soerawatjana, loenga njelamoer tanpa réwang, panganggoné sarwa loewas, njangking teken woeloch gading nganggo soeh, ing djero diisèni doewit dinar karo wang kretas, kèhé saleksa roepijah, arep golèk dagangan mas inten, déné olèhé manganggo sarwa loewas maoe, pamrihé diinaa ing wong. Sabab adaté wong Djawa koewé, nèk ana wong manganggo ora mingsra, ora diadjèni, jèn takon dagangan sing akèh regané, ora disaoeri, nèk djoewet disentak lan ditjlatoni mengkéné: „Wong dapoermoe mengkonon baé kok takon barang sing akèh regané. Koewi arep kokapakaké, dé arep kooetil. Mara enjoh barang kiji rega satoes roepijah, doewitana sèket baé akoe awèh. Nanging nèk mengko kowé ora djégos andoewiti, bandjoer takgitiki pisan, lan bandjoer takatoeraké njang préntah. Sabab kowé

njata wong arep ngoetil, réka-réka arep toekoe barang, temené ora”.

Kang mengkono koewé mèh saben wong doewé pambekan mengkono, sanadyan bakoel oetawa prombèng ija sok ngina wong. Dadi pangarahé kjai Soerawatjana maoe moeng diinaa ing wong.

Kjai Soerawatjana bareng toetoeg ing panggonané wong roeboeng-roeboeng, lèrèn, karo takon mengkéné: „Sing pada dika roeboeng nikoe napa?”

Wong sing ditakoni mangsoeli: „Nonton toelisan doewoer nikoe napa, daweg ta, dika miloe ngoenèkaké, ngriki sing rada tjedak”.

„Enggih, tjoba mengké koela miloe ngoenèkaké, nèk onten oenèn-oenèné sing betjik”.

Kjai Soerawatjana bareng matja toelisan koewi, banget ing pamoring-moringé, kalalèn olèhé lakoe njlamoer, kélingan taoe diadjèni ing wong akèh awit saka kasoegihané, woesana ana wong wadon doewé panemoe angrèmèhaké menjang wong lanang. Bandjoer takon manèh menjang wong sing ana kono maoe ora basa, temboengé mengkéné: „Sapa, é, sing doewé pokal gawé toelisan koewi?”

Wong sing ditakoni mangsoeli: „Doega koela enggih sing doewé omah”.

„Djenengé sapa, loenggoehé apa?”

„Djenengé njai Goenawitjara, karan njai ranĀ soegih, tilas bodjoné kjai Goenawitjara sing empoen adjal”.

„Doebilah sétan, déné koewi kok doedoe dara, oetawa pjaji, moeng djamak manoengsa kaja akoe baé, kok tjatjah-tjoetjah menjang wong lanang”.

Kjai Soerawatjana soemedia nemoni menjang sing doewé omah njai ranĀ soegih, arep dikrawoes, bandjoer mleboe nglatar, tjeloek-tjeloek, tjalaŋoené mengkéné: „Endi sing doewé omah kiji? Njai, njai, dika metoe sadéla mawon, adjeng koela takoni sing gawé lajang nikoe, nèk boten wong owah pikiré, mangsa doewéa pokal mekoten, moeni sagelem-gelemé”.

Njai ranĀ dèk samana lagi ambeneri ana ing gandok, linggih klasa pasir ana ngambèn, noenggoni batoeré sing pada olah-olah. Kroengoe ing lataré ana wong tjeloek-tjeloek, nganggo ngoedjar-oedjari ala bab oenining lajang sing dipasang ing lawangé, osiking atiné mengkéné: „Wong tjeloek-tjeloek karo nesoe kaé, ajaké doedoe wong sembarangan, oetawa wong boŋo, amesti wong pinter, tandané bisa ngerti oeniné lajang kaé, nanging brangasan, betjik taktemonané sadéla, apa sing dikarepaké, oetawa betjik taktemboengané aloes”.

Njai ranĀ noeli metoe mapagaké kjai Soerawatjana; bareng katemoe bandjoer mendak, soemèh oelaté, andap-asor solahé, lan

memelas temboengé, tjalaŋoené mengkéné: „Koela noewoen, ang-gèr bendara, koela njoewoen pangapoenten ingkang ageng, kalilana koela gadah atoe ing sampéjan, njoewoen pitakèn poenapa ingkang dados kalepatan koela, déné sampéjan ngantos doeka ingkang sakalangoeng sanget, koela moegi kaparingana soe-merep”.

„Kena napa dika gawé lajang moeni sagelem-gelemé, dika loemrahaké onten ing loeloeroeng, nikoe boten bener banget. Tjoba koela mawon sing ngajoni njatakaké kapinteran dika, boten soesah wong loewih, anggeré koela empoen kalah, dika enggih njata pinter temenan, lan bakal koela goeroni”.

„O, dados doeka sampéjan waoe djalaran saking oengelpoen serat ingkang kapasang wonten konten, leres anggèn sampéjan doeka, mangké koela matoer ingkang terang. Soemangga ta, koela atoe ri malebet ing grija roemijin, tingal koela sampéjan kados mentas tindakan tebih, prajogi ngaso sawatawis, sedeng sampoen éjoeb, kondoer. Ngangkah poenapa malebet soedjoeng koela, palenggahan awon-awon sampoen koela soedijani, pawidjikan toja ing djembangan sampoen kebak, pintenbanggi karsa angentosi sesegah koela, sawerni-werninipoen rak sampoen mirantos. Soekoer bagé sèwoe sampéjan karsa ngaken tijang sepoeŋ dateng koela, ranĀa toer miskin”.

Kjai Soerawatjana bareng ngroengoe tjalaŋoené njai ranĀa kaja mengkono maoe, sanalika ilang nepsoené, lan éram menjang njai ranĀa bisané nampani dajoh, ganep tatakramané, soemèh oelaté, kasembadan betjiking omah sarerenggané. Tjalaŋoené mengkéné: „Waoe dèk koela mentas ngoenèkaké lajang dika, rasaning ati koela bandjoer moering-moering mawon, boten saranta koela maleboe ing latar, ngoendang-oendang si bibi, tjipta koela: Anggeré si bibi katok, bandjoer koela krawoes, woesana boten mekoten, nesoe koela ilang kabèh, awit patrapé si bibi: betjik, boten loewih moeng makloemé si bibi mawon sing koela djaloek. Sing empoen enggih empoen, sing boeri mawon ditoetoegaké betjiké, moeng lajang dika mawon bandjoer dika boewang, lan kəpripoen nalaré, déné si bibi doewé panemoe mekoten?”

„Sampoen anggalih ingkang kaŋah-kaŋah, rak sèwoe mokal bilih tijang èstri angawonaken tijang djaler, pandoegi koela laré-laré awon-nganggoer ingkang damel serat waoe, koela ingkang roemaos kalepatan, mangké sakedap koela boetjalipoen. Soemangga ta, malebet ing grija roemijin”.

„Goemrining temen omahé si bibi, rerenggané adi-adi, ġasar bisa sing nata”.

„Brekaŋ sampéjan, gèr, koela saged mekaten, sadaja poenika ti-

laranipoen paman djengandika. Bok loekar agem-ageman roemijin ta, gèr, saha ladjeng siram ing djamban".

„Enggih, bibi, awak koela dasar proengsang, kadjengé rada ajem satitik, djambané gik poendi, bibi?"

„Ing wingking, gèr. Gafoel!"

„Koela".

„Dèrèkna daramoe menjang pakiwan".

„Enggih".

Kjai Soerawatjana: „Ajo, lé, toedoezna".

„Mangga".

Njai Goenawitjara: „Konjil!"

„Koela".

„Nèk wis rampoeng lèhé olah-olah si Rasakarja, noeli tataa mangan, dépokan baé; nèk wis, patoeron djrambah koewé tebahana".

„Enggih".

Kjai Soerawatjana: „Bibi, lèh koela adoès nganti aras-arasen, empoen banjoenè loebèr kimplah-kimplah, wah anjep, dasar djambané bregas angresepaké".

„Inggih, gèr, ragi dipoen-perlokaken resikipoen, amargi djamban poenika panggènan rereged, menawi damel djindjanipoen ingkang siram. Soemangga, gèr, koela atoeri dahar sawontenipoen".

„Enggih, bibi, engga bareng mawon".

„Bok mangké kémawon ta, gèr, koela neḍa lorodan kalijan larélaré".

„Boten, bibi, bareng mawon, kadjengé énak lèh koela mangan".

„Inggih soemangga koela dèrèkaken. Poenika rékanipoen kados semoer, soemangga kaḍahar".

„Énak bibi, semoéré, kabeneran boemboené".

„Inggih, kados saweg noedjoe, awit abdi sampéjan ingkang olah-olah pantjènipoen dèrèng patos saged angaben boemboe olah-olah ingkang sedengan. Poenika, gèr, oporipoen kambangan kaḍahar".

„Enggih, bibi, tjoba koela itjipané boemboené mawon, iwaké koela boten pati dojan, apeké tesih krasa mawon. Lo, kok énak banget bibi, boemboené".

„Soemangga, gèr, kadoegèkaken, sampoen wigih-wigih".

„Empoen toetoeg, bibi, lèh koela mangan, napa koela dadak isin rak boten".

„Konjil, oendoerna daharan kijé, noeli daharané wowohan ladèkna".

„Inggih".

„Pangoendjoekan lan pawidjikan koewi, adja ko-oendoeraké ḍisik, mengko nèk wis dahar daharan baé oendoerna".

„Soemangga, gèr, dahar djambet klampok aroem, kongas ganda-

nipoen wangi, poenapa pelem sengir Begelèn, oetawi djeram Patjitan toelèn".

„Enggih, bibi, nanging mangan djamboe klampok aroem nikoe, koedoe akèh".

„Ngangkah poenapa ta, gèr, tijang sampoen katjawisaken, malah daharan sadaja poenika kawradinana, boten kêtang sakedik-sakedik, manah koela lega, soekoer karsa dahar ingkang kaṭah".

„Mangsa, ta, mengkè koela kemlakaren; empoen, bibi, dioendoeraké kabèh, koela empoen wareg temenan".

„Konjil, daharan kijé oendoerna kabèh, dalah pangoendjoekané pisan; jèn wis, waḍah ses lan pagantènan kaé, ladèkna mréné".

„Inggih".

„Soemangga, gèr eses oetawi anggantèn roemijin; bilih sampoen sawatawis dangoe, ladjeng angasokaken sarira saré sakedap, mangké woengoe saré, ladjeng kondoor, sedeng sampoen éjoeb".

„Enggih, bibi, koela empoen gawa déwé rokok Djawa, nèk wangèn koela boten pati dojan, sok bandjoer ngeloe, nginang enggih boten pati dojan, moeng kala-kala mawon. Koela andjaloek lilah adjeng toeroe sadéla, koela niki empoen kepatoeh sabèn mentas mangan awan, bandjoer amblijoet".

„Soemangga, gèr, laku sampoen dipoen-soedijani".

„Amit, bibi".

„Inggih".

Kjai Soerawatjana bandjoer mapan toeroe, kerasa nikmat, woesana toeroe kepati, tekené woeloeh gadjing disandjing toeroe, diseler menjang njai Goenawitjara, ora weroeh, lan bandjoer didjoekoek isiné; bareng wis, dibalèkaké sandjing toeroe manèh. Kjai Soerawatjana bareng ngililir bandjoer pamitan moelih, ora lali njangking tekené, nanging ora nitèni jèn teken koewé èntèng boboté, bokmanawa lagi tangi toeroe: doeroeng pepak angen-angené. Bareng lakoené wis adoh, lagi krasa jèn boboting tekené èntèng, béda karo maoe-maoené. Bareng diboekak, temen jèn kotong, ora ana isiné doewit, kjai Soerawatjana andjenger ora bisa tjalaṭoe, njipta kabilaèn gedé saka panggawéné njai ranḍa djoelig, énggal bali gagantjangan, bingoeng kaworan nepsoe, sedyané arep masésa menjang njai Goenawitjara. Satekané njai Goenawitjara katemoe linggih ana ing ambèn, kambu matja lajang, bandjoer ditoedingi lan dioedjar-oedjari ala, nganti kamisosolen tjalaṭoené: „Èh genṭo, kètjoe, maling, asoe poeroet, troekbjangamoe kotjok, lonté gerang, endi doewitkoe, mesti kowé sing njo-long doewitkoe, doewitkoe ana teken kiji — doewit dinar doewit kretas, goenggoengé doewitkoe saleksa roepijah — kotjolong. Nèk doewitkoe ora kobalèkaké, mesti ketiban tangankoe, lan takbanda

takatoeraké menjang préntah. Bakal dilebokaké doeblongan lan bandjoer diboewang sadjegmoe oerip, ngakoe apa ora?"

Njai Goenawitjara dioenèni mengkono koewé ora goegoep, sarèh amangsoeli lan ora basa, tjalaŋoené mengkéné: „Mengko ta, kowé koewi mendem gendjé, apa édan, karoehané lèhkoe ngelokaké. Ngendi ana teka-teka bandjoer nesoe, tjotjoté oerab-oeraban, polahé briga-brigi kaja bangsat, kaja diwedénana mana. Sing ko-amèkaké doewit koewi doewit apa, tegesé kaprijé, apa kowé kélangan doewit, apa kowé andjaloek doewit, sing sarèh ta, akoe ora mlajoe lan ora wedi karo ɔapoermoe, lan tak-oedja saboedimoe, prakaran wani, roekoen gelem”.

Kjai Soerawatjana bareng ngroengoe tjalaŋoené njai Goenawitjara entèk atiné lan sarèh nepsoené, mangsoeli memelas, temboengé basa: „Milanipoen koela énggal wangsoel, bibi, amargi koela kètjalan jatra wonten salebeting teken woeloeŋ gaɔing poenika, warni dinar kalijan wang kretas, goenggoeng saleksa roepijah, koela kinten poen bibi ingkang ambébédoeng ɔateng koela, mendet jatra waoe”.

Njai ranĀ ora pisan anggragap, mangsoeli sarèh lan mari temboeng andap-asor kaja sing oewis, tjalaŋoené: „É, dados koela poenika sampéjan terka mendet jatra, wonten salebetipoen teken woeloeŋ gaɔing poenika. Èwed, gèr, manawi koela mangsoelana pitakèn sampéjan poenika, awit nalar makaten poenika dédé goe-goedjengan, lepat-lepat ing salah satoenggalipoen manggih bilai; koela poeroen mangsoeli menawi sampoen wonten ngarsaning paréntah. Wangsoel koela pitakèn ɔateng sampéjan, sampéjan ngaken kètjalan jatra ngantos samanten kaŋahipoen waoe, poenika sinten saksi sampéjan, kadosta: sapisan, saksi ingkang njoemerepi nalika pandèkèk sampéjan jatra wonten ing teken, tètès kados tjarijos sampéjan. Kaping kalih: saksi ingkang njoemerepi salam-pah-lampah sampéjan ingkang boten naté pisah. Kaping tiga: saksi ingkang njoemerepi panjolong koela. Menawi tigang prakawis waoe sepen, kikijatan sampéjan andakwa ɔateng koela poenapa? Mangka nalika sampéjan ɔateng, boten pratéla ɔateng koela bilih sampéjan ambekta jatra, malah ngantos mantoek, inggih boten wonten raraosan bab jatra. Woesana sareng sampoen antawis dangoe sampéjan wangsoel ngaken kètjalan jatra, wah mawi briga-brigi baɔé masésa ɔateng koela. Ingkang mekaten poenika malah kénging koela wastani tijang ngawoeg awar, toewin boten soemerep ing kasaénan, tegesipoen: sampéjan ngaken kètjalan jatra samanten waoe nama mokal, katitik saking solah bawa sampéjan boten mantesi. Kadosta: panganggé sampéjan sarwa loewas, késah ɔarat tanpa réntjang, andoepara jèn sampéjan gaɔaha jatra ngantos éwon. Wangsoel koela: sampoen kondang nama ranĀ

soegih, dasar soegih sajektos, dados pangoengsènipoen tijang mlarat, amargi saking balaba koela, toer inggih mantesi. Kadosta : grija koela ageng-ageng, rerengganipoen adi-adi, panganggé koela saé-saé, kaṭah aosipoen, karéta koela kaṭah bagoes-bagoes, rakitanipoen sami kapal pipilihan, loemboeng koela kebak pantoen, sabèn dinten Djoemoengah koela dadana ḍateng tijang pekir miskin, misoewoer nama koela saé, mangka sampéjan dakwa anglampahi kadoerdjanan njolong. Poenika soengsang namanipoen, pintenbanggi sampéjan narimah kasaénan koela, kok malah njénjérongi awon, poenika boten saé, gèr”.

Kjai Soerawatjana pegel atiné tansah dioeroegi tjatoer. Tjalaṭoené mengkéné : „Sanadjan poen bibi moekir, toewin baed paben kados bètèt sèwoe, inggih koela treka mendet, djer sajektos koela kètjalan jatra. Kalijan salami koela gesang boten gadah watak amitenah tijang, ngroebagini inggih boten, milanipoen kedah boten, koela tempahaken ḍateng poen bibi, amargi koela boten roemaos kèndel wonten ing poendi-poendi malih, kadjawi namoeng wonten ngriki, mila mesti sampéjan ingkang mendet jatra koela, kala koela tilem”.

„O, saja boten leres karsa sampéjan poenika, gèr, lepat-lepat sembiripoen, sampéjan malah koela goegat matang toena noembak loepoet, poenika sampoen kaseboet ing angger Nawala pradata, boten sandé sampéjan dipoen-ḍenda saprakawisipoen. Aloe-woeng menawi sampéjan mitoeroet kadjeng koela, toewin poeroen ngaken tijang sepoe, poenika bokmenawi koela saged adamel bingah sampéjan, pintenbanggi saged poelih kasoeshan sampéjan. Déné menawi sampéjan poegal, kedah adamel prakawis anggogegat ḍateng paréntah, inggih sakadjeng sampéjan, koela badé boten tjolong plajoe, malah koela taḍahi ḍaḍa, saboedi sampéjan koela kembari”.

Kjai Soerawatjana bareng ngroengoe tjalaṭoené njai ranḍa, banget andjenger, soewé olèhé meneng ora bisa tjalaṭoe. Osiké : „Angoek taktoeroeta karepé, bokmenawa bisa roentoeh atiné, gelem ambalèkaké doewitkoe, oraa kabèh saparo oetawa koerang, akoe trima, tinimbang prakaran, mangsa menanga, awit akoe ora doewé tanda saksi, dalah anak bodjokoe dèwé ora takwèhi weroeh pandokkokoe doewit, dadi wis inakoe dèwé, saka ngapa menanga prakaran”.

Bandjoer tjalaṭoe : „Inggih ta, bibi, koela namoeng mitoeroet sakarsa sampéjan, mangsa gèk sampéjan andjalomprongakan, boten, saksi lah said Allah, sinten ingkang tjidra, inggih boten manggih wilodjeng, toempes kélor saanak poetoé sadaja”.

GÈGÈR ING PADJAGONAN

Oengeling tjara balèn ngoengkoeng, sakedap kèndel, sakedap malih moengel, dangoe-dangoe saja kerep oengelipoen, mratan-dani kàtahipoen tamoe dateng.

Gangsa tjara balèn waoe panaboehipoen kapapanaken tjelak gapoeran deling (kroen), ingkang kaombjong-ombjong ing gego-dongan saha djanoer angrompjoh, poenapadéné pinasangan dilah sèwoe pating karelip, andamel lam-laming paningal.

Iringaning gapoera deling ingkang nginggil mawi dlantjang pasagi winengkonan deling, wonten seratanipoen moengel: Wiloedjengipoen para tamoe. Iringan satoenggalipoen inggih wonten kados makaten, oengelipoen: Wiloedjengipoen pangantèn. Namoe ing tengah, poenika seratanipoen wonten ing blabag sampoen lami, déné oengelipoen: MAS DEMANG KARJABAOE, Demang Pamaosan ing Dlanggoe.

O, dados ingrikoe poenika ingkang dipoen-poeroegi mas bèi Mangoenripta saha ki mas Najapada saanak-bodjonipoen.

Wantji ngadjengaken djam pitoe, ing pandapi sampoen kàtah tamoe, sadaja sami rasoe kan tjemeng, wonten ingkang destaran, wonten ingkang makoe tan. Anggènipoen gadah damel mantoe mas demang Karjabaoe ageng-agengan sajektos, amargi kedjawi saweg sapisan, tjalon mantoenipoen poenika radèn mas oeger-oeger, keleres poetra kapénakanipoen boepati patoeh, leloerahipoen mas demang Karjabaoe waoe. Poenapadéné ingkang boepati oegi badé ngrawoe hi.

Mas bèi Mangoenripta lenggahipoen wonten sisih tengening pandapi tjelak ngandap talang. Ki mas Najapada amor kalijan para ranga, djadjar saha para djoeroe serat. Déné Darba, datengipoen ndjoedjoeg ing patéhan, dipoen-pe toekaken kalijan ingkang kapatah wonten ngrikoe, keleres adinipoen ingkang gadah damel, temboengipoen: „Lah kebeneran ana botjah Sala, masti prigel ladèn. Rénéa, lé, takkandani. Mengko jèn ngetokaké wédang, tjangkir toetoep gedé sing nganggo tatakan salaka iki: ingkang boepati; para panèwoe ija nganggo tatakan iki, tjangkiré toetoep tjilik baé. Para mantri: tjangkir toetoep tjilik tanpa tatakan. Sangisoré ikoe tjangkir aloes tanpa toetoep. Déné lijané, bekel, mandor sapepadané: tjangkir para baé”.

Darba mangsoeli: „Nanging koela boten saged nitèni satoenggal-satoenggaling tamoe, amargi ingkang kàtah tamoe saking doe-soen”.

„É, ija mengko dikandani”.

„Ingkang koela manah poenika manawi klinta-klintoe, mangké ndadosaken sakserik”.

„Ora, ta, wis, mengko akoe déwé sing ngandani. Enja, ladènana sroetoe disik. Mas bèi Mangoenripta karo bapakmoe ladènana”.

Mas demang Karjabaoe deleg-deleg gela manahipoen, awit tampi pawartos, bilih ingkang boepati boten saged rawoeh, djalaran gerah. Sapoenika ingkang kaadjeng-adjeng dados panoenggoeling tamoe kantoen ingkang panèwoe distrik. Saweg deleg-deleg makaten, mas demang kagèt dipoen-djawil ingkang tjelak linggih, mratélakaken bandara onder rawoeh. Mas demang Karjabaoe gitagita ngadeg ametoekaken, onderipoen kaatjaran lenggah ingandap talang sisih kiwa.

Nalika datengipoen mantri onderdistrik poenika, wonten tamoe sawatawis ingkang ngadeg angoermati, bokmanawi poenika para bekel, djineman, ingkang kalebet ing wewengkonipoen. Mas bèi Mangoenripta pitakèn dateng prijantoe satjelakipoen: „Poenika prijantoe poenapa?” (Kalijan méngo ngawasaken onder).

„Poenika mantri onderdistrik ing ...”

„Èh, mantri désa baé dioermati samono”.

Makaten poenika ngatawisi bilih mas bèi Mangoenripta gadah éwa ing manah. Wewah-wewah ladjeng soemerep, onderipoen dipoen-ladosi wédang mawi tjangkir toetoeptatakan, ing batos wewah moering-moering. Menggah ladosan ingkang makaten poenika pantjèn mbibrah rantjangan sakawit, amargi kadjengipoen ingkang gadah grija: rèhné ingkang boepati saandahanipoen boten rawoeh, tjangkir saha tatakan ingkang panjamboetipoen ngaja-aja, poenika prajogi kawedalaken, mila mantri onderdistrik waoe ladjeng angsal tatakan. Ingkang gadah grija kesoepèn, bilih mas bèi Mangoenripta, mantri nagari, sampoen keladjeng dipoen-ladosi tanpa tatakan.

Datengipoen tamoe sampoen atoes, wantjinipoen sampoen loengsé, éwasamanten pangantèn dèrèng kapanggihaken. Ingkang kawogan sami roeboeng ngadeg wonten ing tritis, Darba inggih wonten ngrikoe. Boten dangoe mireng pawitjantenan makaten: „Kamas demang, poenika sampoen mèh djam woloe, poenapa pangantèn boten ladjeng kapanggihaken; oengeling oelem-oelem djam pitoe”.

„Mengko disik ta, dèn bèi distrik doeroeng rawoeh ngono, kok”.

„Poenapa tijang satoenggal kémawon dados entos-entosan?”

„É, la wong dara menggoeng wis ora rawoeh, mengko sing kanggo kembang ing padjagongan sapa? Wis ta, kowé waé sowana menjang kadistrikan, matoera jèn dientèni. Banget-banget panjoe-woenkoe, amarga ora ana panggedé sing rawoeh”.

Djam woloe sampoen langkoeng kalih dasa menoet, panèwoeni-

poen distrik meksa dèrèng rawoeh. Para tamoe sadjak boten sabar, Darba mireng ginem warni-warni.

„Kok ora temoe-temoe ta?”

„Mestiné ana sing dientèni”.

„Anaa kaé, mesakaké pangantèné, arak tansah nggekeng”.

„Arepa ngono-ngono, nèk panggedé doeroeng rawoeh”.

„Ija, ja, la wong panggedé...”

Kèndel samanten anggènipoen gineman, djalaran ketoengka oengeling tjara balèn. Ingkang djoemedoel ing gapoeran roemijin lampoe doedoek kabekta ing tijang, ladjeng dèn bèi distrik sakalihan agegandèngan, kairing pandèrèk djaler-èstri goemroedoeg.

Para tamoe katjah ingkang sami medal ing tritis, ngadeg angormati, sanèsipoen ngadeg saking koersi, namoeng mas bèi Mangoenripta ingkang ngétja-étja linggih pijambak.

Lampahipoen dèn bèi distrik teroes gegandèngan medal tengahing pandapi, amargi garwanipoen bangsa darah, namoeng ingkang ndèrèkaken kantoen para èstri, sami ngampil lopak-lopak, paketjohan saha petèn.

Dèn bèi saha garwanipoen saged matjakaken salira, lampahipoen alon noeroet oengeling monggang, adamel regengipoen pandapi.

Para tamoe sapedjagongan, poeroeging mripat namoeng dateng sang pinḍa déwa lan dèwi.

Sadoemoeginipoen korining grija, dènajoenipoen katampèn bokmas demang, kaatjaran lenggah tjelak pangantèn èstri, ingkang sampoen dangoe sadija linggih ngadjeng patanèn. Déné dèn bèi distrik ladjeng lenggah ingandap talang sisih tengen. Noenten kaladosan ses sroetoe saha wédang mawi tjangkir toetoe ageng tatakan salaka.

Sasampoenipoen demang Karjabaoe ngatoeraken pambagé, ladjeng njoewoen idi pisan amanggihaken pangantèn.

Gampiling tjarijos, pangantèn sampoen kapanggihaken, ladjeng kalenggahaken djèdjèr wonten sangadjeng patanèn. Mas demang Karjabaoe loemebet ing grija, animbang pangantèn djaler èstri. Toemoenten para sepoe djaler èstri kaatoeran, perloe dipoenbektèni ing pangantèn.

Dèn bèn distrik wangsoel ing palenggahanipoen lami, nanging kidjènen; kalijan mas bèi Mangoenripta let tigang koersi, nanging dèn bèi distrik boten karsa ngadjak gineman, kados-kados roemaos manawi dipoen-medjanani, pramila ladjeng ngoendang onderipoen. Dados lenggahipoen onder sapoenika toemoet wonten ngandap talang sisih tengen, ngenèmi dèn bèi distrik, njepoehi mas bèi Mangoenripta.

Tamoe èstri ing grija wingking wiwit dahar kemboel kalijan pangantèn sakalihan. Gangsa moengel gending gambir sawit,

warangganipoen madjeng dateng satengahing pandapi: ang-gambjong, djogèdipoen aloes, swaranipoen moeloek, adamel gamb-
biranipoen para ingkang remen tajoeb.

Wédang pasegahipoen tamoe djaler kaoendoeraken, dipoen-
santoeni gelas alit kaisénan djenèwer.

Soewoekipoen ing gangsa njarengi bibaripoen dahar tamoe wing-
king. Anoenten mas demang Karjabaoe ngadep dèn bèi panèwoe
distrik, dipoen-atoeri koendisi. Dèn bèi distrik inggih ladjeng djoe-
meneng sarwi ngasta gelas, tamoe sanèsipoen soemerep ing
sasmita, ladjeng sami ngadeg njepeng gelas. Dèn bèi distrik ladjeng
wiwit mekar sabda, swaranipoen tjetja, mranani dateng ingkang
mirengaken, dasar prijantoen mitjara; temboengipoen: „Para
prijantoen, para sadèrèk saha para tamoe sanèsipoen sadaja, atas
namanipoen mas demang Karjabaoe, koela ngatoeraken panoe-
woen, déné pandjenengan sampoen kepareng merlokaken rawoeh
ndjenengi daoepipoen pangantèn. Boten langkoeng koela njoe-
woenaken pangèstoe dateng pangantèn, moegi ladjeng sageda
atoet roekoen adjedjoéan, lestantoen sapanginggilipoen. Sakme-
nika keparenga ngoendjoek, sarta ladjeng soeraka kaping tiga,
sapisan: wiloedjengipoen pangantèn, kaping kalih: wiloedjengi-
poen para tamoe, kaping tiga: wiloedjengipoen ingkang gadah
grija. Hip, hip”. Tinampèn ing soerakipoen para tamoe: „horé ...
horé ... horé ...” sarta binaroeng ing monggang, swaranipoen
sakelangkoeng oemjoeng.

Sasampoenipoen poenika, para tamoe ladjeng sami loekar
rasoekan. Ingkang mbekta pandèrèk, rasoekanipoen kapasrahaken
ingkang abdi, ingkang boten mbekta, titip dateng ingkang gadah
grija.

Pangantèn djaler kawedalaken dateng pandapi. Ladjeng moengel
gendjing bojong, talèdèk kadjogèdaken, pangantènipoen mbeksa.

Tamoe ingkang ageng pijambak dèn bèi distrik, dipoen-atoeri
larih, ladjeng ngadjak onderipoen. Ingkang makaten poenika saja
ndadosaken nepsoenipoen mas bèi Mangoenripta, mila sanadjan
sadaja tamoe sami ngadeg ngepang ingkang beksa, oeroen kepok
sawenèh nggérong, mas bèi Mangoenripta lenggah kémawon,
malah ladjeng ngombé djenèwer plepak-plepek, ngantos rainipoen
abrit manang-manang.

Sarampoenging pandjogèdipoen pangantèn, ingkang kedawahan
sampoer badé mbeksa, boten wonten malih kedjawi ingkang panè-
woe distrik. Poenika saja ramé swaraning kepok saha gérong,
para tamoe sami rebatan gentos nglarihi, namoeng mas bèi
Mangoenripta saja ndaloeja, boten ngopèni babar pisan dateng
ingkang saweg beksa, malah semoenipoen sampoen wiwit mendem,

tandanipoen witjantenipoen wiwit boten toemandja, sakeḍap-sakeḍap ngombé mawi adjak-adjak tamoe ingkang tjelak.

Para tamoe inggih ladjeng sami kraos, bilih mas bèi Mangoenripta masgoel ing manah, nanging poenapa ingkang dados dja-laranipoen, poenika sami boten soemerep. Mas demang Karjabaoe ladjeng ngrerepa, panednipoen moegi mas bèi kaparenga ngrahabi pasamoean, soepados amewahi ramé, wekasan damel soeka bingahipoen para tamoe sadaja. Kedjawi poenika mas demang mawi pratéla, manawi wonten lepatipoen ing tindak, njoewoen pangapoenten. Nanging mas bèi Mangoenripta boten ngrèwès babar pisan, malah njentöelani. Bab poenika ladjeng dipoen-atoeraken dateng dèn bèi distrik.

Sakawit dèn bèi distrik boten nijat tjaṭok gapé kalijan mas bèi Mangoenripta, amargi semoenipoen mas bèi Mangoenripta sadjak boten poeroen tepang kalijan pijambakipoen, mila inggih ladjeng boten perdoeli. Nanging sarèhning dados sesepoehipoen para tamoe, kepeksa manah dateng bab poenika. Sarampoenging beksa awitjanten dateng onderipoen: „Di, sinten di, ingkang ladjeng beksa?”

„Njoemanggakaken”.

„Sampoen dados panggalih, inggih, idep-idep ngemong ingkang gadah grija. Mas bèi Mangoenripta poenika koela roemijnaken mbeksa”.

„É, noen inggih, tijang pantjèn leresipoen makaten”.

„Kados poendi, di, teka adi tjarijos: leresipoen?”

„Lah tijang koela mantri golongan poelisi, ngrika mantri nagari”.

„Mantria nagari poenika, tijang mantri kasentanan”.

„O, lah, poenika koela malah boten terang. Rang-ipoen inggil poendi, koela inggih boten soemerep. Wosipoen toemrap koela boten dados poenapa, soemangga, mas bèi poenika dipoen-dawahana sampoe roemijin”.

Gangsa moengel ajak-ajakan, Darba ndjogèd anjangga baki isi sampoe, sarwi ngirid talèdèk dateng panggenan linggihipoen mas bèi Mangoenripta.

„Akoe, kok ekon ndjogèd, apa lé?”

„Noen inggih, terang dawoehipoen dèn bèi distrik”.

„Ija ta. Kowé kantjakoe saka nagara, mengko nglarihana, ja. Ajah, nèk karo onder désa baé rak ija ora kalah. Djaloekana genḍing tjloentang, bèng”. (Witjanten makaten poenika dateng poen talèdèk).

Temboeng makaten poenika kadjarag soepados kamirengan mantri onderdistrik. Dèn bèi Panèwoe inggih mireng, mila ladjeng ndjawil dateng onderipoen, temboengipoen: „Sabar, di, mesakaken ingkang gadah grija”.

Gangsa moengel gending tjloentang. Sasampoenipoen mas bèi Mangoenripta ngedjogi gelasipoen, ladjeng moeroegi panèwoe distrik ngadjak ngoendjoek, kanti njoewoen pangèstoe. Anoenten ngadjak ngombé onderipoen, nanging temboengipoen sengak: „Mangga, mas, ngombé, mas”.

Mantri onderdistrik inggih ngoendjoek, nanging tanpa mangsoeli saketjap, ing batos sakelangkoeng ngoengoen, déné ngantos kata-man ing tindak kados makaten. Nanging polatanipoen boten éwah, mratandani prijantoen loehoer ing boedi, boten samar ing patrap agal aloes, pantjèn bregas, woedjoedipoen boten ageng inggil, nanging saliranipoen akas lan kijeng.

Mas bèi Mangoenripta ngladjengaken anggènipoen ngadjak ngombé para tamoe, ladjeng wiwit ndjogèd. Dawahing egong, nggapjoeaken tlèdèk kalijan ingkang sami larih, witjantenipoen: „Mangga ramé-ramé. Djaragan sami tajeoban. Akoe nèk wis ngéné iki pilih tanding. É, bok ija sapa ta, ... apa manèh onder mantri désa. Ajo, ramé-ramé”.

Onderipoen mireng makaten poenika kraos ing manah, tetéla bilih mas bèi Mangoenripta ndjarag pados dadakaning pasaelajan. Kebekta ngèngeti datang ingkang gadah grija, kepeksa boten Pradoeli, sinamoen ing samoedana gegineman kalijan distrikipoen. Nanging manawi makaten poenika taksih dipoen ladjeng-ladjengaken, ing pamanah poenapa boten perloe ndjagi tjamahing salira. Ing batos inggih prajogi prajitna.

Sareng djogèdipoen mas bèi Mangoenripta angsal sagongan malih dèn bèi panèwoe distrik ngadjak larih onderipoen, inggih ladjeng dipoen-soewawèni. Nanging sareng onderipoen njelak, mas bèi Mangoenripta ladjeng njepeng gelas isi djenèwer, dipoen-sorohaken datang tjangkemipoen mantri onderdistrik. Ingrikoe ladjeng dipoen-tamplèk. Djenèweripoen mawoet njiprat datang rainipoen mas bèi Mangoenripta.

Mas bèi Mangoenripta nepsoe, witjantenipoen koemroewoek, ladjeng badé males mbiti rai, nanging kénging katangkis. Mas bèi saja nepsoe, tanganipoen kiwa ngéwal doewoeng, tanganipoen tengen badé ngoenoes. Nanging pangoenoesipoen saweg angsal sapalih, oegel-oegelipoen énggal katekem datang onderipoen. Sarèhné mas bèi Mangoenripta kawon rosa, tanganipoen tengen ladjeng boten saged ébah, kepara goemeter, éwasamanten grojok-grojok mas bèi Mangoenripta meksa moengel: „Kowé wani tenan karo akoe?”

Onderipoen mangsoeli tatag kanti tadjeming polatan: „Salawasé akoe ora wedi karo wong sing kokéhan oeni”.

Pawitjantenan makaten poenika njarengi mas bèi Mangoenripta dipoen-sikep tamoe sanès saking wingking, sarta doewoengipoen

dipoen-rebat. Sanalika ing padjagongan gègèr, poenapadéné tamoe èstri, sami pating biloeloeng pados pandelikan. Lokipoen tijang ing djawi wonten tijang ngamoek.

Mas bèi Mangoenripta bangga, bengok-bengok boten kanten-kantenan, ladjeng karampa-rampa, kaantoeaken dateng pondok-an. Déné onderipoen ladjeng wangsoel lenggahan malih kalijan distrikipoen agegineman, sadjakipoen mentas boten wonten poenapa-poenapa.

Pasamoewan tajoeb kaladjengaken, nanging sanadyan katàh ingkang ngobjongi, meksa boten saged ramé, amargi semoenipoen para tamoe katàh ingkang djindja, déné mentas wonten doewoeng medal saking rangka. Kelampahan watawis djam satoenggal daloe, tajoeban bibar, ndadosaken gelanipoen ingkang gadah damel.

IX

NGLELOERI TATA-TJARA DJAMAN KOENA

PARI PENGANTÉAN

Jèn pari wis mrekatatak koening, wis wajahé ngenèni, sing doewé sawah bandjoer ngoendang wong toewa-toewa ing désa; loemrahé diarani doekoen. Ikoe ditoetoeri, jèn sawahé arep diderepaké, dikon nggolèkaké dina sing betjik, dianggo metil. Doekoen bandjoer ngétoeng, oepamané ketemoe dina Setoe Paing. Malem Setoe Paing sawah sing arep dienèni dioebengi temoe gelang. Ésoeké doekoen teka ing sawah karo wong sing arep ani-ani. Doekoen noeli metil pari, kèhé noeroet neptoené dina : Setoe sanga, Paing sanga, dadi goenggoeng 18; ikoe olèhé metil ija loro-loro ping sanga; noeli diklabang, ditapihi, ditjoendoeki kembang; djenengé : pari penganténan petilan. Ikoe disèlèhaké ana ing klasa anjar, ditoempangaké ing sadjèn ana sadjroning taroeb. Déné woedjoedé sadjèn : lawé wenang setoekel, goela setangkep, gedang setangkep, krambil sidji, djambé, soeroeh, mbako, menjan; doewité rong wang segobang; wadagé tampah oetawa doelang. Noeli wong-wong pada kondangan ana ing djero taroeb kono, lanang wadon, dadi rong kalangan; sing lanang amor lanang, sing wadon amor wadon. Sing ngoedjoebaké ija doekoené; sing dimemoelé, dimetri, Dèwi Sri Sedana; ana sing ngarani mBok Sri Sedana. Moenggoeh Sri Sedana ikoe satemené djenengé wong loro lanang wadon; sing lanang aran Sedana, sing wadon aran Sri; gantjaré kaseboet ing lajang Poestaka-radja.

Déné sing dikepoeng : ambengan. Isiné ambengan : sega golong, sega liwet, sega brok, koepat, lepet, karoek gringsing, petjel pitik,

endog, koeloeban, gerèh pètèk, pentjok, djangan menir. Sawisé didongani, bandjoer pada dipangan. Noeli wong-wong wadon mangkat derep sedéla; jèn wis olèh wetara setekem bandjoer pada bali menjang taroeb; saolèh-olèhé ditalèni, digèdèngi tjilik-tjilik dadi nem gèdèng; sing ngakon nggèdèngi ija doekoené, nganggo ngoetjapaké mBok Sri Sedana manèh; ikoe diborèhi lan ditjoendoeki kembang diloeroebi plangi; djenengé: sing rong gèdèng pari penganténan, sing patang gèdèng patahé.

Sawisé mengkono wong-wong bandjoer wiwit derep temenan, nganti soré; jèn wis dibawoni, bandjoer pada moelih.

Ana manèh tjara sédjé; sing dikepoeng ikoe segané sega me-gana; woedjoedé: toempeng, ing djero ana isiné koeloeban, iwak, gerèh, endog; mengkono ikoe noeroet tjarané désa déwé-déwé; désa mawa tjara, negara mawa tata.

Apa pirantiné wong derep? Ora lija moeng ani-ani; jèn dianggo wangsalan, diarani wadoeng pari.

Jèn wis rampoeng kabèh olèhé ngenèni, pariné diepé; pariné penganténan barang diepé; olèhé ngepé ija ana ing sawah baé. Jèn wis garing temenan, bandjoer digawa moelih; nanging olèhé nggawa moelih ikoe ija digolèkaké dina sing betjik; adaté sing loemrah, milih dina Setoe. Sing dipikoel ana ngarep déwé: pari penganténan; diiringaké wong-wong sing pada mikoel pari sing akèh-akèh. Sing mikoel pari penganténan ikoe sandangané koedoe sarwa anjar; awaké ija diborèhi, nganggo ditjoendoeki kembang. Sasowéné mikoel koedoe anteng, ora kena goenem-goeneman, nganti tekan ngomah; wis kaja pengantèn-pengantèn kaé; waliné mlakoe ana ngarepé. Jèn wis tekan ing lataré sing doewé pari, waliné takon marang kang doewé omah, endi panggonané si Ambra-ambra. Diwangsoeli, jèn ana ing loemboeng. Loemboengé wis diresiki; sentongé pengantèn wis dipadjang. Pari sing dadi pengantèn wadon karo patahé wadon bandjoer dilebokaké disik, disèlèh ana ing klasa anjar; pengantèné lanang isih ana ndjaba waé. Pari lija-lijané dilebokaké disik, disèlèh ana sandingé pengantèn wadon, ditoempoek-toempoek; jèn wis mleboe kabèh, pengantèné lanang lagi dilebokaké, ditoempangaké ana ndoe-woeré pengantèn wadon. Patahé lanang ditoempangaké ana ndoe-woeré patah wadon. Noeli disandingi kèndi kebak banjoe, ditoetoepi goðong kloewih, ditindihi watoe item, béndà, kemiri, kloeng-soe, diwadahi ing batok.

Loemboengé noeli diinebi, dikantjing; jèn doeroeng 40 dina, ora kena diboekak-boekak; dadi ija ora kena didjoepoek pariné. Pendak dina ngGara Kasih lan Djemoewah Kliwon, ngisoré loemboeng diobongi menjan, karebèn pariné adja diganggoe lelemboet.

Jèn wis patang poeloeh dina, jèn wongé boetoeh pari kena mboe-

kak loemboeng. Jèn arep ndjoepoek pari, temboengé: penganténé diadjak lelajaran; praoené lan dajoengé wis miranti. Sing diarani praoe ikoe: lesaeng; dajoengé: aloe. Sing didjoepoek disik, patahé lanang rong gèdèng; ikoe ditoetoe disik, dianggo slametan boekak loemboeng. Sawisé ikoe pariné didjoepoeki saben dina, kena waé; moeng jèn dina Selasa Kliwon, ora.

Pendjoepoeké pari penganténan saka loemboeng, kari dèwé; jèn lija-lijané isih, pari penganténan ora diepik-epik; jèn lija-lijané wis entèk, lagi didjoepoek. Tjoetel.

X

RASANÉ PAIT NANGING AKÈH WONG SING KAREM

Menoengsa ikoe karemané kok anèh-anèh; jèn isih tjilik do-janané sing legi-legi, sing goerih-goerih: ana goela, krambil, katjang tjina, enting-enting, wadjik. Bareng wis gedé toewa, djeboel milih mbako, mangka rasané pait, toer ngendemi; jèn kontjatan mbako bandjoer klakepan baé. Ana sing seneng soesoer, ana sing seneng ngemoet, ana sing seneng oedoed. Jèn ndeleng andjrahé saiki, mesti akèh sing ora ngandel, jèn ing tanah kéné bijèn ora ana mbako. Mangka temen, jèn dèk koenané wong-wong kéné ora ana sing weroeh marang tembako; ora ana sing oedoed, ora ana sing soesoer. Moenggoeh anané tembako ing tanah kéné, wetara 300 taoen sepréné; sing wiwit nggawa mréné: Welanda. Nalika semana Welanda weroehé marang tembako ija doeroeng lawas. Pinangkané saka ing tanah Amérika. Wong-wong Éropa sing pada menjang tanah Amérika, moelihé ana sing nggawa dagangan tembako. Ikoe wiwité bandjoer soemebat sadjagad.

Saikiné mbako ikoe, ngendi-endi ana; wong-wong pada dojan mbako; ditandoer ana ing ngendi-endi oerip. Ing negara Welanda, ing tanah Djawa, ing negara Tjina, ing Toerki, wis ora tampik panggonan. Angger oewong dojan oedoed. Jèn wong Éropa rokoké aroepa sroetoe lan sigarèt; apa manèh wong Roeslan, karemané sigarèt. Wong Djawa senengané rokok klobot oetawa nipah. Ana manèh sing seneng nganggo pipa. Tembakoné dioewel-oewel, dilebokaké ing pipa. Sing dojan ngemoet kaja wong Djawa ija akèh. Wong jèn wis koelina oedoed, mangka arep medot, akèh sing ora bisa. Moelané saiki akèh wong sing nandoer mbako. Para toewan presil akèh sing njéwa lemah, preloe ditandoeri mbako. Tegalé nganti pirang-pirang èwoe baowé, kebak tandoeran mbako baé. Ing Kedoe, Besoeki, Sala, Ngajodja, lemahé ditandoeri mbako tjotjog banget; mbakoné misoewoer énak. Mengkono oega ing tanah Ranau, Padang-darat lan Dèli. Ing kono tandoeran mbako kèhé ija ngéram-éramaké.

Tandoeran mbako ikoe, sing dipoerih goðongé, digawé sroetoe oetawa rokok lan sapenoenggalané. Endi sing goðongé betjik, ja koewi sing akèh regané. Sing misoewoer déwé, mbako saka tanah Dèli lan saka tanah Sala lan Ngajodja. mBako Pajakoemboeh lan mbako Keðoe ikoe soemebar ing tanah Djawa, dianggo rokok.

Ing tanah Keðoe, nandoer mbako ikoe dadi pangoepadjiwa gedé; ing kana tegal mbako ija djembar-djembar. Jèn wong leloengan saka Moentilan noenggang trèm menjang Parakan, bandjoer darat menjang Wanasaba, sedalan-dalan sing katon presasat moeng tegal tembako tok-tok baé. Malah ing pagoenoengan Dijèng, wongé ija pada nandoer mbako.

Tjoba toet-boeria akoe, ajo takdjak ndeleng rékané wong nandoer mbako..... La, saiki wis tekan ing omahé pak Soera, gawéné nandoer mbako. La kaé tampakané, ana ngisoré wit blimbing kaé; mbakoné wis pada toekoel. Bijèn olèhé njebar, widjiné diemori awoe. Saikiné wis leðoeng-leðoeng; oemoeré wis teloeng minggoe, nanging doeroeng kena ditandja, isih ketjiliken. Jèn wis kira-kira oemoer rong sasi, lagi kena ditandja. mBako ikoe, jèn isih tjilik ora kelar kena ing padang oetawa panas banget-banget; moelané olèhé gawé tampakan ana ing éjoeban. Tampakané koewi bijèn olèhé matjoeli djero, nganggo diraboek barang; widjiné karebèn lemoe-lemoe; jèn ditandoer, bisa takad lan koewat.

mBésoek jèn akoe pada mréné manèh, widjiné iki mesti wis ditandoer ana ing tegalan. Jèn isih anjar-anjaran, dikoeðoengi klokan debog oetawa goðong djati, karebèn adja kepanasan banget-banget. Olèhé nandoer dilarik-larik kentjeng. Sarèhné lemahé nganggo diraboek barang, toer jèn isih tjilik-tjilik ésoek soré disirami, dadi ija énggal gedé. Jèn wis oemoer teloeng sasi koerang loewih, bandjoer wiwit dioendoehi goðongé sing ana ngisor; ikoe arané koséran. Let sawetara mangsa, bandjoer ndoewoeré. Jèn olèhé ngopèni marang wit tembako betjik, dadiné tembako ija betjik. Kedjaba penggarapé lemah, isih ana manèh sing koedoe direksa. Akèh kéwan tjilik-tjilik, kajata oeler, walang, djiðal, toema lan gegremet lijané sing pada dojan goðong mbako; ikoe kabèh koedoe dioelapi. Malah widjiné sing awoedjoed oewoh, ija wis ana amané. Moelané jèn disebar, nganggo diemori paroedan krambil lan goela djawa lan dedak; preloené karebèn diparani semoet. Sabab dojanané semoet sing legi-legi, sing goerih-goerih. Widjiné mbako ditogaké baé. Jèn ana amané sing arep mangani widji mbako, digondol ing semoet sing pada golèk pangan ikoe; dadi pada wedi. Déné oeler ikoe olèhé dadi ama wis wiwit ana ing tampakan moela, mangani goðongé toekoelan mbako. Ana ing tegal, kedjaba mangani goðong, ija mangani eloengé. Sing aran oeler poepoes ikoe

gawéné mangani poepoes; oeler ketep mangani godongé; oeler djeđoeng koewi rada gedé, gawéné ija mangani godong mbako.

Kedjaba ikoe isih akèh manèh amané godong mbako. Orong-orong ikoe, ija bener mangani amané mbako, nanging sok ngroesak-ngroesakaké tampakan, nggoesiri lemah, međotaké ojodé winih mbako. Karo manèh gangsir lan djangkrik, gawéné ija mangani tandoeran mbako sing isih tjilik-tjilik. Kang roepa walang mangani godong mbako nganti pating tjromplong. Dadi sing dojan mbako ikoe ora moeng menoengsa baé; kéwan ija roepa-roepa sing dojan, nanging sing akèh diiras baé, ora ngentèni jèn wis dadi radjangan oetawa sroetoe. Moelané jèn wong nandoer mbako koedoe goemati, presasat ngopèni baji. Jèn ora goemati tandoerané amesti lebar, ora ana dadiné. Jèn goemati amesti akèh olèh-olèhané. Samoebarang, jèn digoematèni pamalesé adaté tikel tekoek.

XI

PANGOLAHÉ GODONG MBAKO

Ing ngarep kowé wis takkandani bab panandoéré mbako; saikiné arep taktjritani bab pengolahé godong mbako. Jèn isih ana ing oewit, roepané idjo rojo-rojo; jèn wis dadi olah-olahan, roepané koening semoe abang toewa. Mestiné kowé wis kerep weroeh mbako; bapakmoe rak oedoeđ ta; embokmoe takkira ija sok soesoer. Jèn kowé déwé mestiné doeroeng oedoeđ, sabab mbako ikoe ora betjik; jèn kanggo botjah, marakaké roesak marang awak. Senadjan wong toewa pisan, jèn kakéhan oedoeđ, ja ora betjik dadiné. Ing tanah Amérika botjah-botjah sing doeroeng oemoer 16 taoen, dilarangi oedoeđ. Mengkono ikoe pantjèn bener banget.

Tembako jèn katon ana godongé sing toewa, bandjoer dioendoehi. Wiwitané sing ngisor, arané koséran oetawa kapal; ikoe dadi mbako sing asor. Noeli sing tengah wetara limang lembar; arané godong tengahan, dadi mbako sing sedeng. Wekasan godong sing poetjoek, wetara ija limang lembar oetawa loewih, djenengé kitir. Ikoe dadi mbako sing peťingan; moelané ora diemor karo sing đisik-đisik; pengolahé ija rada digèsèh.

Godong mbako sing mentas dioendoehi, bandjoer diboenteli lela-djoeran nganggo godong gedang oetawa blarak nam-naman. Pemoentelé ikoe kendon-kendonan baé, karebèn adja kraket; bandjoer disèlèh ana ing ambèn. Penjèlèhé didegaké; ikoe djenengé diumboe; wetara sepasar wis pada koening-koening semoe abang; bandjoer dirowèki, tegesé: gagangé lan ada-adané sing gedé-gedé diboe-wangi. Bandjoer ditata wetara njepoeloeh lembar, dilinting; sing

amba-amba disèlèh ana ing djaba. Mengkono ikoe arep diradjang.

Ngradjang mbako ikoe ora gampang, sabab pengradjangé koe-doe ratjak lan adjeg lemboeté; moelané ija koedoe ngati-ati. Pirantiné ngradjang ikoe ora néka-néka, moeng blabag kang aran tjatjak, ana adeg-adege loro, toemantjeb ngadeg ana ing blabag maoe. Ing tengah-tengahé adeg-adeg ana kajoené béngkong, dianggo toempangan lintingan mbako. Dadi mbakoné toemiba ing selaning adeg-adeg, toemoempang ing kajoe kang béngkong ikoe maoe, mintip-mintip setitik ana ngareping adeg-adeg. Sing mintip-mintip ikoe bandjoer ditibani gobang, kres. Lintingané mbako bandjoer diadjokaké manèh setitik; noeli ditibani gobang manèh; mengkono ikoe bandjoer waé: kras-kres. Radjangané ditadahi tampah oetawa tambir. Jèn wis olèh akèh, bandjoer dielèr ana ing widig, diepé ana ing latar oetawa ana ing pajon nganti teloeng dina oetawa patang dina. Jèn ésoek dieboen-eboenaké; roepané bandjoer sangsaja moendak abang toewa, amboené rada sengak. Sangsaja lawas sangsaja mèmper mbako-mbako kaé.

Jèn wis dadi mbako temenan, bandjoer dilempiti didadèkaké tampangan oetawa delegan oetawa lémpéngan. Noeli diwadahi ing krandjang arang, nganggo dilambari debog garing; noeli diroemati ana ing djero omah. Tembako mengkono ikoe aran mbako tampangan oetawa delegan; ana manèh mbako sing garingé marga digarang waé, ora diepé; arané mbako garangan.

mBako ikoe pengroematé nganti sawetara sasi lawasé. Jèn wis larang mbako bandjoer diedol; adat-adaté sing mborong: Tjina. Tjina akèh sing dadi soedagar mbako, toekoené menjang wong désa, diedol mrana-mrana. Ana sing dikirimaké menjang negara Tjina, Singgapoera barang; malah ana sing diedol menjang tanah Éropa.

Moerih moendak aroem amboené, sarta moendak énak rasané, sok diboemboni roepa-roepa; ana menjan, ratoes, kemoekoes lan lija-lijané; malah terkadang sok diemori tjandoe. Kang mengkono ikoe, kowé ora soesah taktoetoeri, mestiné ja wis ngerti déwé, jèn ikoe agawé roesaking awak.

Moenggoeh sing toekoe mbako menjang wong Djawa ikoe ora moeng Tjina waé; Landa-Landa ija akèh sing toekoe. Nanging sing ditoekoe doedoe mbako radjangan, mbako sing isih goðong, lagi olèhé ngoendoe saka ing tegal; bandjoer diimboe lan digaringaké déwé ana ing los gedé. Losé gedéné ora mekakat; gedèg lan baloengané epring waé, pajoné alang-alang. Gedègé kena diboekak kena diineb; pemboekaké lan penginebé mawa-mawa kaanané ing ndjaba. Jèn wis garing, bandjoer diimboe; roepané bandjoer abang ireng, amboené wis mèmper mbako-mbako kaé. Noeli dikaroengi ana ing goedang, bandjoer dikirimaké menjang tanah Éropa.

Sarèhné pengolahé ana ing los ikoe betjik lan ngati-ati banget, dol-dolané ija bisa larang, ora kaja gawéané wong Djawa, moerah-moerahan waé.

Ing tanah Djawa lan Soematra akèh presil mbako: sing doewé bangsa toewan-toewan; njéwa lemah menjang Kangdjeng Goepermèn oetawa wong tjilik. Sing nggarap lemah lan sing nandoeri, ija wong Djawa, nanging noerbet pranatané toewan-toewan maoe. Olèhé ngraboe ora kekoerangan; panggarapé lemah betjik banget; enggoné mboewangi ama-amané ija tlatèn banget. Samoe-barangé sarwa betjik, sarwa ngati-ati; dadi bareng didol, pajoené akèh, baṭiné ija akèh banget.

Ing tanah Dèli keleboe talatahé poelo Soematra, kebon mbako amba-amba banget. Sarèhné wong kana ora njoekoepi kèhé kanggo moelasara kebon-kebon maoe, dadi para kaboedidajan paḍa nekak-aké wong-wong saka ngendi-endi. Tjina sing njamboet gawé ana ing kana ana sakiwa tengené 100.000; wongé Djawa wetara 30.000. Olèh-olèhané goḍong mbako, jèn wis diolah, bandjoer diboenteli nganggo klasa pandan oetawa klasa ménḍong, dikirimaké menjang negara Welanda. Ana ing kana digawé sroetoe, bandjoer dikirim-aké mréné manèh oetawa menjang negara-negara lijané ing sadjagad iki.

XII

BOTJAH DJOTAḌAKAN

Katjarita, Dalidjan karo Gemboer saja kebatjoet-batjoet olèhé satron. Malah ija ana botjah sing ngiloni Dalidjan ndjoṭak Gemboer, nganggo ngintjim-intjim arep mentjil ana panggonan sing sepi. Moeng anèhé, kok Soetjitra karo Karman ija miloe disatroé, lah gèk dosané apa? Soetjitra karo Karman nganti rikoe dolan adoh, awit angger kapetoek kantja mesti diéwani. Dalidjan ija sok dikandani botjah akèh, adja ndjoṭak Soetjitra karo Karman, marga ora dosa. Nanging Dalidjan ora noeroet malah nepsoe, botjah sing kanda malah ditantang bantingan, sarta dikon ngiloni Soetjitra. Botjah akèh maoe sing disenengi ḍéwé déning Dalidjan moeng Dikoen karo Dawoed; awit botjah loro maoe digawé klénangan moeng manoet baé. Malah botjah loro maoe doewé kapinteran bisa ngalem marang Dalidjan. Mestiné Dalidjan ija seneng, dialem lan dioenggoel-oenggoelaké. Lan Dalidjan mesti ja ora éman mènèhi pangan satjokotan oetawa rong tjokotan marang botjah loro maoe. Terkadang sasèn rong sèn ija mènèhi ḍoewit. Panggasé Dalidjan, ḍèwèké ikoe botjah sing loma, kerep wèwèh apa-apa marang kantja. Mangkono oega si Dikoen karo Dawoed, roe-masané awaké ikoe botjah sing mantep marang kantja sarta

41236



roekoen, diadjak njatroé Gemboer, Karman lan Soetjitra ija gelem, diadjak ngrojok ija sagoeh.

Anoedjoe sawidji dina, soré-soré Dalidjan dolan menjang ara-ara ngoenda lajangan. Wangoené ing waktóe ikoe pinoedjoe oesoem lajangan, kok akèh temen botjah dolan menjang ara-ara karo pada nggawa lajangan, dioeloekaké. Ana sing digawé pandjeran waé, ana sing digawé sangkoetan. Jèn ana lajangan sing peḍot, bandjoer disoerak botjah akèh, lajangané digawé reboetan. Sasoe-wéné Dalidjan ngoenda lajangané, diparani Dikoen karo Dawoed, tjalaṭoené: „Djan, olèhmoe mandjer lajangan majoeng temen, nganti kaja pajoeng agoeng. Kenoeré nganti katon mèh djedjeg”.

„Wah, ija! lah wong kebeneran taliné gotji”.

„Wah, pinter temen kowé ki Djan! Èntèng apa abot, Djan?”

„Antep banget, jèn ampang waé mangsa majoenga”.

„Tjoba tak nggentèni mandjer”.

„Enja, nanging adja kokoekoe, bilai, mengko peḍot”.

„Waḍoeh-waḍoeh, antepé doedoe padon! Dak-erèkné ja Djan, akoe arep weroeh tandangé lajangan iki”.

„Prasasat sétan, tandangé. Jèn dirèkaké noeli moedoen kaja ambles ing lemah, nanging jèn dioeloeri satitik waé bandjoer del, moemboel ing awang-awang. Moelané sing ngati-ati, adja kongsi ketangsang ing papringan kaé. Jèn kowé nangsangaké mesti tak-oentjalaké menjang ing barongan ori pisan”.

Wah, mbededeg rasané atiné Dalidjan, weroeh lajangané dierèkaké Dikoen. Lajangané meré ngiwa-nengen moenggah-moedoen kaja manoeek sikatan njamber walang. Pantjèn pinter Dikoen ikoe jèn ngoenda lajangan; boboté kaja mangkono polahé lajangan, éwadéné ora bisa ketangsang.

Dalidjan tjalaṭoe karo gedé atiné: „Oepama akoe bisa dadi lajangan, iba njamlengé, sasat akoe radèn Gaṭoetkatja. Mestiné kabèh satroekoe bandjoer takpoṭoli endasé, si Gemboer péṭak karo si Soetjitra koemetak pada takdjlogi ḍaḍané, bèn bengkah. Bapa-bijoengé mangsa bisaa malesaké, wong akoe bisa maboer”.

Dawoed tjalaṭoe karo mèsè: „Tobat, kaja tenan-tenana sadjaké. Oepama, Djan, kowé bisa maboer imboeh bisa ilang kaja Radèn Djanaka, keprijé?”

„Wah, njamleng banget. Satroekoe mesti pada taktjoekoer alisé, karo rainé taktjlérongi angoes. Méndah pada kagètè ja Woed?”

„Jèn kowé bisa maboer njawamoe, karo bisa ngilang ambekan-moe, keprijé?”

„Hoes! Koerang adjar! Taktempilingi kowé mengko”.

„Ah moeng gegoejon kok”.

Kasim tjalaŕoe saka kadohan karo mlajoe-mlajoe: „Djan! Djan! galo kowé ditantang sangkoetan”.

„Sapa sing wani nantang Radèn Gaŕoetkatja?”

„Sapa, jèn ora moengsoehmoe si péŕak”.

„Keprijé olèhé nantang si péŕak? Ora djamak nèh”.

„Ora nantang, moeng nglèdèk waé. Lah kaé apa lajangané pidjer èdèg ora oewis-oewis”.

„Apa lajangan koŕokan nganggo sinŕingan kaé? Ah, ja pantjèn manas ati. Koewi rak diadjani Soetjitra goemagoes”.

„Pantjèn Gemboer saiki koemaki, kok Djan”.

Dikoen kang lagi seneng-seneng ngoenda lajangané Dalidjan njamboengi: „Bok adja ta Djan! Angger lajangan sinŕingan mesti digawé pandjeran, ora digawé sangkoetan. Prakara lajangan èdèg ikoe marga taliné gotji. Adja noeroet kanŕané Kasim, dèwèké mono wong doewé mélik, arep ngrajah jèn ana sing peŕot salah sidji”.

„Akoe ora predoeli. Koŕok manas ati! Karo akoe arep njoba gelasanakoe. Sangkoetan sing doewé paŕa sing doewé, akoe ja ora wedi, poepoeng ana ing ara-ara. Jèn kowé arep ngréwangi kana, ja sakarepmoe, akoe ora wedi dikroeboet satoes”.

Dalidjan gelis ndjaloek lajangané, dierèkaké menjang lajangané Gemboer, noeli meré kaja djago èrèk. Botjah-botjah sing gawéné ngrajah lajangan peŕot paŕa boengah atiné sarta moeni: „Ré - ré, ré, ré, ré! Boendèt, boendèt! Abang-abang matané, kalah kambi adiné. Ajo, boendèt, boendèt!” Ana manèh sing singsot karo moeni: „Tjempé-tjempé oendangna barat gedé, tak-opahi doedoeh tapé, gemroeboeg tibakna kéné”.

Gemboer weroeh jèn lajangané disarab déning lajangan ko-tangan, ja ikoe doewèké Dalidjan, énggal nariki lajangané dieŕoenaké baé. Preloené moeng njingkiri oedoer, awit Gemboer ngreti jèn patrapé Dalidjan sing mangkono ikoe moeng golèk ðaŕakan kerengan. Dalidjan weroeh lajangané satroené dioeŕoenaké, panjanané: mesti kenoéré Gemboer gelasné ora betjik. Dalidjan ngira bakal ketoetogean karepé olèhé arep noesahaké djotakané. Lajangané bandjoer diantjapaké, ler tèmbel, oelet-oeletan kaja koe-poe taroeng. Wah, swarané botjah-botjah kang soerak lan keplok wis ora karoewan raméné, kaja mbedahna kendangan koeping. Gemboer roemasa kleboe ing kala, ora kena ora koedoe sangkoetan. Emboeh menang emboeh kalah, goemantoeng begdjaning awak. Lajangané Gemboer toemoeli dioeloeri kenoéré, soepaja bisa mingsad-mingsed gelasné, ora gampang peŕot. Ora soewé, ðel, lajangané Dalidjan peŕot. Lajangané Gemboer slamet, dipatèt kenoéré noeli ðel moemboel digawé pandjeran manèh. Moenggoeha djago, jèn menang olèhé taroeng mesti bandjoer kloeroek.

Sasoewéné ikoe swarané botjah-botjah soerak kaja disentak-sentak. Botjah akèh maoe bandjoer pada loemajoe sipat koeping, noetoeti kléjangé sing pedot maoe, digawé rajahan. Sanadjan tiba ing poetjoeking wit-witan oega dipènèk, reboet disik.

Dalidjan bareng pedot lajangané, nganggo disoerak botjah akèh, banget ing isiné kaworan moering-moering. Wekasan tibaning napsoe menjang Gemboer, soembaré: „Kalah lajangané, sing doewé mangsa kalaha”.

Dalidjan bandjoer mlakoe éngkag marani Gemboer. Gemboer weroeh jèn diparani Dalidjan karo moeni-moeni ala, toemoeli mlajoe kaja disawataké. Dalidjan gedé atiné, awit weroeh jèn dèwèké diwedèni. Dalidjan doeroeng lega atiné, jèn doeroeng bisa males isin marang djoṭakané. Moelané menjang ngendi waé plajoené Gemboer, ija dioetjit-oetjit. Dalidjan wis ngreti, jèn olèhé mlajoe ngalor Gemboer ikoe preloené jèn wis tekan dalan prapatan bandjoer ménggok ngoelon, noeli ménggok ngidoel teroes moelih. Dèwèké soemedyana ndedep ana ing énggok-énggokan dalan, bandjoer mlajoe ngantjas nrabas sawah, soepaja bisa ndisiki lakoené Gemboer. Botjah akèh pada koewatir, mengko gèk niwasi olèhé pada padoe maoe, wong Dalidjan ikoe wis ketjeloek jèn botjah brangasan. Poedjiné botjah akèh moega-moega plajoené Gemboer adja kongsi ketoetoetan Dalidjan.

„Dah! Mati déning akoe kowé!” Mangkono panggetaké Dalidjan karo ngagag-agagi geboeg. „Mangsa kliroea pangirakoe. Saiki mlajoe menjang ngendi kowé, sida takdjoer-djoer kowé”.

Saka bangeting kagèté, kewoewoehan ambegané wis mèh pedot saka bantering plajoe, sakala Gemboer tiba keloemah: mak tekloek endasé t́lo-t́lo, teroes ora éling. Sadéla baé wong-wong pada teka ngroeboeng Gemboer. Sawènèhing wong-wong maoe pada ngoenèk-oenèkaké lan njrengeni Dalidjan. Dadiné lekakon mangkono ikoe Dalidjan ija ora njana pisan-pisan, wong moeng loemrah botjah pada padoe, adaté ija ora gawé pati. Panggagasé Dalidjan karo getoen: „Patiné Gemboer rak ora saka akoe, wong doeroeng dakkapak-kapakaké. Adaté jèn botjah goejon getak-getakan kaé, ja ora gawé pati. Ah, jèn akoe ditakoni sapa-sapa, mesti dakwangsoeli: „Moeng dakgetak, kaja botjah goejon karo kantjané”.

Saking wediné, Dalidjan nganti poetjet; tjangkémé blangkemen ora bisa kanda, malah awaké rasané tjapé.

Katjarita, ing satjedaké kono ana omah Walanda dadi opziener pabrik; waktoe ikoe toewan sinder maoe lagi linggihan ing pandapa. Bareng toewan maoe kroengoe ana ramé-ramé lan weroeh akèh wong pada mlakoe goemroedoeg, toemoeli niliki. Sawisé

weroeh apa kaanané, toewan sinder toemoeli ngglandang Dalidjan, sarta akon ndjoendjoeng botjah sing ora éling maoe marang lodji sinderan.

Satekané ing sinderan, Dalidjan toemoeli dilebokaké ing kamar, dikoentji saka ing djaba. Wah, kaja apa rasané atiné Dalidjan, trataban ora karoewan pamikiré: „Tjilaka awakkoé. Apa kaja ngéné iki djenengé wong disepir? Wah, gèk keprijé, akoe ora bisa moelih, digolèki bapak-simbok. Kodjoer ané, keprijé iki nèh? Lah sing ngoewèhi sega akoe sapa? Mati akoe. Wah iba senengé atikoe, jèn bapak doemadakan mengko mréné nggolèki akoe”.

Dalidjan soesah banget atiné; ning wong ja botjah wantèn, soesaha kaé ja moeng sadéla, gampang olèhé njeneng-njeneng atiné. Dalidjan ana djero kamar maoe noeli dladjigan, ngadeg tjedak témbok nonton gambar sing goemantoeng ing kono. Wah sadjaké kok ja seneng, lah wong gambaré apik-apik: gambar sagara ana praoené kapal, gambar goenoeng, gambar perang, gambar patamanan lan lija-lijané. Bareng dèwèké wis kesel nonton gambar, bandjoer toeron ing djrambah. Sarèhné djrambahé djobin, ditoe-roni ja ora pati ngregedi klambi, malah menjang awak rasané anjep-anjep seger djaré. Ananging atiné Dalidjan ja meksa doe-roeng djenak. Doemadakan Dalidjan weroeh, jèn djendélaning kamar nganggo pentol poetih-poetih, pamikiré: „Digawé pentol teken apik koewi; wangoené boender gèpèng kaja bènḍa. Wé lah digawé béngkat ja apik. Jèn koewi dadi doewèkkoe mesti digoe-moeni botjah akèh. Ah, daktjoepoké jèn kena”.

Dalidjan gelis marani pentol poetih-poetih maoe, tjeg ditjekel lan dibetot karo dioebang-oebengaké. Grèg, Dalidjan ndjoemboel, seboeté: „Gandri! Woet djendélané menga. Wah kebeneran, saiki akoe bisa minggat saka kéné”. Dalidjan noeli ngindjen menjang ing djaba, banget kagèté, géné kok isih akèh temen wong. Sadjaké kok paḍa boengah atiné, apa paḍa olèh gandjaran doewit saka toewan sinder? Mengko gèk olèhé boengah atiné ikoe, saka kelegan pikiré, déné Dalidjan wis disepir. Dalidjan noeli noetoeḍ djendélané manèh karo soembar sadjroning atiné: „Disepira kaé, mengko bengi akoe mesti bisa minggat. Karo akoe jèn ora maḍang satoré waé ja ora loewé”. Sadjroné dèwèké njipta mangkono ikoe, doemadakan kroengoe swara kemrintjing, peneré ing lawang kamar kang dienggoni maoe, tjalaḍoené ing batin: „Wah, lawangé diboekak, ora soesah minggat akoe wis diloewari”.

Njata apa kang dadi pangirané Dalidjan, dèwèké wis diloewari saka sepiran lan kena moelih, nanging dikon ngadep toewan sinder disik. Bareng wis ngadep sila ngadepes, bandjoer disrengeni lan dipitoetoeri akèh-akèh. Sawisé rada semarap, lagi olèh moelih. Batiné Dalidjan: „Katimbang disepir angoer disrengeni. Ah, akoe wis kapok tenan”.

XIII

KEPANDOENGAN SERAT SAMBOETAN

Mitoeroet papriksanipoen dokter, tatoenipoen pak Dipa ragi moetawatosi, awit tatoenipoen ragi katah toer lebet-lebet, ing poendak satoenggal, ing lengen kalih, ing dada satoenggal. Dokter nimbang: preloe sanget Dipa béndjing-éndjing kabekta datang klinik Kediri, moerih gampila djinampènan ing saben dinten. Ingkang wadana mrajogèkaken, sarta sagah ngrembag kalijan Abdoelsoekoer samangsa sampoen datang. Ingkang wadana miwah dokter ladjeng sami wangsoel asowang-sowangan, para tetijang ingkang nglajat sami bibar, namoeng para poelisi sawatawis ingkang kantoen, preloe ndjagi grijanipoen Abdoelsoekoer. Mila makaten, awit sasampoenipoen katiti-priksa, pinanggih djendélaning kantoranipoen Abdoelsoekoer menga, tabet sinongkèl tijang, dados kirang prajogi jèn tinilara broeng.

Mirid wontenipoen djendéla ingkang kados makaten waoe, para tetijang ingkang sami nglajat nggadahi panginten bilih ing daloe poenika wonten doerdjana pandoeng loemebet datang grijanipoen Abdoelsoekoer, sarta pak Dipa manggih kasangsaran ngantos kados makaten, tamtoe inggih doerdjana waoe ingkang nganiaja, djalaran poeroen ngampah anggènipoen gadah sedya awon; ingkang wadana miwah mantri poelisi oegi nggalih makaten, nanging sarèhning wektoe samanten Abdoelsoekoer keleres boten wonten grija, dados kepeksa boten saged niti-priksa toemoenten.

Éndjingipoen, ngadjengaken djam satengah sawelas sijang, Abdoelsoekoer datang; kala motor kaénggokaken datang pakawisan, manahipoen kagèt sanget, soemerep grijanipoen djinagi ing para poelisi. Sareng motoripoen mandeg, Abdoelsoekoer mloempat moeroegi para poelisi waoe sarwi pitakèn: „Wonten poenapa, poenika?”

Poelisi: „Wonten radja-tatoe, waoe daloe wonten doerdjana pandoeng mlebet mriki”.

„Poenapa ingkang kabekta?”

„Dèrèng soemerep, awit dèrèng kapriksa”.

„Medal poendi, medal kori poenapa mbobok témbok?”

„Medal djendéla, sarana kasongkèl”.

„Djagi daloe poenapa boten datang?”

„Dateng, nanging ketaton ngantos satengah pedjah, dipoenpradjaja ing doerdjananipoen”.

„Astaga piroelah. Ngantos satengah pedjah? Samangké tijangipoen wonten poendi?”

„Wonten grijanipoen pijambak”.

Abdoelsoekoer mireng pawartos kados makaten waoe boten srantos, énggal masrahaken koentji datang ingkang èstri sarwi witjanten: „Iki koentjiné, akoe arep tilik pak Dipa”.

Abdoelsoekoer djoemangkah badé biḍal, nanging kepeksa kèndel, djalaran ketoengka datangipoen mantri poelisi. Abdoelsoekoer meṭoekaken, ladjeng sesalaman, witjantenipoen: „Kados poendi poenika, dipoen-tilar sadaloe kémawon kok wonten prakawis ingkang kados makaten?”

Mantri poelisi: „Ah, inggih, poenika kadospoendi? Kangmas poenapa nembé rawoeh kémawon?”

„Inggih, malah dèrèng mlebet grija”.

„Dados dèrèng mirsa poenapa ingkang itjal kabekta doerdjana?”

„Dèrèng”.

„Kleresan, kangmas, datang koela poenika netepi koewadjiban, badé niti-priksa barang poenapa ingkang itjal kabekta pandoeng; waoe daloe koela kepeksa boten saged poenapa-poenapa, margi kangmas boten wonten dalem”.

„O, inggih. Mangga ta! — Kéné, boe, koentjiné”.

Koentji kaoeloengaken déning ingkang èstri, sasampoenipoen tinampèn ladjeng sami loemampah datang korining kantoranipoen, Soemardi miwah Pangat boten kantoen. Korining kantoran dipoen-bikak, sadaja sami loemebet. Anggoemoenaken sanget, déné sadaja lemantoen ingkang wonten ingrikoe taksih sami mineb rapet. Mantri poelisi witjanten: „Kangmas, nitik wontenipoen tapak soekoe ingkang ketingal tjeṭa ing djobin poenika kénging katam-tokaken, bilih pandoeng ingkang loemebet ingriki langkoeng saking satoenggal. Wingi sonten ngriki djawah, tamtoe soekoenipoen para pandoeng sami mbleṭok, ndjalari tapak-tapakipoen ingkang wonten ngriki ketingal genah”.

„Inggih. Hla, poenika, ing djendéla oegi wonten bleṭok, tetéla bilih para pandoeng mlebet medalipoen ngambah ingrikoe”.

Sadaja sami njelaki djendéla, namoeng Pangat ingkang boten, margi maspaosaken tapak-tapak ingkang pating tlètjèk wonten ing djobin waoe. Woesana Pangat soemerep tapak-tapak ingkang tanpa djempol, mila ladjeng saged namtokaken, doerdjana waoe wonten salah satoenggal ingkang gaḍah tjiri itjal djempolipoen, sarta ladjeng ènget, bilih réntjangipoen Abdoelsoekoer wonten ingkang gaḍah tjiri makaten, inggih poenika pak Beḍoeg, djagi daloe kantjanipoen pak Dipa. Wonten ing tapak, ingkang boten wonten djempolipoen, soekoe tengen, pak Beḍoeg samanten oegi, mila Pangat ladjeng kentjeng anggènipoen nginten bilih pak Beḍoeg toemoet tjampoer prakawis poenika, ḍasar wiwit roemijin mila sampoen ketitik bilih pak Beḍoeg nggaḍahi manah tjidra,

toer nggaḍahi widji sengit ḍateng pak Dipa. Éwasamanten pamanggih ingkang makaten waoe samangké Pangat dèrèng poeroen nglairaken ḍateng Abdoelsoekoer, awit rinaos kirang prajogi.

Saking kantoran Abdoelsoekoer sakanṭinipoen niti-priksa kamar sanès-sanèsipoen, nanging pinanggih sepen, brandkas pinanggih taksih wetah, sadaja ladjeng sami wangsoel malih ḍateng kantoran. Mantri poelisi witjanten: „Kangmas, lemantoen ingkang sisih lèr poenika ketingalipoen kok boten dipoen-koentji”.

Mireng witjantenipoen mantri poelisi kados makaten waoe Abdoelsoekoer kagèt sanget, lemantoen dipoen-toewèni, saèstoe: pinanggih boten kinoentji sajektos, malah boekoe-boekoe miwah serat-serat ingkang wonten ingrikoe pating besasik tilas kaorak-arik. Abdoelsoekoer witjanten: „Para genṭo tamtoe gaḍah panginten bilih panjimpèn koela arta wonten ingriki, ladjeng dipoen-bandrèk, kantoen-kantoen isinipoen namoeng boekoe-boekoe miwah serat-serat kémawon, saking gempoenging manahipoen ladjeng dipoen-orak-arik poenika”.

„Mèmper. Dados kangmas boten kètjalan poenapa-poenapa?”

„Boten”. (Sarwi ngleres-ngleresaken boekoe-boekoe waoe.)

„Soekoer. Inggih sampoen, kangmas, koela kalilana wangsoel, awit sampoen sijang”.

„Inggih, inggih. Koela pijambak oegi baḍé toewi pak Dipa”.

„O, mèh kesoepeṇ, kangmas, wingi wonten prasabenipoen ḍokter, sarèhning tatoenipoen pak Dipa raga njoemelangi, mila preloe ing dinten poenika kedah kabekta ḍateng klinik Keḍiri”.

„Dados waoe daloe sampoen ngatoeri ḍokter?”

„Sampoen”.

„Soekoer-soekoer. Inggih, mangké baḍé koela prelokaken”.

Mantri poelisi wangsoel, Abdoelsoekoer miwah ingkang èstri poenapa-déné Soemardi ladjeng sami biḍal toewi pak Dipa, Pangat kantoen tengga grija. Saḍatengipoen ingrikoe, pak Dipa noenten katoempakaken motor, kadjoedjoegaken déning Abdoelsoekoer pijambak ḍateng grija sakit ing Keḍiri, Soemardi kapoerih toemoet, kanggé kantja wonten ing margi bokbilih wonten poenapa-poenapa.

Éndjingipoen, watawis djam woloe, kados adat-sabenipoen, Soemardi ḍatang ing grijanipoen Abdoelsoekoer baḍé njamboet-damel. Ing wektoe samanten, Abdoelsoekoer sampoen linggih ing kantoran mbikaki kasboek; sareng soemerep Soemardi ḍateng ladjeng witjanten: „Soemardi, saiki ajo paḍa notjog-notjogaké boekoe kijé ḍisik”.

„Soemangga, kados prajogi makaten”.

Sadaja boekoe miwah serat-serat ingkang wingi daloe kaorak-

arik doerdjana ladjeng kawedal-wedalaken sarta ladjeng katjotjogaken, pinanggihing tjotjogan wonten serat pratanda samboetan tigang idji ingkang itjal, inggih poenika:

1. Seratipoen kadji Doelmadjid (kakangipoen Abdoelsoekoer) katabhipoen f 5000.

2. Seratipoen Partadikrama, katabhipoen f 4600, lan

3. Seratipoen toewan Ali bin Oemar, katabhipoen f 3000.

Abdoelsoekoer kagèt sanget, badanipoen goemeter, goewaja poetjet, witjantenipoen: „Sok mangkonoa akoe iki padané kélangan doewit f 12600”.

Soemardi: „Sababipoen kados poendi, bapak?”

„Jèn lajang-lajang maoe ora bisa katemoe, mesti wong teloe ikoe ora gelem njaoeri oetangé”.

Soemardi kèndel kémawon, Abdoelsoekoer ladjeng ngoendang poen Pangat; sasampoenipoen ngadep ladjeng dipoen-préntahi, temboengipoen: „Pangat, di gelis sowana menjang kemantrèn, ndara mantri poelisi atoerana mréné, matoera jèn ana preloe”.

„Manawi kadangoe preloe poenapa, atoer koela kados poendi, kjai?”

„Matoera jèn akoe kélangan lajang pratanda oetang teloeng idji, pangadjiné ana f 12600”.

„Seratipoen sinten kémawon?”

„Kakang Doelmadjid ing Keras, Partadikrama ing Wates lan toewan Ali bin Oemar ing Pasantrèn. Kirakoe lajang teloe maoe ilangé ditjolong maling wingi bengi”.

Poen Pangat biḍal, nanging boten datang kemantrèn ... datang grijaning sadèrèkipoen, sarta watawis let saprapat djam wangsoel, tjrijos datang Abdoelsoekoer jèn mantri poelisi boten wonten grija, saweg késah datang Kediri, wangsoelipoen béndjing-éndjing sonten. Abdoelsoekoer pitados kémawon, awit boten pisan-pisan nginten bilih Pangat sampoen njimpang ing margi, mbatalaken préntahipoen.

Djam kalih welas leres Soemardi wangsoel datang pondokan, déné Pangat ladjeng ngadep Abdoelsoekoer, witjantenipoen: „Koela noewoen, kjai, sampoen dados panggalih, saèstoenipoen kala waoe koela boten datang kemantrèn, nanging datang grijanipoen sadèrèk koela”.

„Kena apa ora menjang kemantrèn?” Takèn makaten kalijan mbrabak abrit, pratanda bilih nepsoe.

„Pikadjeng koela, prakawis itjalipoen serat poenika sampoen ngantos énggal-énggal kaatoeraken datang poelisi, kados kirang prajogi”.

„Koerang betjiké keprijé?”

„Inggih manawi ingkang njolong serat waoe tijang sanès, boten dados poenapa, wangsoel manawi daging pijambak kados poendi? Awit serat ingkang itjal, kados wonten seratipoen ingkang raka kjai Doelmadjid satoenggal”.

„Ija, nanging mokal banget manawa kelakon kakang Doelmadjid ndoewèni ati tjidra mangkono”.

„Dèrèng kantenan, bokbilih: mèlik nggèndong lali, kados poendi?”

Abdoelsoekoer kèndel sakedap, woesana witjantenipoen: „Saiki karepmoe keprijé?”

„Kadjeng koela: ingkang kénging oelamipoen, sampoen ngantos boetek tojanipoen”.

„Jèn bisa pantji betjik, mangkono ikoe, nanging.....”

„Saged, saged, tamtoe saged, angger dipoen-nijataken. Koela sampoen pikantoe titik, bilih djagi daloe pak Beoeg toemoet tjampoer prakawis poenika”.

„Apa, pak Beoeg kokira mèloe tjampoer prakara iki? Keprijé ketitik?”

„Kjai tamtoe inggih mirsa, bilih pak Beoeg gadah tjiri: djempoling soekoenipoen ingkang tengen itjal, mangka tapak-tapak soekoe ingkang sami wonten ngriki: wonten ingkang tanpa djempol, toer inggih tjotjog sami déné tengenipoen. Hla, poenika taksih koela ngèngèhaken satoenggal, koela aling-alingi koersi males poenika”.

„Apa bener mangkono?” Pitakèn makaten sarwi ngadeg, koersi males kasingkiraken, tapak soekoe dipoen-iling-ilingi, jaktos tanpa djempol kados witjantenipoen Pangat, woesana witjanten malih: „Bandjoer saiki keprijé karepmoe?”

„Preloe sanget koela soemerep, tapak poenika jektos tapakipoen pak Beoeg poenapa sanès. Manawi èstoe tapakipoen pak Beoeg ladjeng kaoepadosan sinten kantjanipoen, poenapa malih preloenipoen kados poendi déné kok mandoeng serat; jèn kinèngkèn ing tijang katakèkna sinten tijangipoen; manawi tetéla ingkang kèngkèn tijang sanès, kados boten wonten awonipoen jèn ladjeng kalapoeraken dateng poelisi, nanging jèn daging pijambak kados langkoeng saé kasidèm kémawon, tjekap dipoen-rembag pijambakan”.

Mireng panimbangipoen Pangat kados makaten waoe Abdoelsoekoer mantoe-mantoe, witjantenipoen: „Ringkesé prakara iki dakpasrahaké menjang kowé, Ngat, akoe moeng soemoeroep betjiké, jèn kowé preloe sangoe doewit kanggo ngoeroes prakara iki, kena ndjaloe samangsa-mangsa”.

Pangat nginggihi, ladjeng moendoer.

XIV

TJANDOE PETENG TOEWIN PANJEGAHIPOEN

Ingang badé katjarijosaken poenika lalampahan nalika djaman sasadéan tjandoe dèrèng kaasta ing kangdjeng Goepremèn, mila para maos preloe kedah pirsas roemijin ing bab sasadéan tjandoe waoe sadèrèngipoen taoen Walandi 1903.

Panjadénipoen tjandoe oetawi apjoen poenika dipoen-paosi ing bangsa Tjina, liripoen kadjawi tijang ingkang sampoen angsal idi sarta njanggi paos ing Nagari, tijang sanès boten kénging toemoet-toemoet sadé tjandoe.

Tijang ingkang maosi makaten poenika winastan bandar, Walandi mastani pachtèr. Inggih namoeng bandar poenika ingkang kénging dagang apjoen. Apjoen manawi sampoen dipoen-olah, nama tjandoe. Déné tjandoe poenika wonten ingkang kaserèt wawaran kémawon, wonten ingkang mawi dipoen-wowori goḍong awar-awar radjangan, namanipoen tiké.

Saben panggènan ingkang ramé, dipoen-degi grija panjadéan tjandoe saha tiké, namanipoen ngepakàn. Ingang nengga sarta njadé, pitadosipoen bandar waoe, limrahipoen inggih bangsa Tjina.

Ing satjelakipoen ngepakàn, ngadat wonten grija papanipoen tijang sami seserètan, namanipoen bambon. Kadjawi poenika ing koplakan-koplakan oegi kàtah ingkang kanggé papan serètan.

Sarèhné bandar poenika anggèning dagang tjandoe mawi paos dateng Nagari, mila panjadénipoen tjandoe inggih langkoeng awis, andjalari toewoeh ing tindak dèdemitan, inggih poenika kàtah tijang ingkang njolong-njolong sadé-tinoembas apjoen, ladjeng kasadé bètjèr dateng titijang ingkang sami njerèt. Sampoen masti kémawon ladjeng damel kapitoenanipoen bandar, amargi sadéanipoen soeda padjengipoen. Mila bandar ladjeng ngingah tjongsoen, tjara Walandinipoen sepijoen (spion), Djawinipoen mata-mata oetawi dolo. Preloe ngoelat-oelataken sampoen ngantos wonten tindak dèdemitan waoe.

Nagari pijambak inggih ngwontenaken poenggawa, pangagengipoen Walandi apangkat verificateur, sor-soranipoen Walandi nama sekaot (schout), kabantoe poenggawa Djawi nama mantri otjar-atjir saha para oepas. Sadaja poenika preloe njegah wontenipoen dagangan apjoen peteng.

Mangsoeli bab tijang ingkang lampah dèdemitan sadé tjandoe peteng. Sanadjan padamelan poenika ambabajani sanget, liripoen prasasat memengsahan kalijan para bandar dalah tjongsoen-tjongsoenipoen, kaping kalih dados boeboedjenganipoen poengga-

waning Nagari, manawi ketjepeng dipoen-oekoem awrat, éwadéné meksa katah tijang anglampahi, amargi kaoentoenganipoen katah, sarta ingkang sami poeroen lampah makaten poenika ingkang katah inggih tijang ingkang remen njerèt, bangsa anggoeran, tilas prijantoen, trekadang tilas tijang oekoeman, pramila malah sami nékad-nékad.

Inkang poenika ladjeng andjalari katahing prakawis. Titijang saja katah ingkang remen njerèt, andadosaken boten kaparengipoen kangdjeng Goepremèn, sabab sampoen tétéla awonipoen tijang njerèt, temboengipoen kémawon: wong mangan tjandoe, nanging loegoenipoen: tjandoe, sing mangan oewong. Tandnipoen: sinten ingkang njerèt badanipoen tamtoe risak akoeroe kering.

Pramila wiwit ing woelan Djanoewari 1903, bab sasadéan tjandoe dipoen-asta pijambak ing kangdjeng Goepremèn, kados wontenipoen ing sapoenika. Karsanipoen badé njoeda-njoeda saking sakedik wontenipoen tijang njerèt, ing tembé sageda sirna babar pisan.

GAŦOEKIPOEN DJAROT KALIJAN BAH BANDAR

Wantji ngadjengaken serap, Djarot rampoeng anggènipoen resik-resik saha njirami tataneman salebeting pakarangan. Sasampoenipoen adoes teroes dandos, ladjeng ngisis wonten ing latar, boten dangoe kedatangan Tjina, panganggènipoen pating glémbjor nanging peŦak, tandangipoen aloes, ngatawisi bilih Tjina katjekapan, witjantenipoen kadoek pélo, tanŦa manawi pranakan Singkèk, temboengipoen dateng Djarot basa Malajoe. Soeraosipoen makaten:

„Apa kéné omahé dèn Soematanaja?”

Djarot mangsoeli oegi mawi temboeng Malajoe: „Ija kéné”.

„Apa kowé anaké sing djeneng Djarot?”

„Ija”.

Tjina waoe katingal soemèh saha ladjeng koemraket, njepeng baoenipoen Djarot kalijan witjanten: „Wah, baoemoe atos, kowé rosa, ja? Kowé kendel kerengan, ja?”

„Ah kendel kerengan apa? Bener akoe demen adjar karosan, nanging ora arep tak-anggo kerengan, moeng kanggo andjaga awak”.

„Ija, ija. Kowé taoe kerengan karo bénggol kètjoe. Kowé taoe taroeng karo oela. Ana Tjirebon taoe dikroeboet gento. Apa kowé ija bisa sélat?”

„Sélat kaprijé?”

„Sélat oetawa pentjak, ikoe kaprigelan nangkis, énda, tjekaké ija betjik kanggo pandjaganing awak, dadi ora moeng karosan baé”.

„O, akoe kok kepéngin weroeh”.

„Dolana menjang omahkoe ing Mesèn, Tjina-tjina tjongsoenkoe (dolop) pada bisa sélat kabèh”.

„Apa kowé dadi bandar, kok doewé tjongsoen barang?”

„Ija, akoe dadi bandar, wis soewé. Olèhkoe tepoeng karo bapakmoe ija wis soewé, wiwit dèk embahmoe sing ana ing Gading kaé isih oerip. Saploké pakmoe omah ana Ketèlan kéné, akoe lagi tilik ping pindo iki. Enggonkoe tilik sing sapisan, iboemoe isih, omahé bijèn isih ala, saiki wis betjik, ja? Kabèh isih katon anjar, apa doeroeng soewé dadiné?”

„Doeroeng, dandan-dandan karo nitjil sakapénaké, wiwit moelih saka ing Betawi bijèn”.

„O, lajak. Kowé tak-roengok-roengokaké doeroeng njamboet-gawé”.

Doemoegi samanten ketoengka datengipoen dèn Soematanaja, mentas njamboet-damel saking sepoer.

„Elo, kowé, bah bandar, apa wis soewé tekamoe, lan apa pada slamet?”

„Ija slamet, slamet. Lagi baé tekakoe, omong-omongan karo anakmoe. Akoe seneng njawang anakmoe, gagah, bagus waras”.

„Lé, Djarot, bok kok adjak linggih ngomah kana. Akoe tak menjang soemoer disik, ja, bah bandar. Delengen, awakkoé isih pating ketjoemoet goepak angoes”.

„Ija, ija, njamboet-gawé ana sepoer dadi masinis pantjèn mangkono”.

Let ing saantawis bandar, dèn Soema, saha Djarot sampoen sami lilinggihan wonten ing grija, sami ngombé wédang tèh, patjitanipoen ampjang katjang.

Bandar miwiti witjanten: „Dèn Soema, dina Senèn sing kepoengkoer iki kowé rak weroeh akoe ana setatsijoen Salam?” (Antawisipoen Balapan Soerakarta kalijan Goendih bawah Semarang).

„Ija, gadjegé kowé karo toewan sekaot lan oepas-oepas. Apa njegat wong anggawa apjoen peteng?”

„Ija mangkono. Ah, dèn Soema, éman banget déné nganti mlèsèd. Mangka sing anggawa ikoe bénggol ing Gemolong, sing djeneng dèn Dira. Jèn koewi ketjekela, ajaké resik anané tjandoe-tjandoe peteng sing pada diedol ing bawah Gemolong lan sakiwa tengené. Lah keprijé, dèn Soema, ngepakankoe ing Gemolong, sadjroné teloeng sasi iki soeda akèh banget papajoné. Wis mesti baé, lah wong sing pada njerèt pada toekoe tjandoe peteng dodolané dèn Dira sakantjané, enggoné koelak saka bawah Demak”.

„Ora, bah bandar, katjèké pira, ta, teka wong-wong pađa milih toekoe tjandoe peteng, tinimbang toekoe kowé oetawa prem-bémoe?”

„Jèn toekoe akoe, satail nem satengah roepijah, déné tjandoe peteng ikoe satail moeng didol lima oetawa patang roepijah”.

„Lah wong akèh temen mangkono katjèké”.

„Ija, sabab akoe nganggo njangga padjeg. Anoe, dèn Soema, ambatjoetaké kandakoe bab njegat dèn Dira dèk Senèn maoe. Akoe kroengoe saka dolopkoe, jèn dèn Dira anggawa doewit sèwoe, koelak apjoen menjang bawah Demak, akoe ija ngreti jèn oelihé dèn Dira ora bakal wani anggawa dèwé noenggang sepoer; sing anggawa apjoené mesti kantjané pirang-pirang pađa metoe ing alas, nanging akoe moeng kepéngin njekel dèn Dira, marga iki pangarepé lan sing bandol dèwé. Moelané akoe kongkonan dolop wong Djawa, sing kira-kira dèn Dira ora weroeh jèn ikoe dolop, preloené soepaja oelihé dèn Dira noenggang sepoer anggawaa apjoen satitik-satitik, kanggo njina panjekelkoe.

Kelakon, dina Senèn oelihé dèn Dira menjang Gemolong mejoen setatsijoen Salam. Akoe kanti toewan sekaot, mantri otjar-atjir lan oepas loro wis sadija ana kono. Tekané dèn Dira bandjoer diglédah ana ing kamar setatsijoen, nanging ora tinemoe apa-apa. Akoe dibisiki dolop sing ngetoetaké dèn Dira, temboengé: „Bah bandar, dèk sepoer adjeng kèndel waoe dèn Dira angoek-angoek, semoené ladjeng ngretos nèk di-adang poelisi, gita-gita mejoen manengen. Koela tingali mlampah njelaki endas sepoer. Apjoené watawis satengah katos dipenak kados sekoel, ditampèkaké masinis, ladjeng diblesekaké ngisor areng setingkoel”.

Dèn Soema kagèt, andjengèk sarta witjanten: „Ah, ditampakaké masinis sapa? Mangka masinisé nalika koewi akoe”.

„Alon, ta, dèn Soema, takbatjoetné disik kandakoe. Kroengoe palapoerané dolop mangkono ikoe, akoe bandjoer ngoengak endas sepoer. Weroeh jèn masinisé kowé, batinkoe ora ngandel babar pisan. Ajaké kliroe, setokermoe diarani masinis”.

„Nanging ija meksa ora mèmper, teka setokerkoe mèloe-mèloe dagang apjoen peteng”.

„Ija doeroeng karoewan, sapa weroeh. Éwadéné akoe ija bandjoer meneng baé, ora lapoer toewan sekaot, soemelang jèn kowé kesangkoet prakara”.

„Banget panrimakoe marang pangémanmoe. Ananging satemené akoe ora doewé pangira babar pisan, jèn kantjakoe gelem lakoe kaja mangkono”.

„O, oewong kok, dèn Soema, babasan mélik anggèndong lali. Moelané tekakoe mréné moeng arep meling, kandananana kantjamoe

setoker lan lija-lijané poenggawa sepoer, sing wis kebatjoet ija oewis, moeng sabandjoéré adja pada mèloe-mèloe”.

Doemoegi samanten anggèning sami rerembagan bab tjandoe peteng, ladjeng santoen rembag warni-warni. Watawis djam woloe, bandar pamitan mantoek, mawi nemboeng soepados Djarot sok dolana dateng grijanipoen, sarta sanès dinten badé kaadjak dateng Samarang. Dèn Soema najogjani, déné Djarot soemerep saéning tangkepipoen bah Bandar dateng bapakipoen, inggih oegi sagah badé ngleksanani.

BAH BANDAR KALIJAN DJAROT KABÉGAL WONTEN ING SEPOER

Grijanipoen Kartagena ing Gemolong ageng. Grija wingking gedèg mawi kotangan témbok, ngadjeng gebjog, korinipoen sami kadjeng djatos, pandapanipoen gedèg moebeng boten blak-blakan, samangsa kori katoetoe sampoen kados grija. Salebeting pandapa kiwa tengen mawi ambèn ageng, ingkang kilèn dipoen-gelari gelaran pasir aresik, ingkang wétan namoeng gelaran patjar kémawon, bantalipoen reged-reged, malah ingkang katch bantal kadjeng.

Kartagena poenika tilas bekel, anggènipoen kèndel sampoen sawatawis taoen, nanging taksih kadjèn kéringan. Samangké pandapanipoen dados paloeroeganipoen para titijang ingkang radi patoet, sami serétan. Ing wantji sonten, noedjoe gremis, Kartagena tileman wonten ing ambèn kilèn njerèt. Ing ambèn wétan inggih wonten tijang gangsal ingkang njerèt, gegentosan pangang-gènipoen bedoedan, amargi namoeng wonten bedoedan kalih.

Boten dangoe dèn Dira dateng, garobjag, lawanging pandapa kawengakaken, ladjeng malebet, titijang sami andjenggèlèk tangi sadaja, saha sami linggih sila, namoeng Kartagena ingkang moeroegi dèn Dira, nampèni anggènipoen tjoetjoel rasoekan, margi teles kedjawahan; titijang ingkang wonten ingrikoe prasasat moengel sareng apitakèn: „Saking tindak poendi ta, dèn?”

Nanging dèn Dira boten njaoeri, kadjawi namoeng witjanten: „Kartagena, bodjomoe konen anggawèkaké wédang tèh, panas, rikat, ja!” Ladjeng mapan tilem ing ambèn kilèn, njerèt.

Sareng wédang sampoen loemados, dèn Dira ladjeng ngombé sroepat-sroepoet, njerèt malih djeblas-djeblis. Noenten maloemah sadjak tilem, nanging tanganipoen taksih njepengi bedoedan, boten dangoe njerèt malih kalih tigang djeblisan, ladjeng mapan kados tilem malih. Makaten ngantos watawis saedjam, déné tijang-tijang sanèsipoen inggih taksih ngétja-étja sami serétan, namoeng anggènipoen gineman lirih, katingal sami ngaosi saha adjrih dateng dèn Dira.

Djawahipoen saja deres. Dèn Dira tangi ladjeng linggih ongkang-ongkang ing ambèn, witjantenipoen: „Heh, ora genah”. Namoeng doemoegi samanten ladjeng mendet pakinangan, njomak-njamok nginang.

Mireng temboengipoen dèn Dira, Kartagena ladjeng linggih, dalah tijang sanèsipoen ingkang wonten ing ambèn wétan inggih ladjeng toemoet sami linggih, ngadjengaken dèn Dira. Sadaja ketingal kepéngin soemerep, poenapa ingkang badé dipoen-tjarijosaken dèn Dira.

Rèhné djawah, boten soemelang bilih swara kepireng saking ing djawi, mila dèn Dira ladjeng witjanten tanpa riringa, temboengipoen: „Si Martagenoek ora genah, tak-arani kantja, djeboel dadi dolopé bah bandar”.

Kartagena pitakèn: „Poenapa Martagenoek tijang Kalijasa poenika?”

„Ija, bijèn rak sabané ing kéné, ta?”

„Sampoén sawatawis dangoe boten ketingal”.

Tijang satoenggal malih njambeti: „Wonten Sala koela kerep kepranggoel pijambakipoen”.

„Ija koewi, si Marta dadi dolopé bah bandar. Dèk patang pasaran kepoengkoer, akoe rak diglédah poelisi ana Salam, sing marakaké ija Marta koewi. Mèh baé akoe kena ditjengkolong. Nalika akoe koelak apjoen menjang bawah Demak, ana ing Gèjèr ketemoe Martagenoek, oedjoeg-oedjoeg takon:

„Angsal kàtah, dèn?”

„Ija loewoeng”.

„Koela diwelingi bok Wirja, njoewoen nempil satengah katos mawon”.

„Lah ija, ta, mengko soré tak-wènèhi”.

„O, koela adjrih ambekta. Kalijan malih koela boten dipoen-bektani arta, nanging tijangipoen sagah njegat tjelak setatsijoen Salam, poenika, ta, ngandap asem tjelak margi ageng. Kondoer pandjenengan rak béndjing-éndjing, ta?”

„Ija betjik, nèk moeng setengah kati baé, gampang pangga-wakoc, akoe wis taoe kepotangan kabetjikan karo bok Wirja, karo déné akoe welas, bok Wirja saiki wis dadi randà, anaké akèh. Apa isih akèh langganané?”

„Taksih kàtah, mèh sadaja tijang njerèt ing Kalijasa, bjoekipoen dateng bok Wirja. Titijang ingkang andèrèk pandjenengan poenapa sampoén sami mantoek dateng Gemolong?”

„Sing teloe oewis, maoe bengi djam 3. Lijané mengko bengi”.

„Medal poendi, dèn?”

„Hoes, adja andèdès-dèdès. Ija kaja adat saben, darat metoe ngalas. Apa kowé arep mèloe, ta?”

„Boten saged, amargi datang koela mriki badé toewi sadèrèk. Anggèn koela mrelokaken madosi pandjenengan, namoeng andoe-moegèkaken welinganipoen bok Wirja”.

Dèn Dira angladjengaken witjantenipoen datang Kartagena dalah kantjanipoen ing ambèn wétan: „Babar pisan akoe ora doewé soedjana, ésoeké akoe mrelokaké anggawa apjoen satengah kati, tak-penak tjara sega. Djeboel ana ing dalan ditjegat poelisi. Nanging akoe doedoe botjah tjilik, sadoeroengé sepoer mandeg, akoe mentjolot manengen, apjoen tak-tampakaké setoker Troena. Mandeging sepoer akoe wis njèngklak manèh, bandjoer mejoen ngarepaké setatsijoen, ditampani mantri otjar-atjir saoePASÉ. Ha, hah, batinkoe soembar-soembar: ajo, sakarepmoe, aloes wani, kasar wani. Moeng nalika akoe bali njèngklak sepoer maoe, akoe weroeh Martagenoek mangloeng ana ing grebong boeri, ngawasaké polahkoe. Lah ikoe krasakoe jèn dèwèké andolop akoe”.

Titijang ing ambèn wétan sami pating garoendel, warni-warni temboengipoen: É, èh, ora genah si Martagenoek. Édan si Martagenoek. Kedjedjelan doewit Tjina, lali marang sanak-sanaké”.

Dèn Dira: „Moelané atikoe getem-getem marang si Marta. Saja manèh bareng dèk winginé akoe menjang Kalijasa ketemoe bok Wirja, toetoer ora roemangsa kongkonan nempil. Nepsoening atikoe wis ora kena dak-ampah, akoe teroes menjang Sala, anggolèki si Martagenoek. Lagi dèk maoe bengi bisa ketemoe. Djam sepoeloeh bengi lagi moelih saka bandaran Mesén, tak-tjegat ana waroeng Pelem, bandjoer tak-galandang metoe ing dalan tjilik. Hem, ... (anggènipoen witjanten makaten poenika kalijan ngeloes brengos, mripat manteleng) wis kaja tak-tekak-tekaka. Si Martagenoek awaké andrèdeg, tjahjané abang dloewang, kewetoe tjalaŋoené liri, goemeter lan pedot-pedot: „Tjekakipoen, dèn, salepat-lepat koela njoewoen pangapoenten, sapoenika koela ngatoeri teboesan”.

„Teboesan apa?”

„Mangga, ta, datang panggènan ingkang sepen, mangké koela matoer”.

„Ora ngandel, wong kowé wis mèloe Tjina, mesti diweleg ing doewit, ora woeroeng ija moeng arep gawé tjilakakoe”.

„É, sapisan poenika manawi koela tjidra, inggih pandjenengan pedjahi kémawon”.

Ladjenging witjantenipoen dèn Dira datang titijang ingkang sami ngadep ing ambèn wétan: „Nalika ikoe atikoe kok rada sabar, sarta kepéngin weroeh Martagenoek arep kanda apa. Moelané bandjoer tak-gawa menjang ara-ara salor Margajoedan, bareng wis tata linggih ana pasoeketan, si Marta tjalaŋoe:

„Béndjing embèn koela dipoen-adjak bah bandar datang Sema-

rang, moeroegi tjandoe, njipeng sadaloe ladjeng badé wangsoel. Lah poenika, dèn, manawi saged njegat tjandoe waoe, koeroep sanget, éwon-éwon reginipoen”.

„Njegat keprijé?”

„Bah Bandar sanget pitadosipoen datang koela. Sampoen wong-sal-wangsoel koela kaadjak datang Semarang, pandjagi saha pambektanipoen apjoen, kapasrahaken datang koela. Mangké gampil, wonten ing wana, bektan waoe koela oentjalaken medal. Mangsa borong pratikel pandjenengan, koela namoeng badé andèrèk”.

„Sawisé mangkono, kowé déwé kaprijé?”

„Koela makaten gampil, koela badé toemoet mantjolot medal, manawi wilodjeng nijat koela pantjèn sampoen badé minggat saking Sala. Koela sampoen nitipaken arta datang sadèrèk koela ing Gèjèr. Poenika ingkang badé koela anggé garan sangoe késah. Nijat toembas pasitèn ing doesoen ingkang tebih”.

Witjantenipoen dèn Dira datang Kartagena sakantjanipoen: „Tjekaké kandané si Marta ikoe kena dirasakaké. Oepama ora njata, akoe lan kantja-kantja moeng kélangan lakoe lan toekon kartjis sepoer. Jèn njata, idèp-idèp dadi pamaleskoe marang bah bandar. Ora djamak anggoné ngintjih marang koe. Moelané kowé kabèh pada wani apa ora?”

Titijang ingkang wonten ingrikoe sampoen njandak datang pitakèn tjekak makaten poenika, mèh sadaja mangsoeli: „Wani”.

Dèn Dira witjanten malih: „Wis, Karta, kowé sésoek ngandana si Koentèt. Kowé Dipa, ngandanana pak Tjakra, Mangil, Begog lan sapa baé sing kok-kira patoet. Sésoek beoeg awan pada ngloempoeke ana ing belik Djoerang, kaja adaté, remboegan kapénaking lakoe, soréné djam pitoe wis pada koedoe mangkat”.

Éndjingipoen dèn Dira sakantjanipoen kalampahan sami papanggihan sajektos, rembag-rembagipoen boten preloe kapratélakaken. Noenggil ing dinten waoe, ing wantji éndjing bah bandar datang Samarang sajektos, nanging kalijan Djarot, boten kalijan Martagenoek.

Roemaosipoen Djarot, anggènipoen kaadjak datang Samarang poenika namoeng dolan, djeboel ing salebetipoen wonten Samarang, bah bandar tansah mompar-mampir datang grijaning Tjina mitranipoen. Trekadang rembagan ngantos dangoe, Djarot boten ngretos, amargi mawi basa Tjina.

Éndjingipoen malih mantoek, ambekta krandjang sata, nanging isinipoen Djarot boten saged andoegi, amargi oepami sataa, pangangkatipoen mesthi boten angregijeng. Poenapa apjoen?

Wonten ing sepoer bektan waoe kadèkèk ingandap bangkoe

palinggihan, nginggil dipoen-linggihi bah bandar, djèdjèr raket kalijan Djarot.

Wonten ing Keðoengdjati, wonten tijang gangsal minggah ing sepoer, woedjoedipoen anjalawados, nanging bah bandar boten gadah gagasan poenapa-poenapa. Nalika poenika isinipoen grebong ngrikoe boten patos kañah, kadjawi tijang gangsal ingkang minggah énggal, saha bandar lan Djarot, namoeng wonten sanèsipoen sakawan, èstri sadaja.

Wonten ing pakèndelan Telawah, wewah dèn Dira kalijan Koentèt.

Bah bandar kagèt, kewedal witjantenipoen kalesik-kalesik dateng Djarot, temboengipoen: „Dèn Dira”.

Bah bandar manahipoen sanget adjrih, mila lambénipoen malih dados petak, poenapa malih sareng dèn Dira anjoe-anjoean kalijan tijang gangsal ingkang minggah saking Keðoengdjati waoe, bah bandar kraos manahipoen, bilih badé wonten poenapa-poenapa.

Déné dèn Dira witjantenan bisik-bisik kalijan poen Koentèt: „Martagenoek kok ora ana. Kantjané bah bandar koewi sapa?” „Koela dèrèng naté soemerep”.

„Ija wis, ora dadi ngapa, delengen, sing ana ngisor palinggihan kaé krandjang tembako, nanging isiné mesti blèg lenga patra isi apioen, samangsa sepoer arep mandeg, bandjoer reboeten, oentjalna metoe mangiwa. Kana rak wis ana sing nampani”.

„Manawi sampoen tjelak séla pasangan, tengeripoen poenapa?”

„Mengko nèk wis ngliwati groemboel alas padjatèn sing ana wité boeloe gedé”.

„Mangké gèk sepoeripoen teroes naradjang séla ingkang kapasang ing eril, manawi sepoeripoen ambroek, koela sadaja mesti katiwasan”.

„Hoes, tjilikan atèn temen kowé. Wis tak-arah, anggonkoe masangi watoe ana ing dalan kang kentjeng, soepaja masinis werocha saka kadohan, bandjoer ngendegaké sepoeré. Toer ing kono alas padjatèn gedé adoh désa, gampang pada kanggo oempetan”.

Lampahing sepoer saja alon, sirah njentit pandjang wongsal-wangsoel. Sajektos, masinis soemerep séla ageng-ageng kapasang tengah eril, mila badé ngendegaken sepoeripoen.

Dèn Dira njikoet poen Koentèt, Koentèt trangginas ladjeng ngadeg rambatan toeroet pinggir, réka-réka mangloeng tjandéla, nanging soekoenipoen prasasat ngakahi Djarot. Kadjawi poenika titijang gangsal sanèsipoen katingal soemadja badé nempoeh. Bah bandar bingoeng, witjantenipoen: „Linggiha kéné dèn Djarot, djaganen barang ngisor iki”. Anggènipoen witjanten makaten poenika kalijan ngadeg mlampah dateng kori, sedyanipoen badé

trijos datang kondèktoer oetawi poenggawa sepoer sanèsipoen. Nanging doemoegi kori sampoen dipoen-adangi tijang kalih balani-poen dèn Dira.

Kotjap Djarot, roemaos dipoen-diksoerani ing tijang, kaping kalih mireng pamasrahipoen bah bandar andjagi bebektanipoen, nginten badé rinebat ing tijang, wadjib angajomana, ladjeng ming-ser linggihipoen, oelatipoen tetep ajem boten éwah, angeloès sindjangipoen, nanging sadjatosipoen tata-tata sampoen ngantos ngribedi manawi wonten preloe.

Koentèt saweg koemlawé tanganipoen badé anggèrèd krandjang, ladjeng dipoen-gares soekoenipoen déning Djarot, paringisan badé ambroek. Katoengka dèn Dira badé nempoeh saking wingkingipoen Koentèt, Djarot parigel ngadeg njepeng saboekanipoen Koentèt ing wingking, kadjoendjoeng kaentepaken dèn Dira sakajangipoen. Tijang kalih sami karèngkangan kedjegloeg-djegloeg bangkoe.

Djarot mangretos manawi badé wonten tijang malih ingkang nempoeh, rikat ngoetjoeli djasipoen, kantoen kotangan, baoenipoen katingal pating patokol akijeng. Tanganipoen tengen koemlawé angsal njoto rainipoen Dipa, soemrepet anekem rai, moendoer-moendoer angoendoeri dèn Dira saha Koentèt, dawah kloemah ninधिi tijang kalih.

Djarot soemrepet wonten tijang ambrobosi bangkoe ngadjengipoen, badé mendet bebektan, énggal dipoen-kakahi, kapiting ing dengkoel saha poepoe, amargi Djarot taksih ngoelataken tijang satoenggal ingkang badé nempoeh.

Tijang ingkang dipoen-piting waoe pringisan, nanging ladjeng njokot kémpol. Djarot kagèt milar kalijan andoepak, kénging bokongipoen, mlesek kalebet ing longan, oengkag-oengkeg boten saged medal.

Sepoer sampoen dangoe kèndel. Sasampoenipoen kondèktoer akèn njingkiraken séla-séla ingkang kapasang wonten ing eril, ladjeng mlebet grebong panggènan ramé-ramé waoe. Witjantenipoen: „Ana apa, déné ramé temen iki?”

Nalika samanten dèn Dira sakantjanipoen sampoen sami saged ambaloeroet mandap saking sepoer, ladjeng mlebet ing wana sami kesakitan, kantoen satoenggal ingkang boten saged medal saking longan bangkoe.

Bah bandar mangsoeli kondèktoer taksih goometer: „Wong, lima, pitoe, arep ngreboet apjoenkoe”.

„Lah endi wongé, déné kari wong wadon-wadon?”

„Wis pada meoeden malajoe menjang ngalas, kari sidji ana longan”.

Kondèktoer moeroegi tijang ingkang wonten ngandap bangkoe, kagèrèd medal. Witjantenipoen kondèktoer: „Kira-kira ija iki sing

masangi watoe, preloe arep ambégal apjoen. Ajo, mréné. Sapa djengmoe?"

„Begog”.

Bah bandar lan Djarot wilodjeng doemoegi Soerakarta dalah bebektanipoen.

XV

AMBARANG

Kotjapa Djoepri ingkang wonten ing Paré, nalika sampoen gadah sedya badé ngladjengaken lampahipoen, noenten noempak trèm ingkang dateng Kediri, pantjèn nijatipoen badé késah dateng ing kita waoe. Salaminipoen wonten ing Paré Djoepri sampoen asring sanget mireng pawartos ingkang mratélakaken, bilih ing setatsijoen Kediri misoewoer katàh toekang ngoetil ingkang pinter-pinter, mila katàh sanget tijang ingkang kètjalan èrlodji toewin gembès wonten ing setatsijoen waoe margi kaoetil tijang. Salebetipoen wonten trèm Djoepri tansah ngènget-ènget dateng prakawis poenika, nanging dilalah, sadoemoeginipoen ing pang-génan ingkang pinoeroegan kasoepèn, mandapipoen saking trèm angétja-étja tilar wewéka. Kala badé medal saking setatsijoen Djoepri soemerep wonten kretas abrit wijar toemèmplèk ing témbok ingkang wonten seratanipoen ageng-ageng, sareng dipoen waos oengelpoen: **AWAS TOEKANG KOETIL!!!**

Samangké Djoepri saweg kèngetan malih prakawis waoe sarta ladjeng énggal nggogohi kantongipoen. Hem, saiba kagèting manahipoen Djoepri kala samanten, dompèt saisinipoen sampoen boten wonten, sampoen itjal kaoetil tijang. Djoepri gregeten sanget, tjiptanipoen: „Hem, olèhkoe manol ana Paré pirang-pirang sasi ikoe moeng kanggo mawiti oewong baé. Eh! djahat banget toekang ngoetil kéné kijé, ora denger welas marang oewong, doewit olèhkoe golèk ngrekasa-ngrekasa djeboel dialap sadompèt-dompèté. Saoepama sing ngoetil maoe konangan sida daggawé bal-balan temenan. Hla! saiki keprijé akoe, doewit ilang kabèh, weteng wis ngelih banget. Ja, arep apa manèh”.

Djoepri ladjeng késah madosi peken sarwi manggoel petinipoen, samargi-margi dipoen-tawèni koesir: „Mangga ndokar, mas”. Nanging Djoeri adjeg mangsoeli: „Boten”. Anggènipoen mangsoeli waoe kanti gregeten, tijang artanipoen itjal sadaja teka samargi-margi tinawènan ndokar.

Sadoemoeginipoen ing peken Djoepri ndjoedjoeg dateng prombèngan, peti saisinipoen dalah djas sasindjangipoen karombèngaken, sadaja namoeng padjeng kalih roepijah tigang tangsoel. Djoepri

boten sarantos énggal késah datang panggénanipoen bakoel sekoel toewin wédang, djadjan satoewoekipoen, saking ngrikoe teroes késah datang klitikan, toembas dompèt regi satangsoel; samangké artanipoen Djoepri kantoen kalih roepijah trep. Sasampoenipoen kalebetaken datang dompèt ladjeng dipoen-esak toemoenten medal saking peken badé ngladjengaken lampah; dèrèng sapintena tebihipoen Djoepri nedya mendet kaanggé toembas rokok,nangingah! mesakaken, dompèt itjal malih. Djoepri gregeten sanget, tjiptanipoen: „Hem! wong sing ngoetil ing kéné iki éblis apa sétan, déné teka pinter temen, wong kekoetilan ping pindo kok akoe ora ngrasa oetawa weroeh. Saiki kaprijé akoe, doewit ora ndoewé, sandangan ora gableg, apa sing arep takrombèngaké? Klambi takwa kari sidji iki masa pajoea, wong dapoeré baé wis koeloe-koeloe kaja kolohan asoe mangkéné. Jèn akoe nganti ora bisa toekoe sega kaprijé? Apa betjik bandjoer dadi wong ngoetil pisan? Ah! ora, jèn isih bisa mobah-mosik baé masa kalakona akoe dadi wong ngoetil. Saiki arep isin sing di-isini apa, betjik dak-mbarang tembang baé”.

Wiwit ing dinten poenika Djoepri dados toekang mbarang tembang, saben wandé oetawi saben grijanipoen prijantoen dipoen-ampiri, mbarang tembang wonten ingrikoe, angsal-angsalanipoen arta, satirahipoen ingkang kanggé toembas teđa dipoen-klem-pakaken.

Ing satoenggilipoen dinten Djoepri mampir ing wandé ingkang tinenggan déning tijang èstri, sarwi linggih ing tritisian, witjan-tenipoen: „Koela noewoen, bok adjeng”.

Tijang èstri: „Enggih, onten napa, di?”

Djoepri: „Adjeng mbarang nembang, bok adjeng”.

Tijang èstri: „Sababak pinten, di?”

Djoepri: „Boten ngétang babakan, bok adjeng! ngétang padan mawon”.

Tijang èstri: „Sapada pinten?”

Djoepri: „Boten tawa, namoeng sitèng”.

Tijang èstri: „Enggih, engga ta diwiwiti ngrikoe! idèp-idèp kanggé ngoendang tijang”.

Djoepri: „Wé lah, tjilaka temenan! dadi akoe iki dianggo bendé lélang baé”.

Tijang èstri: „Wong moeng dianggep iki, napa kalong?”

Djoepri: „Leres boten kalong boten kamprèt, nanging enggih boten ilok. Empoen, bok adjeng, adjeng wiwit. E-hem! È-hèm! Déné swarané alot temen, wong dianggo golèk doewit kok arep mbéngkot. È-hèm! E-hem! (*Dandanggoela*).

Lara-lara larané wong oerip, soemoeroepa marang oeripira, kaprijé kang dadi boté. Élinga mring sal-oesoel, ja asalé oeripkoe

iki. Oeripé rong prakara, saprakaranipoen: oeripira raga kasar, raga aloes ja soekma kang kaping kalih, ikoe dèn rasakena!"

Tijang èstri: „Elo! tembangé kok bangsa ngèlmoe”.

Djoepri: „Enggih niki sing diwastani ngèlmoe rasa sadjati”.

Tijang èstri: „Wé lah! toemboe olèh toetoe, tembangé golongan ngèlmoe, sing nembang swarané empoe, tjetjog arané”.

Djoepri: „Saweg boten ngalem, bok adjeng, pantji jektosé enggih ngoten. Jèn swarané boten semriwing mangké kados poendi, goerah saben dinten napa adjeng boten onten kanggéné?”

Tijang èstri: „Tobat! wong goerah kok saben dina; nikoe goerah napa, di; goerah poepoes tandjoeng napa lombok djemprit?”

Djoepri: „Tahoe koepat kalijan saoto, bok adjeng”.

Tijang èstri: „Tobil! tobil! wong goerah kok goerah tahoe saoto, dangan temen”.

Djoepri: „Sing gampil pados-padosané kok. E-hem! È-hèm!

Raga kasar raga aloes jakti, boetoech pangan kalawan sandangan, kang di loehoeng sakabèhé, kang gedé pédahipoen, kang sawastoe amoenpangati, jwa pangan lawan sandang, kang awoedjoed ratjoen, kang bisa dadi djalaran, roesakira raga kasar aloes sami, kang woes kaseboet ngarsa.

Panganira raga kasar jèki: pangan loemrah saari-arinja, sega lan lelawoehané, djadah ketan mjang getoek, djiwel gaot apem lan srabi, téla godog bakaran, legendar lan boloe, gandos klepon mjang rengginang, djoempoet poetoem semar-mendem miwah wadjik, sega lojang lan wadang.

Wédang soklat wédang tèh lan kopi, soesoe mèlek kelawan mertéga, apa manèh wédang djaé, aèr-blanda lan limoen, setroep pramboes poenapa malih, setroep asem-aseman, dawet srintilipoen, tjao lawan toja wantah, kabèh maoe woedjoednja minoeman nanging, oega kagolong pangan.

Tjandoe wèski arak tjioe brèndi, jakti doedoe pangan kang oetama, wit tan ana paédahé, malah kabèh poenikoe, pangan ingkang angroesaki, ngroesak badan èngetan, radja-brana sagoeng, omah tegal lawan sawah, radja-kaja kang aroepa kebo sapi, moela siningkirana.

Déné ingkang karan sandang jèki: iket klambi potong tjina kotang, kemédjan krah sadasiné, setagèn lawan kamoès, bengkoeng sléndang saboe kan benting, tapih bebed lan sroewal, tjawed lawan saroeng, tjalana monjèt lan pandjang, kaos kasoet sepatoe troempah slop djlinggring, topi sandal gamparan.

Sakèh djanma koedoe ngati-ati, marang etrap silaning sandangan, ajwa moeng djandji toemèmplèk, sadèrèng sampoenipoen, djinagaa jwa nganti dadi, marganing potjapannja, djalma sanèsi-

poen, oepama paris kinarja, kaṭok oetawa tjalana edjas masti, ingaran djanma owah.

Moenggoeh pangan tedaning soekmèki, datan lija kadjaba piwoelang, woelang oetama arané, kang widjil asalipoen, saking agama kang sadjati, agama kang prajoga, paringé Hjang Agoeng, kang kawasa tanpa sama, kang woes karja sagara boemi lan langit, dalah saisinira.

Déné kang karan sandangnja jèki, kabetjikan kalawan kotaman, oetama solah-tingkahé, tresna mring saminipoen, loehoer asor soegih mjang miskin, jwa goemedé koemetak, koeminter koeméntoes, panastèn djail tjendala, moeng katresnan binoedia rina-wengi, jèkoe makoetèng gesang.

Njolong rojal apa manèh main, jèkoe domino tjeki tjap dji kja, gonggong pèi lawan keplèk, salikoeran mjang daḍoe, klentengan lawan sentégan dir, koḍok oela gelangan, salentikan gendoel, bedilan oendar-oendaran, kabèh ikoe doedoe panggawé oetami, betjik ingedohana!

Sampoen, bok adjeng, sampoen".

Tijang èstri: „Saniki pangkoer di".

Djoepri: „Enggih joe, enggih; niki petikan saking boekoe Woe-lang soenoe. Èhèm! Ehem!

Doeh pra soeta-soetaningwang, paḍa élinga mring wewoelang mami, simpenana djroning kalboe, jwa nganti ketjéjtjéran, rina wengi preloe sira émoet-émoet, lakonana kang temenan, mrih sira slamet basoekei.

Baloeng djanoer oepamanja, gelang alit mangka pasrèning dridji, marganing wisoeḍa sagoeng, tan lija kaoetaman, wreksa ingkang rinéka pinḍa djalmeḱoe, anggèr sira nggolèkana, rina wengi kang taberi.

Samak woeloe toetoep djogan, beḍil alit mangka pandjagèng diri, kang kasboet kotaman jèkoe, seneng tresna mring kantja, damar geḍah toemantjeb pinggir delanggoeng, djalma asal sing Bawéjan, tresna witing sarwa betjik.

Gegoemoek soenḍoel ngawijat, nawala kang ngemot sakèh wewarti, jekti djalma kang tan sinoeng, katresnan tan ingaran, djalma prajoga kekasihé Hjang Agoeng. Katresnan makoetèng gesang, jogja samja dèn oepadi.

Sampoen, bok adjeng, sampoen".

Tijang èstri: „Sadaja pinten di?"

Djoepri: „Sanès-sanèsé napa boten, bok adjeng?"

Tijang èstri: „Sanès-sanèsé, napa mawon?"

Djoepri: „Kinanti, petikan saking woelang kenja".

Tijang èstri: „Nikoe toedjoené kados poendi?"

Djoepri: „Mekèten: sing preloe pinter nikoe dédé laré djaler

mawon, laré èstri enggih preloe oegi, awit laré èstri jèn empoen émah-émah ladjeng nglenggahi pangkat roepi-roepi, ringkesané ingkang ageng kalih, enggih nikoe goeroe lan patih. Goeroe ... goeroening para anak-anakipoen, kadjibah moelang kaoetamèn lan kataberèn. Patih ... dados pepatihing ingkang djaler, kawadjiban ngréka mboedi-daja teng saéning balé grija lan saéning sadajané. Padamelan kalih warni waoe dédé padamelan ingkang gampil, nanging angèl; ingkang saged nindakaken namoeng tijang ingkang pinter-pinter mawon. Nanging sarèhning prakawis nikoe empoen dados sesanggèné sadaja tijang èstri, mila sadaja tijang èstri enggih preloe pinter, sagedé pinter sarana sekolah.

Rijin limrahé tijang èstri sami nadjisaké teng sekolahan, nanging saniki empoen kaṭah ingkang ngertos jèn panganggep ingkang mekotèn nikoe klintoe, sarta enggih empoen kaṭah ingkang ngertos teng bédané tijang èstri pinter lan tijang èstri boḍo, enggih nikoe bab toemindak ing padamelané. Tijang èstri boḍo jèn mèngeti napa-napa, oewos oepamané, limrahé mawi endjet onten ing saka, angger saberoek tinengeran djlarèt satoenggil, jèn oewosé kaṭah djlarété enggih kaṭah ngantos ngebaki saka waoe; tijang èstri ingkang pinter boten poeroen nglampahi mekotèn, kaṭah oetawi sakedik mawi potlod mawon, awit pijambaké ngertos, pèngetan mawi endjet nikoe boten prajogi, kadjawi kerowan gampil sanget klintoe, oetawi enggih damel kotor teng saka, sinawang boten patoet. — Tjobi koela tembangaké, enggih?"

Tijang èstri: „Boten soesah, di; wong empoen soemerep toe-djoené mawon, kok”.

Djoepri: „Wélah, tjilaka! kemalingan ora kegangsiran. Ah! ja ora dadi apa”.

Tijang èstri: „Sadaja pinten, di?”

Djoepri: „Étangané pada pinten, joe?”

Tijang èstri: „Koela boten ngétangi, kok! Engga niki saketip mawon, toena satak baṭi sanak”.

Djoepri: „Noewoen! Klilan, bok adjeng”.

Tijang èstri: „Samang nikoe pripoen, di; wong njeboet wong gèk bok adjeng, gèk joe, kok ora maton temen?”

Djoepri: „Napa boten ilok, ta? Klilan, bok adjeng”.

Tijang èstri: „Enggih, di; enggih”.

Djoepri ngladjengaken lampah.

Saben-saben Djoepri njekar wonten ing wandé oetawi wonten ing panggénan sanès sampoen tamtoe ladjeng kaṭah tijang ingkang ḍateng ningali miwah mirengaken, sadaja katingal sami seneng mirengaken panjekaripoen Djoepri, lagoenipoen aloes, lak-loekipoen lemes, toer swaranipoen empoe sakétja, kawewahan Djoepri ḍasar loetjoe, nanging boten saroe, mila ingkang sami ningali lan

mirengaken panjekaripoen sami seneng ing manah. Salebetipoen njekar, Djoepri boten kèndel-kèndel aklirak-klirik madosi Tjiptadi, nanging tanpa damel.

Djoepri kèndel wonten ing kiya Kediri kalih woelan, saking ngrikoe teroes datang Toeloengagoeng, boten sarana noempak sepoer, nanging sarana mlampah kémawon, ngiras mbarang njekar wonten ing margi. Boten sadaja tijang nggadahi welas datang Djoepri, satoenggal kalih wonten ingkang sengit, pemanggihipoen kirang moenggoeh sanget ingatasipoen tijang ingkang taksih rosa kijat makaten teka mbarang. Malah sampoen naté kalampahan: ing satoenggilipoen dinten Djoepri mampir datang salah satoenggilipoen grija ingkang ageng abagoes, sedyanipoen inggih badé mbarang njekar, nanging saweg kémawon mapan linggih wonten ing èmpèr, ingkang gadah grija pitakèn mawi temboeng soegal: „Kowé wong ngendi?”

Djoepri mangsoeli kanti manah ingkang kirang sakétja:

„Koela tijang Wanadadi”.

Inkang gadah grija: „Mréné arep apa?”

Djoepri: „Badé mbarang njekar”.

Inkang gadah grija: „Heh, kepénak temen ja, gelem wareg wegah kangélan”.

Djoepri: „Nanging rak boten sadaja tijang poeroen nglampahi”.

Inkang gadah grija: „Angger doedoe wong sing keséd mastiné ja ora gelem”.

Djoepri: „Saged oegi makaten; nanging pamanggih-koela béda sakedik. Tijang keséd ingkang katon-katon langkoeng seneng ngemis tinimbang mbarang, awit mbarang taksih ragi kangélan; wangsoel ngemis, boten, toer sambé-kalanipoen padamelan kalih warni waoe sami kémawon”.

Inkang gadah grija: „Sambé-kalané kaprijé?”

Djoepri: „Manawi katanggor kalijan tijang tjetil, anggènipoen ngemis oetawi mbarang boten dipoen-tampi, wewah-wewah dipoen-goesah kados segawon goedigen”.

Inkang gadah grija: „Kowé apa ora doewé pagawéan?”

Djoepri: „Ing waktowé sapoenika kadjawi mbarang boten”.

Inkang gadah grija: „Apa ora ngoepaja?”

Djoepri: „Soekoer manawi pandjenengan karsa maringi”.

Inkang gadah grija: „Kéné doedoe panggonané wong kang ngoepaja pagawéan”.

Djoepri: „Oegi dédé panggénanipoen tijang mbarang, inggih?”

Inkang gadah grija: „Bener”.

Djoepri: „Samangké tetéla, bilih ingriki poenika dédé padoe-noenganipoen tijang ingkang ...”

Inkang gadah grija: „Inkang ... ingkang kaprijé?”

Djoepri: „Boten preloe koela-blakakaken, awit pandoegi koela pandjenengan sampoen saged njandak pijambak”.

Ingkang gadah grija: „Akoe ora ngira jèn tetemboenganamoe bisa wiled kaja tetemboengané pokroel mangkono. Wis loengaa, akoe ora arep wèwèh”.

Djoepri: „Boten dados poenapa, awit koela inggih boten ngemis”.

Djoepri ladjeng késah.

Djoepri pantjèn wiwit roemijin mila sampoen gadah panginten oetawi pamanggih bilih mbarang makaten pantjèn kagolong padamelan ingkang nista, éwa-samanten samangké nglampahi, djalaran kepeksa, saopami botena kepeksa tamtoe boten poeroen.

XVI

KATJEPENG

Éndjingipoen watawis djam satengah nem wonten tijang djaler satoenggal dateng ing grijanipoen Dipanala, panganggénipoen sarwa loewas akloewoes-kloewoes toer namoeng katokan kémawon. Ing waktue samanten Djoepri sampoen tangi, énggal manggihni atakèn: „Poenapa badé tindak sapoenika, ndara?”

Wangsoelanipoen tijang waoe: „Ija”.

Djoepri loemebet ing kamar malih, medalipoen sampoen gantos panganggé, katok tjekak, rasoekan potong tjina sarta saboekan sindjang loewas, toemoenten sami bidal. Dados samangké tetéla bilih tijang ingkang satoenggalipoen poenika Mantri poelisi.

Mantri-poelisi: „Sing arep daklakoni iki doedoe pagawéan kang gampang, Pri; moela betjik pada ngati-ati. Soepaja adja katitik, akoe lan kowé preloe pada ngalih djeneng, akoe ngalih Salamoen, hla kowé arep nganggo djeneng sapa?”

Djoepri: „Kasida kémawon, ndara”.

Mantri-poelisi: „Betjik. Lan manèh mengko ana ing kana olèhmoe tjetjatoeran adja kaja saiki, betjiké menjang akoe ngakang baé”.

Djoepri: „Inggih”.

Lampahipoen tijang kekalih waoe saja dangoe sangsaja tebih, wekasan doemoegi ing doesoén ingkang pinoerogan, sarta sarana takèn-takèn dateng tijang sawatawis saged doemoegi ing grijanipoen Goena.

Grijanipoen Goena waoe alit sanget toer atep, pageripoen katah ingkang sampoen sami rusak, djoganipoen ndjembroeng déning rereged warni-warni, tegesan rokok pinanggih pating slempit wonten ing poendi-poendi, ambetipoen ngantos ledis.

Djoepri akoela noewoen.

Ing waktœ samanten Goena wonten ing grija, toer saweg kêmawon tangi tilem, sareng soemerep wonten tijang kekalih dateng ladjeng moeroegi.

Djoepri: „Koela noewoen, kang”.

Goena: „Enggih, engga mlebet mawon”.

Mantri-poelisi kalijan Djoepri sami loemebet. Goena witjanten: „Engga, sami linggih ing saloe ngrikoe”.

Mantri-poelisi linggih, Djoepri witjanten: „Rada mrana, kang”.

Goena: „Manoehaken, sadèrèké poendi?”

Mantri-poelisi: „Koela Wanadadi ngrikoe mawon”.

Goena: „Hla, menggahing nama sinten?”

Mantri-poelisi: „Koela Salamoen”.

Djoepri: „Koela Kasida”.

Goena: „Enggih. Onten preloené napa éndjing-éndjing sami mriki?”

Mantri-poelisi: „Preloené madosi tijang ingkang nama Goena. Napa si kakang?”

Goena: „Enggih. Onten napa ta?”

Mantri-poelisi: „Dipoen-kèngkèn déning Kartadipa”.

Goena: „Sampéjan kaprenah napané Kartadipa?”

Mantri-poelisi: „Koela kaprenah adiné”.

Goena: „Hla sampéjan, di?”

Djoepri: „Koela niki batoéré”.

Goena: „Sampéjan sami dikèngkèn napa?”

Mantri-poelisi: „Dikèngkèn manggihi sampéjan, dinten niki sampéjan kapoerih mrelokaké mrika”.

Goena: „Onten preloené napa ta?”

Mantri-poelisi: „Nikoe prakawis wados sanget, mila sadèrèngé koela neda katrangan rijin, ngriki ontèn tijang sanèsé napa boten?”

Goena: „Boten, tijang èstri saweg késah derep”.

Mantri-poelisi: „Enggih nikoe, adjeng didjak ngremboeg prakawis wingi sonten nika”.

Goena: „Ngremboeg ... ngremboeg kadospoendi?”

Mantri-poelisi: „Kadospoendi malih, sarèhning sedyané kakang Karta waoe dèrèng kaleksanan, tamtoené dèrèng maren ...”

Goena: „Ngoten-ngoten nikoe rak margi saking lepaté pijambak, wong waoené empoen bedamèn adjeng mlampah ontèn sisih tengen, kènging napa djeboel ontèn sisih kiwa, toedjoené panggebag-koela radi kliwat, oepami botena ... ah ... babar djit saèstoe”.

Djoepri: „Poeloeh-poeloeh, kang, tijang saweg kesoepèn kadospoendi malih”.

Goena: „Hla, enggih watek kesoepèn nikoe sing ngroegèni. Tijang gadah tanggèlan jèn boten tansah ènget, tamtoené enggih

èstoe katjoewan. Mantri-poelisi oepaminé, tanggelané kàtah, prakawis niki, prakawis nikoe, pangadjeng-adjengé sadaja kedah salesih, nanging jèn saben-saben kasoepèn kadospoendi, napa boten ngroegèni? napa boten kelampahan dilorod?"

Mantri-poelisi: „Ha-ha-ha! leres nikoe. Lah saniki sampéjan kadospoendi, tanggel napa boten teng grijané kang Karta? koela niki namoeng ngarah genahé, awit waoe kang Karta sandjang jèn sampéjan boten tanggel koela kedah teroes teng Somagedé, teng grijané Masdoeki; rak ja ngono ja, Da, kandané kakang maoe?"

Djoepri: „He-eh".

Mantri-poelisi: „Soekoer jèn sampéjan tanggel, dados koela boten kesel, toer patoekon rokok saringgit niki boten diteḍa tijang sanès".

Goena: „Jèn ngoten ... enggih, koela mangké adjeng mrika, Nanging ..."

Mantri-poelisi: „Nanging ... kadospoendi? Engga niki artané". Arta kasèlèh wonten ing médja.

Sarwi ngilirik arta waoe Goena mangsoeli: „Nanging ... koela radi adjrih bok prekawis niki empoen kaoeningan Negari, awit waoe daloe koela mireng kados wonten titir".

Mantri-poelisi: „Pantji enggih mekoten, malah wingi sonten nika ndara mantri rawoeh, nanging sareng empoen mirsa jèn kang Karta boten napa-napa enggih empoen ... ladjeng énggal-énggalan kondoer".

Goena: „Ah, nikoe rak namoeng étok-étok mawon, koela empoen tjeṭa teng pratikelé".

Mantri-poelisi: „Milané jèn sampéjan tanggel inggih kedah ngatos-atos".

Goena: „Prakawis ingkang semonten jèn toemrap koela empoen boten preloe diwoelang malih".

Mantri-poelisi: „Soekoer! nanging kakang enggih kedah tansah ènget jèn mantri-poelisi saniki niki pinteré ngoedoebilahi, pinter sanget pados katrangan. Rak ja ngono ta, Da?"

Djoepri: „He-eh; akoe ja nganti goemoen banget kok".

Goena: „Ah, pinter napa! pinteré rak namoeng pit-pitan mawon, sentijar-sentijer ngalèr ngidoel. Saoepami pintera saèstoe mestiné rak saged njepeng pandoeng sing nggonḍol amalé kadji Abdoel-salam nikoe".

Mantri-poelisi: „Prakawis nikoe enggih saweg dioeroes, malah kabaré oetoesan sepijoené teng Wotgalih lan teng Tjaroeban".

Goena: „Hla enggih ngoten nikoe kapinterané, bar-ber mboetjali arta".

Mantri-poelisi: „Wingi-wingi koela mireng kabar, margi saking kadji Abdoelsalam kapandoengan, para loerah kadawoehan ngglé-

dah grijaning para tijangé ingkang sampoen katitik dados pandoenng, napa èstoe?"

Goena: „Enggih, malah panggénan-koela ngriki ngantos kalih dinten, nanging boten pinanggih onten napa-napané; empoen sing kalih dinten, hla bok saminggoe angger angsalé ngglédah namoeng njak-njoek kados laré doemoekan ngoten masa kepanggih”.

Samangké Mantri-poelisi boten samar malih, wangsoel saged namtokaken bilih saèstoe Goena sampoen sakoeton kalijan Kartadipa mawi kabijantoe déning loerah tjarik badé nindakaken radja pedjah, njirnakaken poen Djoepri. Kadjawi saking poenika inggih ladjeng mangretos oegi, bilih ingkang mandoeng dateng grijanipoen kadji Abdoelsalam ing malem Minggu ingkang kapengker: boten sanès inggih poen Goena poenika. Arta saringgit ingkang taksih goemlétak wonten ing médja kapendèt malih, kalebetaken ing kantonganipoen, mila makaten awit gadah sedya badé njepeng poen Goena ing waktos poenika oegi, nanging ing waktos samanten poen Djoepri ladjeng witjanten: „Doewit koewi rak kanggo patoe-kon rokoké kang Goena, kang!”

Mantri-poelisi mangretos, anggènipoen Djoepri witjanten makaten poenika angemoe raos prakawis badé njepeng poen Goena boten kénging katindakaken kanthi kasesa, djalaran jèn boten leres-leres badé moétawatosi, sisip sembiripoen damel tjilaka dateng sarira pijambak; arta kawedalaken, kasèlèh ing médja malih sarwi witjanten: „O, ija, kok arep lali akoe. Engga, kang, disimpeni, mangké moendak kabekta malih”.

Goena: „Enggih, di, enggih, kadjengé ngrikoe mawon rijin”.

Djoepri: „Sarèhné pagawéan wis rampoeng, ajo ta, kang, pada bali, moendak dadi pangarep-arep”.

Mantri-poelisi: „Ija, ajo. Sampéjan adjeng mrika djam pinten, kang, mangké?”

Goena: „Lat-laté enggih bedoeg”.

Mantri-poelisi: „Enggih empoen, kang, koela adjeng wangsoel”.

Djoepri: „Koela semonten oegi. Kliilan, kang”.

Goena: „Enggih, di, enggih”.

Mantri-poelisi kalijan Djoepri ladjeng medal, ing semoe badé teroes wangsoel. Sareng lampahipoen sampoen rasi tebih Djoepri matoer: „Anoe, ndara, samangké pandjenengan prajogi wangsoel dateng panggénanipoen Goena malih asajadan mendet slepèn kantoen, slepèn-koela kala waoe koela dawahaken wonten sangan-dapipoen médja, déné koela badé ladjeng kaloerahan, moerih pijambakipoen dateng sadjondjang-krawatipoen toemoet ngrén-tjangi njepeng Goena miwah ngglédah grijanipoen”.

Mantri-poelisi: „Bagoes banget panemoemoe mangkono ikoe”.

Djoepri ladjeng bidal dateng kaloerahan, Mantri-poelisi wangsoel dateng panggénanipoen Goena.

Goena soemerep tamoenipoen ingkang satoenggal wangsoel malih waoe kagèt, toemoenten takèn, temboengipoen: „Kok wangsoel malih onten napa?”

Mantri-poelisi: „Slepèn-koela kantoen”.

Goena: „O, enggih; hla niki napa?”

Mantri-poelisi mlebet, slepèn kapendèt, wasana mapan linggih malih kalijan witjanten: „Anoe, kang, kok adjeng kasoepèn, waoe kang Karta enggih weling: jèn kakangé roemaos koewalahren nglampahi padamelan nikoe, kakangé kénging ngadjak kantja satoenggal malih; déné épah enggih napa mestiné, malah jèn saged, mangké sampéjan adjak mrika pisan. Napa kinténé onten ingkang kénging sampéjan-enggé kantja?”

Goena: „Onten”.

Mantri-poelisi: „Sinten?”

Goena: „Kadang koela pijambak, poen Wirjanom”.

Mantri-poelisi: „Grijané enggih ngriki mawon?”

Goena: „Enggih”.

Mantri-poelisi: „Mangké gèk boten mitajani”.

Goena: „Sampéjan pitados mawon teng koela”.

Mantri-poelisi: „Dedeg pangadegé tijang waoe napa sami kalijan kakangé?”

Goena: „Malah ...” Dèrèng ngantos rampoeng anggènipoen witjanten ... Goena kagèt sanget, soemerep tamoenipoen ingkang satoenggal dateng malih sesarengan kalijan loerah miwah poelisi doesoen kekalih, sarta ladjeng njipta jèn badé wonten lelampahan ingkang boten sakétja; énggal ngadeg sarta ladjeng loemadjeng badé medal kori boetoelan, nanging saweg kémawon djoemangkah ing kori doemadakan dipoen-sikep poelisi kekalih sanèsipoen ingkang sampoen kaketik déning Djoepri soepados djagi wonten ngrikoe. Goena ngetog karosan, poelisi kekalih kakipataken sami dawah kantep, nanging ingkang satoenggal trangginas, énggal ngrangsang soekoenipoen Goena, Goena ... ngeg dawah mangkoerep, saweg kémawon kréngkang-kréngkang badé tangi, poelisi kekalih sanèsipoen dateng angroeboet sareng-sareng kalijan loerah miwah Djoepri. Goena boten saged ébah, mila ladjeng narimah noetoet.

Mantri-poelisi: „Gelis dibanda, loerah”.

Loerah boten soewala, Goena énggal kabanda. Sareng sampoen, ladjeng kabekta mlebet dateng grija malih, kalinggihaken ing saloe tinenggan déning Djoepri, déné tijang sanès-sanèsipoen sami ngglédah.

Goena: „Sabeneré kowé ikoe sapa?”

Djoepri: „Akoe ... kang arep kok-patèni kanti tanpa dosa”.

Goena: „Krandjangan! kowé Djoepri? Ah, déné woedjoedmoe

ora pira-pira. Apa mangkéné iki woodjoedé pamalesmoe menjang akoe?"

Djoepri: „Negara kang bakal gawé abang biroe menjang kowé, akoe ora winadjibaké nindakaké wewales apa-apa”.

Tetijang ingkang sami ngglédah sampoen rampoeng; ingkang kapanggih saweg sesoepé djené mripat barléjan lan gelang djené sapasang toewin èrlodji satoengal saranténipoen ... oegi djené, sadaja waoe pinendem wonten sangadjengipoen ambèn patileman sinasaban ing kèsèd. Soemerep sadaja waoe Goena ngraos kados badé semapoet, paningal peteng, badan lesae les-lesan, kringet goemrobjos.

Mantri-poelisi: „Loerah, betjiké saiki oega kowé préntah marang poelisi kang kena dipratjaja loro soepaja ndjoedjoekaké wong ikoe lan nggawa barang-barang iki menjang asisténan, nanging wekaskoe: poma-poma adja metoe ing désa Wanadadi”.

Loerah matoer sandika, sarta ladjeng nindakaken poenapa ingkang dados préntahipoen mantri-poelisi waoe.

Mantri-poelisi: „Ajo, loerah, akoe toedoezna omahé wong kang aran Wirjanom, akoe oega preloe ngglédah mrana”.

Loerah matoer sandika, toemoenten sami biðal badé ngglédah ing grijanipoen Wirjanom, Djoepri boten kantoen. Anggènipoen ngglédah sami pikantoe damel: ing salebeting grijanipoen Wirjanom pinanggih wonten doewoeng satoenggal, pendok lan mendakipoen sami djené tinrètès inten, peniti sarakit lan soesoek kondé satoenggal, barang kekalih poenika oegi djené. Wirjanom oegi kabanda sarta ladjeng kairid dateng asisténan déning poelisi kekalih sanèsipoen, poenika oegi kaawisan boten kénging medal doesoer Wanadadi, dados kedah medal margi sanèsipoen.

Padamelan sampoen rampoeng, sadaja saged toemindak kanti willoedjeng, klajan bingahing manah mantri-poelisi ladjeng wangsoel sareng kalijan Djoepri. Ing sadangoenipoen sami loemampah mantri-poelisi boten kèndel-kèndel anggènipoen ngalembana dateng kaprigelan miwah kalantipanang pamikiripoen Djoepri, nanging sadaja waoe namoeng wonten ing batos kémawon.

Mantri-poelisi kepéngin sanget soemerep kadospoendi pamang-gihipoen Djoepri toemrap prakawisipoen Goena poenika; sarèhning gadah lepat kalih warni, poendi ingkang preloe kaoeroes roemijin, bab anggènipoen badé damel dosa pedjah, poenapa bab anggènipoen damel dosa mandoeng, mila ladjeng pitakèn, temboengipoen: „Djoepri, sarèhning Goena doewé dosa rong roepa, kaprijé pane-moemoe, prakara endi kang preloe koedoe kaoeroes disik?”

Djoepri: „Mandoeng, koela-anggep dédé prakawis ingkang ageng, béda kalijan badé damel pepedjah, mila prekawis waoe kénging kinantoenaken”.

Mantri-poelisi: „Jèn prakara anggoné arep gawé pepati preloe kaoeroes disik, dadi preloe banget akoe njekel wong teloe manèh, awit mitoeroet kandamoe wong-wong maoe kang akongkon Goena”.

Djoepri: „Loerah, Tjarik lan Kartadipa?”

Mantri-poelisi: „Ija”.

Djoepri: „Inggi. Malah salebetipoen prakawis poenika tijang tetiga waoe ingkang alepat ageng”.

Mantri-poelisi: „Lijané saka ikoe apa ora ana manèh prakara kang preloe daksoemoeroepi?”

Djoepri: „Wonten, serat pratanda sadé tinoembasing tetilarani-poen paman Martaredja ingkang dipoen-damel déning loerah tjarik ingkang kanggé tjetjepenganipoen Kartadipa”.

Mantri-poelisi: „Akoe koedoe weroch lajang maoe preloené kaprijé?”

Djoepri: „Moerih oeninga soeraosipoen, bibi Soemarah namoeng masrahaken kémawon poenapa njadé”.

Mantri-poelisi kèndel sakedap, woesana witjanten: „Ija, betjik, mengko soré akoe dakngoeroes kabèh maoe”.

Sadoemoeginipoen ing Wanadadi tijang kekalih waoe ladjeng pisahan, Djoepri wangsoel dateng panggénanipoen Dipanala, Mantri-poelisi ...

Sontenipoen Mantri-poelisi dateng malih ing Wanadadi mawi mbekta poelisi sawatawis ndjoedjoeg ing grijanipoen Kartadipa. Tamtoe kémawon Kartadipa kagèt sanget; sasampoenipoen tamoe-tamoe waoe kalinggihaken, Kartadipa matoer, temboengipoen: „Ndara rawoeh mriki karsa poenapa?”

Mantri-poelisi: „Anoe, kang, tekakoe mréné iki ngemban dawoehé ndara asistèn, kang sapisan: ndikakaké njekel kakang awit kakang ginalih miloe tjampoer anané reroesoeh wingi soré kaé. Kang kapindo: ndikakaké ndjaloek lajang pradjandjian moenggoeh lintirané boemi tetinggalané Martaredja”.

Kartadipa: „Elo, tijang ingkang abdi ingkang kaemoek teka ginalih makaten, poenika kadospoendi?”

Mantri-poelisi: „Akoe oega ora ngreti”.

Kartadipa: „Jèn makaten ...”

Mantri-poelisi: „Ja, kakang ora soesah kanda apa-apa manèh. Kakang koedoe ngreti jèn ing dina iki kakang koedoe manoet akoe, lan lajang pradjandjian maoe dakdjaloek saiki”.

Kartadipa: „Serat wonten ing kaloerahan”.

Mantri-poelisi: „Kabeneran. Ajo Wangsa lan Setra (poelisi), wong iki digawa menjang asisténan!”

Kartadipa: „Ingkang abdi njoewoen inah sakedap, badé dateng kaloerahan preloe pamit”.

Mantri-poelisi: „Ora. Mengko kakang rak bisa katemoe ana ing asistènan”.

Kartadipa: „Poenapa loerah oegi badé katjepeng?”

Mantri-poelisi: „Malah satjariké pisan; déné Goena, wong Wanasalam, wis wingi soré”.

Kartadipa dados poetjet, rahipoen itjal sadaja, samangké pijambakipoen saweg mangretos bilih nijatipoen badé njirnakaken Djoeprri kadjoèran toer sampoen kaoeningan déning para pangrèh pradja, temahan boten gadah pangadjeng-adjeng malih sagedipoen oewal saking paoekoeman, mila ladjeng noetoet, kairingaken déning kekalih kaateraken dateng asistènan.

Mantri-poelisi teroes dateng kaloerahan miwah dateng tjarikan. Loerah kalijan tjarik katjepeng sarta ladjeng kagiring dateng asistènan déning poelisi tiga. Mantri-poelisi boten saged njarengi djalaran ladjeng kepeksa wangsoel dateng grijanipoen Kartadipa, preloe nglédah pados serat pradjandjian, awit tetéla bilih Kartadipa dora; serat pradjandjian boten dipoen-simpen wonten ing kaloerahan, wangsoel wontening grijanipoen pijambak, mila sareng kaglédah sakedap kémawon pinanggih, sinerat ing kertas sègel kalih lembar, nanging oengel-oengelanipoen serat pradjandjian waoe boten sami.

Mantri-poelisi bingah sanget, déné sampoen saged njepeng para tetijang ingkang srana patrap aloes sanget badé damel roeharaning doesoèn, wewados-wewadosipoen sampoen kasoemerepan sadaja.

Boten béda para tetijang ing doesoèn Wanadadi, kala soemerep bilih loerahipoen dipoen-tjepeng waoe inggih sami bingah ing manah, roemaos badé oewal saking kasangsaran. Kados ingadjeng sampoen kapratélakaken, bilih para tetijang doesoèn sami sengit dateng loerah, nanging sadaja sami adjrih, dados sadangoenipoen namoeng sami mbededeg ing weteng kémawon, badé kelah boten wani, koewatos bokbilih ... ditemoe koewoek ...

XVII

NGANGKATAKEN LAJON DATENG PAKOEBOERAN

Datengipoen para tamoe ingkang nglajad, tamoe djaler sami lenggah wonten ing grija toewin pandapa, oetawi namoeng adeg-adegan kémawon wonten ing latar, oegi katàh ingkang sami mrenah saenggèn-enggèn, boten patos katjarakaken sanget, boten kados satataning tijang gadah damel mantoe sasaminipoen, sarta limrahipoen boten mawi kasegah dahar lan ngoendjoek, kadjawi namoeng kaledosan sroetoe kalijan lisah wangi. Déné tamoe èstri sami andjoedjoeg ing gandos, toewin pawon.

Ngadjengaken wantji angkating lajon, kaoem sakantjanipoen para santri sawatawis, sinasmitan ladjeng sami dikiran, swarani-poen goemrenggeng; saantawis dangoenipoen, ingkang wadjib ladjeng matoer dateng pangageng ingkang rawoeh ing ngrikoe; „Rehning sampoen wantji, njoewoen idi badé ngangkataken lajon”. Pangageng andjoeroengi. Para waris djaler ladjeng sami njelaki lajon, sadija angoesoeng lajon. Saantawis, lajon ladjeng kabidal-aken, wedalipoen saking grija kapikoel para waris; sadoemoegi-ning ngadjeng taritising grija oetawi pandapa, dados sampoen wonten ing latar, ladjeng karigenaken, ingkang prenatal sirahing lajon wonten ing ngadjeng, saha lampahing lajon mandeg roe-mijin, nanging taksih kapikoel. Jèn ingkang tilar donja waoe tijang sepoeh soegih anak poeto, para anak poetoenipoen (tijang diwasa dalah laré-laré djaler-èstri) ladjeng sami garoeboegan ambrobos sangandaping lajon, wongsal-wangsoel ngantos tigang brobosan. Jèn sampoen rampoeng, ingkang mikoel malampah malih; doemoegi ing radinan ageng, lampahipoen ingkang sami mikoel lajon mandeg malih saantawis, namoeng ngentosi pangra-kitipoen oepatjara, rampoeng ladjeng malampah malih lon-lonan. Lampahing lajon wonten tengah margi ageng, sakiwaning lajon tijang ingkang ambekta songsong megar, anongsongi lajon. Jèn ingkang tilar donja bangsa prijantoen ingkang sipat songsong, inggih nganggé songsong anggènipoen pijambak. Jèn ingkang tilar donja dédé prijantoen, inggih poenika tijang alit, namoeng nganggé songsong padangboelan kémawon. Songsong waoe dan-danipoen kaelesan monten petak, ing nginggil sangandaping menoe inggih sinoeng sekar-waroe saking monten. Kanan ké-ringing lajon dipoen-oeroeng-oeroeng ing toembak mawi oeles monten dalah landéjanipoen, sakedikipoen kalih-welas sisih. Toemrap tijang alit limrahipoen dédé toembak sajektos, nanging namoeng deling londjoran kaketok ratjak sami pandjangipoen sadépa sabelah, oetawi namoeng dandan kadjeng kémawon, saha pantjèn wonten tijang ingkang njéwakaken dandan poenika. Dan-dan oetawi deling waoe ladjeng dipoen-oelesi ing monten. Déné toembak kekalih ingkang wonten kanan kéring ing ngadjeng pijambak, lan toembak kekalih ingkang wonten kanan kéring ing wingking pijambak, mawi dipoen-kalèbèti ganderá monten petak, dipoen-serati seratan warni tjemeng, sastranipoen Arab, oengeli-poen donga salawat Nabi. Toembak-toembak waoe kabekta ing boedjang. Déné boedjang-boedjang poenika oegi wonten ingkang ngerèhaken, inggih poenika loerah boedjang, ingkang mranata lampah-lampahipoen para boedjang.

Sangadjenging lajon, kaoem toewin para santri, sami dikiran toeroet margi; ingkang ambatak santri satoenggal, moengel dikir

pijambakan, tamban nanging sora: La-ila - ha illa'llâ - h, La - ila - ha illa 'llâ - h, La - ila - ha illa 'llâ - h, Moehammadar râsoeloe 'llâ - h. Ladjeng kasambetan santri kaṭah sami moengel dikir sesarengan, oegi tamban sora: La - ila - ha illa 'llâ - h, La - ila-ha illa 'llâ 'h, La ila - ha illa 'llâ -h, Moehammadar râsoeloe 'llâ -h. Ladjeng ingkang ambatak moengel malih, ḍikiripoen sontan-santoen, boten namoeng sawarni kados ingkang kaseboet ing nginggil poenika kémawon, oegi kasambetan santri kaṭah malih, makaten saladjengipoen imbal-imbalan. Déné lagoenipoen warni-warni, saha saben lampahing lajon angsal saondjotan, inggih poenika sawatawis tebihipoen, santoen lagoe lijanipoen. Sareng sampoen tjelak kalijan pakoeboeran, ḍikir lan lagoenipoen béda malih, inggih poenika santoen ḍikir lan lagoe ingkang iramanipoen sesegan, ngantos njawabi ḍateng lampahipoen ingkang sami mikoel lajon ladjeng mampeng, lampahipoen ngodjog kados kasengkakaken.

Sangadjengipoen para santri, tijang ingkang kapatah ambekta sawoer; woedjoeding sawoer poenika jatra tembagi dipoen-gebeg ngantos mentjèrèt, katingal kados jatra énggal, dipoen-oewor kalijan beras koening, inggih poenika oewos dipoen-tjaroebi koenir ingkang kapipis lembat, kakrawoe kalijan oewos waoe, ngantos oewosipoen warni djené, kanṭinipoen malih sekar tjampoer-bawoer, inggih poenika tjampoeraning sekar kenanga, regoelo, mawar, toewin ron pandan karadjang, noenggil dados sawaḍah, kawaḍahan ing bokor ḍara, dipoen-sasabi monten kaemban ing tijang ingkang kapatah ambekta sawoer, emban-embanipoen oegi monten. Saben doemoegi ing margi prapatan, tijang waoe ladjeng menḍet sawoer sagegem, oetawi kalih tigang gegem, kasawoeraken mangiwa oetawi manengen, ladjeng kémawon dados rebatanipoen para boedjang ingkang pantjèn sami njegat lan angodol salampahing lajon waoe. Déné jèn ingkang tilar donja tijang soegih, sawoeripoen salong dipoen-tjaroebi jatra salaka oetawi jatra emas. Déné jèn jatra sawoer waoe ngantos kaṭah, jatra sawoer kawaḍahan ing bokor ageng, kasèlèhaken ing ongkèk, dipoen-loeroebi monten petak, saben ongkèk satoenggal kapikoel tijang kalih, dipoen-amping-ampingi tijang satoenggal ingkang kapatah njebaraken sawoer waoe. Wondéné sawoer kabekta mawi ongkèk poenika, limrah lan patoetipoen, namoeng toemrap lajonipoen prijantoen ageng.

Sangadjenging tijang ambekta sawoer, tijang boedjang ingkang ambekta sosog. Garaning sosog poenika oegi dipoen-oelesi monten; sosog waoe ing nginggil dipoen-toempangi anglo alit, isi mawa latoe areng katoempangan menjan, saben-saben areng lan menjan-ipoen kaedjogan malih, samargi-margi koekoeking doepa koeme-

loen. Djèdjèr kalijan tijang boedjang ingkang ambekta maédjan sapasang, oegi dipoen-oelesi monten. Maédjan waoe ingkang kadamel kadjeng djatos; jèn ingkang tilar donja tijang djaler, maédjanipoen ing nginggil wangoen irah-irahan lantjap; jèn ingkang tilar donja tijang èstri, maédjanipoen ing nginggil wangoen irah-irahan papak oetawi boender.

Jèn ingkang tilar donja taksih djaka oetawi prawan, wewah oepatjara gagar-majang sapasang, ingkang kadamel bangsaning ron-ronan kalijan sekar, poetjoekipoen mawi toentoeting pisang, nanging tanpa wengkoe kerisan lan klabangan djanoer koening kados kembar-majanging pangantèn. Gagar-majang sapasang waoe kapandji boedjang satoenggal oetawi kalih, manggèn sangadjenging santri ingkang sami dikiran. Wondéné jèn toemrap prijantoen ageng, gagar-majanging lajon woedjoedipoen teka sami kémawon kalijan kembar-majanging pangantèn, oegi mawi kerisan lan klabangan djanoer koening. Amoeng kaotipoen, kembar-majanging pangantèn poenika mawi kinemoelan ing sindoer.

Jèn tijang ingkang tilar donja waoe gadah kalangenan ingkang dipoen-kasihi, kados-ta: ingah-ingahan sawoeng, peksi, ajam alas, koetjing, sasaminipoen, sawoeng oetawi peksi sapanoenggilanipoen waoe kabekta kanggé oepatjara, sawoeng kinroso ing monten, ladjeng kaemban ing tijang, emban-embanipoen oegi monten. Peksi sinengkeran, sengkeranipoen kakroekoep ing monten, katjantèlaken ing dandan oetawi deling kaoelesan monten, kabekta ing tijang kados pambektaning gandéra pandeling pradjoerit. Ajam-alas wonten ing sengkeran ingkang kakroedongan ing monten, kapikoel tijang kalih. Koetjing kaemban ing tijang, emban-embanipoen monten. Oepatjara poenika sami manggèn sangadjenging santri dikiran. Sadoemoegining pakoeboeran, sawoeng peksi sapanoenggilanipoen waoe kaoetjoelaken oetawi kaeboeraken.

Jèn ingkang tilar donja bangsaning prijantoen, mawi oepatjara malih, inggih poenika toempakanipoen koeda, dipoen-praboti adatsaben, ladjeng kaloeroeban monten, kinaroeng. Kadjawi poenika, oepatjaraning pasowanan toewin sanès-sanèsipoen, kados-ta: épok, slepa, kotak, koeloek, lanté (lampit alit ingkang kanggé lenggah wonten pasawanan), wedoeng, pedang, soedoek, teken, tjemeji koeda, waos, lontop, sandjata, toeloepan, panah saéndong, gandéwa, sapanoenggilanipoen, sadaja poenika sami dipoen-oelesi monten, kabekta para waris laré-laré nènèman, kanggé oepatjaraning lajon, manggèn sangadjenging santri ingkang sami dikiran. Sadoemoegining pakoeboeran, oepatjara poenika wangsoel kabekta mantoek.

Tijang djaler ingkang sami nglajad, ngeteraken sawingkinging lajon, déné para tijang èstri, adatipoen sami ngroemijini, loemam-

pah sangadjenging lajon, nanging nisiin oeroet pinggiring margi ageng ing sisih kiwa.

Inggang mikoel lajon gentosan, limrahipoen para nènèman. Déné tijang sepoeh namoeng ngater kémawon .

Para waris inggang kapatah ing damel, toewin tijang sanès inggang toemoet njanggi damel, kados-ta: tijang inggang toemoet mikoel lajon, tijang inggang ambekta songsong, toembak, sawoer, sosog, maédjan, gagar-majang, para santri inggang sami dikiran, tijang inggang sami ngampil-ampil oepatjara, sapanoenggilanipoen, sami kasoekanan srémpang monten petak sakatjoe iket. Déné tijang èstri inggang kapatah ing damel, anggegèndong oeba-rampé inggang badé kanggé wonten ing pakoeboeran, sami kasoekanan monten sasléndang tjijoet, kaanggé srémpang salebetipoen njanggi damel waoe.

Tata-kramanipoen tijang nglajad, djaler èstri boten nganggé-anggé panganggèn bangsaning mas inten, malah bangsa sembet kémawon inggih nganggé inggang sampoen masem. Tijang djaler saboekipoen petak, mawi doewoeng. Nanging sareng doemoegi ing djaman samangké, tijang nglajad golongan abdi dalem ing karaton, manganggé sarwa tjemeng. Inggih poenika: iket latar tjemeng, rasoekean sikepan oetawi atéla tjemeng, sindjang latar tjemeng, saboek tjemeng, èpèk oegi tjemeng, mawi doewoeng. Jèn ing kadipatèn Mangkoenagaran, para prijantoe angglajad taksih anglastarèkaken nganggé saboek petak.

Jèn pangoeboeripoen ngantos malangkah kiya, pamikoeling lajon ladjeng kagentosan para boedjang. Poenapa-malih jèn inggang tilar donja prijantoe, ing djaman roemijin kajah inggang kakoeboer ing siti doesoen lenggahipoen, sadoemoegining wates kiya, pamikoeling lajon kagentosan bebae doesoen, saking préntahipoen bebekel doesoen inggang ambekeli siti lenggahing prijantoe waoe.

Jèn inggang tilar donja waoe laré baji, oetawi laré alit inggang taksih pantes kaemban, anggènipoen ngangkataken dateng pakoeboeran, potjongan majit katoempangaken ing gelaran bangsa, kaloeroeban sindjang, kasampiran rontjèn sekar, ladjeng kaemban kodjong ing sindjang wijar déning tijang djaler; kodjongan waoe ladjeng kasampiran sekar rontjèh malih. Déné oepatjaranipoen: Songsong padangboelan kaegaraken, kanggé nongsongi kodjongan waoe, maédjan alit sapasang, sawoer, toewin balabag badé kanggé toetoep karas.

Déné jèn baji taksih nesep, wewah: degan sampoen parasan sa-toenggal, doemoegining koeboeran kapetjah sigar, ladjeng kakoeboeraken sanginggiling oeroeg-oeroegan koeboeripoen; kendi alit

satoenggal, isi santen mawi genḡis klapa; djenang soengsoem satakir, doemoegining koeboeran kasadjèkaken sanginggiling oeroeg-oeroegan koeboeripoen; sarta mawi anak-anakan wit pisang (boeng wit pisang), badé kapendem noenggil saloewangan kalijan majit, doemoenoeng sakilèning majit.

Déné tijang ingkang ngeteraken anglajad laré baji, limrahipoen boten kaṡah, namoeng sawatawis, toer para waris pijambak, toewin tangga-tepalih ingkang tjelak. Boten mawi ḡikiran toeroet margi.

Tijang loenampah kapajag lajon, ladjeng minggir, mandeg, kalijan hoermat ngadjengaken lajon, sarta bikak toeḡoeng oetawi tjapingipoen; jèn songsongan inggih angingkoepaken songsongipoen, jèn noempak kapal inggih mandap saking kapalipoen, kapal dipoen-tjepengi lising kendaḡlinipoen. Jèn lajon sampoen langkoeng, tijang ingkang kapajag waoe, limrahipoen ladjeng pitakèn ḡateng salah satoenggaling tijang ingkang nglajad, ingkang pijambakipoen sampoen wanoeh, pitakènipoen: Sinten ingkang tilar donja? Winangsoelan: Pandjenenganipoen Anoe. Oetawi: Poen Anoe.

Laré-laré alit ingkang soemerep lajon langkoeng, ladjeng sami andjèwèr-ndjèwèr goḡohing koepingipoen pijambak, tangan kiwa andjèwèr goḡoh kiwa, tangan tengen andjèwèr goḡoh tengen, kaping tiga, sarwi ngoetjap lirih kados tijang moedji: Debog bosok galih asem, larakoe gawanen loenga, larakoe gawanen loenga, larakoe gawanen loenga. Patrap makaten poenika awit saking dipoen-warahi tijang sepoehipoen.

Wonten goegon-toehoning tijang, bilih loemampah kapetoek lajon, poenika badé sebel lelampahanipoen ing sadinten ngrikoe, tegesipoen, oepami padosa boetoeh mrika-mrika, tamtoe badé boten pikantoek, badéja madosi mitra inggih boten saged kapanggih ing grija, badéja ngloeroeg ngabotohan inggih kawon, makaten sapanoenggilanipoen. Aloewoeng toemoeta nglajad pindah, poenika saé, saged dados pangroewating kasebelan. Milanipoen tijang kina sami ḡangan-ḡangan anglajad, ngantos doemoegi ing pakoeboeran, boten watak njimpang margi, sanadyan dèrèng tepang kalijan ingkang tilar donja, oetawi dèrèng tepang kalijan ingkang kasripahan.

Oepami lajon kadjawahan wonten ing margi, lampahipoen lajon ladjeng kémawon, boten tjara mawi kèndel angéjoeb, dalah ingkang nglajad jèn tijang soemerep ing preloe, inggih boten poeroen kèndel angéjoeb, sanadyan kebes toewin kalotjoeta.

XVIII

WIWITANÉ ANA MATJAN GAÐOENGAN

Katjarita sang apraboe Adji Djajabaja ing Kaðiri kagoengan tijan aroepa matjan poetih kaparingan aran kjai Barongséta, di-krangkèngi wesi ana pengkeran kaðaton, saben dina direksa oemboel désa loro-loro; jèn djaga para oemboel sasasi lagi olih giliran. Kang kabener djaga kjai Barongséta, aran Djagawana oemboel ing désa Djatisara, jèn bengi ora taoe toeroe tansah linggih pitekoer baé ngarepaké kori krangkèng tansah soesah.

Kijai Barongséta: „É, Djagawana, roepamoe kaja ngandoet sedih; mara blakakna kang bener karo akoe”.

Djagawana kagèt sarta andjoemboel anggadjit déné sato teka bisa tata djalma. „Noewoen kjai, ing saèstoe koela poenika bilih noedjoe djagi, sakalangkoeng soesah ing manah, awit tanah saeroeting redi Keloed ingkang kidoel wétan, sapoenika binasakaken saweg mangsa perasénipoen doerdjana, kados-ta: doerdjana kètjoe katah, mila saben daloe swaranipoen gentangan abandoeng-bandoeng, doerdjana pandoeng kados garimis, poenapa malih jèn rainten lampahing genço ambraðat radjakaja boten wonten peðotipoen; mangka, kjai, koela tilar djagi sawoelan laminipoen, sampoen temtoe para tijang alit karisakan sanget”.

Barongséta: „I, i, dadi mengkono, oemboel. La, apa kowé arep dakwasijati isaraté angedohaké oetawa anjirnakaké sakèhing lakoe kadoerdjanan”?

Djagawana: „Noewoen inggih kjai, manawi wonten sih kami-
rahan pandjenengan, koela poenði koela emboen”.

Barongséta: „É, Djagawana, isaraté jèn wajah bengi kowé koedoe malih roepa matjan kaja akoe iki, bandjoer loenga anganglang menjang désa-désa bawahmoe kabèh. Jèn kowé katemoe wong mlakoe wajah lingsir wengi, noeli toebroeken kang nganti kena; mesthi ikoe doerdjana. Jèn kotindakaké saben wengi, temtoe ora lawas para doerdjana genço giris, bandjoer ora gelem anglakoni panggawé ala, nanging kowé ora daklilani moelang wong lija (kang doedoe sanakmoe), kang daklilani moeng marang anak poetoemoe dèwé; sanadyan anak poetoemoe jèn kalakoeané ala ija ora taklilani. Moenggoeh lakoené anglowong pitoeng dina pitoeng bengi, lan ora kena kaoeban wangan. Lah madjoewa, koepingmoe kang kiwa tèmpeina ing krangkèng kéné, lah iki mantrané tampanana takwisik: hong hjang baðara Narasingha wisésa djati maha majoe ri mahajoen mananggapa, oeloen neða warni singha. Mesthi kowé djleg dadi matjan. Déné jèn kowé arep bali dadi manoengsa manèh, anengaa ing akasa ping teloe ora ambekan, toemoengkoela

ing boemi ping teloe ija ora ambekan, lan anjiptaa bali dadi ma-noengsa manèh, sarta ambalik djoengkir ping teloe ora ambekan, temtoe sanalika kowé bali dadi oewong manèh”.

Djagawana: „Noewoen inggih sandika kjai, saha sampoen koela tjakep sadaja paring padoeka wasijat, boten langkoeng sanget panoewoen pamoendi, kaemboen, saha koela éstokaken dawoeh padoeka sadaja. Sarèhning ing dinten béndjing-éndjing koela sampoen sèrèn awit sampoen dipoen-giliri, koela njoewoen pangèstoe padoeka mantoek dateng doesoen”.

Barongséta: „Ija Djagawana, takdongakaké rahardja saanak bodjomoe”.

Kotjap oemboel Djagawana satekané ngomah angèstokaké pitoedohé kjai Barongséta; wis katrima panedané bisa dadi matjan, saben bengi sambang marang désa karèrèhané, angger katemoe wong mlakoe lingsir wengi ditoebroek dimangsa. Ora soewé désa Djatisara tentrem slamet ora ana lakoening doerdjana; endi omahé doerdjana jèn bengi ditoenggoni, jèn metoe noeli ditoebroek, ikoe tobat lan girisé para doerdjana, nganti misoewoer redjané désa Djatisara awit direksa déning matjan.

Katjarita, bareng oemboel Djagawana ing désa Djatisara wis samporna goné dadi matjan gaçoengan, para sanak sadoeloer toewin anak poetoené kabèh diwedjang ngèlmoe matjan gaçoengan, saja woewoeh redjané oranana kang pada lakoe doerdjana dadi tata tentrem kasawaban pandongané kjai Barongséta.

Kotjap, désa-désa oeroeté goenoeng Keloed idjèh ramé lakoéné wong ala. Kètjoe maling bégel ora kena disajoeti, dadi para oemboel saeroeté goenoeng Keloed pada magoeroe marang oemboel Djatisara, soepaja kawèhana saraté njegah lakoening wong doerdjana.

Bareng ngèlmoe gaçoengan wis tangkar-toemangkar toetoeg tanah Loḍaja saeroeté, malah andadèkaké roesoeh banget: djaman bijèn roesoehé bab lakoéné wong ala, amèk barang-barang oetawa radjakaja, nanging saiki akèh wong-wong katiwasan marga dimangsa matjan gaçoengan rina wengi, wong tjilik kabèh giris atiné pada ngili ngoengsi menjang nagara. Nganti sang mahapraboe Adji Djajabaja miarsa roesaké wong tjilik dimangsa matjan, bandjoer animbali empoe Sedah. Empoe Sedah wis sowan ingarsa naréndra.

Sang praboe ngandika: „É, Sedah, ingsoen miarsa warta kang sanjata, jèn désa saeroeté goenoeng Keloed, botjahingsoen tjilik akèh roesak katiwasan dimangsa ing pragalba gaçoengan, wong tjilik pada ngili ngoengsi marang pradja, ing saiki sira ingsoen-oetoes titipariksa anggolèki poerwané wong bisa dadi matjan gaçoengan, ingsoen kantèni si empoe Tapawangkung, karana dèwèké wis andjadjah tanah woekir Keloed toemekané alas Loḍaja”.

Empoe Sedah: „Kawoela noewoen, goesti, inggih sandika, menawi sampoen terang dawoeh timbalan dalem sang mahapraboe, abdidalem pangkat sapoenika”.

Sang praboe: „Ija, ingsoen paring pangèstoe”.

Katjarita, lakoené empoe Sedah lan empoe Tapawangken, djoedjoeg désa Wanalapa omahé oemboel Soetjitra, andangoe apa anané kang dada gara-gara.

Empoe Sedah: „É, oemboel Soetjitra, gonkoe teka ing omahmoe akoe moendoe katerangan kang bener, kaprijé poerwané ing tanah saoeroeté goenoeng Keloed kok dadi akèh matjan gadoengan, asalé kang dadi goeroe wong saka ngendi?”

Oemboel Soetjitra: „Kawoela noewoen, panembahan, menggah ingkang aminihi wonten sima gadoengan, saking abdidalem tijang anama Djagawana oemboel ing doesoen Djatisara, doeka dalem anggènipoen pikantoe ngèlmi gadoengan waoe”.

Empoe Sedah: „É, Soetjitra saiki kowé déwé loemakoewa menjang Djatisara, oemboel Djatisara taktimbali barenga salakoe-moe”.

Oemboel Soetjitra: „Kawoela noewoen, inggih sandika, panembahan”.

Soetjitra ladjeng pangkat dateng Djatisara, andawoehaken timbalanipoen empoe Sedah; Djagawana sampoen kèrid oemboel Soetjitra katoer ingarsa empoe Sedah.

Empoe Sedah: „É, Djagawana sapa kang woes aminihi wong bisa dadi matjan gadoengan? Jèn kowé ora matoer sawetja temtoe kowé olih wesiasating narèndra kang loewih abot”.

Djagawana: „Kawoela noewoen, panembahan. Ingadjeng abdidalem djagi titijan dalem sang mahapraboe, ingkang nama kjai Barongséta. Ing wantji sirep tijang kjai Barongséta ngandika kados tjaraning manoengsa, makaten, panembahan: „É, oemboel Djagawana, takdeleng roepamoe kaja ngandoe prihatin, mara wetjaa marang akoe, manawa akoe bisa toeloeng marang kowé”. Kawoela matoer: „Menggah ingkang dados prihatosing manah koela kjai, djalaran tanah panggènan koela sakalangkoeng resah awit kajah lampahing doerdjana kètjoe bégal sarta pandoeng kados garimis, poenapa déné tijang bradat radjakaja wonten panggènan boten wonten pedotipoen, mangka koela tilar djagi wonten ngarsanipoen kjai ngantos sawoelan laminipoen, sampoen temtoe para tijang alit sami karisakan sadaja”. Kjai ngandika malih: „É, Djagawana, kowé takwèhi isarat panoelaké lakoening doerdjana, nanging jèn bengi kowé amaliha roepa matjan. La, madjoewa, koepingmoe kang kiwa tèmpeina korining krangkèng takwedjang”. Sasampoening abdidalem dipoen-wedjang éndjingipoen tampi sèrèn, ing saantoe kawoela saking djagi kawoela éstokaken

piwoelangipoen kjai Barongséta, kaleksanan kawoela saanak poetoé saged dados sima gaðoengan, adamel tata-tentreming abdidalem tijang alit awit boten kagoða déning doerdjana, saged bingah anggènipoen gigrija. Kawoela noewoen, panembahan, poenika sakawitipoen abdidalem pikantoek ngèlmi sima gaðoengan. Wondènten sapoenika wonten kañah sima gaðoengan ingkang tansah amangsa tijang, kawoela noewoen, panembahan, abdidalem boten saged matoer”.

Empoe Sedah: „É, Soetjitra lan si Djagawana, kowé paða miloewa akoe loemeboe marang nagara, bakal takoendjoekaké goesti sang apraboe”.

Soetjitra lan Djagawana: „Kawoela noewoen, inggih sandika, panembahan”.

Empoe Sedah lan empoe Tapawangkeng woes toetoeng in nagara, bandjoer sowan ing abjantara naréndra, angoendjoekaké atoer katerangané oemboel Soetjitra lan oemboel Djagawana, kaja kaseboet ing doewoer maoe kabèh.

Sang apraboe ngandika semoe doeka: „É, Sedah, rèhné woes terang doemoenoengé dosa, ana titihaningsoen si Barongséta, marga woes wani anggelaraké adji matjan gaðoengan marang si oemboel Djagawana ing Djatisara, nganti toelar-toemoelar wong akèh bisa dadi matjan gaðoengan, paða mangsa sakèhé manoengsa agawé roesaking kawoelaningsoen tjilik, dadi patoet si Barongséta ingsoen-pidana. É, patih Lemboesoera, si Barongséta wetokna saka nagara sakrangkèngé, dokokna ana satengahé alas Loðaja, karaksa oemboel Djagawana sabekelé kabèh, dina iki oega angkaten sakrangkèngé, lan sadjabané krangkèngé grogolen rangkep kang santosa”.

Patih Lemboesoera: „Kawoela noewoen, goesti, inggih sandika”.

Sang apraboe kondoer angaḍaton, para poenggawa mantri moendoer sowang-sowang.

Katjarita, kjai Barongséta wis didokok ana samadyaning alas Loðaja, nganti toemekané djaman Kalijoga iki, nanging saiki anjeloeman sakrangkèngé wesi, moelané alas Loðaja dadi telenging karaton matjan sanoengsa Djawa.

XIX

BAB GRAHANA (KAWROEH DJAWA)

Saka tjaritané wong djaman koena, nalika kangdjeng nabi Moesa kalamollah, angloeroegi sang hjang Pramèsti Goeroe marang woekir Déwani, ija goenoeng Himalaja kang kaseboet ing Soeralaja, nganti prang gedé, nanging baṭara Goeroe kasoran, awit

kasekténé ora dadi, matemah djengkar aninggal Soeralaja, lolos mangétan sapara déwa kabèh. Nabi Moesa mijosaké adji kemajan maoedjoed peksi dara sèta sadjoðo, kang pangawak oetawa nggawa wisa mandi, kinon angetoetaké lolosé bañara Goeroe lan para déwa sapanané, sarta kinon angoedani wisa, nanging jèn bañara Goeroe toetoeg ing noengswa Djawa, manoeke dara kañawahan bali.

Kotjap bañara Goeroe woes toetoeg ing poelo Djawa, manoeke dara bali, nanging sang hjang Goeroe lan para déwa kabèh nandang kasangsaran, awit kataman déning dajaning wisa kamajan. Lakoené sang hjang Goeroe lan para déwa andjog ing aldaka Lawoe, bandjoer paða lèrèn; sang hjang Goeroe oega kalebon wisa kemajan, nanging doeroeng maleboe sadjroning goewagarba, wisa lagi toetoeg ing gorokan noeli dirogoh kawetokaké ing tenggok, moelané sang hjang Goeroe anandang tjiri tenggoké belang poetih, bandjoer asisilih asma sang hjang Nilakança. Déné para djoewata kang kataman wisa tansah nandang roga; jèn ta kenaa ing pati temtoe leboer toempes tapis tanpa koekoepan.

Amoeng bañara Wisnoe kang kalis déning wisa kemajan.

Sang hjang Nilakança ngandika marang bañara Wisnoe: „É, koeloep Wisnoe, énggal para kadangmoe déwa kabèh, kang kataman ing wisa paða oesadanana. Lah iki, koeloep, oesadané aran tirta Marta takwañahi ing tjoepe manik Astagina, koeloep; kang angombé banjoe iki loepoet ing pati bisa oerip ing salawas-lawasé”.

Katjarita, para déwa woes dioesadani marang bañara Wisnoe paða waloeja kabèh.

Ing wektoené bañara Wisnoe angoesadani para djawata, ana raksasa aran Lemboetjoeloeng anjelamoer minða déwa, djaloek oesada marang bañara Wisnoe, oega diwènèhi, nanging bañara Soerja ora samar jèn kang djaloek oesada ikoe raksasa tjandala njalimoer pinða déwa. Énggal bañara Soerja ndjawil marang bañara Wisnoe: „Kakang Wisnoe, ingkang padoeka soekani oesada poenika waoe, sanès djawata sajektosipoen danawa doesta; énggal kakang padoeka lepasi sandjata tjakra; jèn ngantos toja Marta mrasoek ing angka temtoe boten saged pralaja; menawi baléla sinten ingkang saged anjembadani, mangka agengipoen saprabata siwi”.

Sang hjang bañara Wisnoe sigra mentang langkap anglepasaké sandjata tjakra, kena goeloené sang Lemboetjoeloeng tigas pantjling, karana tirta Marta doeroeng mleboe sadjroning angka, isih ana ing gorokan. Matemah endasé Lemboetjoeloeng bisa mesat angambara marang ing gagana, ikoe oerip tanpa gemboeng saka dajaning tirta Marta, déné gemboengé dadi lesoeng ana ing mretyapada; moenggoeh endas boeta maoe pakarjané tansah

amamangsa soerja lan tjandra. Moelané jèn ana grahana srengéngé oetawa remboelan, ija ikoe dimangsa endasé Lemboetjoeloeng, wong kabèh pađa mbéndrong kotèkan gendong barong, awit lesoeng-lesoeng kabèh ikoe gemboengé sang Lemboetjoeloeng; jèn gemboengé digawé kotèkan, wis temtoe endasé komet lan ngeloe, dadi woeroeng sedyaning endas bakal anjirnakaké srengéngé lan remboelan. Saoepama ora digendongi goné amangsa srengéngé lan remboelan mesti entèk, jèn srengéngé lan remboelan entèk, kang temtoe ngalam donja patjoblong: rina wengi dadi peteng dèdèt alimengan.

XX

PABEN TEMBOENG SRÉKALAN

Katjarita, sang apraboe Adji Djajabaja ing Kaḍiri karsa aman-tjasi prakara para padoe kang srékalan, lenggah wonten ing bangsal pangrawit. Kjai patih wadana djeksa lan para najaka toewin kang goegad-ginoegad wis pađa tjoemaos kabèh.

Sang apraboe ngandika: „É, djaksa, adjokna kang anggoegad lan kang ginoegad, ingsoen arsa miarsa atoeré”.

„Kawoela noewoen, inggih sendika goesti, poenika, goesti, saksi angka satoenggil anama Setjadarma, inggih poenika ingkang darbé goegad, ingkang dipoen-goegad anama Droesta, sami manggèn grija ing doesoen Wanarata”.

Sang nata andangoe: „É, Setjadarma, mara matoera apa kang dadi goegadira?”

„Kawoela noewoen, goesti, ingadjeng abdidalem kawoela sampoen sami rembag kalijan tijang nama poen Droesta, gadahanipoen sabin beran sampoen pinten-pinten taoen boten dipoen-garap bera kémawon, kinten kalih baoe wijaripoen. Ngantos katoewoehan gelagah kambengan toewin kakadjengan sanès-sanèsipoen. Kawoela temboeng badé kawoela garap, awit manawi bera ngantos lami saèstoe saged wangsoel dados wana malih, wangsoelanipoen abdidalem poen Droesta makaten, goesti: „Ija, ḍi Setjadarma, metoewa apa-apa¹⁾ akoe ora ngoetjap angrasani, wis takrilakaké marang kowé, djandji bisa poelih sawah manèh”. Oemboel Soekarma ing Wanarata inggih aneksèni pradjandjijan waoe. Beran ladjeng kawoela garap kalijan rekaos, awit andandosi wanganipoen sampoen risak sadaja; sareng sampoen rampoen panggarap kawoela toemoenten kawoela tanemi pantoen. Wedaling pantoen sakalangkoeng déning lema; sarèhning pantoen sampoen sepoeh badé abdidalem derepaken, nanging Droesta ladjeng anganggrak

1) apa-apa = namaning kakadjengan ingkang alit-alit, oetawi sabarang-barang.

boten soeka kawoela derepaken, dipoenaken pantoenipoen pijambak, awit toewoeh wonten sitinipoen. Ingkang poenika, goesti, abdidalem kawoela njoewoen pangadilan”.

Sang apraboe dangoe marang wong aran Droesta kang ginoegad. Droesta matoer: „Kawoela noewoen, goesti, sakatahing atoe ripoen Setjadarma poenika leres sadaja. Mila kawoela poeroen angang-grak pantoen waoe, awit ingadjeng mawi djandji terang, bilih sabin beran kawoela, ingkang kagarap déning poen Setjadarma, medala apa-apa kawoela boten ngoetjap angraosi, kawoela sampoen lila dateng poen Setjadarma; mangka sapoenika medal pantoen sanès apa-apa, ing saestoe pantoen waoe leres gadahan kawoela, goesti”.

Sang nata legeg sarta ngoengoen ing penggalih, déné ana oewong bisa njarékal padoe, nanging sang apraboe ora kakilapan prakara kang mangkono awit ratoe bina-tara waspada ing pandoem, dadi ora kèwedan goné karsa paring karampoengan.

Woesana sang praboe dawoeh pamantjasing prakara: „É, patih, djaksa lan para najaka, karana si Droesta woes angakoe pari bener dadi doewèké, mesti salah si Setjadarma doewènana pari bener, (tegesé salah ikoe: béngkong). La, saiki pari kang bener, tegesé pari kang nglangak ikoe kadoewé marang si Droesta. Déné pari salah ikoe pari kang béngkong ija pari kang toemoengkoel ikoe darbèké si Setjadarma; mara timbangan, patih, djaksa lan para najaka”.

Atoeré: „Doe, goesti, sampoen kaloehoeran sanget paring dalem karampoengan poenika”.

Sang nata dawoeh: „La, saiki patih lan djaksa tekanana marang blabag pari bandjoer derepna, bawon oetawa srahan noeli pilihana bandjoer tampakna kaja dawoeh karampoenganingsoen ing doewoer maoe; manawa salah sawidji doeroeng narima, mesti ingsoen paringin pidana ana ing aloen-aloeningsoen ing Daha”.

Patih matoer sendika pamt moendoer kabèh. Sang praboe ladjeng angadaton.

Kotjap lakoené kjai patih lan kjai djaksa woes toemeka ing désa Wanarata bandjoer anderepaké pari kang dadi prakara. Saoewisé rampoeng goné andederepaké bandjoer dibawoni, olèhé srahan noeli dipilihi, kang bener oetawa kang béngkong ija didèwèk-dèwèkaké, pari kang bener ikoe gaboeg, déné pari kang béngkong ikoe pari kang toemoengkoel ikoe pari mentes, tegesé isi beras. Sawisé rampoeng goné milih pari kang bener ditampakaké si Droesta, pari kang béngkong ditampakaké marang Setjadarma.

Kabèh wong désa kono pada angalembana kawitjaksanané sang apraboe Adji Djajabaja ing Ka-diri, njata jèn titisé sang hyang batara Wisnoe, awit adil.

XXI

DONGÈNGIPOEN DALANG RINGGIT POERWA DIPOEN-TANGGAP ING LELEMBAT

Djaman roemijin wonten dalang ringgit poerwa nama Gandawignja, gigrija ing kita Salatiga, pantjen sampoén kondang kapinteranipoén andalang, karana ingadjeng kawoelang kangdjeng pangéran Arja Koesoemadilaga, ing nagari Soerakarta adiningrat.

Ing satoenggiling dinten ketamoean lelembat aménda djalma, datengipoén kabagèkaken déning dalang Ganda: „É, bagoes, poenapa sampéjan wiloedjeng, sarta poenapa ingkang dados wigatos sampéjan”?

„Noewoen, kjai, saking pangèstoe sampéjan wiloedjeng. Menggah sowan koela ing sampéjan poenika, koela dipoen-kèngkèn loerah koela nama kjai Bangsadarma, petinggi doesoen Tjandidoekoeh bawah ing Bahrawa, manawi sampéjan dangan dipoen-atoeri angringgit dateng grijanipoén loerah koela kalih dinten kalih daloe. Déné wigatosipoén sidekah merti doesoen, béndjing dinten Setoe Paing doemoginipoén Akat Pon, tanggal kaping 14-15, woelan Besar ngadjeng poenika”.

„Inggihi dangan koela, sadèrèk, awit boten wonten ingkang nanggap dateng koela. Lah, ringgit toewin gamelan kadospoendi pambektanipoén, awit langkoeng tebih saking ngriki?”

„O, kjai, boten soesah bekta saking ngriki, awit loerah koela sampoén gadah pijambak, ringgit poerwa sakotak, poenapa malih gamelan inggihi sampoén gadah kalih rantjak, saléndro kalijan pélog. Lah, sapoenika koela ngatoeri pandjer kalih ringgit”.

„Inggihi, sadèrèk, koela tampèni, lan malih béndjing dinten Djoemoewah Legi éndjing koela neda peñoekan kapal toempakan kalih”.

„Bab toempakan sampoén koewatos, nanging koela badé ngatoeri jatra paséwaning kapal kémawon saking Salatiga ngriki doemoegi kreteg Toentang; ing Toentang koela peñoek baita kakalih ingkang ageng; saking Toentang sampéjan noempak baita ngantos doemoegi doesoen Tjandidoekoeh. Ing sapoenika sampéjan koela atoeri ingkang minangka paséwaning kapal kalih ringgit, ing dinten Djoemoewah koela meñoek wonten ing kreteg Toentang”.

„Inggihi, sadèrèk, sanget panarimah koela, koela bekta kantja nijaga sanga”.

„É, mèh soepé Tjandidoekoeh poenika tebih tijang sadé tjandoe; béndjing menawi kjai pangkat koela atoeri bekta saking ngriki”.

Dalang Ganda witjanten: „Jèn mekaten tjadong koela tjandoe

kalih dinten koela teḍa sapoenika, déné taḍah koela sadinten sadaloe saringgit dados kalih ringgit".

„Inggi, kjai, sapoenika sampéjan koela atoeri kalih ringgit. Sarèhning sampoen terang koela sampéjan lilani moendoer".

„Inggi, saḍèrèk, koela anjangoni willoedjeng kémawon".

„Inggi, kjai".

Sareng sampoen doemoegi ing dinten Djoemoewah Legi, ḍalang Gandawignja sakantjanipoen nijaga sanga pangkat saking Salatiga; sareng doemoegi ing Toentang peṭoekan baita sampoen ḍateng, ḍalang Ganda sakantjanipoen ladjeng noempak baita lampahipoen moedik kalijan abingah-bingah.

Boten katjarijos lampahipoen wonten ing rawa, sampoen doemoegi ing doesoen Tjandidoekoeh, nanging sajektosipoen sanès doesoen Tjandidoekoeh, inggi poenika ingkang winastan Pening. Sareng ḍalang Ganda sampoen mentas ḍateng ḍarat aningali doesoen ageng kados nagari, grija-grija langkoeng kaṭah babandjengan atarik-tarik; déné radinan katingal wijar bawéra kentjeng resik, tataning tijang gigrija angadjengaken radinan sarta ingadjeng mawi sekè-tèng sadaja, tengahing doesoen mawi aloen-aloen sarta kataneman waringin koeroeng djèdjèr kalih, ing tepining aloen-aloen oegi kataneman waringin atarik-tarik sami agengipoen. Ladjeng katingal grija ageng-ageng djèdjèr titiga, pendapi, pringgitan sarta grija wingking toewin gedang selirang, gandok. Saking aloen-aloen loemebetipoen mawi kori ageng kadjagi tijang kaṭah.

Kotjap, ḍalang Gandawignja sakantjanipoen malebet ing kori ageng ladjeng ngambah palataran wijar doemoegi ing pendapi. Kjai Bangsadarma saweg linggi ing pendapi dipoen-aḍep para panekaripoen kaṭah, soemerep ḍalang Ganda ḍateng, énggal angawé-awé ngoendang kapoerih njelak.

„Koela noewoen, kjai loerah, pasang aliman tabé, linepatna saroe sikoening lampah koela, moegi aparinga ing pangaksama".

„Inggi, kang Ganda, sami-sami kémawon, koela asoeke pam-bagé ḍateng kang Ganda sakantja sampéjan sadaja, poenapa sami rahardja?"

„O, inggi, kjai loerah, saking pangèstoe sampéjan sami rahajoe".

„Mila kang Ganda koela poerih ngringgit kalih dinten kalih daloe, awit koela sakantja baḍé siḍekah merti doesoen. Mangké daloe koela neḍa lampahan wiwaha, awit koela remen nalika Ardjoena bantah kalih resi Padya. Lah, béndjing sonten koela neḍa lampahan Bratajoeda nalika sang praboe Salya nata ing Mandraka ngadeg sénapati ngalaga ing Koerawa".

„Noen inggi, kjai loerah".

„Kang Ganda sakantja sampéjan, sarèhné sajah sampéjan ngaso wonten grija pisang salirang, dados mangké sonten boten rekaos".

„Inggih, kjai loerah, sakalangkoeng sanget panoewoen bingah ing manah koela”.

Kotjap, dalang Ganda lèrèh pondokan tamoe ingkang kawastanan pisang salirang, ingrikoe sampoen kagelaran baboet prangwadani saking soetra diwangga, toewin bantal-bantal inggih sampoen kasedijanan, sarta gandanipoen amrik aroem angambar. Boten dangoe ing pamboedja medal wédang lan panganan awarniwarni, déné piringipoen sadaja kantjana poenapa déné talam pata-dahan inggih kantjana tinarètès sosotya. Jèn katingalan tjahjanipoen moeroeb amadangi ing gedang salirang. Dalang Ganda andjenger aningali rarampadan ingkang éndah warninipoen, ladjeng witjanten dateng kantjanipoen djoeroe pangendang nama Tjremakarja: „É, Tjremakarja, iki panggonan doedoe soewadiné; akoe iki nalika ngabdi ana Koesoemadilagan Soerakarta, mèh saban dina akoe ndèrèk kangdjeng pangéran maleboe marang kadaton, nanging ora mengkono pirantiné, piring ija piring blaka, Ingkang Sinoehoen ora kagoengan kang mengkono roepané bekakas. Kang katjarita kadatoné kangdjeng njai ratoe sagara Kidol kaseboet ing babad Mataram, bekakasé mengkono roepané; wis temtoe iki nagara pangalapan, moelané kowé kang prajitna lan adja pisan doewé kamélikan apa-apa; jèn atimoe soektji mesti rahardja”.

Toemoenten goemantos segah warni sekoel oelam sapanoenggilanipoen, pirantospoen boten sanès kalijan ingadjeng. Ingkang angladosi angidjabaken: „Poenika, kjai, sampéjan dipoen-atoeri dahar sawontenipoen”.

„É, inggih sakalangkoeng panoewoen koela”. Dalang sakantjanipoen ladjeng sami neđa sarta anggènipoen neđa sakalangkoeng déning miraos.

Kotjap, sampoen wantji serap soerja, dalang Ganda sanijaganipoen sampoen madjeng dateng pendapi, anata gamelan saléndro toewin ringgit ingkang badé kanggé, dalang Ganda sakamantyan gawoking manah, déné angoengkoeli gamelan kraton; menggah oedjoeding ringgit sadaja gegelipoen emas mawi kapatik ing sosotya barlijan, poenapa malih ringgit-ringgit para ratoe sinoekarta sosotya sadaja, tangsoeling gapit kawat kantjana, déné gapitipoen sadaja saking salaka. Ringgit ladjeng kapanggoeng kados adat badé kadamel angringgit. Déné dalang anggènipoen anata ringgit toewin gamelan wonten ing grija paringgitan, ing pandapi sampoen kebak tijang djaler ingkang djagong, sadjak penganggènipoen tijang djaler èstri kados prijantoe ing nagari Soerakarta, inggih sami ngabotohan warni-warni, kadosta: kasoe-kan gitikan (kertoe gangsal), tjeki, pèi, setoeteran, salikoeran. Saenggèn-enggèn wonten tijang ngabotohan, sampoen kados

pabrik genḍis ingkang nembé baḍé giling rosanipoen. Déné grija ing wingking kebak sami lenggah ḍépokan, geloengipoen gonḍèl sami tjoenḍoek djoengkat tanggalan kang katrètès sosotya, sengkangipoen blosokan ingkang katrètès ing barlijan, mawi kembenan, déné rasoekan warni kalih, ingkang kaṭah takwa toewin kebajak tjekak kados ingkang kanggé djaman Kalijoga poenika.

Kotjap, ḍalang asasmita taloe, sasampoening taloe ladjeng djedjer, ingkang minangka djedjer ratoening raksasa adjoedjoeloek praboe Niwatakawatja, ing nagari Imantaka. Sareng wantji baḍé tengah daloe ḍalang amedalaken sang hyang Pramèṣṭi Goeroe, sadaja tijang ingkang aningali angobong menjan, awit sadaja ingkang aningali sami ambekta latoe merang poenapa déné ing pendapi toewin ing grija wingking inggih angobong doepa, koesipoen koemeloen kados ampak-ampak oetawi peḍoet, saged anjoeremaken oeroebing dilah kaṭah. Boten kagantjaraken lalam-pahaning anggènipoen angringgit awit para maos sampoen temtoe njoemerepi. Katjarijos anggènipoen ngringgit ḍalang Ganda sampoen doemoegi kalih dinten kalih daloe, sasampoening pragat pangringgitipoen ḍalang Ganda neḍa pamit mantoek sakantjanipoen.

Kjai Bangsadarma: „Inggih, kang Ganda, sanget ing panarimah koela awit anggèn sampéjan ngringgit andamel soeka bingahing kadang warga koela sadaja; déné anggèn sampéjan angringgit kalih dinten kalih daloe koela atoei kawan dasa ringgit, sarta sampéjan koela bektani koenir sakedik kinarja oesada paḍaran moeles, sanadyan sakit sanèsipoen kénging kadamel sarana; poenapa malih koela meling salebeting sampéjan wonten baita sampoen ngantos anjeboet asmaning Pangéran, poenika awisanipoen lèpèn Toentang, jèn katerak asring manggih babaja”.

„Noen inggih, kjai loerah, baḍé koela éstokaken; manawi sampoen terang dawoeh sampéjan, kjai loerah, koela njoewoen moen-doer sakantja sadaja”.

„Inggih kang Ganda, koela asoeka wilodjeng sadajanipoen”.

Sareng ḍalang Ganda sampoen doemoegi sadjawining kori, pitakèn kalih pangendang: „É, Tjremakarja, koenir maoe kowé apa ora lali?”

„Boten, kang, poenika koela beкта”.

„Soekoer, di, sanadyan ing Salatiga ora koerang koenir, aèngé déné pawèwèhé kjai petinggi, takkira geḍé paḍahé. Lah, Tjrema, kang separo takgawané, kang separo gawanen”.

Ladjeng kaboentel sapoetangan gembaja katangsoelan ladjeng dipoen-saboekaken kentjeng, Tjrema inggih mekaten.

Sadoemoeginipoen ing babagan ḍalang Ganda toewin sakantjanipoen sami noempak baita kados nalika pangkatipoen; lampahing

baita milir para nijaga sami asoeke bingah-bingah awit badé pikantoeke pandoe man jatra kajah. Sareng doemoegi sanginggiling kreteg Toentang, dalang Ganda teka kasoepèn welingipoen kjai Bangsadarma, doemadakan anjeboet asmaning Pangéran: „É, kantja, koewasaning goesti Allah ikoe ora kena tjinakrabawa”. Witjantenipoen saweg doemoegi samanten, baita kakalih sareng kèremipoen ladjeng moesna kalijan tijang ingkang melahi, déné tijang ingkang noempak sami pating krambang. Tjremakarja sakantjanipoen anoeloengi dalang Ganda, ladjeng kaentasaken dateng darat, sanèsipoen sampoen mentas sadaja, awit sami baot anglangi, sami lèrèh wonten sapinggiring lèpèn.

Dalang Ganda witjanten: „É, kantjakoe kabèh, adja ana kang ngresoela oetawa kedoewoeng lalakon iki, karana kaja ana sadjroning pangimpèn. Lah, saiki akoe moedeng jèn kang nanggap iki pantjèn lelemboet kang pada makajangan oemboel Pening, déné loerahé lelemboet ora kjai Bangsadarma, kang bener djeneng kjai Sarpabangsa aroepa taksaka naga. Sanadyan ikoe demit atiné betjik lan ambeg oetama. Mara, Tjrema, doewit kang kogémbol apa ora katjemploeng ing banjoe?”

Pangendang kalih pangrebab angedalaken jatra ingkang dipoen-gémbol ladjeng kapétang taksih djangkep kawan dasa ringgit.

„O, soekoer-soekoer déné ana kang ginawé sangoe moelih, nanging wetengkoe kok moeles takkira gonkoe kekoem ing banjoe maoe, mara taktjobané mamah koenir paringané kjai petinggi. Ladjang dipoen-oetjoeli saking saptangan; sareng dipoen-waspaosaken amalih warni kantjana. Ingkang kabekta Tjremakarja énggal katingalan inggih dados emas, para nijaga abingah-bingah sadaja.

Dalang Ganda witjanten: „Iki barang jèn wis toetoeg ingomah baé didol kabèh, sapira pajoené didoem warata; wis, ajo pada noeli moelih moempoeng isih rada awan”.

„Soemangga soewawi, kjai”.

Katjarijos, saantoekipoen ngringgit saking rawa Pening, dalang Ganda ladjeng nandang sakit maripatipoen ngantos dados woeta. Sanadyan sampoen woeta boten soeda ingkang ananggap, karana prigel wasis panjepengipoen ringgit taksih kados nalika awasipoen, nanging sareng woeta wonten ingkang angladosi amendet ringgit ingkang badé kawedalaken. Malah ing tjarijos pedjahipoen kjai dalang Gandawignja boten mawi sakit ing satengahing ngringgit wonten doesoén Dadapajam distrik Salatiga.

XXII

PEPANGGIHAN LAN MITRA LAMI

Katjarijos, kala sapengkeripoen radèn mas Rijanta, radèn ajoe Nataséwaja ladjeng oetoesan ngoepadosi ing salebeting kita ing poendi adat pasabanipoen radèn mas Rijanta, dipoen-padosi sadaja pinanggih sepen. Sawenèhing djoeroe-pétang tjarijos, jèn poeroegipoen radèn mas Rijanta ngalèr ngilèn. Radèn ajoe inggih ladjeng njebar titijang dinawoehan anglatjak poeroegipoen radèn mas Rijanta, ananging sadaja sami boten angsal damel. Sareng sampoen watawis satengah woelan, radèn ajoe ladjeng ènet dateng mitranipoen swargi ingkang raka, ingkang anama dipati Pramajoga, inggih poenika ingkang rama radèn adjeng Srimi ing Taman-sari. Radèn ajoe ladjeng oetoesan animbali mawi kapetoek ing karéta, dipati Pramajoga sagarwa poetra ladjeng sami sowan.

Kala samanten amarengi ing wantji sonten, radèn ajoe Nataséwaja pinarak ing dalem gadri wétan, dipati Pramajoga sagarwa poetra sampoen sami dateng. Radèn ajoe dipati toewin poetra kakalih teroes marak ingarsanipoen radèn ajoe, sang dipati lenggah wonten ing pandapi, boten dangoe toemoenten katimbangan malebet. Radèn ajoe Nataséwaja katingal soeka pirenaning galih angkatjarani tamoenipoen, ingrikoe ladjeng satata lenggah, radèn adjeng Marsam angadep tjelak radèn adjeng Srimi toewin radèn adjeng Nèstri, ingandap para abdi emban paranjai toewin abdi pandèrèk. Sasampoening bagja-binagja radèn ajoe Nataséwaja ladjeng angandika:

„Kakang, anané saliramoe sakaloron dak-atoeri mréné, kadjaba akoe kangen, ija ana perloené satitik”.

Radèn ajoe Pramajoga soemamboeng: „Goesti, adalem inggih sanget kangen, watawis dèrèng dangoe adalem inggih mentas raosan kalijan poen kakang, badé sowan mriki, ananging sareng badé mangkat ladjeng boten èstoe, amargi poen kakang angot napasipoen”.

Kjai Pramajoga poenika kagoengan sakit napas, ananging saka-langkoeng tjoetjoet; jèn ngandika anggoemoedjengaken, ladjeng soemamboeng kalajan watoek-watoek, tanganipoen ingkang kiwa asedowewa, ingkang tengen anjandak ketjohan: „Oeh, oeh, oeh, o, goesti, adalem menika waoe, rak pantjèn dèrèng saged sowan, hem, saking menapa, napas tansah ngangsoer, mila inggih, hem, hem, oeh, oeh.”

Inggih raji anolèh ladjeng angandika: „Hara, paké kingko rak pidjer gowak-gowèk baé”.

Radèn ajoe soemamboeng: „Karebèn ta, bakjoe, kaprijé hla wong lagi mangsané watoek, dikapakké. Apa saliramoe karsa

ngoendjoek pokak, ta, kakang, karebèn rada anget. Kaé, Sam”.

Radèn adjeng Sam sampoen anggraita énggal angengakaken lemari, ladjeng angedalaken plentoeuk toewin gelas, noenten loe-mados, gelas sampoen dipoen-ilingi, poenapa déné wédang toewin daharan.

Kjai Pramajoga katingal rahap, ladjeng anjandak gelas kalajan witjanten: „Hla, gilo iboené, iki apa ora prasasat kaja praboe Baladéwa, kalané arep njirnakaké moengsoeh kadang déwé”.

Radèn ajoe Nataséwaja andangoe: „Sapa kakang?”

Wangsoelanipoen: „Anoe, goesti, sang arja Wresniwira menika, ta, jèn lampahan alap-alapan Setyaboma; wah, poenika adalem remen pijambak, goesti, amargi praboe Baladéwa inggih mawi ngoendjoek”.

Gelas ladjeng kaoendjoek, pangandikanipoen: „Tobat tobat iboené, njamlengé pokak iki, boboté lagi entèk sagelas, pangrasakoe kok wis kaja sang kapiswara Anoman, kalané dinoeta sang praboe Rama njang Ngallengka”.

Ingang garwa amangsoeli: „O, nèk kaja Anoman doeta isih kenomen, pakné”.

Pangandikanipoen kjai dipati: „Hla apa kaja praboe Soegriwa, oetawa Soebali kalané mikoet moengsoeh ing goewa Kiskenda?”

Wangsoelanipoen: „O, ija isih kebregasen, pakné”.

Pangandikanipoen kjai Pramajoga: „Hla kaja sapa, kabèh-kabèh kok doeroeng mèmper”.

Wangsoelanipoen: „Nèk patoeté kaja kapi Djembawan”.

Ingang raka mèsèm angandika: „É hla, koerang adjar kowé koewi, katik ana bregasé kaja ngéné dipadakké ketèk bangkok baé”.

Radèn ajoe Nataséwaja sanget karenan mirengaken anggènipoen goegoedjengan kjai dipati kalijan ingkang garwa, ladjeng ngandika:

„Koewi Sam, gelasé edjogana manèh. Moela anoe, bakjoe, nèk soewé ora ketemoe ki sok dak-arep-arep karo dak-semantakaké, kok kakang dipati ki soewé temen ora réné-réné, awit sing dak-kangeni ija nèk tjarita wajang ngono koewi”.

Radèn adjeng Sam angilingi gelas, radèn ajoe tansah angandika: „Hla, rak ja ngono, mengko oewakmoe rak bandjoer soeloek”.

Kjai Pramajoga ngandika: „O, bendara adjeng ki ora meningi swargi bijèn. O, pijé ta, iboené, bijèn swargi kangdjeng pangéran koewi ija ngono, nèk akoe sowan, diadjak lenggahan ing gedong panjeratan, ija karo keng garwa iki, mandak goestimoe ki ija karsa ngladèni pijambak. Kangdjeng ngasta gendèr, akoe sing soeloek, wah, hla koewi goebjes nganti ketoeg wengi, terkadang nganti teka bjar ésoek, awit dèk samana kraton ija lagi wiwit-wiwité

angoedi woewoehing gending lagoening soeloek-soeloek, pakem-pakem sarta betjiking jajasan wajang, mangka para loehoer wis ora ana sing ngoengkoeli sagedé kaja swargi, tingarah apa sing diasta amesti betjik, akoe nèk ngrasakaké sok nganti djoegeg é èh, goesti ki menjang samoebarang kok sarwa moempoeni, déné enggonkoe kasijan bijèn marga saka dèmenkoe soeloek”.

Ingang garwa anjelani: „Pagénéja kowé saiki wis mari dèmen soeloek?”

Wangsoelanipoen: „O, keprijé enggonkoe isih dèmen soeloek, hla wong kadjaba swara wis baléro saiki kabèh mitra-mitrakoe sing dèmen wajang wis ora ana, saiki ja kaé ija isih ana sidji loro, nanging ora kaja dèk isih swargi, moela bareng swargi ngontjati, pet, sapréne mari toekkoe dèmen gendang-gendingan”.

Radèn ajoe Nataséwaja angandika: „Dak-sawang saliramoe kok rada soesoet, koewi apa pantjèn mentas gerah, apa ija moeng saka watoek baé?”

Wangsoelanipoen: „Anoe, goesti, adalem poenika pantjèn inggih gadah sakit napas, nanging rekaosipoen boten kados samangké, djalaran radi kasok, saweg antawisipoen satengah woelan poenika”.

Ingang raji namboengi: „Anoe kok, goesti, kasok anggènipoen mentas tandang grija kabesmèn, toer mèh katjilakan”.

„Katjilakan keprijé, bakjoe?”

Atoeripoen: „É hla, goesti ki rak doeroeng priksa, anoe, goesti, adalem menika rak mentas kètjalan anak”.

„O, o, sapa bakjoe, dèng ilang?”

„Inggih poen gendoeq menika”. Makaten kalajan anolèh ingkang poetra. Radèn adjeng Sрни mèsè sarwi toemoengkoel. „Wah toblas, goesti, manah koela menika rak ngantos boten kanten-kantenan”.

„Koewi dèk apa ta?”

„Wangsoelanipoen: „Menika ta, goesti, kala wonten koemiði ing aloen-aloen kabesmèn menika. O, toblas, kados poendi ta, goesti, sareng dilah andjeblos, latoe ngalad-alad, wah, polahing titjang menika rak ngantos salang toendjang boten kanten-kantenan”.

Radèn ajoe andangoe: „Sabandjoéré keprijé?”

„Inggih menika, sareng poen kakang toewin adalem sampoen medal, ingrikoe poen kakang badé noeloengi titjang sagedipoen énggal medal, poen gendoeq anggandoeqi, nanging ladjeng pisah, amargi kesoek ing titjang kajah, temah ladjeng ketilapan, amoeng kémawon rahajoenipoen, goesti, ladjeng wonten ingkang welas, wonten tijang nènèman satoenggal anganti pijambakipoen, ladjeng

kabekta medal saking ing aloen-aloen. Èh, tobat, soedjoené kok ora ketjepit-tjepit ngoewong”.

Radèn ajoe Nataséwaja ladjeng mèsèm andangoe dateng radèn adjeng Srimi: „Ija Sri?”

Radèn adjeng namoeng mèsèm kémawon, radèn ajoe ngandika: „Saiki saja gedé kok saja kétok ajoené Srimi koewi, ambok ija diombé wédang koewi ta, Sri. Koewi ta, bakjoe, wédangé koewi karo daharané disambi karo toetoezna dongèngé Srimi. Sam, kaé, Sam”.

„Koela”.

„Kaé djoepoekna krokèt nglodong doewoer médja kaé, oewak-moe rak karsa. Kepriyé, bakjoe, sapa djaré wong sing noeloengi maoe?”

Radèn ajoe Pramajoga angladjengaken tjarijos: „O, tijang boten kantenan kok, goesti, saking tjarijosipoen poen gendœk: sareng doemoegi ing romah makan Kreteg-gantoeng, poen gendœk ladjeng dipoen-adjak kèndel sakedap; sareng poen gendœk mireng salomprèting karéta ingkang dalem toempaki langkoeng ingrikoe, gendœk medal ladjeng ngoewoeh mandeg; sasampoening karéta mandeg, gendœk énggal narantjag, adalam sanget kagèt, margi boten nginten jèn gendœk, toer ladjeng ngroengkepi kalajan nangis. Wah, menika kados poenapa kémawon tjoemeplonging manah koela. Idjab rasa kaja dak-oental-oental mana. Ingrikoe ladjeng dalem bekta mantoek”.

Radèn ajoe andangoe: „Apa sadjroné babarengan maoe ora takon-tinakon djeneng lan omahé, Sri?”

Wangsoelanipoen radèn adjeng kalajan anjembah: „Boten”.

Radèn ajoe andangoe: „Sing nemoe kowé koewi wong lanang apa wong wédok, Sri?”

Atoeripoen radèn adjeng: „Tijang djaler”.

„Isih enom apa wis toewa?”

„Sampoen sepoeh”.

Ingkang iboe soemamboeng: „Hlo, saiki wis malih toewa, djaré isih enom, bagoes perak-ati”.

Radèn adjeng ambekoeh ririh: „Ah, siboe ki kok, sing kanda isih enom ki sapa?”

Sareng radèn adjeng matoer makaten sadaja sami goemoe-djeng, amargi radèn adjeng katingal kekah kawelèhaken ingkang iboe; radèn adjeng Srimi ladjeng katingan katjipoehan, sarta sanget ing lingsemipoen, kalajan matoer: „Sampoen sepoeh, goesti”.

Radèn ajoe mèsèm angandika: „Ah, apa ija, hem, énggané akoe dadi djedjaka nemoe wong ajoe kaja Srimi ngono, é, bandjoer dak-gondol moelih baé”.

Sadaja sami ger-geran goedjengipoen, awit kadjawi seneng

anggenipoen anggegarapi, radèn ajoe oegi seneng angraosaken lalampahanipoen radèn adjeng Srini, poenapa malih resepipoen ningali dateng warninipoen, amargi sasolah bawanipoen radèn adjeng sarwa pantes aprak-ati, sanadyan sasaming èstri sadaja gadah kepéngin, ningali warninipoen radèn adjeng.

Radèn ajoe Nataséwaja ladjeng angoenandika: „Dadi lalakonkoe ki paða lalakoné bakjoe, saliramoe rak ija wis mireng warta loengané Rijanta, ta, bakjoe?”

Atoeripoen: „Késah kados poendi?”

„I, ngamplah anéa, ana wong sak-omah sasat kepatèn ngéné kok bakjoe ki dadak tamboeh”.

„Hlo, kados poendi, ta, goesti?”

„Anakmoe Rijanta rak wis nembelas dina iki loenga ora pamiit”.

Sanalika kjai dipati sakalijan andjalenger, sang dipati ladjeng matoer: „Eloeh, dados dara mas késah, kok anèh ta”.

Radèn ajoe ngandika asemoe soentroet: „Moela ija koewi, kakang, keprijé gèk toekkoe ora ngenes, ngatasé anak moeng sidji til, teka téga ninggal wong toewa. Déné enggonkoe anggolèki wis ngentèkaké nalar”.

Kjai dipati ngantos andjegreg, ladjeng matoer: „Boten ta, goesti, prajogi kasabarna roemijin, boten-botenipoen jèn boten kondoer, namoeng kémawon kados poendi boeboekanipoen, déné poetra dalem ngantos makaten?”

Radèn ajoe ngandika: „Sakawit ija sarèhning anakmoe koewi wis diwasa, hla wong saka pétoengkoe, anakmoe koewi wis oemoer selikoer mlakoe iki, ta, kakang, moela saka karepkoe dakpoerih omah-omah, soepaja adja doewé karep embjang-embjangan. Koewi ora, kakang, kadjaba ora manoet ing remboegkoe, rina wengi malah ora taoe saba omah, déné toekkoe toetoer koewi ija sarana aloes, awit botjah wis gedé, koewi ora, mandak saja andaloeja; gèk keprijé toekkoe ora pegel, saka pegeling atikoe, bandjoer dak-etog pisan ora dak-aroeh-aroehi, karepkoe soepaja noeli andoewèni kèndak; apa ana, mandak saja loenga tanpa pamiit. Ora liwat, kakang, akoe njoewoen pitoeloengmoe, kaprijé anakmoe bisané toemoeli moelih, akoe wis pasrah saliramoe”.

Atoeripoen kjai dipati: „Inggihi goesti, sasaged-saged inggihi kalajan koela èsti, toemoentena saged pinanggihi poetra dalem, namoeng saking panjoewoen koela, moegi panggalih dalem ingkang lega legawa, sampoen soemelang sarta sampoen anggalih ingkang boten-boten; bilih katarimah panoewoen koela, bokmanawi boten dangoe poetra dalem noenten saged pinanggihi”.

Kala samanten kjai Pramajoga sakalijan ladjeng sami pamitan, sampoen rinilan, namoeng radèn adjeng Srini kalijan radèn adjeng Nèstri katjandèt ing radèn ajoe, soepados kantoen wonten ingrikoe.

XXIII

PAMILOETA

Éndjingipoen kinten-kinten djam 7, ing grijanipoen Radèn Rara Soebijah sampoen resik sadaja. Radèn Rara Soebijah oegi sampoen manganggé: kebajak petak soelaman, sindjang parang-roesak klitik, agelang djené oelan-olan, akaloeng ranté djené alit. Tjah-janipoen saja mindak soemoenoe. Ing pawon para réntjang riboet olah-olah, awit badé wonten tamoe saking kiṭa. Ing pandapa sampoen katata, médja-koersi sampoen dipoen-tata saé. Boten antawis dangoe kinten-kinten wantji djam sadasa kepireng soe-waraning dokar kratak-kratak noedjoe mrikoe. Sareng sampoen doemoegi sangadjenging grija, dokar ladjeng mandeg greg. Ingkang noempaki tijang kalih. Sasampoenipoen mandap lan mbajar épahing dokar, tijang kekalih waoe ladjeng loemebet ing pakawis-ning grija.

Sinten ta poenika? Lah inggih poenika Radèn Kartaoebaja, kairingaken poenakawan satoenggal.

Radèn Rara Soebijah, bapa lan iboenipoen oegi ladjeng meṭoek-aken tamoenipoen waoe.

„Koela noewoen”, atoeipoen Radèn Kartaoebaja.

„Mangga”, wangsoelanipoen Radèn Hardjawasita.

Radèn Kartaoebaja ladjeng loemebet ing pendapa linggih ing koersi, makaten oegi Radèn Hardjawasita, namoeng Radèn Rara Soebijah linggihipoen wonten ingandap, nggelar gelaran. Déné iboenipoen boten toemoet manggihi, teroes loemebet ing grija preloe ngrakit pasegah ing wingking.

„Poekoel pinten tindakipoen saking kiṭa?” pitakènipoen Radèn Hardjawasita.

„Poekoel satengah sanga”, wangsoelanipoen Radèn Kartaoebaja.

— „Rak sami wilodjeng ta?”

— „Inggih, pangèstoenipoen, kera-kera”.

— „Kok boten kalijan ingkang raji?”

— „Boten, bapak, tijang sampoen koela pegat”.

— „Elo, lah kénging poenapa?”

— „Tijang pantjèn boten kénging dipoen-ingah. Oepami koela teroes-teroesaken, koela mesti badé doemawah ing kasangsaran ageng”.

Ingrikoe Radèn Kartaoebaja ladjeng ndongèngaken lelampahan bab anggènipoen rabi énggal poenika, awoning bodjo dipoen-wedaraken sadaja, boten wonten ingkang kelangkoengan.

Bapakipoen Radèn Rara Soebijah mirengaken dongèngipoen waoe tansah mantoek-mantoek, ing batos njoekoeraken, nanging

lairipoen kados béla soesah, ngatingalaken anggènipoen toemoet prihatos, ladjeng witjanten: „Boten dados poenapa, sampoen limrahipoen kawoela poenika kedah kémawon manggih lelampahan”.

— „Inggi, bapak. Nanging boten kados koela, dados tijang namoeng tansah dipoen-roeboeng ing pakèwed, margi saking lepat koela pijambak”.

— „Lah, poenika badé saé kadadosanipoen. Sampéjan sapoenika sampoen nggalih makaten poenika, bokmanawi mangké ladjeng saged mantoeni anggèn sampéjan gadah tindak kados ingkang sampoen”.

— „Inggi, bapak. Saking panoewoen koela oegi makaten. Sageda koela mantoeni anggèn koela njlèwèng waoe, awit sapoenika koela sampoen kraos, kados pikantoe sapoedèndaning Pangéran ingkang maha koewasa”.

— „Inggi, soekoer manawi makaten”.

Boten antawis dangoe wédang sapatjitanipoen warni-warni kawedalaken. Sareng sampoen katata, Radèn Hardjawasita ladjeng ngatjarani: „Mangga poenika wédangipoen, dipoen-oendjoek”.

— „Inggi, bapak”.

Ingrikoe ladjeng sami ngombé wédang. Sareng sampoen sawatawis dangoe, sinambi rembagan awarni-warni, Radèn Kartaoebaja ladjeng ngatoeraken sedyanipoen, atoeripoen: „Bapak, sowan koela mriki poenika, ingkang sapisan sowan toewi kasoegenganipoen bapak toewin iboe, poenapa-déné ingkang poetra dèk Soebijah. Kaping kalih inggi poenika, koela badé ngatoeraken kasangsaran koela salaminipoen dipoen-tilar ingkang poetra, margi anggèn koela ndoeroesi kamoerkaning manah koela. Sapoenika raosing manah koela kadosdéné dipoen-djoewing-djoewing”.

Kasangsaran koela poenika bokmanawi boten badé saged mantoen, manawi ingkang poetra boten welas dateng koela, inggi poenika manawi adèk Soebijah boten poeroen koela bojong malih. Pramila saking panjoewoen koela, moegi ingkang poetra poeroena koela adjak mantoek dateng Karanganyar malih, dadosa pamepesing hawa-kanepson koela. O, bapak, koela sapoenika sampoen tobat, boten badé nglampahi kados ingkang sampoen-sampoen”.

Wangsoelanipoen Radèn Hardjawasita: „Lah inggi ta; pangan-dika sampéjan ingkang makaten poenika damel bingahing manah koela. Kalih déné, sanadjan boten mekaten, inggi boten dados poenapa, awit tijang djaler poenika mila sampoen limrahipoen. Sajektosipoen tijang djaler awis sanget ingkang saged nanggolangi kanepson poenika. Sapoenika sampéjan sampoen tobat, dados sampoen kapok, awit sampoen ngraosaken kadospoendi

kasangersaranipoen tijang ingkang tansah noeroeti kamoerkaning manah".

— „Bapak, koela prasetya. Oepami ingkang poetra sampoen koela bojongi malih, woesana koela ladjeng nglampahi makaten, moegi koela sampoen ngantos angsal barkahing Pangéran, manggiha bebendoe ingkang ageng".

— „Ah, sampoen makaten. Pangandika sampéjan poenika dipoen-dasarana panoewoen kémawon, boten kénging tijang poenika ngroemijini karsaning Pangéran. Prekawis poenika, saestoenipoen goemantoeng dateng ingkang raji pijambak, koela boten saged meksa oetawi mestèkaken poeroenipoen kang raji dipoen-bojongi. Sapoenika koela atoeri ngandika pijambak kémawon dateng ingkang raji, tijang larénipoen inggih wonten".

„Dèk!" witjantenipoen Radèn Kartaoebaja dateng Radèn Rara Soebijah. „Adèk rak tansah ngroengokaké ta, sasoewéné akoe matoer marang bapak. Soerasaning atoerkoe kabèh iki maoe, kaprijé moenggoeh saka pamikirmoe? O, dèk, sasoewéné akoe bebodjoan anjar iki, rasaning ati moeng tansah soesah baé, senengé ora ana saprasèwoené jèn ditimbang karo nalika katoenggon adèk déwé, awit ... wah, wis ta, ora preloe tak-andaraké manèh. Nitik roesaking banda lan awakkoe baé, adèk wis mesti ngreti. Moela saiki pandjaloekkoe marang adèk, moega-moega adèk ngapoeraa marang sakèhing kaloepoetankoe, awit gawé laraning atimoe. Sawoesé mangkono, moega-moega adèk welasa marang poen kakang, manoeta takdjak moelih menjang koeta manèh. Setyanana, dèk, akoe ora arep doewé bodjo lijané, kedjaba moeng kowé, toemekaa ing dina poengkasaning oeripkoe".

Radèn Rara Soebijah boten énggal-énggal mangsoeli, linggihipoen tansah toemoengkoel, boten poeroen toemenga. Woesana wangsoelanipoen: „Kangmas, koela kalilana matoer. Kangmas ngandika makaten poenika kadospoendi, koela boten ngretos babar-pisan, kénging poenapa kok kangmas nandang makaten margi saking ingkang garwa waoe. Mangka saking pamanggih koela, ingkang garwa poenika rak satoenggiling wanodya ingkang langkoeng oetami ta?"

— „Ah, wis, dèk, adja kedawa-dawa nggonmoe arep ngoetik-oetik atikoe. Moelané akoe kedempalan réné iki, ja pantjèn pasrah kaloepoetan karo adèk".

— „Lepat, lepat poenapa? Kangmas boten kagoengan kalepatan dateng koela, kalepatan poenapa ingkang dipoen-apoenten? Prekawis kangmas ngresakaken wajoeh poenika rak sampoen nama limrah prijantoe kakoeng ta, boten dados poenapa".

— „Généa kok adèk bandjoer poerik, emoh diwajoeh?"

— „Inggih, margi boten sadaja tijang èstri poeroen kawajoeh.

Menggah ing koela, sanadjan kaoeroegana ing brana, meksa boten poeroen kawajoeh, aloewoeng boten émah-émah salaminipoen gesang”.

— „Lah sababé apa?”

— „Sababipoen boten preloe koela atoeraken. Sapoenika kangmas galih pijambak kémawon, oepami garwanipoen kangmas nglampahi maro tingal, kadospoendi?”

— „O, lah koewi moela ora kena, wong wadon nglakoni mangkono”.

— „Sababipoen poenapa, tijang djaler kok kénging. Poenapa ta bédanipoen djaler kalijan éstri, tijang sami-sami titahing Pangéran, sami-sami gedah pangraos lan akal-boedi kanggé mbédakaken kawontenan ingkang awon lan saé”.

— „Ja wis ta, dèk, akoe kang loepoet. Moelané akoe saiki ngrerepa menjang adèk, ngapoeraa marang kaloepoetankoe kang gedé banget maoe, lan banget ing pangadjakpoe, soepaja adèk noeroeta takdjak moelih”.

— „Kangmas, koela atadah doeka. O, Allah, njoewoen ngapoenten”, witjantenipoen Radèn Rara Soebijah angoendjal napas. Doe-moegi samanten sampoen boten saged neroesaken temboengipoen waoe, awit dadanipoen ngraos sesak, manahipoen boten kanten-kantenan, keranta-ranta sanget dateng l slampahanipoen.

— „Keprijé, dèk, mara ta kanda sabeneré”.

— „Njoewoen goenging pangapoenten, kangmas”, atoeripoen Radèn Rara Soebijah mèh boten kepireng, „koela ... boten — bo — ten saged nglampahi”.

— „Dadi ora gelem. Sababé apa?”

Radèn Rara Soebijah boten énggal-énggal mangsoeli, manahipoen rangoe-rangoe, angèl sanget badé ngedalaken saraosing manah. Dangoe-dangoe ladjeng witjanten: „Ingguh boten kénging poenapa-poenapa”.

— „Généa kok emoh. Apa adèk koewatir, jèn ing tembé akoe tjidra ing djandji? Jèn mengkono, minangka tanda katemenankoe, saiki adèk doewéa pandjaloek, oetawa bapak-iboe jèn oega kagoengan pamoendoet, saking manteping atikoe nggonkoe arep gawé rahajoemoe lan bapak-iboe, mengko bakal taktoeroeti, waton akoe bisa nganani. Wis ta, dèk, koerang apa nggonkoe ngétokaké tanda katemenankoe?”

Radèn Hardjawasita mireng witjantenipoen Radèn Kartaoebaja dateng ingkang poetra makaten waoe, sanalika ladjeng toekoel kapitadosanipoen. Prasetyanipoen Radèn Kartaoebaja makaten waoe damel goegoering manah, semoenipoen kados badé ngiloni dateng Radèn Kartaoebaja.

Ingrikoe ladjeng toekoel adrenging kadjeng badé mendet wang-

soel Radèn Kartaoebaja dados mantoenipoen malih. Radèn Kartaoebaja poenika tijang soegih, toer prijantoen, warninipoen bagoes pantes dadosa mantoenipoen. Namoeng koetjiwa déné Radèn Kartaoebaja waoe manahipoen mijoer, boten saged merangi hawa kanepsonipoen ingkang sanget toekmis.

Nanging Radèn Rara Soebijah manahipoen boten gigrig, boten loentoer mireng pamiloeta makaten waoe, keranta-rantanipoen datang Radèn Soedjaka saja ngranoehi.

„Kangmas rak sampoen tampi serat koela ta?” witjantenipoen Radèn Rara Soebijah, „moegi kangmas nggaliha datang serat koela waoe”.

„Mikir marang oenining lajangmoe? O, dadi tegesé kowé meksa ndjaloelek pegat?”

„Inggih”, wangsoelanipoen Radèn Rara Soebijah kanti tatag. Radèn Kartaoebaja sanalika blangkemen, boten saged witjanten. Sagloegoet boten nginten, bilih badé nampi wangsoelan ingkang makaten saking ingkang raji, awit rantamaning manah sampoen mestèkaken, badé nama anèh jèn Radèn Rara Soebijah nampika datang kadjengipoen waoe. Ingrikoe ketawis semoe lingsem, déné tinampik ing wanodya, mangka salaminipoen dèrèng naté. Awis-awis sanget tijang èstri ingkang boten pasah ing pangglemboekipoen, dasar tijang wasis ing witjara, warninipoen bagoes toer soegih arta, mila inggih boten nggoemoenaken, jèn Radèn Kartaoebaja saged damel goegoering manahipoen para wanita. Nanging kénging poenapa Radèn Rara Soebijah, bodjonipoen ingkang pisah namoeng margi kawajoeh, kok dados ladjeng ngemohi? Radèn Rara Soebijah poenika sampoen kénging dipoen-wastani oenoesaning wanodya, awit sanadjan kados poenapa gending katresnanipoen datang tijang sanès, éwadéné boten poeroen nindakaken lampah sesiliban, sarta namoeng sagah ngladosi datang tijang ingkang sampoen nama bodjo kémawon.

Sareng Radèn Kartaoebaja sampoen sawatawis dangoe anggènipoen kamitenggengen, ladjeng matoer datang bapa marasepoeh: „Kadospoendi, bapak, ingkang poetra semoenipoen kok mbéka”.

Wangsoelanipoen Radèn Hardjawasita: „O, nak! Inggih sampoen dados roentiking panggalih, prakawis kawantoeanipoen ingkang raji poenika, sampoen kagalih lebet, wantoeaning tijang bodo. — Keprijé ta kowé, Soebijah, kok ndadak béka? Kangmas-moe kedempalan teka mréné iki preloe marani kowé”.

„Inggih kadospoendi malih, bapak, tijang kedah mekaten pepesèn koela”.

„Dadi tjekaké kowé koewi mantep temenan ndjaloelek pegat? Nèk mengkono, kowé koewi botjah apa, loemoeh ginawé betjik?”

„Bapak, atoer koela namoeng sapisan”.

Radèn Hardjawasita oegi ladjeng bingoeng, boten soemerep poenapa ingkang badé dipoen-wedaraken malih, awit Radèn Rara Soebijah wangoenipoen sampoen nékad.

„Kadospoendi, bapak, adèk kok mekaten?” atoyeripoen Radèn Kartaoebaja.

„Lah inggih kadospoendi malih ta, nak! Menggah ing koela nama tijang sepoeh, namoeng saged ndjoeroengi poendi ingkang badé saé kadadosanipoen. — Wis kana, Soebijah, mleboe ngomah, tata dahar kana!”

„Inggih”. Radèn Rara Soebijah ladjeng menjat, loemebet ing grija tata dahar.

Sadangoenipoen Radèn Rara Soebijah tata dahar, Radèn Hardjawasita witjanten lirih dateng Radèn Kartaoebaja: „Nak, moegi sampéjan sabar roemijin, sampéjan srantósaken sawatawis dinten, mangké koela arih-arihipoen soepados manoen?”

„Lah inggih makaten kémawon, bapak. Koela poenika saès-toenipoen taksih awrat sanget dateng ingkang poetra poenika”.

„Inggih soekoer, koela matoer noewoen”.

XXIV

PADOEDON BAB LAKI-RABI

Ing sawidjining dina wajah soré, èmpèr boeri ing omahé Martini ana wong lanang satengah toewa, ramboeté wis paron poetih, pawakané lemoe, nganggo klambi takwa poetih setlikan, saroengé batik parang-roesak barong, selopé ireng, linggih ana ing koersi pendjalin kang wangoené boender. Satjedaké kono ana médjané, kang digawé oega pendjalin, awangoen madjoe nem (podjok nem); ing médja ana lajangé kabar kang isih ana bané, nélakaké jèn lajang kabar maoe lagi teka saka ing pos, doeroeng diwatja. Sandingé lajang kabar ana bakiné marmer, isi téko tèh weton nagara Tjina, wadiah goela lan wadiah soesoe, tjangkir rong tangkep, lan lodong kebak isi biskoewit. Wong kang kaseboet ing doe-woer maoe, ja ikoe Radèn Ngabèi Kartamardika bapakné Martini. Mèh ana antarané saprapat djam, bapakné Martini maoe tansah meneng baé, tangané kang kiwa sangga oewang, déné tangané kang tengen njekeli sroetoe kang wis mati geniné. Jèn nitik sawangané, njata lagi ana kang dipikir kelawan banget. Ora antara soewé bandjoer ménga-méngo ngiwa-nengen, ing wasana tjeloek-tjeloek: „Ndoek, Mar, ndoek, tjoba mrénéa”.

Martini mara, tangané kiwa isih nggawa rénda, lan tangané tengen isih njekeli haak kang kanggo ngrénda, tjalažené: „Apa, pak?”

R. Ng. Kartamardika: „Linggiha kéné, akoe arep takon. Saka kandamoe, Sindoe lan Éndra pađa doewé panemboeng marang kowé kang noenggal maksoed. Kaprijé karepmoe, sabab awakmoe moeng sidji, mangka kang ndjaloek ana loro, apa disigar, kang sasigar diwènèhaké Sindoe, lan kang saparo diwènèhaké marang Éndra?”

Martini: „Akoe oega wis mangsoeli marang pandjaloeké botjah loro maoe, jèn ing wektoe iki akoe doeroeng bisa mangsoeli apa-apa. Karoehané bésoek patang taoen manèh, akoe lagi bisa mangsoeli ija oetawa ora”.

R. Ng. Kartamardika: „Sebabé apa kok nganti patang taoen manèh?”

Martini: „Sebabé mengkéné: oemoerkoe saiki lagi 16 taoen, dadi patang taoen manèh ganep 20 taoen, tjoekoepan jèn akoe doewéa bodjo. Kapindoné: akoe bisa nitik endi sing betjik lan endi sing ala. Sing betjik, ja ikoe kang bakal takpilih, awit akoe roemangsa, jèn wong wadon ikoe kaja déné patihé sing lanang, déné wong lanang kaja déné ratoené. Sanadjana patihé pinter lan betjik, nanging olèh ratoe sing édan, apa ija bisa betjik kadadéané? Tjontoné akèh, kaja ta: tjarita Rama. Ing Ngalengka, patihé bagoes banget, ja ikoe patih Prahasta, bisa mbédakaké betjik lan ala; rèhning ratoené édan, roesaking Ngalengka sapélé banget djalarané. Mengkono sababé olèhkoe semaja 4 taoen manèh koewi”.

R. Ng. Kartamardika: „O, bener, Mar, pikirmoe, dadi kowé ora kalah karo lelara demen. Soekoer ta jèn mangkono”.

Lagi tekan samono olèhé pađa remboegan, kesaroe tekané wong wadon kang woes satengah toewa, pawakané oega lemoe, rainé boender, kekoelitané koening semoe poetih, panganggoné pasadja, ja ikoe iboené Martini. Tjalaŋoené: „Ndoek, djadjal akoe olahna koewih sepèkoek, akoe kok kepéngin”.

Martini: „Ija”. Bandjoer loenga menjang pawon. Saoengkoeré Martini, iboené Martini bandjoer takon marang sing lanang, temboengé: „Boten, ta, pakné Mar, kersa pandjenengan poenika kadospoendi, koela kok boten mangretos sanget. Poen gendoe poenika rak sampoen ageng ta, kok boten dipoen-doekani djagongan kalijan laré djaler ingkang sampoen diwasa, toer dédé sanakipoen pijambak. Poenapa boten saroe? Bok inggih kèngetan tangga kilèn poenika, anakipoen èstri wawrat nganggoer, ladjeng dipoen-toebroekaken saangsalipoen. Lo, tijang tjonto sampoen wonten, bok inggih radi dipoen-awer-aweri sakedik. Sampoen dipoen-oedja kémawon, sabèn sonten djagongan kalijan Sindoe lan Éndra. Bok inggih dipoen-doekani. Mangka kadjeng koela, manawi Goesti Allah njembadani, badé koela rembagaken kalijan

poetranipoen ndara patih pènsijoen, ingkang sapoenika sampoen dados ambtenaar ter beschikking wonten ing kontroliran. Inggih leres warninipoen radi koetjiwa, nanging rak inggih sampoen gadah pamedal njekapi ta, toer wedalan „Osvia”, dados gadah pangadjeng-adjeng dados ageng. Déné ingkang dados dandaniipoen djeng mantri, awit poenika taksih radi sanakipoen”.

Bapakné Martini: „Boené, karepmoe ikoe ija betjik, nanging prakara djedjodoan tjara koena ikoe, jèn ing djaman saiki wis ora gaèok, sebab djamané wis salin. Saka pamikirkoe, loewih prajoga jèn botjahé wadon maoe milih djoðo kelawan merdika, adja nganti anané gelem maoe awit saka pameksané bapa-bijoengé. Ija jèn botjah kang dipeksa maoe ora doewé tékad kang nggegirisi; balik jèn doewé tékad kang ala, tjiliké minggat, gedéné nganti soedoe salira, amarga saka ora dèmené marang kang lanang, apa doedoe wong toewa kang kapitoenan banget? Mara pikiren! Lan manèh, betjik banget jèn wong djedjodoan ikoe lanang-wadoné wis tepoeng sadoeroeng-doeroengé, wis weroeh klakoeané sidji-sidjiné, soepaja ing bésoké bisa saijeg olèhé mengkoe balé-omah. Dadi béda banget karo laki-rabi kang kelawan pameksané wong toewa; kaprijé ta olèhé bisa seneng awit babar pisan doeroeng taoe weroeh, doeroeng taoe sesrawoengan, doeroeng weroeh klakoeané; apa ija bisa roedjoek lan roekoen olèhé omah-omah? Moelané akèh banget bangsakoe Djawa kang paða pegatan, awit saka ing pameksa maoe, lanang-wadon ora bisa milih marang kang dadi katresnan lan kang njondongi klakoeané”.

Iboené Martini: „Ijah, poenika rak saking anggènipoen ngaoem moeda ta, nganggé toenangan roemijin, éndjing-sonten laré dipoen-oembar plesir kalijan patjanganipoen. Poenapa pandjenengan boten priksa, géné kok inggih boten kirang-kirang bangsa sanès ingkang sampoen inggil seserepanipoen, toer anggènipoen émah-émah nganggé patjangan roemijin, ngantos 6 oetawi 7 woelan, éwasamanten inggih kàtah ingkang pindahan; lah, jèn makaten poenika kadospoendi? Géné kok inggih sami kémawon kalijan bangsa koela. Wonten malih tjonto. Satoenggiling laré èstri, patjangan kalijan laré djaler, watawis 3 woelan ladjeng peðot. Sapeðotipoen saking laré djaler A, ladjeng patjangan malih kalijan B, antawis 2 woelan ladjeng peðot malih, dangoe-dangoe laré èstri waoe wawrat nganggoer. Hara, manawi kados makaten, poenapa ingkang sepoeh boten nandang wirang oetawi lingsem? Géné koela poenika pikantoe pandjenengan kala roemijin boten nganggé patjangan barang, dèrèng naté soemerep, dèrèng wanoeh, éwasamanten pandjenengan kok inggih sampoen marem, koela ladosi ngantos 20 taoen laminipoen, lan pandjenengan kok inggih saged

ngemong koela. Mangka pikantoek koela kalijan pandjenengan, koela rak dipoen-peksa kalijan bapak iboe, ta. Tjekakipoen koela boten mafoek sanget laré èstri nganggé lampah patjangan barang. Dasaripoen tijang Djawi, lah bok inggih nganggé tata-tjara Djawi kémawon. Tijang sampoen wiwit kina makina tjaranipoen ndjo-dokaken laré èstri poenika namoeng goemantoeng datang tijang-sepoehipoen, kedadosanipoen inggih saé; oepami awona, mokal wiwit kina ngantos sapoenika kok taksih dipoen-anggé déning bangsa koela. Sapoenika koela pitakèn: poenapa sababipoen barang ingkang sampoen saé, sampoen dipoen-lampahi, sampoen dipoen-njatakaken ngantos atoesan taoen, kok badé dipoen-santoeni tata-tjara énggal, ingkang dèrèng soemerep wados-wadosipoen, toer tjara waoe tjaranipoen tijang Éropah, ingkang tanahipoen, hawanipoen, wewatekaning tijangipoen, béda sanget kalijan ing tanah Djawi ngriki? Bab patjangan dasar saé, nanging rak toemrapipoen tijang Éropah; balik dipoen-toemrapaken bangsa Djawi, poenapa inggih pandjenengan saged mastèkaken saénipoen, kinten koela boten. Soemangga, pandjenengan galih ingkang saèstoe, sampoen namoeng mboedjeng: djaman kaoem moeda, poenapa-poenapa nélad saking Éropah. Saking panimbang koela, leres ing Éropah poenika kedogengipoen seserepan ingkang inggil, nanging toemrapipoen tijang Djawi, nélada inggih ingkang mikantoeki datang tanah lan bangsanipoen, kados ta: kasagedanipoen, kawanteranipoen, karoekeonanipoen. Lo poenika ingkang pantes dipoen-tiroe; sampoen kok imah-imah badé nélad tjara Éropah, poenika koela babar-pisan boten roedjoek”.

Bapakné Martini: „Remboegmoe ikoe kabèh bener, boené, ora ana sing salah. Nanging ikoe rak ngoekoe hi tjara oetawa adat; moeng baé kowé lali, jèn manoengsa ikoe katoet marang djaman, dadi doedoe djaman kang teloe marang manoengsa. Paða baé karo sarah kang ana ing sagara, katoet ing lakoené aloen, doedoe aloené sing teloe marang sarah. Élinga ta, boené, dèk djaman doeroeng goendoel. Dèk samana jèn ana wong kang goendoel ikoe asor banget, awit kadakwa tilas dioekoem, oetawa koeli kontrak, apik-apiké tilas soeradaoe. Dèk djaman samana sing katoné bregas: jèn soré nganggo saroeng, tjripon, klambi potong tjina, kaðal-mènèk, djoengkaté penjoe sing mlengkoeng. Wah, wis ta, roemangsakoe bregasé wis ora ana sing madani. Nanging balik djaman saiki, ana wong kaðal-mènèk: roepané saroe, apa-déné ana ing Madijoen kéné, bandjoer baé diarani kaja baðoet émprak, apik-apiké kaja wajang wong. Lo koewi boektiné, jèn manoengsa ikoe katoet déning djaman, dadi bab salaki-rabi oega mangkono, koedoe manoet djamané. Djamané saiki wong wadon wis akèh sing pinter, dadi ora kena lan ora bisa ditjara kaja djamané dèk kowé

isih botjah. Nalika kowé isih botjah, wong wadon isih dianggep moeng kaja pepasrèn sadjroné omah, ora kena mèloe mikir iki oetawa ikoe. Balik djaman saiki, botjah wadon akèh sing wis pinter, malah akèh sing wis bisa njamboet-gawé ana ing kantor, nglakoni pagawéané wong lanang; akèh kang wis bisa dadi goeroe, malah jèn akoe ora salah wis ana botjah wadon kang dadi redaktoering lajang kabar, lan ana manèh kang wis dadi panoentoening pakoempoelan poelitik. Dadi saja soewé djamané saja owah, tata-tjara katoet ing djaman, wong wadon wadjib oega diwènèhi kamerdikan, milih djoðo sing dadi tjondongé atiné, awit wis bisa nimbang bener lan loepoet, ala lan betjik. Moeng wong toewa koedoe ndjaga, adja nganti kaoermatané botjah maoe roesak”.

Iboené Martini: „Inggi, nanging poenapa pandjenengan kesoe-pèn, manawi katresnan poenika nglamoeraken mripat. Dados sakit tresna poenika manawi sampoen méntjok ing manahipoen tijang, poenapa saged milih: poenika saé poenika awon? Kinten koela boten; awona kados poenapa, nanging tresnanipoen sampoen keladjeng méntjok, awonipoen itjal, ketingalipoen saé kémawon; soemangga, pandjenengan pabeni. Tjontonipoen kañah, para loehoer kañah ingkang sami njelir talèdèk, poenapa poenika boten saking dajanipoen sesakit tresna? Tjobi, oepami poen Mar ngantos kéntjokan tresna dateng satoenggaling djedjaka ingkang roetjah, poenapa inggi poen Martini roemaos, manawi lampahipoen klèn-toe? Kinten koela boten, awit sampoen ketoetoepan tresna waoe, dados roetjahipoen boten ketingal, ketingalipoen namoeng saé. Lo, poenika, poenapa pandjenengan boten soemelang? Laré èstri kok dipoen seekani kamerdikan pados patjangan, poenapa boten ngoewatosaken manawi pikantoek laré djaler ingkang roetjah; ta, pandjenengan galih. Hara, manawi ngantos keladjeng, poenapa koela lan pandjenengan boten toemoet soesah, sabab poenika poetra pandjenengan; manawi wonten saénipoen, namoeng limrah, nanging manawi wonten awonipoen, koela lan pandjenengan toemoet kèmbèt. Tjekakipoen tjara djaman kemadjengan poenika babar-pisan koela boten roedjoek. Taksih remen tjara lami, inggi poenika tjara ingkang sampoen dipoen-lampahi déning leloehoer koela djaman roemijin; kadjengipoen koela dipoen-wastani kolot, saoege saé kadadosanipoen”.

Bapakné Martini: „Bener, boené, tjalañemoe ora ana sing salah, njata kowé wis pinter madoni. Ingarep akoe rak ija wis toetoer ta, wong toewané botjah wadon koedoe ndjaga, soepaja botjah wadon maoe adja nganti kéntjokan tresna marang sawijah botjah. Sanadjan botjah wadon diwènèhi kamerdikan milih djoðo dèwé, ananging koedoe nganggo idiné wong toewané. Manawa wong toewané ora roedjoek, lan wong toewané bisa nggenahaké

alané botjah lanang maoe kang kelawan njata lan ana boektiné mélok, sing mesti botjah wadon koedoe mitoeroet; oepama ora manoet, ija koedoe dipeksa sing nganti manoet marang wong-toewané. Kowé maoe kanda, anaké tanggamoe koelon koewi meteng nganggoer, ikoe sabab saka salahé wong-toewané, ora bisa ndjaga kaoermatané anaké. Djadjal didjaga kang kelawan bener-bener, kirakoe ora bakal kelakon kang kaya mangkono".

Iboené Martini: „Leres, nanging koela meksa boten roedjoek tjara djaman kemadjengan poenika. Manawi koela, meksa mastani saé tjara lami. Poenika angsal-angsalanipoen laré èstri dipoen-sekolahaken! Déné koela poenika boten sekolah boten sekolèh kok inggih pikantoe djodo prijantoen, inggih saged ngrampoengi njepeng balé-grija. Tijang sampoen wonten paribasanipoen: wong wadon pintera soendoel méga, ora woeroeng ja moeng ngoeleg sambel".

Bapakné Martini: „Hara, padoemoe rak njebal saka maksoed ing doewoer; koewi saking emohmoe kalah, bandjoer ngèjèl. Maoe sing diremboeg rak bab ndjodokaké botjah wadon ta, doedoe bab sekolahan".

Iboené Martini: „Leres, koela pantjèn njebal, nanging wontenipoen tjara djaman kemadjengan poenika rak ketarik saking kasagedan, ta. Dados kasagedan ingkang moeroegaken laré èstri ladjeng kemini, keméwat, kemajoe, lan keminter; ladjeng loemoech dateng kasagedan ingkang radi rekaos, remenipoen namoeng menjanji, dados ladjeng maos koran kalijan linggih koersi ngantos lenggoet-lenggoet, éndjing-sonten namoeng wedak-poepoer, nganggé panganggé ingkang radi loewas boten poeroen, lan ..."

Bapakné Martini: „Mengko ta, mengko, boené, adja bandjoer nepsoe mengkono. Jèn mengkono koewi kowé rak bakal ngilangaké tlatjeré remboegan. Bandjoeré tjatoemoe maoe, karepmoe rak mengkéné ta: jèn loengan bandjoer emoh mlakoe, koedoe noenggang motor taksi oetawa dilman ban karèt, nganggo sepatoe djinggring, rak ngono ta, karepmoe?"

Iboené Martini: „Inggih, dasar inggih makaten".

Bapakné Martiné: „Weroeha, gagasanmoe kang mangkono ikoe salah. Roengokna takterangaké: Kapinteran ikoe kabèh migoenani. Akoe rak wis toetoer ta, manoengsa ikoe katoet lakoening djaman. Saiki djamané sekolahan, lananga, wadon preloe disekolahaké. Adja kok-kira kapinteran sekolahan ikoe ora migoenani marang botjah wadon kang bakal njekel balé-omah, lan élinga jèn wong wadon ikoe goeroening manoengsa kang kawitan. Kowé ngarani: botjah wadon ikoe, jèn wis pinter bandjoer emoh njandak iroes, gawéné moeng wedak-poepoer baé, sandangan koedoe sing sarwa resik, bandjoer kemini, keminter, lan lija-lijané. Olèh-

moe goeneman ikoe satemené rada keladoek, goroh jèn bandjoer ora gelem olah-olah; akoe ora ngandel, sabab ora ketemoe ing nalar. Olèhé nganggo sandangan sarwa resik lan olèhé wedak-poepoer ikoe akoe moepakat, awit nandakaké jèn dèwèké sawidjining wong wadon sing resikan. Wong wadon ikoe preloe ngrengga awaké, soepaja sing lanang koetoek ana ing omah, adja kaja kowé mengkono, adoes baé ora adjeg, raimoe nganti nglenga, poepoer-poepoeran jèn pinoedjoe arep loengan. Toedjoené akoe iki wis rada toewa; oepama rada enom satitik baé, kirakoe ija rada kesit, arang ana ing omah. Bab matja lajang kabar, ikoe satemené preloe banget, dadi weroeh kaanané lijan nagara, kabar kang preloe-preloe, lan kala mangsa lajang kabar ikoe ngemot panemoené para sardjana kang migoenani marang wong akèh. Dadi matja lajang kabar ikoe moewoehi djembaring kawroeh, adja kaja kodok kang ana sadjeroning batok, lan adja ko-anggo koewi moeng anggak-anggakan baé. Bab nganggo sepatoe oetawa selop ikoe satemené preloe kanggo ndjaga awak, dadi ora doemoenoeng moeng kanggo bregas-bregasan baé. Mara, jèn ora ngandel, takona marang dokter, apa goenané wong nganggo sepatoe”.

Iboené Martini: „Ah, dasar pandjenengan sampoen katoet dados kaoem moeda, milanipoen ngréntjangi”.

Bapakné Martini: „Ora, akoe ora ngiloni sapa-sapa, moeng sanjatané baé”.

Iboe Martini: „Lah inggih, sapoenika kadospoendi kersa pandjenengan, poenapa boten kresa kagoengan mantoe poetrani poen ndara patih poenika, toer sampoen dados ambtenaar ter beschikking, bajari poen inggih sampoen mèmper”?

Bapakné Martini: „Boené, akoe ora mélik wong doewé bajar. Saoega bisa notjogi atikoe lan si gendoe wis seneng, ja ikoe sing takpilih, arep dak-epèk mantoe”.

Iboené Martini: „Kresa pandjenengan sinten, poenapa poen Sindoe?”

Bapakné Martini: „Doedoe, saka karepkoe si Éndra, sing bakal takpilih; akoe kok seneng: botjahé moegen, tandang-tandoeké aloes toer sregep ing gawé”.

Iboené Martini: „É lah, kodjoer arané. Nampik poetrané ndara patih, toer wis dadi amtenar, bajaré akèh, lah kok dadak si Éndra sing dipilih. Pandjenengan milih Éndra poenika poenapa pilihanipoen? Anakipoen prijantoe alit, toer sampoen pènsijoen, nganggé boten gadah, saja malih koela mireng kabar, boten poeroen njamboet-damel. Poenapa ingkang badé dipoen-teda, kok badé pandjenengan poendoet mantoe poenika?”

Bapakné Martini: „Hah hah hah hak, prakara olèhé ora gelem

njamboet-gawé ikoe, ora soesah kokpikir. Bener Éndra ora gelem njamboet-gawé dadi prijaji, nanging dèwèké arep dagang kaja wong Éropah".

Iboené Martini: „Lah inggih, badé dagang poenika poenapa gadah pawitan, ingkang badé dipoen-damel pawitan poenapa iganipoen?"

Bapakné Martini: „Adja sok ngina wong lija. Sapa sing weroeh gémbolané tangga. Oepama bener dèwèké ora doewé pawitan, mangsa gelema nggantha dagang, mestiné ija golèk pagawéan".

Iboené Martini: „Ah, mangsa boḍoa, pakné, sakresa pandjenengan ngrikoe. Kadjeng koela boten, anak koela namoeng satoenggal til. Manawi saged badé koela prenahaken, pikantoe prijantoe ingkang mapan, dados ing wingking gadah pangadjeng-adjeng dados prijantoe ageng. Poenapa boten kepéngin pandjenengan gadah poetra dipoen-seboet Dèn-ajoe wedana oetawi Dèn-ajoe patih? Déné pandjenengan kepéngin gadah mantoe bakoe, inggih sakresa, koela badé boten poeroen tjawé-tjawé".

Bapakné Martini: „Aloewoeng mangkono, dadi akoe bisa tata-tata".

Iboené Martini: „Lah inggih, poeloeh pandjenengan remen, Martini remen, poenapa pasatoanipoen saé? Gadjegipoen kok nganggé dipoen-étangi barang. Neptoening wedalanipoen laré djaler kakempalaken kalijan neptoening wedalanipoen laré èstri, ladjeng kaboetjal pitoe, namanipoen sapta wara".

Bapakné Martini: „Koewi goegon-toehon, akoe wis ora pratjaja marang pétang-pétongan kang aran sapta wara, pantja wara lan lija-lijané. Kabèh ikoe omong kosong. Oepama pétongan ikoe bener, lah kok ija isih akèh, wong Djawa sing pegatan, oetawa sing ratjak wong Djawa kok pada mlarat, moelané akoe wis ora pratjaja marang pétongan koena ikoe".

Iboené Martini: „Lo, poenika panganggepipoen kaoem moeda, watakipoen kaoem djaman kemadjengan. Oepami pétangan poenika lepat, poenapa inggih para nabi para wali sami nganggit pétangan poenika? Kalijan malih bok inggih ngèneti, poen Soekarna, sadaja sampoen ngélikaken, sampoen saèstoe sémah pikan-toek poen Karsinah, sabab pétanganipoen dawah: „Satrija kegloendoeng djoerang". Boten, poen Karna nékad, sabab sampoen boten pitados dateng pétangan waoe. Lah kedadosanipoen kadospoendi? Boten gantalan taoen, poen Karna ladjeng kèndel saking padamelan. Inggih poenapa boten?"

Bapakné Martini: „Ija, toetoezna, golèkna boekti manèh sing akèh".

Iboené Martini: „Poenika malih, poen Boenandir kalijan Midah, pétanganipoen dawah „Mantri sinarodja". Poenapa wahananipoen?

Boten gantalan woelan ladjeng tampi waledan sabajaran, toer pikantoeke malih waledan duurte-toeslag (arta wewahan salebeting reregèn awis) sataoen laminipoen. Manawi boten lepat, poen Boenandir pikantoeke waledan f 400,— toer ladjeng minggah pangkat dados klèrek. Boten tebih-tebih, koela kalijan pandjenengan, pétanganipoen dawah „Satrija wibawa moekti”. Mangka kala samanten pandjenengan taksih magang, let sawoelan pinanggih kalijan koela ladjeng kabenoem dados djoeroe-serat, minggah-minggah ngantos dados wedana, ngantos pènsijoen boten manggih alangan poenapa-poenapa. Tjobi, pandjenengan galih, poenapa poenika pétangan tanpa paédah?”

Bapakné Martini: „Boené, mengko disik, takterangaké ja, soe-paja kowé adja banget-banget olèhmoe goegon-toehon:

Si Soekarna olèh si Karsinah, bandjoer tjopot, awit lanang-wadon bandjoer seneng main, moengsoehé ora timbang. Boboté dèwèké moeng pangkat djoeroe-toelis, moengsoeh karo school-opziener, dokter, djeksa, babah Goe Wi Jat. Mesti baé bangkroet, awit ora mbobot ragané. Bareng wis ora doewé doewit, bandjoer nganggo doewit potong-goeroeng. Ora ketjemploeng ing boewi ikoe wis oentoeng. Dadi tjopoté maoe ora amarga saka èlèké pétoengan, nanging saka salahé dèwé.

Si Boenandir olèh Midah, bandjoer tanpa doewit akèh lan moenggah pangkaté, ikoe ija ora saka pétoengan, nanging wis mratah djaman samono, sakabèhé prijaji pada olèh waledan, dadi ora kaleboe anèh. Déné olèhé dadi klèrek ikoe wis mestiné, awit dinesé wis soewé, toer dèwèké doorloopen saka sekolahan Mulo.

Akoe lan kowé: kabegdjankoe iki oega doedoe saka pétoengan. Tjoba nalika akoe isih dadi djoeroe-toelis doewé tingkah kaja si Karna, mestiné ja pada baé kaja si Soekarna. Anané akoe nganti dadi wadana, amarga takréwangi temen, sregep lan taberi ing gawé. Poeloeh pétoengané ketemoea „Ratoe menang lotré samlijoen” pisan, jèn ora sregep ing gawé toer ora temen, apa ija bisa toemeka apa kang didjangka? Dadi pétoengan ikoe doedoe apa-apa, ora preloe dipikir. Déné kowé weroeh dèwé, si Goembreg olèh si Senèn, pétoengané tiba „Satrija keplindes motor”, éwa-samono saka sregep, gemi, ngati-ati, soerti lan taberiné lanang-wadon, boboté pawitan dèngkoel, saiki kok wis kewilang tjoekeop. Hara kaprijé jèn mengkono koewi; apa bener pétoengan koewi? Rak salah ta! Dadi bab pétoengan ikoe ora takpikir. Sing takpikir moeng kaprijé rékané si Éndra, kok arep dagang, mangka dèwèké doedoe toeroen soedagar, toer ora sekolah ing Handelsschool; éwa-samono akoe meksa doewé pangira, jèn si Én bakal dadi kaoem dagang sing sampoerna. Mara titènana”.

Iboené Martini: „Ah, inggih sampoen, tijang dasar pandje-

nengan sampoen remen datang Éndra, poeloeh koela gadaha timbangan leres, inggih pandjenengan lepataken. Kalijan malih pandjenengan poenika pantjèn sampoen njakot datang kaoem moeda; poenika dipoen-boetjal, poenika dipoen-éwahi, datang pétangan sampoen boten pitados, datang wilodjengan boten poeroen, awit tanpa paédah. Naga taoen, naga dinten, na-as nabi, djati ngarang, sadaja dipoen-gorohaken. Saleresipoen koela rak boten ngretos, poenapa pandjenengan poenika sampoen malebet dados Landi, poenapa kadospoendi, kok sakatahipoen tjara oetawi adat Djawi dipoen-tilar oetawi dipoen-boetjal”.

Bapakné Martini: „Ora, boené, kowé rak ja weroeh ta, akoe iki Djawa totok, agamakoe Islam, toer kowé neksèni déwé, jèn akoe saben dina salat. Anané tjara lawas takboewang, awit takpikir-pikir, sing tanpa paédah ikoe preloe diboewang; déné sing kleboe ngakal ija isih toeloes taklakoni kelawan temen-temen”.

XXV

TAOENAN

Ing dina malem Ngahad-pon, sasi Djawa Roewah, tanggal ping 28, kabener bapakné Martini genep oemoer 42 taoen, wiwit ésoek Éndra wis ana ing kono mèloe nata-nata kang preloe, masang boental-boental godong waringin, nata koersi lan médja. Toekang listrik bikoet masang lampoe woewoehan. Bareng pamasangé wis rampoeng, bandjoer didjadjal, oeroebé apik banget, awit lampoe maoe oeroebé mantja-warna, ana kang abang, ana kang idjo, biroe lan poetih, pangrenggané omah katon asri banget. Bareng wis djam 8 soré, dajohé wiwit teka, saja soewé saja akèh. Sindoe oega teka, manganggo sarwa paméran, djarité gringsing sawitan karo iketé, klambiné djas boekakan kang bakalé soetra Tjina (santijo), dasiné soetra biroe. Béda banget karo si Éndra. Sanadjan dèwèké ija manganggo sarwa betjik, éwasamono ora gelem mèloe loenggoeh ana ingarepan, nrima ana ing boeri dadi paladèn, nata soegoeh-soegoeh kang bakal diladèkaké. Bareng dajohé wis pepak, Éndra bandjoer ngideraké sroetoe, sapolah-tingkahé loewes, nganti dajoh kang doeroeng weroeh pada ngira, jèn anaké kang doewé omah. Bapakné Martini weroeh solahé Éndra mangkono maoe banget boengahé. Ora antara soewé manèh Éndra bandjoer ngideraké wédang lan panganan, soegoehé ganti-goemanti. Dajohé pada seneng-seneng, ana kang pada kretoe: bakaran, tjeki, ombèr, setoteran, domino, lan ana oega kang pèi, nanging moeng para sepoe. Wektoe ikoe Sindoe oega mèloe bakaran. Kang dadi bankier si Soekarna. Wiwit soré kretoené si

Sindoe oerip banget, moelané sadéla baé Sindoe bisa menang satoes roepijah loewih. Ananging bareng wis rada wengi, kretoené mati (pèh), nganti doewit nangnangan maoe entèk kabèh, saja soewé kretoené saja apes, doewité pawitan tansah kalong.

Sadjroné dajohé pada boengah-boengah, ing boeri si Éndra polahé montang-manting banget, awit nata soegoeh kang bakal diladèkaké. Martini oega bikoet ngaréwangi nata. Sadjroné pada nata piring kang bakal digawé wadiah sesoegoeh, Martini takon marang Éndra: „Én, généa ta, kowé kok ora mèloe loenggoeh ingarep kana kaja si Sindoe? Apa ora doewé pawitan?”

Éndra: „Ah, Mar, kok sing ora-ora ko-pikir. Karo manèh apa patoet delengané, ing kéné doewé gawé, akoe kok ngedèngkrèng loenggoeh koersi dadi dajoh? Déné si Sindoe mentala kaja mengkonono, ja ebèn, awit dèwèké poetra prijaji toer soegih, malah saiki wis dadi ndara hèlep, dadi ija mèmper, jèn dèwèké isin dadi peladèn. Karo manèh akoe boengah ana ing boeri kéné kok, Mar, katimbang karo ana ingarep, awit akoe bisa wareg njawang lan njanqing kowé. Pamoedjikoe bengi iki adja entèk-entèk, anaa pitoeng bengi ngono, dadi akoe karebèn ana ing kéné baé. Tjekaké mangkéné, Mar, lah bok dadi peladèn 10 dina pisan ta, saoege akoe bisa njawang kowé, akoe rak boengah baé”.

Martini: „Lah ija, mandak njawang akoe baé kok boengah ikoe sebab apa?” (Olèhé goeneman mangkono karo mlérok).

Éndra: „Boengah manèh, Mar, awit kowé kang dadi ...”

Lagi tekan samono, Martini njamboengi: „Kang dadi kokiné Dadi wetengmoe bisa wareg, rak ija ta?”

Éndra: „Hah hah, hak, ija, Mar. Rak ija ta, bok Ngadinem?”

Ngadinem: „Inggi, nanging ingkang raji ndara Mar poenika sadjakipoen dèrèng ngretos dateng pedesing lombok”.

Martini: „Pijé, Nem, rak ija bener akoe ta? Oepama akoe ora dadi kokiné, Én rak ija rada rikoe ta, oepama arep mangan apa-apa?”

Ngadinem: „Inggi, leres”.

Martini: „Karo manèh bener kowé, Én, ana ing boeri kéné baé; kedjaba wetengmoe wareg, kowé saikiné isih doeroeng doewé pagawéan, jèn momor karo prijaji mengko moendak disingkang-singkang”.

Olèhé goeneman mangkono maoe soewarané seret banget, awit saka welasé marang Éndra, déné kantja-kantjané wis pada tjekel gawé, moeng Éndra dèwé sing doeroeng, mangka doenoenging katresnan toemiba marang Éndra kabèh.

Bareng Éndra weroeh djantoeng-atiné katon soesah, bandjoer tjalaoté: „Mar, djantoeng-atikoe, généa kowé kok katon soesah? Doch wong koening, adja noesahaké awakkoe, doemèh akoe doe-

roeng doewé pagawéan, ing mangka kantja-kantjakoe kabèh wis pada tjemèntèl. Kawroehana, ning, anané akoe doeroeng tjemèntèl, amarga taksengadja, akoe ora nijat arep beboeroeh oetawa dadi prijaji, akoe seneng dedagangan, soepaja pangoeripankoe mredika. Moela kowé ora soesah mikir kang akèh-akèh, moeng panjoewoenkoe baé, kowé gelema takladèni nganti tekan patikoe".

Martini bareng kroengoe goenemé Éndra kang kaja mangkono maoe, oepama adjaa isin, bokmanawa Éndra ditjoewowo tjangkémé, bandjoer tjalaŕoe kambi mlérok: „Én, tjatoeranmoe, ngendi ana kowé ngladèni akoe, pantesé ija akoe sing ngladèni kowé".

Ngadinem: „Lah dalah. Rak inggih ngaten ta, ndara. Waŕoeh ndara Éndra ketiban remboelan tenan, gèk apa ja, soepenané?"

Kesaroe tekané Sindoe kambi tjalaŕoe: „Généa ta, kowé kok ora mèloe loenggoeh ingarep kana?"

Éndra: „O, Allah, Sin, gèk kaprijé ta, wong kéné ora ana peladèn sing kena dipratjaja, apa ija ditégakaké?"

Sindoe: „Soekoer ta. Lo, kok Mar. Slamet malem, Mar".

Martini: „Slamet malem, Sin. Kabaré prijé, menang apa kalah? Jèn menang akoe moedjoer".

Sindoe: „Kalah kok, Mar, ora ngrasakaké".

Martini: „Kalah pira?"

Sindoe: „Jèn ora salah, koeranga saŕiŕik ija ana saka satoes roepijah".

Martini: „Ora dadi apa, rak ija ta? Jèn ora mangkono, moendak koerang bregasé. Adja kaja Én koewi, ngoetèk baé ana boeri, awit ora doewé pawitan".

Sindoe: „Ora dadi apa pijé ta, Mar. Ja dadi apa tenan. Satoes roepijah ki apa goejon? — Én, bok akoe ndjaloek brèndiné sagelas baé".

Éndra: „Boléh. Adja sidji, bok loro-teloe oetawa sakarepmoe kena. Iki lo, ajo tak-oermati".

Sindoe: „Karo manèh kowé maoe sangon apa ora? Jèn sangon, kéné tak-enggoné ŕisik, tak-enggo mboeroe kalahkoe".

Éndra: „Emboeh ja, Sin; anaa kaé, kirakoe moeng saŕiŕik. Mengko ŕisik, takdelengé ðompètkoe. Wah ana, Sin, ja begdjamoe. Mengko tak-étoengé ŕisik. Iki lo, Sin, ana f 60, kena ko-enggo kabèh".

Sindoe: „Ora, moeng f 50 baé, sésoek soré takbalèkaké".

Éndra: „Kena, enja tampanana".

Sindoe: „Trima kasih Én, dongakna menang ja, mengko tak-oedjoeri".

Éndra: „Ija. Lah Mar apa ora ko-oedjoeri?"

Sindoe: „Wis mesti. Wis ja, Én. Dah, Mar!"

Martini: „Slamet menang, Sin".

Sindoe: „Trima kasih”.

Bareng djam 3 bengi Éndra tjalaŋoe marang Martini: „Mar, iki apa ora betjik diwetoni wédang kopi lan panganan, awit wis wajahé pađa ngantoe”.

Martini: „Ora, Én, loewih betjik mengko djam papat pisan baé, djam satengah lima bandjoer sega gorèng”.

Éndra: „Rèhning wis ora ana pagawéan, akoe takmenjang ngarep ndeleng olèhé main si Sindoe, ja, ning”.

Martini: „Akoe apa ningmoe? Kowé arep menjang ngarep ikoe sakarepmoe, akoe ora predoeli, nanging poma lo, mengko djam papat adja lali. Kowé apa isih doewé pawitan ta, Én?”

Éndra: „Isih, iki sapoeloeh roepijah”.

Martini: „Gilo, Én, takwoewoehi f 15 manèh, mèloea bakaran, katimbang ngantoe”.

Éndra: „Ah, Mar, iki baé rak jā oewis. Wis ja, takmenjang ngarep poedjèkna menang ja, ning, mengko tak-oedjoeri”.

Martini: „Ija, moega-moega menanga. Nanging olèhmoe basa ning menjang akoe ikoe bok adja kokteroes-teroesaké, saroe diroengokaké wong lija. Bésoek baé 4 taoen manèh, basa apa sakarepmoe akoe ora bakal moenasika”.

Éndra: „Ija, Mar, soekoer jèn bésoek 4 taoen manèh akoe kena basa ning marang kowé saben dina, dadi karoehané olèhkoe sida golèk banda”.

Martini: „Apa jèn akoe ngemohi ing kowé, kowé arep toeroe baé, ora nijat golèk pangoe padjiwa?”

Éndra: „Ora! Poeloeh njamboeta gawé kaé, sapa sing digo-lèkaké doewit, jèn kowé ora gelem tak-emong. Wis ja, ning; tak-menjang ngarep”.

Martini: „Hara, rak nganggo „ning” manèh. Wis ta, menjanga ngarepan kana”.

Éndra: „Hah hak, wong nitjil basa „ning” baé kok ora éntoe ta, Mar”.

Martini: „Apa gadèn, nganggo ditjitjil barang?”

Ingarepan ramé para prijaji kang pađa bakaran, „bankier” karo „speler” genti kelinèh, goejoené kang menang tansah tjoekakakan, kang kalah saketjap ora njoewara. Éndra njedak enggoné main si Sindoe kambi tjalaŋoe: „Kaprijé kabaré, Sin?”

Sindoe: „Slamet, Én, pawitankoe wis mèh poelih”.

Éndra: „Soekoer ta”.

Sindoe: „Ajo, Én, mèloea tombok”.

Éndra: „Betjik, Sin, akoe mèloe f 10”.

Bankier ngedoem kretoe; bareng wis loro-loro bandjoer tjalaŋoe: „kar”!

Jèn bankier tjalaŋoe mangkono, njata bankier kretoené koerang saka 8 mata.

Éndra: „Mengko, Sin, akoe sing ngoetoet: lah, lah, o, heer! Sidjiné, Sin. Kéné tak-oetoeté dèwé. Pinggir papat, koŋong, ŋong, koŋong, koŋo-ong. Hara ta 8. Horé, menang!”

Sindoe: „Wah begdja. Én, teka-teka bandjoer bjoer baé. Mangka maoe sasoewéné doeroeng taoe”.

Bankier bandjoer mbajari, doewité Éndra dadi f 20.

Sindoe: „Tombok pira, Én? f 20 pisan ja, akoe arep tombok f 30”.

Éndra: „Betjik”. (Karo njekel kretoené).

Bankier mbanting kretoené karo moeni: „Zonder risico!” Anané moeni mangkono awit kretoené 8.

Éndra: „Toenggoe doeloe, itoe beloen baik. Nah, nah, nah, o, ngas. Sidjiné, èt, èt, nah, o pinggir papat. Jèn iki isi tengah, akoe meŋti kalah; nanging jèn koŋong, dadi menang. Lah dalah, koŋong, sèh, kretoekoe dadi 9. Ajo bajar, bankier”.

Bankier: „Baik, djangan koeatir”.

Doewité Éndra dadi f 40 mangkono sabandjoeré. Bareng mèh djam papat, Éndra pamitan, awit arep ngladèkaké wédang.

Bankier: „Betjik, nanging akoe ndjaloek sing rada kentel ja, Én, matakoe wis rada ngantoe; soekoer jèn isih ana brèndi, akoe ndjaloek”.

Éndra: „Betjik, sapa sing kresa brèndi manèh?”

„Akoe, akoe ija”.

Kira-kira ana wong nem sing ndjaloek brèndi. Satekané ing boeri bandjoer préntah marang peladèn, soepaja panggonané Sindoe dikirimi brèndi nem sloki. Sawisé préntah bandjoer takon marang Martini: „Kaprijé, Mar, wédangé? Wis djam papat; apa ora loewih betjik diwetokaké?”

Martini: „Ija ta, iki lo wis komplit, kari ngetokaké baé”.

Éndra karo peladèn lija-lijané bandjoer pada ngetokaké wédang lan koewih-koewih, sarampoengé noeli bali manèh menjang panggonané Martini.

Éndra: „Ning, ning, éwangana ngétoeng doewit iki, kok akèh temen”.

Martini: „Hara, rak nganggo ning manèh. Apa saiki wis dadi ningmoe?”

Éndra: „É, ija, kok lali-lali baé. Pantjèn tjangkem rada lantjang iki, pantes dita ...”

Lagi samono olèhé tjalaŋoe, Martini bandjoer soemamboeng: „Pantes ditapoek: poek! Ta, kapok apa ora?” (Karo tangané sing koening kaja gaŋing toemèmpèl ing lambéné Éndra).

Éndra: „Mar, akoe bok koboengkem mangkéné selawé taoen ta, legané atikoe, rak gelem baé”.

Martini: „Én, adja mbaðoet, akoe nepsoe lo! Endi roepané ðoewité, apa kowé maoe menang?”

Éndra: „Ija, iki lo”. (Karo ngetokaké ðoewit saka kantonganing klambiné).

Martini: „Lo, kok akèh temen, Én. Endi, tak-étoengaké. Wah kabèh ana f 160. Wé lah, kodjoer ané, Én, déné iki ana ringgité sing témbélan”.

Éndra: „O, ija, roegi ané! Dadi doenoengé akoe menang f 150, rak ija ta?”

Martini: „Ija. Wah begdja, Én, kowé, doeroeng ana saedjam baé kok wis olèh nang-nangan f 150. Akoe kok-oedjoeri apa ora, Én?”

Éndra: „Mesti, Mar. Koewi barang mesti. Kang tak-oedjoeraké kowé 100 % ing nang-nangan kabèh. Dadi akoe moeng ndjoepoek pawitankoe baé”.

Martini: „Anèh ta, Én, kok dadi nang-nangané menjang akoe kabèh, ikoe kaprijé mangretiné?”

Éndra: „Ngretiné, sapisan: akoe ora seneng marang ðoewit nang-nangan main, awit moendak noemani. Kapindo: rehning menangkoe maoe marga saka idinmoe, dadi doedoe akoe kang doewé begdja, kowé sing doewé. Tjoba, oepama kowé ora mènèhi idin marang akoe mèloe main, akoe rak ja kalah”.

Martini: „Ija ta, mandak kari nampani baé, lah bok sapoeloeh méné engkas akoe rak ja isih gelem baé”.

Éndra: „Mar, akoe arep takon ja, adja nepsoe”.

Martini: „Emoh, akoe emoh ngroengokaké pitakonmoe, wis bosen. Ora woeroeng pitakonmoe koewi bakal paða baé karo ðèk ana ing kebonan bijèn kaé. Karo ma...”

Lagi teka samono olèhé goeneman, Éndra bandjoer njekeli tangané. Martini njendal tangané karo tjalaðoe. „Én, polahmoe kok kasar temen”.

Éndra: „Pangapoeramoe, Mar, akoe lali, amarga saka boengahkoe”.

Martini: „Ija, nanging bésoek manèh adja kaja matroes mendem ngono polahmoe”.

Éndra: „Ija, tak-marènané”.

Bareng wis djam 6 ésoek, dajohé paða boebaran; kang menang lakoené dengah-dengah kaja satrija ing Banakeling Radèn Dja-jadyatra mentas menang perang. Déné kang kalah lakoené toemoengkoel, iket-iketané was modal-maðil, semoené lesoe lan sajah, tjahjané poetjet. Bapakné Martini bandjoer menjang ing

boeri, ketemoe Éndra, tjalaŋoené: „Lo, kowé maoe doeroeng moelih ngono, lé?”

Éndra: „Dèrèng, ngentosì sabibaripoen pisan, preloe baé ngan-toek-antoekaken bekakas samboetan, awit wonten ingkang dèrèng djangkep”.

R. Ng. Kartamardika: „Apané sing doeroeng ganep?”

Éndra: „Séndok saha garpoe, ingkang dèrèng djangkep, bok-manawi taksih ketlisoet”.

R. Ng. Kartamardika: „Ija ta, lé, soekoer jèn mangkono. Gèk apa sing takwalesaké, saben kéné doewé gawé, kowé kok mèloe répot banget”.

Éndra: „O, bapak, koela poenika namoeng manoet kalimrahan, dados sanès poenapa-poenapa”.

Martini njelani: „Anoe, pak, maoe bengi Én mèloe bakaran barang”.

R. Ng. Kartamardika: „Ija gadjegé akoe weroeh mèloe tombok bakaran, ana kalangan kang sisih lor-wétan. Kaprijé, lé, apa menang?”

Martini: „Menang, pak, maoené doewit f 60 wis dioetang déning Sindoe f 50, dadi kari f 10. Akoe ija goemoen, wong moeng doewé pawitan f 10 baé kok tatag mèloe njekel kretoe barang”.

R. Ng. Kartamardika: „Menang pira, lé?”

Éndra: „Boten katah, awit namoeng kanggé djampi ngantoe”.

Martini: „Ora òing, pak, doewité sapoeloeh dadi f 160; sing dioedjoeraké akoe f 150, dadi dèwèké moeng ndjoepoek pokoké baé”.

R. Ng. Kartamardika: „Lo, lo, koewi rak doedoe padon, menang f 150 koewi doedoe goejon. Ora ngonoa, kok dadi nang-nangané ko-oedjoeraké marang adimoe Mar koewi kaprijé? Kowé sing begdja, Mar. Oepama akoea sing dioedjoeri mono, saiba boengah-koe, lah bok ja dikongkon ngladèni rak gelem baé, ngantia salawasé pisan”.

Martini: „Djaréné moendak noemani, jèn nggémol doewit nang-nangan koewi, moelané nang-nangané bandjoer diwènèhaké akoe kabèh”.

R. Ng. Kartamardika: „É, ja dasar begdja kowé koewi, Mar. Kadjaba koewi, ja soekoer ta, jèn kangmasmoe ora seneng main”.

XXVI

WEWADOEL ALA

Dina Minggoe ésoek wajah djam 7 ing pakebonané sladžah Radèn Ngabèi Kartamardika ana botjahé nonoman kang manganggo sarwa bregas, bebed lan iketé sawitan, klambiné soetra

Tjina boekakan, dasiné soetra biroe, selopé gilap, tjedak karo olèhé ngadeg Martini ing sandingé bapakné. Satemené Martini wis ora seneng nemoni tekané botjah nonoman maoe, ja ikoe Sindoe. Déné kang diarep-arep Martini, moeng si Éndra. Ananging ing wektoe koewi si Éndra loenga menjang désa golèk padon dagangan krambil gebingan (koprah) lan aniti agèn-agèné, apa njamboet gawé kalawan bener. Sindoe tansah njawang marang Martini baé, lan sadéla-sadéla andeleng tandoeran sladah kang pantjèn toekoelé doeroeng gedé.

R. Ng. Kartamardika: „Lé, Sin, kowé maoe apa saka ing omah baé?”

Sindoe: „Inggihi, namoeng preloe sowan”.

R. Ng. Kartamardika: „Soekoer jèn moeng dolan kaja adat sabèn. Akoe kroengoe kabar, saiki kowé wis doewé selir”.

Sindoe éwoeh olèhé mangsoeli, nanging rehning kepeksa dadi ija blaka: „Inggihi, awit boten wonten ingkang ngladosi”.

R. Ng. Kartamardika: „Ija wis mestiné, botjah lanang kang wis doewé pametoe ikoe jèn doeroeng doewé bodjo, sing akèh ija njelir disik, ikoe wis loemrah toemrap wong Djawa”.

Martini takon karo mèsè: „Selirmoe botjah ngendi ta Sin? Mbok koadjak dolan mréné”.

Sindoe: „Botjah kampoeng baé, dadi gampang boewang-boewangané ing sawajah-wajah”.

Martini: „Rak ja mesakaké ta jèn diboewang, djenengé medotaké katresnan; ikoe ora ilok, kedjaba ta jèn doewé salah”.

Sindoe: „Keparenga koela matoer, bapak, nanging radi wados toer preloe sanget”.

Bareng Martini kroengoe temboeng mangkono, atiné rada nratab, njawang marang Sindoe kelawan ngoengoen; bapakné Martini oega mangkono sarta tjalaŋoe: „Apa ija kena diroengokaké déning Martini kabar kang bakal kotoetoeraké ikoe, Sin?”

Sindoe: „Kénging, manawi poeroen mirengaken”.

R. Ng. Kartamardika: „Betjiké menjanga kantorana kana, akoe takwisoe disik”.

Sadjroning wisoe tangan, Radèn Ngabèi Kartamardika atiné ora kepénak banget mikir marang kanċané Sindoe maoe. Toedjoening pangira moeng marang anaké wadon, kinira doewé polah kang ora betjik, bandjoer kawroehan déning Sindoe. Déné Martini doewé pangira: bokmanawa Éndra wis rabi oetawa arep rabi olèh botjah lija. Bareng wis tekan ing kantorana bandjoer tjalaŋoe: „Lé, Sin, mleboea mréné”.

Sindoe: „Inggihi”.

R. Ng. Kartamardika: „Toetoepen lawangé katja”.

Sindoe: „Inggihi. Bapak, sampoen andadosaken doeka, awit

koela kepeksa matoer, amargi saking pangowel koela datang pandjenengan saha datang ingkang poetra di-adjeng Martini".

R. Ng. Kartamardika: „Ija, banget boengahé atikoe, déné kowé doewé pangowel marang akoe lan anakoe".

Sindoe: „Koela mireng kabar, manawi pandjenengan moendoet anðil daganganipoen poen Éndra ngantos éwon roepijah; manawi boten lepat, pandjenengan sampoen tjoetjoel arta 6 èwoe roepijah. Déné poen Éndra babar pisan boten tjoetjoel poenapa-poenapa, kadjawi namoeng banda èpèk-èpèk, dados ingkang kanggé pawitan dagang saèstoenipoen arta saking pandjenengan".

R. Ng. Kartamardika: „Jèn kabar kang kotampa ikoe bener, tegesé akoe njata mèloe toekoe anðilé nganti 6 èwoe roepijah, mangka si Éndra tanpa pawitan apa-apa, ikoe ora dadi sebab apa-apa, sing mesti bagéané kaoentoengan ana oenda-oesoeké".

Sindoe: „Inggihi manawi namoeng makaten kémawon, ananging koela saged njaosi kabar ingkang tjeta, saha boekti ingkang sah, manawi Éndra pantjèn djoeroe apoes ingkang aloes; pijambakipoen réka-réka dagang, preloenipoen soepados wonten ingkang toemoet anðil, ing wasana manawi arta sampoen ngempal, ladjeng kanggé noeroeti kekadjenganipoen ingkang awon, inggihi makaten poenika anggènipoen réka-réka dados tijang dagang waoe. Awit manawi boten makaten, pijambakipoen boten saged noeroeti kekadjenganipoen, amargi boten gadah banda. Kawoeningana, arta pandjenengan sampoen telas, kantoena inggihi boten katah".

Bapakné Martini sadjroné ngroengokaké goenemé Sindoe, tansah meneng baé, moeng njedot oedoeté sroetoe kang keloeké bandjoer diseboelaké manðoewoer. Martini rainé abang, awaké sakodjoer goemeter, emboeh sababé. Sawisé toetoeg olèhé ngroengokaké goenemé Sindoe, Radèn Ngabèi Kartamardika bandjoer takon sarèh: „Sin, banget ing panarimakoe, kowé awèh kabar marang akoe. Ikoe boektiné jèn kowé doewé pangéman marang akoe temenan, nanging akoe goemoen, barang kang diwadèkaké banget déning Éndra, ja géné kowé nganti bisa weroeh marang wewadi maoe?"

Sindoe: „Makaten: Noedjoe satoenggiling dinten, koela toéwi datang grijanipoen Éndra; sareng doemoegi ing latar, dados dèrèng ngantos doemoegi ing grija, koela mireng soewaranipoen tangis goemerah. Sareng koela tilingaken, ingkang sami nangis waoe tijang sepoehipoen Éndra djaler èstri kalijan Éndra pisan, déné sambating bapakipoen makaten: Doeh Allah, gèk apa kang bakal tak-enggo ngidjoli doewité Radèn Ngabèi Kartamardika? Oepama lemah saomahé pisan tak-edol, kaja-kaja doeroeng tjoe-koep kanggo nambeli doewit maoe. Makaten sambatipoen, mila koela soemerep manawi pandjenengan toemoet anðil, nitik sam-

batipoen lan kawontenaning tangis, njata arta poenika sampoen telas kanggé rojal poen Éndra”.

Bapakné Martini bareng kroengoe katrangané Éndra kaja mangkono, atiné koemepjoer banget, awit doewit nem èwoe ikoe doedoe goejon, lan manèh doewit maoe doedoe saka tjéléngan, ananging saka olèhé adol barang lan anggadèkaké balé pomahané. Martini saketjap ora njamboengi apa-apa, lambéné kaja dikoentji, goeloéné seret, awaké goemeter, tjahjané poetjet, kringeté kaja wong adoës. Bapakné bareng weroeh anaké kaja mangkono bandjoer tjalaŋoe: „Mar, toerokna awakmoe lan sarèhna pikirmoe”. Ngadegé Martini saka koersi mèh tiba, awit awaké wis lemes baé lan panoné peteng. Bapakné énggal noeloengi lan noentoen marang Martini kagawa marang patoeron; satekané ing patoeron bandjoer ditoerokaké. Bareng Radèn Ngabèi Kartamardika wis bali manèh marang kantorané, bandjoer tjalaŋoe marang Sindoe: „Akoe ora njana banget jèn si Éndra doewé patrap kang kaja mangkono, dadi akoe iki kaleboe ing kala loewangé si Éndra. Toedjoéné, Sin, kowé énggal awèh kabar; oepama ora, bokmanawa bisa oega loewih saka samono kèhé doewitkoe kang kalap. Ja wis ta, Sin, banget boengahkoe marang anggonmoe awèh kabar kang akèh banget regané maoe. Lan ma ...”

Lagi tekan samono ana soewara saka kamaré Martini: „Pakné, pakné, niki, anak sampéjan dospoendi?”

Bapakné Martini énggal mara; bareng weroeh anaké katemoe semapoet ana ing patoeron, bandjoer goegoep banget: „Ès! toekoea ès, kanggo ngomprès! Koewi kotangé oetjoelana, soepaja gampang olèhé ambekan. Mar, ndoek, Mar. Iki èsé komprèsna ing sirahé”. Ora antara soewé Martini bandjoer melèk, ananging let sadéla semapoet manèh. Bareng wis éling, bapakné tjalaŋoe: „Ndoek, sarèhna pikirmoe, adja énggal pretjaja marang wewadoel ala, sadoeroengé dioeroes disik apa njata wewadoel maoe”.

Ing wajah bengi Martini tansah nangis baé; kang disambat moeng Éndra: „O, Allah, Én, bab doewit akoe ora anggrantes, nanging oepama njata kowé ngentèkaké doewit kagoengané bapak, kang mesthi bapak ora kresa moendoet mantoe ing kowé. Jèn kalakon mangkono, o, ja Allah, apa ija akoe bakal mati amarga ora kelar nandang lelara tresna kang toemèmplèk marang awakmoe. O, Én, apa kowé ora doewé katresnan marang akoe, déné kowé kok nemaha soepaja ora sida dipoendoet mantoe déning bapak. O, Allah, Én, Én, kebangeten temen, delengen ta si Martini iki”.

Akèh-akèh sesambaté, nganti sawengi moepoet olèhé tansah mrebes mili. Matané nganti pendoel, roepané poetjet banget.

„Koela noewoen”.

„Sapa koewi?”

Nalika bok Gani nganam klasa, ing djaba kaprenah sangarepé lawang ana sabawané wong. Nggoné nganam lèrèn, njapa kang koela noewoen.

„Laré lèr ngrikoe”, wangsoelané kang disapa.

„Apa Sadijem?”

„Inggi”.

„Wengi-wengi ana apa, ndoek? Apa dioetoes dèn ngantèn moendoet klasa kembangan? Doeroeng dadi ki, ndoek; lah iki ta isih taklemboer. Matoera waé: soek-embèn ngono, ora soesah dipoendoet, bakal tak-atoeraké déwé”.

„Anoe kok, mbok, dipoen-oetoes ndara penèwoe, nimbali kendoerèn pak modin”.

„O, lah, wis toeroe. Agi waé”, wangsoelané bok modin, kang atiné ngandoet sangga-roenggi. „Kok ja mokal, jah méné kok lagi nimbali. Kok ora dèk maoe soré ta, ndoek?”

„Tijang dadakan, anggènipoen otjal-otjal inggi saweg serap poenika waoe. Kadingarèn ta, mbok, wantji ngaten pak modin kok sampoen tilem”.

„Karipan kok, ndoek; toer ja agi waé nggoné mapan. Adjaa tjah dolanan da boebar, ija doeroeng bisa toeroe, wong djer dibrebegi tjah dolonan waé”.

„Ja pantjèn lémbon!”

„Kenès ki. Anggépé njrengeni wong toewa. Mleboea ngomah ta, takgoegahé”.

„Inggi. Koela badé ngilèn ngrikoe nimbali mas Najapanoekma. Sampoen nggi, mbok”.

„Ija, ndoek”.

Sapoengkoeré Sadijem, bok Gani nggoegah sing lanang, diojog-ojog nganti soewé lagi tangi.

„Pakné! pakné! mang tangi”.

„Ooh, oeh.....”

„Wong kon tangi kok mbélot waé”.

„Ana apa ta?” pitakoné sing lanang bareng wis ndjenggèlèk.

„Samang ditimbali ndara penèwoe”.

Sing lanang tangi, sanadjan sadjaké katon isih arip banget. Sawisé nata ramboeté kang réjab-réjab, bandjoer iket-iketan. Mangkaté karo groendelan: „Adjaa ndara penèwoe sing nimbali akoe mogok. Kendoerèn kok wajah doedoe wajahé”. Gerit..... swarané lawang diwengakaké; pak modin metoe.

„Lo nggih empoen ngresoela. Samang rak empoen sagoeh dadi kaoem”, tjalaŋoené sing wadon karo ngetoetaké sing lanang tekan ngarep lawang. „Lah nèk samang boten poeroen, sing ndongani sinten?”

„Ja benar-bener. Ning rak ja koerang tepa ta, koewi. Saélingkoe akoe doeroeng taoe mbléndot menjang koewadjiban”.

„Lah enggih endang mangkat ngrika; selak dientèni kok grenang-greneng waé”.

„Ning akoe kok samar”.

„Samar pripoen ta?”

„Mengko gèk ketjélik”.

„Ketjélik?”

„Pikiren ta. Jah éné kendoerèn koewi wis mokal. Apa manèh sing dioetoes kok Sadijem, koewi ija mokal manèh. Ngendi ana, botjah wadon dioetoes oendang-oendang toer wajah bengi? Apa panéwon koerang wong roenda?”

„Enggih. Lah sing oendang-oendang waoe sinten, napa sétan?”

„Ah, kowé, bisa ngarani botjah akoe, djeboelané malah sangisoré botjah”.

Sing wadon ora goeneman apa-apa.

„Wis kono, adja ngedangi lawang, taktoeroe manèh”.

„Lo pripoen. Boten sida teng penèwoe?”

„Boesoekmoe kaja kebo”.

„Lo kok malah njrengeni oewong”.

„Heh, wong kowé. Tjoba kowé maoe gelema rekasa setitik wé, mengani lawang dèk botjahé doeroeng loenga, mesti kowé ora wani nggoegah akoe”.

„Pripoen ta nikoe genahé?” pitakoné sing wadon kang babarpi-san doeroeng njandak marang karepé sing lanang.

„Akoe ki arané diwales”.

„Diwales.....?”

„Dèk maoe akoe ngagroe-agroe botjah dolanan, nganti pada boebar kabèh. Saiki akoe diwales dibéda nggonkoe toeroe”.

„Lah waoe mang napakké ta?”

„Akoe dadi memedi wedon. Botjah pirang-pirang pada girap-girap noendjang palang”.

„Ning kok mokal, jèn niki pokalé botjah”.

„Mokalé pijé?”

„Lé pinter lan kendel”.

„Heh, apa kowé ora éling, kenaiban dèk sasi Pasa kaé”.

„Ah doedoe menoes! Nggih empoen mang nrima”.

„Ora nrima arep apa? Apa wong toewa arep kerengan karo botjah; mengko rak digegoejoe tengoe, ngono. Akoe ngalem njang botjah-botjah kéné iki, pinter-pinter lan kendel-kendel. Ja bedjané

sing doewé anak, moeng kari ndjaga lan noentoen menjang kaoetaman".

„Ja poedjèk-poedjèkna dadi naib baé".

„Enggih. Ta empoen mang tilem melih, toeréné ngantoe".

„Ija; ning kowé adja kaja baji, adja kalah karo botjah; jèn ana swara apa-apa toгна baé; moendak dadi gegoejon kaja Doelkaji".

„Enggih, djaloekané nggih nèk ditogaké nikoe, mesti entèk akalé. Ati samang nikoe betjik èstoe, sabar toer kamot".

„È, empoen dadi kaoel koela nikoe, nèk samang sijos bisa dadi naib ing Ngimarata, adjeng nggoelé wedoes madjer".

„Ning ja mokal bisa dadi; lowongan naib moeng sidji, dikarepaké wong pirang-pirang".

„Nggih rina wengi sami dipoedji, kadjengé katiban bedja. Ning ati koela kok manteng".

„Koewi rak pikirmoe, pikirané wong kang kepéngin dadi bok-mas naib".

„Lo, nikoe ndjoepoek king nalaré. Samang teng korän pasèh, teng wadjib netepi, dasar tilas santri Tremas, Patjitan".

Pak modin mantoe-k-mantoe, tanda jèn kandané sing wadon maoe bener. Saka bebeging atiné, pak modin mari ngantoe, gagané nglambrang mrana-mrana. Ora soewé noeli ngadeg njat, marang ing benèt ndjoepoek kitab arep diwatja. Lagi baé mboekak kitabé, ing djaba kroengoe swara pating gedeboeg, botjah pirang-pirang pada plajon karo soerak-soerak ramé banget.

„Horé, weдонé ora wani metoe, dioendang kenđerèn ora gelem".

„Lidok ta petèkkoe", tjalađené pak modin.

„È ora genah! Dadi kawit waoe nikoe dèrèng sami késah. Kok baeoed timen ndelik".

„Ikoe doeroeng. Atiné doeroeng lega, jèn akoe doeroeng kisinin. Wis, toгна baé".

„Napa nika teroes moelih?"

„Ija, wis jah éné mesti da moelih".

„Koela noewoen....."

„Hara ta, toeréné boten bali".

„Apa?"

„Lah nika onten wong koela noewoen melih".

„Koela noewoen..... kang, kang; kang modin?"

„Hara bedèken", tjalađené pak modin karo noetoe kitabé, „botjah apa wong toewa?"

„Alah, nggih moengsoeh samang waoe".

„O, nèk ngono kowé koewi koerang titèn".

„Lé nitèni pripoen, wong botjahé pantjèn pinter, nirokaké swara wédok, nggih djèbles temenan".

„Kang modin, tilem napa? Grenang-greneng ditjeloeok bola-bali kok ora njaoeri”, swarané wong kang ana ing djaba karo groendelan. „Dioendang arep diwènèhi redjeki waé, ndadak setori”.

„Lah apa ta: redjeki mara. Rak Doelkaji ta koewi”.

„O samang nikoe nggih kaja baji, kalah karo botjah”, tjalaŋoené sing wadon.

„Nèk pak botjah mangsa kalaha. Mleboea, Doel!”

„Enggih, koela noewoen. Lo kok isih pating trengoek”, tjalaŋoené Doelkaji, „kakang tilasé tas matja kitab, bakjoe isih anam klasa; lah kok dioendang woled temen”.

„Anoe, Doel”, tjalaŋoené pak modin karo mapanaké loenggoché, „kowé maoe mentas tak-enggo tjangkriman karo bakjoemoe”.

Doelkaji lingak-lingoek ora ngreti, déné oewong kok dienggo tjangkriman, tjalaŋoené: „Heh pripoen ta?”

Pak modin ngandaraké larah-larahé, nggoné mentas ngaroebiroe botjah-botjah dolanan, wiwitan nganti toemeka dèwèké dèwé diwales kanggo dolanan genti. Doelkaji goemoejoe kepingkel-pingkel, pitakoné: „Samang kok boten samar jèn kapoesan melih, kang?”

„Jèn wong titèn mesti ora bisa kapoesan. Ja pintera ndjara langit, mesti ana bédané. Apa manèh nirokaké swaramoe kang lagi ngagor-agori ikoe”.

„É pinter tenan dīng, loerah pengoele naib ki”.

„Hoes! olèhkoe dadi naib dèk kapan”.

„Lah enggih selot-seloté ta, kang. Samang napa boten poeroen ditetepaké naib?”

„Emoh! Ditetepaké rak ja lara ngono”.

„É, ora kena diblondrongaké”.

„Dèk botjah wis djadjah kok, lé!” nggoné goeneman sadjak ngétjé, „wonga nggoenoeng kaé, dèk djaka sabané tanah mantja. Dioetoes apa kowé ki moe karo bapak?”

„Samang ditimbali bapak, didawoehi makili ketib, adjeng ningkahaké pengantèn”.

„Jah éné ki ana ngantèn no. Ngantèn saka Gandasoeli apa?”

„Enggih. Sangaté king ngrika meneng djam nem, mila doegi ngriki empoe jah ngaten”.

„Nah éntoek seketipan manèh, lowoeng. Angger ketibé kerep plesir, akoe oentoeng. Njang ngendi ta kakangmoe ketib?”

„Wikana!” wangsoelané Doelkaji, „pantjèn nggih kleboe sembrana. Moela nalaré, kangélan bisané tetep dadi naib. Negara rak nggih nitèni ta mestiné”.

„Prekara koewi emboeh. Paŋokané akoe olèh seketipan. Wis ta ajo, lé, selak dadi entèn-entènan”.

Pak modin karo Doelkaji pada mangkat, bok modin ngantjingi lawang.

Ana ing kenaiban, sarampoengé ningkahaké pengantèn, pak modin ora djenak linggih, atiné koedoe ana ngomah baé. Karepé énggal-énggala tekan ngomah katemoe karo sing wadon. Moela ora antara soewé noeli pamitan moelih, lakoéné digelak kesoesoe banget.

„Mbokné! mbokné!”

„Énten napa?”

„Endang lawangé wengakna”.

„Enggih ta. Éh sadjaké kok kesoesoe banget”.

„Wis ta, gelis”.

Sing wadon noeli ngengakaké lawangé.

„Wah ...”, ambekané isih ngangsoer-angsoer, „akoe olèh kabar betjik. Wah bagoes, bagoes”.

„Betjik pisan wong olèh doewit seketip. Sésoek kena digawé woewoeh nempoer”.

„Ana menèh; doedoe koewi. Wah kabar betjik tenan, bokné”.

„Napa ta, napa?”

„Dèk maoe awan loerah naib sowan menjang kapenèwon, loerah penèwoe ngendika jèn sing akèh oentoeté bisa dadi naib, akoe. Ndara Menggoeng Karanganjar ija ndjago akoe”.

„Ah bok ija ja. Jèn tenan sida mbelèh weðoes madjer akoe. Prijaji sa-Tawangmangoe adjeng koela atoeri sedaja”.

„Lo, ja adja kesoesoe ngemping boengah; nèk diðoeni djago saka Sala, prijé?”

Wong loro lanang wadon pada boengah-boengah, nggoné remboegan ngetoeproeck ora meneng-meneng.

„Koela noewoen ...”. Anggoné omong-omongan kandeg, kroengoe ana seabawané wong koela noewoen.

„É lah, ana oewong koela noewoen menèh”, tjalaðoené pak modin.

„Saniki koela empoen titèn. Lawangé lali dèrèng koela kantjing”. Sing wadon noeli ngantjing lawang.

„Lo, malah kantjing lawang”, grenengé swara ing djaba. „Ana ditimbali ndara penèwoe djaré; apa dikira kampak?”

„Sapa ta koewi?”

„Koela, Ngadiman, dioetoes ndara penèwoe”.

„Sapa? Ngadiman?”

„Enggih. Dioetoes nimbali pak modin énggal-énggalan”.

„Tenan apa ngapoesi, koewi?”

„É, ngapoesi pripoen ta nèh!”

„Ija, maoe nimbali kendoerèn, saiki manèh nimbali énggal-énggalan”, pak modin grenang-greneng.

„Pripoen ta, kjainé, dingaki lawang napa boten?”

„Mengko gèk moengsoeh; kelakon dadi gegoejon menèh; wis ta, takindjené disik”.

„Sendika napa boten ta, pak?”

„Tenan apa gérohan?” pitakoné bok modin.

„Tjilaka ané. Pak modin saiki wis anggep, doeroeng tetep naib waé wis anggak”.

„Ngadiman tenan?”

„É, lah, apa ana Ngadiman gaðoengan”.

„Ngadiman penéwon nèh!”

„Lah sinten?”

„Kowé wani mleboe ngomah apa ora?”

„Lo, lah napaa boten?”

„Ja, mleboea”.

„Nggih mang ngakké”.

Gerit ..., lawangé menga, Ngadiman mleboe ngomah. Sanadjan mengkono pak modin isih doewé pangira, jèn saka penggawéné botjah-botjah kang arep sembranan baé. Moela nalika weroeh jèn Ngadiman temenan, ngroemangsani ketjéliké.

Pak modin anggeblog Ngadiman karo tjalaðoe: „Dioetoes apa, tjah bagoes?”

„Samang ditimbali teng penéwon saniki”.

„Preloené?”

„Wikana. Niki waoe onten tilpoen king kawedanan. Bar tilpoen kok ndjoer dawoeh nimbali niki waoe”.

Bebasané rindik asoe digitik, saka ketoedjoe atiné pak modin toemoeli njandak iketé blangkon karo klambi atéla ireng wis lawas, tjalaðoené: „Wis, Man, ajo mangkat énggal. Bokné anaa ing omah!”

Saoengkoeré sing lanang, bok modin kari idjèn ana ing omah. Pikirané nglambrang néka-néka sing dipikir, dawoeh kok ora wajahan, ikoe gèk ana apa? Mengkono tjiptané bok modin.

Satekané ing kapénéwon, pak modin didawoehi sésoek ésoek soepaja ngadep menjang kantor wisoeðan, awit kapareng panoe-woené, kapidji dadi pengoele naib ana ing kapénéwon Imarata.

Tjles atiné pak modin, bebasan kaja kasiram ing banjoe sawindoe. Sawengi moepoet lanang-wadon ora bisa toeroe, saka boengahé. Ikoe wis mestiné ta. Saka bebeging atiné nganti ora arip tanpa toeroe.

XXVIII

SEMAR, GARÈNG LAN PÉTROEK ING DINTEN RIJADI

I. NGADJENG LEBARAN

Garèng: „Kowé koewi pantjèn ija oewong moerang sarak, wong pindah omah baé katik ngarepaké bakda; tjatjadé omahmoe ing Boengoer Djawa nomer 8, apa, hèh? Wong ija wis omahé déwé, toer katoné ing kampoeng kono, ija, sing ambalindrik déwé. Nadyana ana ing sadjeroning kampoeng, wong sing ora soemoe-roep rak bisa ngarani: Iki mestiné dalemé mas loerah, ora-orané ija dalemé mas kebajan. Mara, apa ora metangkring koewi arané?



É, kok ija meksa pindah goemoenkoe koewi. Apa roemasamoe Troek, doepèh papané omahmoe anjar iki djenengé: Plihpèllan nomer 55, sadjak ambelandain, apa daradjatmoe bandjoer moen-ðak, bandjoer diseboet: kangdjeng toewan menir mengkono apa?”

Pétroek: „Ambok adja oesah kedawa-dawa mengkono, tjekaké ana ing omah lawas akoe wis bosen, kepéngin ganti hawa, kang Garèng”.

Garèng: „Ha ija, nèk moeng bosen omah baé ija ora dadi ngapa, anggeré adja bosen ... bodjo”.

Pétroek: „Wajah, ambok adja sing-sing kang diomongaké mengkono, ta, kang Garèng! Loewih betjik akoe toeloengana anggoné tata-tata omah; ing bésoek malem bakda, kowé lan bakjoe tak-toeri mréné, preloe seneng-seneng lan ropjan-ropjan”.

Garèng: „Ha ija, ta, kaé bakjoemoe malah wis miwiti pasang

gambar barang. Lemari kiji arep dipasang ana ingendi, Troek? Rak ija ana ing kamar, ta; ajo tak-angkaté, réwangana, semélah, wèh, hla kok loewih abot katimbang ... randa lemoe. Wé, wé, wé, mengko sik, Troek, tjekelana disik, djaritkoe mlotrok".

Bijang Nala: „Mara, kaé roengokna, di, makné Kamprèt! Kaé nèk kakangmoe njamboetgawé setitik baé, tjangkemé ija teroes ngetjoewis. Wis, ora soesah diroengokaké. Saiki akoe tak masang loeroep témbok iki, sawangen, seméné doewoeré, di, wis sedengan, mengko takpakoéné: tok, tok, tok, saiki sing sisih, ora mènjtjèng iki, di, mendoewoer satitik — kedowoeren — wis ora mènjtjèng, saiki takpakoéné manèh".

Pétroek: „Lo, kang Garèng, koewi adja dioenggahaké lemari, delèhna ing longan tempat tidor baé, hla wong ... pispot djaréné".

Bijang Nala: „Lé kaja wong désa mengkono, ora ngreti barang wadi, rak ija ngisin-isinaké tok baé. Lo, lo, kok djeboel malah ngemplok bregedèl, katik saendegan ... woloe. Hih, lé ngisin-isini".

Bijang Kamprèt: „Ambok kadjengipoen, ta, bakjoe. Mangga, bakjoe, mas Nala, oetawa kowé pakné Kamprèt, sami ngaso dahar-dahar roemijin".

2. MALEM BAKDA RIJADI

Pétroek: „Wah, mangga, mangga, bakjoe, oetawa kowé, kang Garèng, lenggah, lenggah".

Garèng: „Wis mateng-matengan apa koewih-koewihé?"

Bijang Nala: „Hara, loenggoché baé doeroeng mapan, katik wis nakokaké koewih-koewih".

Pétroek: „Adja koewatir, kang Garèng, tjekaké arep mangan koewih apa baé, sagendhingmoe. Sepèkkoek, ora ana; koewih tar, ora ana; koewih blèg, ora ana; koewih teles, ora ana; kering-keringan, ora ana".

Garèng: „Ajo, boené, moelih baé ..."

Bijang Kamprèt: „Jah, pakné koewi lé sok sembrana, boten ding, mas Nala, keng raji namoeng ngapoesi kémawon. Sampoen kondoer roemijin, tjang koela sampoen sadija dahar, sanadyan namoeng sawontenipoen".

Pétroek: „Wong kang Garèng koewi lé sok kesoesoe baé ngono. Rak ija linggih disik, sedeng daharé dienget-engeti, dadi mengko lé dahar kabèh sarwa anget, tjara prijaji setitik, kang Garèng. Timbangané ngentèni karo nganggoer, kaja-kaja loewih betjik pada main bridj. Akoe karo bakjoe, déné kowé, kang Garèng, karo adimoe, makné Kamprèt".

Garèng: „Bagoes, mengko akoe sing tak-kletj (ngotjok), kowé, makné Kamprèt, sing ambagi. Ajo boené, kowé saikiné sing koepir

(ngeṭok). Tjèm, ajo makné Kamprèt, kowé saiki sing kol (aba)".

Bijang Kamprèt: „Mangké roemijin, ta. Kretoené kok tang-goeng temen, inggih sampoen, harten (kowok)".

Pétroek: „Tjengkèh loro".

Garèng: „Adja wedi, makné Kamprèt; pir harten (kowok papat)".

Pétroek: „Keprijé, bakjoe, bisa ambantoe akoe, ora. Wani, lima tjengkèh?"

Bijang Nala: „Ora, di, wong kretoekoe moeng godong-godong kabèh. Akoe tak-pas baé. Wis, di, saiki kowé wiwit".



Pétroek: „Mengko sik, wong ija kowok papat, betjiké doebliir (diḍobel). Saiki takngetokaké iki baé: as tjengkèh".

Bijang Nala: „Bener, bener, teroes, di! Ajo, kretoené koewi diboekak kabèh. Sing main rak ija makné Kamprèt. O, samber gelap, koedoe tak-kroewes baé iroengé. Moelané oedjoeg-oedjoeg wani kowok papat. Wong ora doewé tjengkèh, lagi arep metoe sapisan baé, wis di ... troep".

Garèng: „Wé - wé - wé - wèh. Iroeng katik ditjènèng sake-pénakiranèki mengkono, apa roemasamoe iroeng saka karèt apa?"

Pétroek: „Wis tjilaka, sing koela-noewan-koela-noewoen kaé, kaja-kaja kaoémé. Boené, boené, énggal paḍa koekoetana kabèh, nèk nganti kaoémé weroeh kéné paḍa main bridj, rak ija moering-moering te menan. Hla wong malem bakda pantjéné koedoe tebiran, djeboel njekel kretoe mengkéné; mengko baé, bakjoe, nèk kaoémé wis loenga manèh, paḍa dibandjoeraké".

3. DINTEN LEBARAN

Garèng datang soepir taksi: „Bang, bang, taksi tidak dipaké? Bagoes, brenti sebentar! Brapa, bang, séwa taksi dari sini sampé diroemah bapak saja? Lo, kok ketawa, sembrana, ditanjaki prijaji kok ketawa-ketawa, akoe tidak maoe gegoejon, sèh. Tidak ngreti, boewat apa, dong, djaði sopir taksi? Akoe tadi tanjak: ongkosnja taksi dari sini keroemah bapak saja, berapa? Lo, kok ketawa lagi, wé, lah, mémang sembrana betoel kowé itoe, sopir. Ini prijaji, prijaji”.



Pétroek: „Wé, hla, kaé kenang apa, kang Garèng, sadjaké kok mentjak-mentjak nesoe njang sopir. Ajo, bakjoe, oetawa makné Kamprèt, kang Garèng pada diparani. Kang Garèng, kang Garèng, sadjaké kok nepsoe temenan, kenang apa, kenang apa?”

Garèng: „Sing ora nepsoe baé sapa, soepir katik koerang adjaré ngentèk ngono! Hla wong ditakoni betjik-betjik, katik anggegoejoe! Apa dikira jèn akoe ora doewé doewit apa? Ing mangka pitakonkoe tjara Mlajoéné rak ija tjeṭa, ta, mara, roengokna, apa Mlajoéné koerang ganep: Bang, séwanja taksi dari sini sampé diroemah bapak saja, berapa ...”

Pétroek: „O, ija mèmper nèk si soepir koewi maoe goemoejoe, ora sabab tjara Mlajoemoe koerang djangkep, nanging pitakonmoe

kaliroe. Sabab si soepir rak ora soemoeroep omahé ramak, teka ditakoni: Pira séwané taksi saka kéné tekan ing omahé bapak, mesti baé dèwèké bandjoer goemoejoe. Wis, pađa noenggang baé kabèh, mengko bajarané taksi, tak-oeroesé dèwé baé”.

4. WONTEN ING GRIJANIPOEN SEMAR

Sadoemoeginipoen ing grijanipoen Semar, Garèng lan Pétroek sasémahipoen oedjoeg-oedjoeg ladjeng sami andoem damel. Bodjonipoen Pétroek anggorèng-gorèng, Pétroek ingkang dados toekang itjip-itjip, bodjonipoen Garèng lalados, Garèng angampiraken.



Semar: É laé, soewargané wong toewa koewi ora kaja wong kang isih rinoeboeng ing anak poeto. Jèn noedjoe ing dina lebaran ngéné iki tansah dipoenđi, diadji-adji, diemi-emi, moeng tansah dikon mangan énak, nganti kaja sepoer kilat, doer-doeran, ora ana lèrèn-lèréné. Ađoeh, mantoekoe toewa, anggoné ngladèni moela ija prigel, lakoené dođok nganti kena diwilang, iramané alon. Jèn ora kabeneran, tekané ingarepkoe, moeng kèri piring tok”.

Garèng: „Rama iki mesti njemoni akoe, diarani akoe ngelongi redjeki ana ing dalan. Nijatkoek rak ora ngono. Tinimbang pating klaprèt, rak betjik diresiki dšik. Déné katoetan sing ana tengah, ikoe rak djalaran saka prigelé tangan. Nanging sanjatané mono rama iki pantjèn kena tak-arani waspada, priksa menjang semoe”.

Semar: „Nèk kanggoné akoe, Nalagarèng, adja manèh menjang klébat kang tjedak ora weroeha, sanadyan kang adoh-adoh akoe isih tjeta”.

Pétroek: „Koewi doedoe pasemon, nijaté ngarani mentah-mentahan. Nanging jèn akoe iki, pantjèn barès, moeng dapoer


ngitjipi, nanging angèl anggonkoe ngarani énaké ana ingendi; bareng wis katog, katerangané djeboel énak kabèh, boemboené sarwa samedengan. Saméné batiné wong doewé bodjo pinter olah-olah”.

XXIX

REMBAGIPOEN PÉTROEK LAN GARÈNG

BAB PILEM TERANG BOELAN

Garèng: „Mengko sik, Troek, sadoeroengé ambandjoeraké remboegané lagi anoe kaé, akoe arep takon ing bab lijané disik.



Lajang-lajang kabar sadjagad Batawi iki, kena dioenèkaké wis rampoeng anggoné ramé pada ngremboeg kaanané pillem anjar sing diarani: Terang boelan; lo, kowé teka boengkemen ora ngandakaké apa-apa, Troek?”

Pétroek: „Wong akoe iki rada rikoe, kang Garèng; lajang-lajang kabar sing akèh wis pada ngabaraké sarana pangalembana sing nganti plekiken, koewi mengko jèn akoe bandjoer mèloe ngremboeg, koewatirkoe, gèk mengko dièntjepi wong akèh, dianggep akoe djail metakil”.

Garèng: „Lo, sadjaké teka ana roesijané. Ora, Troek, ora antara soewé manèh, pillem Terang boelan iki mesti diplesiraké njang saindenging tanah Djawa, lan kirakoe ija dioebengaké ing sain-

denging djagad iki. Moelané pandjaloekkoe njang kowé, sarèhné remboegmoe koewi saṭitik-saṭitik ana sing anggoegoe, ambok tjoba lainna saṭitik moenggoeh ing panemoemoe ing bab kaanané pillem maoe. Jèn moela betjik, bèn bangsané dèwé iki bisa anek-sèni kabèh, jèn koerang apik ..."

Pétroek: „Wah, kang Garèng, nèk pillemé, pantjèn ija djempol temenan. Kaanané sesawangan ing sagara, ing poelo, kalané ana kobongan, sesawangan ing Singgapoera, lan sapaṭané, moela ija ngresepaké ati temenan. Njanjiané sing paṭa main, ija soewara lanang, ija soewara wadon, njang koeping pantjèn ija seger. Pamainé wong-wong sing paṭa dadi pillem maoe, sing akèh ija wis loemajan; ingatasé bangsané dèwé teka wis paṭa bisa dadi toekang main ing gambar idoep (filmster), koewi bisa gawé meṭoentoengé bangsané dèwé iki. Kadjaba saka ikoe, kang Garèng, agawé leganing atikoe sagoemoek, déné pillem maoe sapérangan gedé digawé ana ing tanahé dèwé kéné, kaṭik sing main wong-wong bangsané dèwé kabèh. Moeng baé ana tjatjadé saṭitik ..."

Garèng: „Toblas, kaṭik isih ana tjatjadé, nanging ija ora dadi ngapa, wong ija moeng saṭitik. Éwasamono akoe meksa kepéngin weroeh sing kok-oenèkaké: ana tjatjadé saṭitik koewi maoe”.

Pétroek: „Amrih tjetané kowé koedoe taktjaritani ḍisik dedongèngané pillem Terang boelan maoe kanṭi tjekak.

Sing kanggo djedjer ing poelo Sawobah, djaréné doenoengé poelo iki ana ing tanahé dèwé kéné iki”.

Garèng: „Mengko sik, Troek, sanadyan sakolahkoe dèk bijèn koewi moeng tekan ing klas ... kambing, nanging saṭitik-saṭitik akoe bijèn ija sinaoe ilmoe boemi; éwasamono akoe teka doeroeng taoe kroengoe poelo sing djenengé poelo Sawobah koewi”.

Pétroek: „Hla wong kowé, kang Garèng, sekolahmoe baé rak moeng njang sadé ès sekoel¹⁾, ija masa bakal weroeha ngendi sing diarani poelo Sawobah koewi. Sédjé karo akoe, ḍasar weton pleḍing sekoel, kaṭik wis andjadjah banget, moelané akoe ... ija ora weroeh, nanging, kang Garèng, apa poelo Sawobah koewi ana temenan oetawa ora, ing kéné ora preloe diremboeg dawa-dawa. Saiki takbandjoerné tjaritakoe maoe. Mitoeroet tjaritané pillem maoe, wong-wongé ing poelo Sawobah koewi isih paṭa njembah brahala”.

Garèng: „Hla, nèk mengkono wong-wongé mestiné ija doeroeng kambon ... mertéga saoe-pit-oepita. Tegesé: doeroeng kaleboe ing djaman kamadjoean. Wong ija isih njembah brahala, njembah watoe barang, temtoené njawa oewong kaḍangkala ija sok dipaḍakaké weḍoes baé. Nèk tjarané kéné kékah oepamané, sing kanggo

1) verdraaiing van: désaschool.

kékah mestiné weðoes, nèk kana kékahé mestiné nganggo oewong ...”

Pétroek: „Ija ora kékah mengkono, nanging omongmoe koewi ija rada ana beneré. Awit wong-wong ing poelo kono koewi maoe, pada pretjaja lan njembah-njembah njang retja. Moelané ija pretjaja, jèn sesembahané maoe sok bisa doeka. Hla, kiji minangka toembalé, kadangkala ora migoenakaké pitik oetawa weðoes, nanging ... menoengsa, kang Garèng. Ana ing kono ija diboektèkaké kanti gambar, kang Garèng”.

Garèng: „Wèh, dadi ija tjetja wéla-wéla, sing digambaraké ana ing pillem Terang boelan, ja wong-wongé ing poelo Sawobah koewi maoe, njata wong alasan, dadi padané ija bangsané wong Poewah-poewah, wong Dajak lan sapaðané. Bandjoer, Troek, panganggoné keprijé, apa ija tjara wong alasan?”

Pétroek: „Nèk andeleng anggon-anggonané, ija wis njara wong alasan temenan kaé. Wongé lanang ija moeng nganggo tjawet, wongé wadon, awaké sing ketoetoepan moeng saka doewoer daða satitik tekan ing doewoer dengkoel, malah kadang-kadang ana sing katon ... woedélé”.

Garèng: „Wah, ija wong alasan totok koewi djenengané. Wong-wong isih samono asoré koewi, temtoené pangané ija oenda-oendi karo kéwan galak, tegesé: mangan iwak oepamané, ija ora dimatengi nganggo mertéga, lenga klapa oetawa minjak samin, nanging mangan pitik, weðoes, lan sapaðané, ija moeng dibrongot ana ing bedijan, sarta bandjoer gèwel-gèwel dipangan, tanpa nganggo péso, oetawa sèndok porok, lan mestiné ija ora nganggo kètjap ...”

Pétroek: „Wajah, kok bandjoer roepa-roepa mangkono. Moela ija mangkono, kang Garèng, tandané kala ditongtonaké manton, bandjoer njembelèh weðoes sing bandjoer moeng dibakar ana ing saðoewoering geni baé. Anggoné mangan apa ija nganggo kètjap, koewi emboeh ora weroeh”.

Garèng: „Wèh, dadi tjekaké, karepé pillem Terang boelan koewi, arep mitongtonaké kaanané lan oeripé wong-wong ing tanahé déwé kéné kiji, sing isih kaleboe asor beboeden lan kasoésilané. Wah, Troek, ija gambar betjik lan akèh pigoenané temenan. Awit kaja déné bangsané déwé kiji bandjoer bisa gawé pepandangan, lo, ing tanahé déwé iki teka isih ana bangsa sing samono asoré moenggoeh ing kasoésilané. Wong gegambarané samono asoré, temtoené omahé ija ana ing erong, lan manawa seneng-seneng tetaboehané ija sing doeng, doeng, doeng sing ramé banget, lan djedjogèdané ija mentjolot-mentjolot karo djerit-djerit kaé”.

Pétroek: „Lo, nèk pantjèn mengkono, djenengané rak koemplit. Nanging moenggoeh sanjatané akèh sing ngadjak ngroedjak sentoel, kang Garèng, kaja ta: bener lanangé nganggo tjawet,

lan awaké wong wadon kang ketoetoeplan moeng dāda toemekané ing doewoer dengkoel, dadi panganggoné tjara wong alasan temenan, nanging tjawet oetawa panganggoné wong wadon maoe, ora digawé saka klika oetawa gegodongan kaja déné anggon-anggonané wong alasan, nanging djeboel ... batikan Sala”.

Garèng: „Wèh, bokmanawa wongé poelo Sawobah koewi bijèn-bijèné wis taoe sakolah ambatik ana ing Soerakarta”.

Pétroek: „Omahé doedoe erong, doedoe ing kajoe-kajoe kang gedé, nanging saèmper karo omah-omah ing désa ing tanah Djawa kéné”.

Garèng: „Bokmanawa ing poeloe kono bijèn wis taoe diloerahi mas Kramadangsa”.

Pétroek: „Tetaboehan, sing dianggo para moeda, koewi malah ... kitar; sing kanggo tembangan, bangsané krontjong”.

Garèng: „Bokmanawa Miss Riboet¹⁾ wis taoe ider mrono, Troek, bandjoer wongé salah sidji ana sing kèri”.

Pétroek: „Djedjogèdané ora mentjolot-mentjolot, nanging dangsih dangsih tjara Sepanjol; wis, kang Garèng, adja pidjer noendjang omongkoe baé, saiki taktjaritani disik moenggoeh dedongèngané terang boelan koewi. Roengokna!

Katjarita ing poelo Sawobah ana djadjaka aran Kasim. Kasim iki soesah banget, djalaran sirsirané, sawidjining prawan ing poelo kono kang djeneng Rohaja, bakal didjodokaké karo wong kang aran Moesa; déné Moesa iki sanjatané wong ala, nanging ana ing poelo kono koewasané gedé banget. Singsapa ora disenengi déning dèwèké maoe, mesti tjilaka. Mitrané si Kasim sing djenengé Doellah, dimoengsoeh banget déning Moesa maoe, moelané bandjoer minggat saka poelo kono, menjang Singgapoera”.

Garèng: „Mengko sik, Troek, adja dadi moeneg-moeneging atimoe, akoe arep takon disik, wong pikiranakoe oedjoeg-oedjoeg bandjoer setop alijas ora ngreti. Lagi anoe kowé njaritakaké, wong-wong ing poelo Sawobah koewi djaréné pada njembah brahala. Dadi ija njembah retja, njembah watoe barang kaé. Teka wong-wongé nganggo djeneng Kasim, Moesa, Doellah, nèk wadon ija Rohaja, lo, iki rak djeneng-djenengé wong Arab, oetawa jèn bangsané dèwé, anggeré djeneng sing kaja ngono koewi, kagèt satitik ija sing kalair temboengé mangkéné kaé: astohpirroellah, oetawa sing sadéla-sadéla moeni: insa Allah, ngono kaé, tegesé: mesti wong Islam. Hla wong djenengé bangsa sing pratjaja njang Allah tangallah, djeboel pratjaja lan njembah-njembah njang retja, jak, iki sing nganggit dedongèngané Terang boelan koewi maoe,

1) tooneelnaam van een in de 30er jaren zeer bekende zangeres van de Opera Stamboel.

apes ambalebes kena dioenèkaké : ngimpi. Akoe ora arep andakwa jèn dèn bèhi maoe arep angrèmèhaké bangsané dèwé, ora babar pisan. Moeng baé sing gawé djoedeging atikoe, milih djenenging wong-wong kang pada njembah brahala baé teka djenengé wong Islam, kenang apa ora milih djeneng-djeneng oepamané baé: Wéllem, Djakob, Mari, Dorah ..."

Pétroek: „Wijah, wijah, ambok adja ngoetik-oetik asoe toeroe mengkono, kang Garèng, ambok adja soemela-sela disik. Akoe takngrampoengké disik dongèngé.

Kotjapa, kang Garèng, sawidjining soré kabener padang boelan, Kasim sarana naboe kitar menjanji-menjanji lagoe: Terang boelan terang di kali, lan isining njanjian maoe ora lija moeng angalembana marang éndah ajoené Rohaja. Doemadakan ing kala samono Rohaja sakantja-kantjané ngroengoe njanjiané si Kasim maoe, sarta Rohaja bandjoer menjanji minangka wangsoelané, sarta njaritakaké, jèn atiné lagi soesah banget, sabab arep didjodokaké karo wong lija, sing dèwèké ora seneng babar pisan".

Garèng: „Watatitah, sadjaké teka wis njara ... koemidi setamboel temenan. Apes ambalebes ija mèh tjara djaman ... boewajah Kemajoran. Koewi djaman bijèné djaréné: jèn kabener padang boelan, para badjoel boentoeng koewi maoe jèn arep main rojal, bandjoer mlakoe-mlakoe toeroet kampoeng, naboe kitar karo bengak-bengok mangkéné kaé: Ha—i, nonah manis disajang-sajang, dja—poeh. Moeng ingkéné bédané, wanita sing diarah déning badjoel boentoeng maoe, ora kok bandjoer mangsoeli sarana bengok-bengok: A—i, toewan, disajang-sajang, mengkono kaé oepamané, nanging moeng ngintip saka saboerining lawang, ngemoengké sing pantjèn wis oetjoel, koewi sok bandjoer plentjing, mloempat djendéla, bandjoer ngintil njang badjoel boentoeng maoe. Malah kabaré ing tanah Sepanjol ija ana tjarané djadjaka naboe bangsané kitar karo djerat-djerit koewi, djaréné wanita sing diarah koewi, nèk pantjèn doewé sir, ija bandjoer sok longak-longak ana ing djandéla, bokmanawa karo mésam-mèsem, nanging kabaré ora mangsoeli djerat-djerit. Dadi ing semoe wong-wongé ing poelo Sawobah koewi loewih madjoe, loewih pré katimbang wong-wong Batawi ing djaman bijèn, oetawa wong-wong ing Sepanjol. Oetawa prawan-prawané ing poelo Sawobah kono loewih ora idèp isin ..."

Pétroek: „Kang Garèng, wong ija dongèng, rak ija kena-kena baé, amrih bisa gawé sengsemé wong nonton".

Garèng: „Hla ija, akoe ngreti jèn mengkono karepé, moeng baé ambok lé nganggit koewi rada sing kaleboe nalar satitik. Djaréné poelo Sawobah koewi poelo andéwé, nganti ora taoe kambah ing wong mantja, djeboel ana djadjakané sing bisa main kitar, katik

bisa menjanji terang boelan barang, woewoeh-woewoeh prawané ija bisa ngroempaka, katik ija nganggo lagoe terang boelan, moelané ingarep takkandakaké, nèk-nèké Miss Riboet wis taoe ider njang poelo kono, malah salah sidji wongé kèri ing kono sarana ditinggali kitar oepamané”.

Pétroek: „Hara, kok bandjoer warna-warna remboegé mangkono; wis, aloewoeng roengokna baé, takbandjoerné dedongèngané Terang boelan maoe. Sawidjining soré Kasim lan Rohaja ketemoe idjèn pađa idjèn manèh, doemadakan bakal djođoné Rohaja si Moesa teka ing papan kono. Karo mèsèm-mèsèm Moesa tjalatœ marang Rohaja mangkéné: „Rohaja, ajo énggal moelih, kowé koedoe sadija-sadija anggonmoe bakal ditemokaké karo akoe mengko soré”.

Garèng: „Wa—doeh, wong lanang katik lé sabir. Ingatasé andengangi bakal bodjoné lagi gendœolak-gendœelik karo djaka lija, katik ora ngloos péngot, teka malah moeng goemoejoe-goemoejoe karo ngandani njang patjangané: toemoeli sedijaa mengko bengi takkawin”.

Pétroek: „Iki moeng dongèng, kang Garèng, dongèng. Soréné pangantèn lanang ija Moesa maoe, teka saka sagara marani ing poelo kono ...”

Garèng: „Wah, sadjaké pangantèn lanang bangsané poetra wajahé ndara njai rara Kidoel. Wong djaréné tekané saka sagara”.

Pétroek: „Wajah, bokmanawa nganggo diarak barang disik. Pađané kalané kowé dadi pangantèn, sadoeroengé temoe, pangantèné lanang diarak njang aloen-aloen lan toeroet patjinan; sarèhné pangantèn ing poelo, pangaraké pangantèn lanang ija bandjoer njang sagara. Bareng tekan ing daratan poelo kono, pangantèn lanang sarana noenggang djoli kang dipikoel koerang loewih ing wong patang poeloehan, digawa njang omahé Rohaja, preloe meťœek pangantèn wadon. Sabandjoeré pangantèn wadon bandjoer moeng-gah ing djoli, loenggoeh djèdjèr karo pangantèn lanang. Saoewisé, djoli bandjoer diangkat manèh sarta boeđal manèh, awit ing kono ana tjarané dèwé, ja ikoe: idjabing pangantèn koewi ana papané dèwé, emboeh ing alas, emboeh ing ara-ara, gambaré ora pati tjetja. Moeng baé sing katon tjetja, ing kono ana retjané, sing disembah-sembeh déning wong toewa, kang woedjoed lan panganggoné, loewih-loewih iket-iketané ija wis tjekèk ... wong Soenda. Idjabé pangantèn sing sarana dipađangi ing obor pirang-pirang atoes, tatatjarané mangkéné:

Loewih disik pangantèn lanang njembah njang retja, bandjoer loenggoeh ana ingareping retja kono. Saoewisé pangantèn wadon sing njembah ing retja, lan bandjoer diloenggoehaké djèdjèr karo pangantèn lanang. Tangané pangantèn wadon bandjoer ditlikoeng,

bokmanawa karepé: wong wadon wis ketlikoeng déning wong lanang, dadi wis ora kena andoewèni kakarepan apa-apa manèh, kadjaba manoet mitoeroet njang sing lanang. Sing kanggo tanda nèk idjabé wis kalakon koewi: weðoes kang ditalikoeng sikilé, bakal dibelèh. Anggeré getihing weðoes wis mantjoer, pangantèn lanang wadon maoe ija wis dadi djoðoné”.

Garèng: „Wèh, adat tatatjarané teka digawé nganèh-anèhi temenan. Wong Soenda toewa sing njembah retja, pangantèn wadon tangané ditlikoeng, sing kanggo tanda jèn lanang wadon wis idjab, getihing weðoes dibelèh. Wèh, moela ija pinter ané anggoné gawé dongèng ... nglempara”.

Pétroek: „Roengokna, kang Garèng, takbandjoerné dongèngan-akoe. Sadjeroné temon ing pangantèn, ja ikoe daoepé Moesa karo Rohaja, koewi nganggo dianani tanggapan, kang Garèng; tanggapané maoe, nèk akoe, anggoné ngarani: tlèdèk”.

Garèng: „Wèh ija rada koemplit koewi arané, sanadyan papané sing kanggo doewé gawé koewi, kaja déné omongmoe, emboeh ana ing alas, emboeh ana ing ara-ara, kang pinadangan ing obor pirang-pirang atoes. Moenggoeh panganggoné tlèdèk maoe, apa ija nganggo tapih batik, sing saka saðoewoeré ðaða toemekané ing saðoewoeré ðengkoel? Kadjaba ikoe, Troek, djogèdè tlèdèk koewi keprijé, apa tjara tlèdèk Sala, apa tlèdèk Bandjoeng, apa tjara..... tjakalélé?”

Pétroek: „Hla, iki rada njengkal banget, kang Garèng. Sabab, nèk nitik kaanané ing kono, panganggoné wong-wong lanang, ija pangantèné, ija pangiringé sing poeloehan tjatjahé, koewi kabèh moeng nganggo tjawet tok, sanadyan tjaweté maoe bangsaning batikan. Dadi nèk andeleng kaanané ing kono, sing katon ija koempoelané wong alasan baledjet. Dadi tlèdèké pantes-pantesé ija moeng nganggo tjawet, lan djogèdè pantes-pantesé ija moemboel-moemboel, mentjolot-mentjolot, moebeng-moebeng, kaja djañilan sing kasoeroepan kaé. Nanging ora mangkono moenggoeh kaanané tlèdèk sing dipitongtonaké panggonan manton ing pilem „Terang boelan” maoe. Panganggoné sarwa poetih, èmpéré kaja déné ... rok dawa sing kangsrah lemah kaé; déné djogèdè pating pléjot, nganggo ngoelat-ngoelèt barang kaé. Nèk ora kaliroe djogèd sing kaja ngono koewi, djaréné ðangsih tjara Sepanjol”.

Garèng: „Wèh, hla saja mrinding giðokkoe, Troek. Karaméané dianakaké ana ing sadjabaning omah, sarana dipadangi obor pirang-pirang atoes. Sing paða andjenengi pahargjan maoe, toemekané pangantèné pisan, kena dioenèkaké woeda, moeng nganggo tjawet tok, nanging tjaweté maoe batikan. Tanggapané pantjéné mono ora kena diarani tlèdèk, nanging sing didjenengi ðanserès, toekang ðangsih-ðangsih, toer ðanserès saka Sepanjol. Bandjoer,

Troek, taboehané kanggo danserès maoe, apa djèsbèn apa pijano karo pijoe?

Pétroek: „Wajah, ambok adja dibandjoer-bandjoeraké mangkono; loewih betjik saiki takteroesné dongènganakoe. Sadjeroné ditemokaké linggih djadjar maoe, oedjoeg-oedjoeg pangantèn wadon ija Rohaja, plentjing, ngitar loemajoe, ninggal ing papan kono. Anèhé, kang Garèng, wong pirang-pirang poeloeh, sapangan-tèné lanang pisan, teka ora ana sing ngalang-alangi, malah pada pating pendongong, pating plompong ...”

Garèng: „Lo, kowé adja kaliroe, Troek, wong-wong maoe pada njembah brahala. Bokmanawa kala samono wong-wong pada pratjaja, jèn pangantèn wadon oedjoeg-oedjoeg katitisan ing déwané, moelané wong-wong ora pada wani angaroebiroe”.

Pétroek: „Bisa oega mangkono, kang Garèng. Bandjoeré dongèng „Terang boelan” saikiné taktjekak baé. Ja ikoe mangkéné:

Sarana praoe djoengkoeng, Kasim karo Rohaja bandjoer pada minggat saka poelo Sawobah kono, nganti toemekané ing Malakah. Ana ing kéné pada ganti panganggo, kang Garèng; Kasim nganggo pantalon malah sepaton barang, Rohaja manganggo tjara wong wadon bangsa Padang, ija nganggo selop. Goemoenkoe, lakoené oetawa tandang tandoeké kok ija bandjoer wis kepénak baé, ingatasé koelinané moeng nganggo tjawet, oetawa saroeng saka sadoewoeré pada tekan ing sadoewoeré dengkoel”.

Garèng: „Wèh, semoené wong-wong ing Sawobah koewi loewih madjoe tinimbang wong loemrah ing Batawi kéné, sabab wong Batawi kéné jèn kabener bakda rijadi, akèh sing sikilé mlitjèt, djalaran pada nganggo..... sepatoe lan selop; balik si Kasim karo si Rohaja sing saben dinané kirakoe gapjak baé ora taoe tepoengan, djeboel didadak nganggo sepatoe lan selop katik kepénak baé”.

Pétroek: „Wajah, kang Garèng, anggoné métani koewi ambok adja kedjlimeten. Saiki takbandjoerné manèh dongèngé. Nganti pirang-pirang dina Kasim ora bisa olèh pagawéan. Soewé-soewé bandjoer ketemoe karo mitrané sing ninggal poelo Sawobah loewih disik, ja ikoe Doellah. Saka boengahé ketemoe karo mitrané lawas, Doellah iki soréné karo bodjoné ngadjak Kasim karo Rohaja seneng-senang ana ing parek; ing kono kaweroehan déning moengsoehé lawas, ja ikoe Moesa, kang ana ing kono katjeloek djeneng Sèh Bak Aboel, sawidjining wong Arab kang soegih, sarta djalaran panggawéné kang ala dadi golèkané poelisi”.

Garèng: „Wèh, saja roewet manèh njang pikiran, Troek. Ingarep djaréné poelo Sawobah koewi poelo andéwé, ora taoe tjandoe lawoeng karo nagara lija, djeboel ana wongé sing ana ing tanah sabrang bisa mènđa-mènđa dadi wong Arab. Iki padané kowé

tjarita mangkéné: désa Klegèn koewi doenoengé mèh ana sangisoré goenoeng Soembing, adoh banget saka ing koéta, tjekaké désa kloetok banget. Ing kono ana wongé tani aran Soetamenggala, iki pantjèn wong asli kono temenan. Kotjapa bareng kowé ana ing Batawi, plesir-plesir njang kebon binatang, djeboel ketemoe karo si Soetamenggala maoe, kang ana ing kono katjeloe djeneng Menir Djakob pan de Sepoed, Landa. Troek, apa ija maetok dongèngan sing kaja ngono koewi: wong ngémba Walanda koewi, sanadyan sa-ik, rong ik, rak ija koedoe bisa tjara Landa! Gèk si Soeta maoe ana ing désa Klegèn sinaoené tjara Landa njang sapa? Mengkono oega si Moesa, wong ija omahé ana ing poelo, kang ora taoe diambah wong mantja, katik njembah brahala, hla kok bisa ngémba wong Arab toelèn! Wis, Troek, ora preloe kokbandjoeraké anggonmoe andongèng pilem „Terang boelan” koewi maoe. Wong saja soewé teka saja anggedabroel”.

Pétroek: „Mengko sik, kang Garèng, dikoemplitaké disik. Ing kono dipitongtonaké omah-omahé wong ing poelo Sawobah maoe kobong nganti loedis. Wong-wongé sarana dikepalani déning Moesa, pada pretjaja jèn anané kobongan maoe ora lija mesti djalaran saka déwa sesembahané doeka, moelané amrih leremé doekané déwa maoe, koedoe diteboes sarana djiwaning manoengsa. Tegesé: salah sidji oewong koedoe dikoberbanaké, ditjemploengaké ing sagara oerip-oeripan”.

Garèng: „Bagoes, tjekak aos, maskapé sing gawé pilem „Terang boelan” maoe anggambaraké kaanané ing salah sawidjining poelo ing tanahé déwé kéné kiji mangkéné:

Wong-wongé isih alasan, nanging ana mamboe-mamboené njang kamadjoean satitik; dioenèkaké alasan, sabab panganggoné mèh woeda bledjed, ngemoengaké nganggo tjawet; rada mamboe njang kamadjoean, sabab tjaweté maoe batik. Agamané njembah brahala, moelané sok ngoerbanaké manoesa barang. Tatatjarané ija wis wong alasan toelèn, éwadéné wis bisa ngregani njang kagoenan sing Éropis, boektiné anané danserès Sepanjol, oetawa teta-boehan kitar. Sanadyan wong ing poelo kono katon isih kaleboe bangsa sing asor banget, nanging nèk perloe bisa malih dadi wong Arab toelèn (Moesa), bisa doewé lagak lagoe tjara wong Mlajoe (Kasim lan Doellah sabodjoné nalikané ana ing Malakah). Lo, teka samono maskapé maoe anggoné sija-sija anggambaraké bangsané déwé iki. Djaréné sing dadi idam-idamané maskapé pilem maoe (Anif), arep dadi djoeroe penjoeloeh kaanané ing tanahé kéné kiji sarana gambar, hla nèk anggoné anggambaraké bangsané déwé kaja sing ditongtonaké ing pillem „Terang boelan” koewi maoe, apa ora moeng ngisin-isinaké bangsané déwé baé, sabab poetoesané bangsa lija kang doeroeng taoe andjadjah mréné

mestiné: ija kaja ngono koewi bangsané déwé kiji. Alhamdoelillah, déné akoe ora nonton pilem sing moeng gawé isin bangsané déwé koewi”.

XXX

PASAR GAMBIR

Garèng: „Wah, Troek, delengen gapoeraning Pasar Gambir katik kaja koewih tar. Kaé, lo, sing djenengané konengen-kroen, toer konengen-kroen ... tédji”.

Pétroek: „Waðoeh, katik kaja djaran, dioenèkaké tédji. Kang Garèng, saikiné kowé lan akoe iki pada matjak gadjah, dadi tjara pjaji deles; nèk aroeh-aroech ambok adja seroe-seroe, delengen wong-wong pada nolèh mréné, daran-daranana kéné mengko rak moeng mèmper karo pjaji baé. Tegesé: dadi doedoe ... pjaji. Ora, kang Garèng, kok kadingarèn temen, teka ana ing Pasar Gambir, katik ora karo bakjoe, apa saiki kowé wis ... menang?”

Garèng: „Nek akoe iki sédjé, Troek, wong ija kandjāt ... soe-warga, emoh njang padon-padon koewi, loewih-loewih njang bodjo; sabisa-bisa koedoe arep tansah gawé leganing atiné baé. Moelané toemrapé bakjoemoe, sing taktjekeli ija oenèn-oenèn mangkéné kaé: Sing kena iwaké, adja nganti boetek banjoené. Boekaké Pasar Gambir iki, akoe kepéngin nonton déwé; amrih bisané kalakon, bandjoer taktindakaké mangkéné: Ana ing omah akoe kanda karo bakjoemoe: Boené, boené, wèh, akoe seneng banget, moelané poma sapisan kiji pandjaloekkoe njang kowé toeroetana. Sapisan kiji nèk kowé gelem mitoeroeti pandjaloekkoe, tjekaké: namakoe moemboel. Kosokbaliné jèn kowé ora mitoeroeti karepkoe, wah, ija adjeg moeng mas ngantèn Garèng baé. Lo, terangé mangkéné, boené. Bésoek boekak Pasar Gambir iki akoe olèh oeleman, dadi dianggep: ndara gedé kaé, nanging anggonkoe olèh oeleman iki, sabeneré mono katarik saka anggonmoe dadi pemimpin koempoelan wanita; djaréné ana ing kana papan kanggo pemimpin-pemimpin iki wis disepisalaké (dipidjèkaké), toer ngégla banget. Wa—doeh, nèk garwané akoe lenggahé ngégla katon para panggedé-panggedé, mestiné pada aroeh-aroech: Lo, sing bregas lan kandjat kaé rak mopro Nala, ta? Mara, apa djengngkoe ora katoet dadi kembang lambéné para loehoer? Tak-kandani mengkono koewi wangsoelané karo njengap: Emoh, emoh, akoe doedoe sapi, katik arep ditèntoensetélengaké, akoe arep ana ing omah baé. Ing batin atikoe: Ha - ha - hak, horé, nanging raikoe takgawé sadjak ngenes banget kaé, sarta bandjoer kanda karo ngrintih mangkéné: O, Allah, boené, sapisan kiji ambok toeroetana, jèn nganti kowé ora miloe, akoe rak ija kisinin banget, moelané ... wis, ah, loewih betjik akoe tak-njang omah baé.

Ing batin akoe rada degdegan, Troek, mengko gèk kanđa: Ija wis, njang omah baé, ora preloe loenga. Nanging djeboel ora, malah saja marah-marah, kanďané: Apa, emoh loenga, wong lanang gawéné moeng arep gawé isin wong wadon baé, daran-daranana akoe sing menging, akoe sing ngélikaké. Ora kena ora mesti mangkat, hoor! Hla, koewi, Troek, karo mingsek-mingsekaké akoe bandjoer moeni mangkéné: Ija karo kowé, ta, boené! Koewi karo tjekak aos, bakjoemoe kanđa mangkéné: Ora soesah kakéhan omong, kowé mangkat déwé, habis prekara”.



Pétroek: „Wé, hla metoe kadigdajané, kang Garèng, dadi tjekaké, bakjoe diapoesi melèk-melèkan ané. Wis, wis, kang Garèng, saiki wis tekan ing panggonan sing kanggo amboekak. Ajo, pada golèk papan loenggoeh”.

Garèng: „Wis, kono loenggoeha déwé, akoe arep golèk panggonan sing tjeta kanggo ngotrèk”.

Pétroek (garoendelan): „Wèh, njamari tok baé, kang Garèng kaé. Wong déwèké koewi sok ora ngreti doega prajoga. Mengko gèk ... hla, lidok ...”

Garèng: „Dijem - dijem - dijem”.

Pétroek: „Wis, tjilaka temenan, motrèt wong akèh, katik dipakaké motrèt wong sidji loro baé nganggo ngabani. Mara, toewan bergemister anggoné lèngseng nganti lèrèn. Bokmanawa jèn di ... setop poelisi”.

Walandi djèdjèripen: „Sèh, menir, itoe orang siapa ... betoel-betoel tidak tahoe atoean”.

Pétroek: „Wah, wong saja djoega tidak tahoe. Kenal-kenal ija tjoema disini sadja. Malah tadinja saja kira itoe orang rada sakit kentjloeng ...”



Garèng: „Sapa, Troek, sing kentjloeng ...?”

Pétroek: „Set, Landa djèdjèrkoe iki, wong sampanje doewèkkoe djaré ditenggak wani. Ora, kang Garèng, anggonmoe motrèt olèh pira, lan kira-kirané apa ija dadi?”

Garèng: „Anggonkoe ngotrèt rambah kaping nem, Troek, nanging dadi oetawa orané, hla, koewi emboch. Wong-wongé obah-obah baé, karo manèh wong ija ... ora ana pilemé”.

Pétroek: „Wé, hla, dadi anggoné motrèt-motrèt koewi maoe, moeng kanggo gagasan tok baé. Lo, kang Garèng, sadjaké wis rampoeng tatatjarané amboekak Pasar Gambir, tandané wong-

wong wis pada ngadeg kabèh. Lo, lo, èprèt-èprèté wis laboeh moeni, arep diwiwiti babarengan kaliling ana ing papan Pasar-Gambir. Ajo, kang Garèng, pada miloe”.

Garèng: „Nèk miloe kliling akoe ora moepakat, Troek, kang kapisan lakoekoe mestiné kiṭal. Sabab lija-lijané anggoné pada mlakoe, temtoené manoet gènding, dadi nèk gèndingé: todjing, todjing, todjing, lakoéné ija: ṭoprak, ṭoprak, ṭoprak, balik akoe ...”

Pétroek: „Ija: ketanting, grèk, ketanting, grèk”.

Garèng: „Wis, ora soesah nganggo ana tjandaké. Kadjaba saka ikoe, Troek, koedoe melas karo sing njang ngomah, moelané klilingé lija dina baé, karo mopro-mopro; saiki betjiké pada ngaso ḍisik, kana baé lo, Troek, adja koewatir, mengko ... akoe bajara”.

Pétroek: „Wé, hla, ora genah, kono sing ngadjak, teka kéné sing dikon ambajari. Karo manèh, kang Garèng, ambok ija rada ngadjèni karo sandangané setitik, wong bregas-bregas mengkéné, katik ngiras gaḍo-gaḍo”.

Garèng: „Lo, koewi kang djeneng wong oetama, Troek, adja doepèh weton sekolahan nagara Landa, oetawa anggandeng nonah Mari, bandjoer lali sega goeḍeg”.

Pétroek: „Wé, hla, koedjoer, teka bandjoer melèhaké petarangané, ija, ija, ajo, timbangané mengko padoe, loewih betjik taktoeroetané”.

PLESIRAN WONTEN ING PASAR-GAMBIR

Mak Kamprèt: „Pakné, endjenengan sing ana ingarep, wong wis kaping pindo lé mriksani, dadi temtoené ija wis rada apal”.

Pétroek: „Lo, boené, nèk wong lanang sing mlakoe ana ingarep, koewi dideleng rak ora pantes, mengko rak diarani wong goenoeng. Nèk tjara prijaji koewi, sing poetri ana ingarep, sing kakoeng ana ing boeri, preloené bisa ngawat-awati, jèn ana wong arep sembrana barang, kéné sing dadi wong lanang bisa menteleng ...”

Garèng: „Bener, Troek, jèn wong lanang bisa weroeh sing wadon mèsèm ... karo sapa”.

Bijang Nala: „Apa, apa, wong lanang omong katik anggeré metoe baé. Apa ija rabi ... tlèḍèk, katik semono boetarepané”.

Pétroek: „Lo, bakjoe adja kaliroe tampa. Kang Garèng kanda kaja ngono koewi, ora kok boetarepan mengkonono. Nanging oemoémé wong lanang koewi sok panglingan, lan sok ora mikiran. Saka anggoné ngemataké lé nonton, kadang-kadang sok ora weroeh kantja oetawa sobat, bandjoer ora aroeh-aroech. Hla, bandjoer sok diarani: geḍé moestakané, oetawa: andjoṭak. Sédjé karo wong wadon, oemoémé sok migatèkaké banget njang mitra, moe-

lané lagiya répot di kaja ngapa, ija weroeh baé. Kang pantjèn ikoe ija bener jèn wong wadon koedoe mlakoe ana ingarep, wong lanang ana ing boeri ngoelat-oelati sing wadon baé. Dadi kanggoné wong lanang gampang. Ing sarèhné ngoelat-oelati sing wadon baé, anggeré sing wadon pringis, sing lanang ija petjengis, ngono baé, sabab koewi tanda kepeñoek mitra”.

Garèng: „Wah, bener banget omongmoe koewi, Troek, moela ija njata, wong wadon koewi waspada lan demen migatèkaké njang apa-apa, boektiné: hla wong noenggang motor sliringan karo motor lija, ija bandjoer bisa baé ngarani: Sing noenggang motor kaé klambiné sipewal, soewengé oelir mata barlijan, alisé



andjalirit ... tjoekoeran, nanging andjangan lodèh koerang santené, ... koerang waspada”.

Pétroek: „Wijah, wijah, iki arep welèh-welèhan sing ija-ija, apa arep nonton Pasar-Gambir? Wis, bakjoe, ora predoeli nggalih omongané kang Garèng, moendak njepet-njepeti wong arep nonton baé. Saiki lakoené mangiwa baé, moebeng nganti kempoet, betjiké loewih disik pada loemeboe ing bango *Economische Zaken*, ing kono padasarané barang-barang gawéané wong boemi. Ajo, pada mleboe”.

Mak Kamprèt: „Bakjoe, bakjoe, mangga lo poen-priksani menika. É, dadi wong gawé pajoeng koewi ngono. Aðoeh, aðoeh, aðoeh, pinteré ora djamak, lé anggambari mojané koewi katik ora nganggo pola, moeng awangan baé. Pakné, pakné, akoe kok demen andelengaké pajoeng sing koening kaé, kembangané toe-

roet pinggir, teka lé manis temen, wah, méndah bregasé, jèn kabener dina Minggoe, dianggo plesir-plesir ana ing kebon radja ing Bogor”.

Pétroek: „Njeboet, ta, boené njeboet, kowé koewi wis olèh ðeklomah, ora preloe ngoedi sing montjèr-montjèr; anggeré akoe wis narima baé, rak wis tjoekeop, boené”.

Garèng: „Bener, boené Kamprèt, omongé bodjomoe koewi. Doewoer-doewoering ðeklomah toemrapé wong wadon, koewi wis kena kokgajoe, ja ikoe ðeklomah kang woedjoed Pétroek koewi; arep ngarah apa manèh? Ha emboeh, nèk bandjoer ana gagasan modèren: nèk wong lanang ora njenengaké atikoe, taktinggal, ora koerang wong lanang ija-lijané”.

Bijang Nala: „Mesti, ta, djaman saiki, kok wong lanang arep kakèhan pretèngsèng, terimah kasih, sèh, aloewoeng ora kawin, njamboet gawé toh isih pajoe, toer bisa sakarep-karep. Djaman malèsèt saiki wis kepoengkoer, ora koerang pagawéan kanggo wong wadon, kaja ta: klèrek kantor pos, djipro tilpoen, djipro toko ...”

Garèng: „Ora pajoe-pajoené, ija mleboe ... ketoprak”.

Pétroek: „Hara, kok bandjoer ramé mengkono. Wis, ajo saiki pada dibandjoeraké anggoné moebeng”.

Garèng (rengeng-rengeng): „Doe—wa—lolo—lo, lo, lo, lolo—ing, ting gentak, doeblang, doeblang, ging ...”

Pétroek: „Wajah, kang Garèng kiji sadjaké teka lé seneng. Semoené ora kena babar pisan ngroengoe gending tjloentang, kang Garèng koewi ija bandjoer andadak baé tetembangan, sarta ...”

Bijang Nala (nolèh): „Tobat, tobat, oewong katik lé moeng arep gawé isin tok baé. Tak-arani rak ija moeng rengeng-rengeng tok, djeboel tangané mèloe pating ketowel, sikilé ngentrak-entrak, katik ora lali anggoné patjak goeloe. Arepa djedjogèdan kaé, ora moendak bagoes, ora moendak loewes. Malah kaja wong édan, ngreti - ngreti - ngreti”.

Garèng: „Wèh, nganti lali njang poerwa doeksinané, ija nga-poeranan baé, boené, wong iki maoe akoe tjara Landané rada besemèt (ketoelaran) nèk-nèké. Laginé ana ingarep akoe weroeh pirang-pirang njonjah-njonjah Landa lan njonjah-njonjah Djawa pada ngroeboeng panggonan moesik. Bareng moesiké wiwit dioenèkakè: tètèt tjetèt, trètèt, trètèt, djing, djing, djing, lo koewi para njonjah-njonjah Landa lan njonjah-njonjah Djawa, koewi akèh sing bokongé didjlentrik-djlentrikaké. Sikilé diketeplek-keteplekaké, sadjak nikmat banget kaé. Lo, koewi kok ija ora ana sing njaroé. Balik akoe, moeng lampah sekar baé, wis ana sing ngrawoes”.

Pétroek: „Ha ija sédjé, ta, kang Garèng, adat tatatjarané baé,

bangsané déwé lan bangsa Walanda rak béda banget. Toemrapé bangsa Djawa, dianggep oetama jèn bisa noetoepe soesah lan senenging atiné, balik bangsa Walanda, koewi blaka soeta, seneng soesah ija dikatokaké”.

Garèng: „Apa kaé ija njonjah Walanda? Nèk andeleng woedjoed lan panganggoné, kaja-kaja kaé njonjah ... Prawirawisata”.

Pétroek: „Wijah, wijah, adja kebandjoer-bandjoer mengkono, ta, kang Garèng. Lo, kaé rak djenggerengé sing bangsané déwé, nanging atiné rak wis satoes presèn njonjah, roemasané”.

Mak Kamprèt: „Mangga, bakjoe, ladjeng. Lo, menika pang-gènan djogèd Bali”.

Bijang Nala: „Wah, di, ajo pada nonton, akoe ija wis kerep kroengoe sing diarani légong. Nanging doeroeng taoe weroeh déwé. Mas, mas, mas”.

Garèng: „Roengokna, Troek, bakjoemoe kaé bandjoer mas-mès, genah ana sing dimélikaké”.

Pétroek: „Wajah, kang Garèng koewi panampané lé sok ala baé. Nèk bakjoe dong kaja ngono koewi, koedoe koktimbangi, malah jèn bisa kok-oengkoeli anggoné andemenakaké”.

Garèng: „Tjekakané, pada totohan baé, sing kalah koedoe nraktir ing tongtonan sing arep dileboni. Dadi nèk njata bakjoemoe ora doewé mélik apa-apa, mleboe ing tongtonan apa-apa, akoe sing bajar. Déné nèk kosokbaliné, kowé sing bajar. Bagoes, bagoes! Kowé ngoendang akoe, boené? Ana apa, ija?”

Bijang Nala: „Mas, mas, galo légong Bali, apik banget; mriksani, ja mas”.

Garèng: „Betjik, boené, ka—sir, beli kartjis ampat”.

Pétroek: „Wis, ma—tik akoe, genahé diapoesi oerip-oeripan. Ing sarèhné wis kalah djangdji, ija taktraktir”.

Bijang Nala: „Wah, hla kok wis wiwit. Ajo, lenggah-lenggah kéné baé. Waðoeh, djogèdé katik tjikat lan rongèh temen”.

Mak Kamprèt: „Menika, bakjoe, petaning djogèdipoen: ni Limboer saking Daha ...”

Bijang Nala: „É, dadi mengkono. Hara, apa mèmper kaé lo, di? Hla, kok djeboel djogèdan déwé nglètèr mengkono; isin akoe, ajo, metoe baé”.

Pétroek: „Kang Garèng, adatmoe koewi ambok ija kok-owahi, ta. Élinga jèn bakjoe koewi bangsané wong pinter, wong pangadjaran weton Milo, lo, dadi ija ngreti banget njang tingkah lakoe kang betjik oetawa kang ala. Moelané kowé sing dadi rakané, koedoe diðobbelaké anggoné ngati-ati moenggoeh ing tandang tandoekmoe, kaja ta tingkahmoe nalikané nonton djogèd Bali. Toemrapé wong pangadjaran kaja bakjoe koewi, wah, ija: nista, asor, gawé wirang pjaji poetri, lan sapaðané. Rak ija mengkono, ta, bakjoe?”

Bijang Nala: „Ija, di, moela mangkono, djenengané baé: djogèdan, ngedjog-edjog ngadjak édan”.

Garèng: „Wong lanang djogèdan diènèkaké nista, asor, ija, akoe taknarima. Tjilakané wong lanang ing djaman saiki sing olèh wong pangadjaran, ija dikon narima manèh, djaragan kéné ora bisa tjara Landa, dikon aneksèni bodjoné tabikan dawa karo



tilas mitrané sakolah lanang sinambi ngomong mangkéné: „Jah séker, séker, nin, nin, nin, toerlek, toerlek, lèkker, sèh”. Mak deg atikoe, sing lèkker koewi apané, apa ija lé tjekel-tjekelan tangan...”

Pétroek: „Hla, wong kaja ngono baé pikiranamoe koewi, kang Garèng, wong panampamoe koewi moeng ala tok. Doepèh kawetoe temboengé: lèkker, bandjoer ditampa sing ora-ora. Ing kono bakjoe rak ketemoe mitra lawas, temtoené kana rak pitakon

kaanané bakjoe wektoe saiki, hla mitoeroet tjara kasoesilané, wis dadi wadjibé bakjoe koedoe mangsoeli: betjik, seneng, lèkker, mengkono, kang Garèng ..."

Garèng: „Ha ija, moeng baé awakkoe sakodjoer meksa ija bandjoer lemes sanalika, bareng bakjoemoe pamitan; wis soemèh banget, katik nganggo njoewara ditjemengkling-tjemengklingaké: „Dah, dah, dah, do—wah, do—wah ..."

Mak Kamprèt: „Sampoen doeka, bakjoe, malah wadjib soekoer dateng Pangéran, déné samanten tresnanipoen mas Nala dateng bakjoe. Awit mitoeroet pangandikanipoen para sepoe: boetarepan poenika sekaring tresna ..."

Bijang Nala: „Moenggoeh tresnané kangmasmoe njang akoe, akoe moela ija ora maido, malah nganti tangga teparo ngoenèk-aké kéné, oeripé prasaksat mimi mintoena. Ora, di Pétroek, kaé tongtonan apa, delengané kok ramé".

Pétroek: „Hla, kaé sing diarani: doelhop. Hla nèk loemeboe ing kono, ramé lan loetjoe banget, bakjoe; wis peteng katik dalané pating tleser pirang-pirang, wong sok bisa kesasar-sasar. Arep mlebet apa, bakjoe, mangga?"

Garèng: „Kanggo wong-wong saakoe kowé, wis ora ana loetjoe lan raméné, wis bosen, Troek. Sing bisa seneng lan ramé loemeboe mrono koewi rak toemrapé pangantèn anjar, oetawa wong kang lagi ... perlip-perlipan".

Bijang Nala: „O, dadi kowé wis bosen karo akoe, wis bo ..."

Mak Kamprèt: „Bakjoe, bakjoe, mangga, lo, poen priksani menika, ing réstoran-rèstoeran kebak sadaja. Ingkang ageng wonten ing tengah poenika rèstoeran Djawi, rèstoeran Poerwadadi. Hla, manawi badé dahar masakan Walandi, menika wonten ing rèstoeran Capitol, masakan Tiong-hwa hla menika rèstoeran Tay Tong, manawi badé dahar masakan sarwa samin menika rèstoeran India".

Bijang Nala: „Wèh, hla kok pepak banget, ta! Ajo, saiki pada moebeng-moebeng baé disik. Lo, di, sing roeboeng-roeboeng delengané ramé banget kaé apa?"

Pétroek: „Hla, ing kana kaé tongtonan warna-warna banget, ija, drimolen, soelapan, dangsih-dangsih, lan emboeh apa manèh. Tjekaké tongtonan senéndjong godog kaé. Ajo ta, bakjoe, nèk arep mriksani. Hla, iki joenjoenan soendoel poejoeh. Ambak-ambak kaja ngono, koewi kena kanggo nitik awaké déwé, apa bisa dadi djoeroe anggegana oetawa ora. Awit wong dadi djoeroe anggegana koewi koedoe sabar, teteg atiné, lan sapitoeroeté ..."

Garèng: „Akoe mesti bisa lan wani, Troek, apa ngilang-ilangaké anggoné Narajanakoe dadi toekang ... ngrontogi doekoening tangga. Ajo, Troek, pada noenggang. Akoe sing arep toekoe

kartjij, ngiras-ngiroes ngoelinakaké tjara Inggris: Hallo, master, ai wil (I will) naik disitoe; ho matj (how much) moesti bajar, kanggé tijang samanten. O—ké”.

Pétroek: „Wé, hla, metoe kadigdajané, kang Garèng, sanadyan



tanpa moeni apa-apa, moeng tjara otjang-atjoeng kaja kowé koewi maoe, kanané ija mesti wis ngreti. Ajo, wis, saiki pada noenggang”.

Garèng: „Wètèhtitèh, wadoeh, lé kepénak, lé mafoek panggonané loenggoeh. Awas, Troek, wis arep dilakokaké. Adja wedi, lo, ora barang-barang iki, hoet—hoet— é, hla dalah— toloeng, toloeng, ndara kangdjeng Goesti Allah, poen paringi perlèngeng gesang, toloeng, toloeng ...”

Bijang Nala: „Mara ta, iboené Kamprèt, apa wong lanang ora moeng arep gawé isin wong wadon baé? Ja koewi nèk adaté kakangmoe, ana ingarep mesti plentás-plentoes, nanging nèk dikon ngetjaki temenan, ija bandjoer mak pengkeret. Lagi anoe kaé malah ketanggor, nganti isin banget akoe. Plentás-plentoes djaréné bisa main: tjimandik, tjikalong, malah bisa main djoedjitsoe; bareng kalakon ditantang wong temenan, wangsoelané: ajo, jèn kowé arep njoba akoe, ana ing pasar jèn wani, tjikbèn ... toemoeli dipisah. Hara, apa ora ngisin-isini koewi. Ajo, boené Kamprèt, pada disik baé, mengko rak ija pada noesoel”.

Garèng: „Wadoeh, Troek, tak-arani atikoe wis arep dionslah temenan, wong sing katon njang matakoe moeng: ... Kiroen Wanakiroen. Nèk ora énggal-énggal ko-tambani, saiki kiji akoe sida kalakon ambroek ana ing kéné temenan. Ajo, Troek, énggal akoe tambanana nganggo ... sega goelé, saténé kambing ... sepoe-loeh soendoek baé”.

Pétroek: „Wé, hla, genahé iki tjara Banjoemasé wetengé Garèng rada kentjot. Ajo ta, saiki pada noesoel njonjah-njonjah, hla kaé apa! Bakjoe, bakjoe, oetawa kowé makné Kamprèt apa déné kang Garèng, ajo pada ngaso-ngaso disik ana ing waroeng kana kaé, limliman lan mangan ropjan-ropjan sinambi nonton gambar hidoep lan wajang tji. Akoe sing traktir, bakjoe”.

XXXI

BAB TIJANG ÈSTRI WONTEN ING GOEMINTERAD

Pétroek: „Wèh, mèh baé akoe lali karo makné Kamprèt. Tiwas tak-gembélang-gembèlèngaké, tandang-tandoekkoe tak-gawé andjedjak. Wong katoné saka ing boeri sengklik-sengklik, lendreg-lendreg banget, katik selopé djlinggring, anggoné mlakoe digawé besoes banget: tjetit, gentéjong, tjetit, gentéjong”.


Garèng: „Iki genahé apa mojok apa kepriyé, wong mlakoe besoes-besoes katik dioenèkaké: tjetit, gentéjong”.

Pétroek: „Lo, sing maktjetit koewi soewarané selop sing digandoele lemah lempoeng kaja ing kéné kiji, bandjoer ditarik: tjetit. Déné sing tak-oenèkaké: gentéjong — sabab sadjeroné loemakoe koewi, sikilmoe sing sidji sadjak joenjoenan: gentéjong, gentéjong ...”

Garèng: „Wong koerang adjar! Akoe kiji dipepojoki ora taoe serik, lan ija ora taoe tak-gawé rasa, anggeré adja dioenèkaké: sikilé pintjang, oetawa wetengé nonong, oetawa tangané kaja éngkolan mobil, oetawa iroengé kaja pir léstrik, oetawa mripaté sing sidji nisihi dokar. Pandjaloekkoe ambok adja iki sing kok-oendat-oendat. Akoe rak ora serik lan ora mrekitik, sanadyan kok-pojoki roepakoe ... ngengreng lan semanger”.

Pétroek: „Wéjèh, sing ngengreng lan semanger koewi apané? Ora, kang Garèng, akoe kiji arep takon, kowé koewi teka bandjoer salin salaga, anggonmoe dandan sapengadeg kok njilih agemé bakjoe, koewi moenggoeh karepmoe keprijé?”

Garèng: „Lo, kowé apa ora ngreti, Troek? Kaanané ing doenja ing djaman saiki, idam-idamané kabèh, soepaja ing doenja iki bisaa



dami, ora ana perang lan ora ana pasoelajan. Sing kanggo margané soepaja bisa dami maoe, saikiné saben nagara pada ngoewataké pradjoerité. Bokmanawa iki preloené, anggeré sidji lan sidjiné pada mengkereté; mengkono téoriné, Troek. Iki nèk akoe ora tjotjog, sabab poengksané sidji lan sidjiné ora woeroeng tombok ngetjèh-etjèh doewit, toer jèn sidji lan sidjining nagara pada ambekoe-noengé, anggoné tjakar-tjakaran, bitèn lan boksen, mestiné tjara

Mlajoené saja hébat. Nèk téorikoe ora mangkono, Troek, malah kosokbaliné: sidji lan sidjiné koedoe wani ngalah, koedoe wani ngasor...”

Pétroek: „Jak, ditakoni anggoné oedjoeg-oedjoeg manganggo tjara mas djeng mas djeng, katik bandjoer njandak angremboeg poelitik doenja barang; kowé doedoe wong barang-barang, dadi ija ora wenang angremboeg sing doewoer-doewoer mengkono koewi, moelané sing diremboeg sing èmpèr baé, kang Garèng”.

Garèng: „Lo, iki téorikoe, Troek, wong koewi jèn arep nengenaké maring damining donja, koewi koedoe diwiwiti ana ing sadjeroning omah disik. Anggeré saben somah wis bisa dami kabèh, taktanggoeng, Troek, saindenging bawana mesti ija bisa dami. Saiki sadjeroning omah semoené arep wiwit rèwèl, lo, koewi salah sidji ija koedoe ngalah”.

Pétroek: „Wèh, hla ora ngreti akoe, kang Garèng, sadjeroning omah wiwit rèwèl, koewi rèwèl apa?”

Garèng: „Hla wong kowé koewi kemlanda-landa banget; sing kok-watja moeng lajang kabar: nit, nit, jawèl, jawèl, baé, mestiné ija bandjoer ora ngreti anané obah-obahan ing doengané dèwé iki. Kowé apa ora koelak warta adol proengon, jèn wawakilé salah sidjining pakoempoelan wanita mentas moenggah ing soeralaja, sowan éjang kangdjeng toewan besar, preloe njoewoen warna-warna pasal, déné antarané bab sing warna-warna maoe, ja ikoe soepaja kaoem poetri oega bisaa kapilih dadi lid goeminterad? Mara, Troek, pikiren sing dawa, apa sadjeroning omah ora wiwit rèwèl? Sabab apa-apa sing bijèn dadi wewenangé wong lanang, saiki semoené arep direboet kabèh déning kaoem wanita. Mara kadjaba pangkat soeraḍaḍoe karo mantroes, pangkat apa, hara, sing saikiné ora dileboni ing wong wadon? Dalasan lid goeminterad baé, kok ija wis diirik-iriki. Moelané betjiké wong lanang saiki dikon tapihan, wong wadon bèn paḍa pantalonan”.

Pétroek: „É, ngreti akoe saikiné karepé, kang Garèng; dadi moenggoeh tjetaa mono, kowé ora tjotjog, ta, wong wadon dadi lid goeminterad koewi. Moenggoeh sing ora kok-tjotjogi apa, kang Garèng?”

Garèng: „Kowé koewi genahé apa arep matèni akoe, katik akoe kok-oenèkaké ora tjotjog, mengko akoe rak kalakon dikerawoes, ditjetoti, oetawa dibalang soesoer, é — nas, wong djaman modèren kok njeboet-njeboet soesoer, wong arep moeni dibalang tegesan rokok déning ... bakjoemoe. Akoe ora ngomongaké jèn ora tjotjog, moeng arep ngalah, narima arep njang ngomah baé. Timbangané akoe neksèni njonjahkoe ngadeg pidato mendélé ana ing antarané lid-lid lanang, oetawa njoemoeroepi sadoeloerkoe wadon ana ing kono loenggoeh toempang dengkoel tjongat-tjongat katik nganggo

èdèg pisan, wah, ija aloewoeng tak ora weroeh baé. Wong rasané ... isin akoe”.

Pétroek: „Hla, koewi nèk kang Garèng, wataké kolot ora ilang-ilang, ana wanita loenggoeh toempang dengkoel baé, ora saé andelengaké, rak ija loewih oetama tinimbang loenggoeh ... djégang oepamané. Wong wadon sosorah ija wis ora tjotjog manèh. Apa karepmoe sosorah koedoe moeng dimonopoli (didèwèki) wong lanang baé? Kang kaja ngono ikoe rak kaja déné kowé anglairaké panemoemoe mangkéné: moeng wong lanang sing doewé kapinteran, moeng wong lanang sing pikirané betjik, moeng wong lanang sing panemoené waras, moelané ija moeng wong lanang sing doewé wewenang sosorah ana ingarepé wong akèh. Wah, toemrapé djaman saiki, doeroeng kinar ...”

Garèng: „Panampamoe koewi lé sok ngroedjak sentoel mengkonno, Troek; loenggoeh toempang dengkoel dianggep loewih oetama katimbang loenggoeh djégang, hla ija mesti baé, malah loewih oetama katimbang loenggoeh silsilan lan kedik baé. Kowé koewi kok anèh, Troek, Troek. Éwasamono bab iki ora preloe diremboeg dawa, awit, sanadyan loenggoeh toempang dengkoel tjongat-tjongat katik nganggo èdèg, koewi ora patija netepi kasoésilaning wanita Djawa, wong ija moeng ora patija baé, kajakaja ija kena dingapoera sawatara, anggeré adja nganti patija baé. Bab anané wanita sosorah ana ingarepé wong akèh, akoe arasarasen aneksèni, koewi ora sabab akoe ngina oetawa ngrèmèhaké njang kapinterané para wanita — wah, ora pisan-pisan, Troek, akèh wanita sing pantjèn djempol, kampi, kempling. Moeng baé akoe iki anggeré weroeh wong wadon sosorah dèwé ana ingarepé wong akèh, sok kélingan sing ora-ora, kaja ta oepamané sing mangkéné iki: ketèplik, ketèplik — iki soewarané lakoené — bandjoer ngadèpaké njang wong akèh karo njoewara mangkéné: Adapoen kami saorang poetri pramèsœri maharadja Ibrahim dari Bahdad, baiklah sekarang kami bersenang-senang: a—i (iki dawa, Troek) disajang-sajang ...”

Pétroek: „Wajah, sing diélingi katik sripanggoeng setamboel oetawa bangsawan. Ambok sing diélingi kadadéan ing Batawi lagi anoe kaé, ja ikoe mangkéné:

Ana prijaji pènsioenan séda. Nalika lajoné arep diboedalaké, akèh para prijaji kakoeng poetri sing pada arep ngoentabaké. Ing kono njenjet tanpa sabawa, kètok tandané kang pada béla soengkawa. Sawisé mangkono garwané sing séda maoe madjoe sosorah pandjang lébar, ngatoeraké panoewoen marang para sing kasdoe ngoentabaké lajoné sing séda lan sapitoeroeté. Mara, keprijé panemoemoe tandangé prijaji poetri iki, anggoné sosorah ana ingarepé wong akèh ...?”

Garèng: „Iki sèdjé hal manèh, Troek, sabab iki sawidjining panggawé betjik, saben wong ija ngarani wanita pengpengan, tatag, trengginas ...”

Pétroek: „Hla, iki apa bédané, karo wanita sing pidato ana ing goeminterad oepamané? Apa kok-kira maksoedé sosorahé iki ora sawidjining panggawé sing betjik, sing oetama, awit werocha ing sosorahé maoe arep mitoeloengi kapreloeané wong-wong kang dedoenong ing goeminte (ing koeta) kono, loewih-loewih kapreloeané bangsané déwé. Mara, apa kok-anggep iki ora betjik?”

Garèng: „Wèh, Troek, nèk takpikir-pikir omongmoe koewi kok ngadjak ora omah temenan, sabab ing kono kowé sadjak moepakat anané wanita dadi warga goeminterad. Dadi iki ateges: kowé moepakat para wanita pada loemeboe poelitik. Wah, hla kodjoer setengah oerip, sabab kaja déné bakjoemoe koewi baé, ngretiné njang poelitik, ija moeng poelitik ... dapoer. Kawroehé poelitik ing babagan iki pantjèn ija wis doewoer temenan. Boektiné: nèk wis ngolah bregedèl, woedjoedé pantjèn koening gemrining ménginaké banget kaé; anggeré wong weroeh, mesti ketarik atiné, gagasané ora lija: kentangé mesti sedengan, endogé akèh lan dagingé ija moemboek. Nanging jèn bandjoer diketjap, adon-adonané sing akèh djeboel ... pohoeng. Oetawa jèn wis jasa lemper, wah, ilermoe teroes ngetjès, Troek, awit mili lenga. Nanging bareng kokboekak, ketané garing, isiné klapa, é, dadi anggoné nglenga maoe ... boentelé gojong sing dilengani nganti kinjis-kinjis”.

Pétroek: „Wé, hla ora oeroes, kang Garèng, ana kok panampané temboeng poelitik, djeboel sawidjining pamboedidaja anggoné arep ... ambalitoek”.

Garèng: „Apa ora, Troek? Mara, pikiren baé, sanadyan karepmoe betjik, oetama, moelja lan migoenani banget toemrap wong oerip, nanging koerang poelitikmoe, tegesé: koerang mretjéka, koerang lé ambolak-ambalik grémbyang, karepmoe maoe ija bakal bali ing dalan temenan. Kosokbaliné, sanadyan sedyamoe rada mamboe ketjoet safitik, nanging jèn kowé bisa oendig anggonmoe ngomongaké, nganti kembang bangah mamboe melati, djarit semboewan katon anjar, pi — sab, dadi: pi — loes, pipi aloes dieloeseles, sedyamoe maoe ija mesti bakal tinoeroetan. Bab poelitik sing mangkéné iki, kapinterané bakjoemoe, ora béda karo kapinterané ketèk ing babagan ... mode taoen 1937, éwasamono jèn wis padon karo akoe ing bab apa baé, akoe saketjap, bakjoemoe ija wis: wèk, wèk, wèk, sepeloeh ketjap. Apa manèh jèn bakjoemoe nganti ngreti menjang poelitik, akoe rak kalakon ora taoe olèh giliran ngomong temenan”.

Pétroek: „Kang Garèng, sing tak-omongaké maoe, moepakatko

ing bab anané kaoem wanita dadi warga goeminterad. Ora kok moepakat anané wanita mèloe-mèloe njang poelitik. Moelané ing kéné saiki tak-terangaké panemoekoe sing tjeta: akoe moepakat anané wanita dadi warga goeminterad, anggeré adja ngambah njang poelitik. Awit jèn sing dadi warga goeminterad koewi sawidjining wanita ahli poelitik, wah, kaanané ing goeminterad mesti bakal saja loewih rèwèl katimbang kaya déné kaanané ing saiki kiji, kang Garèng”.

Garèng: „Wèh, pikiranakoe pating blesar, Troek. Ana kaanané goeminterad sing saiki kiji, akèh sing rèwèl, sabab saka poelitik. Mara, terangna sing nganti tjeta wéla-wéla, Troek”.

Pétroek: „Moerih tjetané saiki tak-tjaritani disik moelaboekané dianakaké goeminterad sing kanti tjekak banget kaé. Dianakaké goeminterad koewi sanjatané karepé ora lija moeng arep nganakaké sawidjining babadan pangrèh kang tansah migatèkaké lan ambetjikaké kaanané koeta kono. Dadi nganakaké pranatan sing migoenani, moempangati, gawé betjik, gawé tentrem toemrapé koeta lan wong-wongé”.

Garèng: „Akoe ngandel, Troek, pantjèn ija njata temenan; koeta sing wis ana goeminteradé koewi, dalané ija betjik-betjik, diaspal aloes banget, nganti wong noenggang motor bisa angler banget kaé. Jasan omah ija dipranata betjik banget, nganti sing sapa arep jasa omah, kadjaba koedoe ngentèni lajang palilahé geminte nganti meniren, loemrahé ija koedoe awèh presèn lemah apes ambalebes samèter ambané, preloe kanggo ngambakaké dalan, djaréné, sanadyan anggoné arep ngambakaké dalan koewi maoe koerang loewih ... sèket taoen manèh. Pasaré ija mestiné tjis lan gemrining, kang andjalari para bakoel akèh sing pada ... mrebes meles”.

Pétroek: „Wajah, kang Garèng koewi sing diseboet rak alané baé. Kaja ta ngoenèkaké: dalan-dalan digawé aloes banget nganti wong noenggang motor krasa angler, iki ing batiné moeneg-moenegé rak pirang-pirang banget, kaja ta: djaran dokar oetawa andong akèh sing keplèsèt, wong sing ora sepaton, ngambah ing kono mesti ... ora ilok rasané, lan sapitoeroeté, nanging kowé koedoe ngélingi, karepé goeminte mono, bakoéné betjik banget, ja ikoe soepaja dalan-dalan ing kono katon kintjlong-kintjlong kaja gelas, meling-meling kaja gendoel kaé. Déné djalaran saka ambralingé (betjiké) dalan maoe, ana golonganing oewong sing kapitoenan, koewi pantjèn ija rada: sliib sawatara. Moelané saiki lagi diboedidaja bisané olèh akal lija kang kanggo ambetjikaké dalan, kang bisa agawé pamaremé wong kabèh. Anané pranatan gawé omah, sing gawé moeneg-moenegé wong akèh kang pada arep jasa omah, karepé mono ija apik banget, ja ikoe: soepaja ana

tatanan sing betjik, lan anggampangaké lakoe jèn ing bésoek ana sedy a arep angambakaké lan ambetjikaké dalan. Déné sedyané sing betjik maoe, rada kanḍas sawatara, koewi kowé adja goeroe-goeroe maido, kang Garèng; mengkono oega anané pasar paḍa betjik-betjik banget, nganti kapeksa nariki padjeg njang para bakoel sing sasajahiranèki, koewi moelaboekané sedyané ija apik, nanging ing woesianané bandjoer sadjak kaja déné moeng arep ... ngopèli para bakoel tok, koewi adja goeroe-goeroe maido njang goeminterad, kang Garèng, rak bisa oega djalara saka tjato-tjatoné para wargané goeminterad. Ija sabab iki, moelané akoe moepakat para wanita loemeboe dadi warga goeminterad, nanging, takbalèni manèh, ija para wanita sing doedoe ahli poelitik”.

Garèng: „Ora soesah nganggo pose (ngaso), Troek, omongmoe, bandjoerna ḍisik, takroengokné sing premati anḍaranamoe ing bab goeminterad koewi maoe”.

Pétroek: „Dadi kowé rak wis tjeṭa temenan, ta, jèn karepé goeminte koewi ora lija moeng arep ambetjikaké kaanané koeta-(goeminte)né kono. Ing sarèhné kang paḍa dedoeneng ana ing koeta kéné iki, warna-warna bangsa, ija Landa, Djawa, Tionghwa, lan sapaḍané, saka adilé Nagara, adegé pangrèh goeminte, ija koedoe diwakili warna-warna bangsa, ja ikoe: lid Walanda amakili bangsa Landa, lid Tionghwa makili bangsané, mengkono lid wong Djawa, ija makili bangsané dèwé”.

Garèng: „Saka adilé, Troek, bangsa Walanda sing saomit tjatjahé, diwakili wong sapirang-pirang, bangsa Djawa sing satékroek, diwakili bangsané moeng pirang prentil”.

Pétroek: „Sabar, sabar, kang Garèng, saiki katon sadjak doeroeng adil, iki sabab ing kono andjoepoek kaanané wong-wong sing wadajib kena milih (kiezer). Loepoeté bangsané dèwé, déné sing akèh-akèh paḍa soegih aras-arasen anglebokaké djenengané dadi kiser ana ing goeminterad koewi, kang andjalari kiseré bangsané dèwé moeng satitik. Sédjé karo bangsa Éropah, prasaksat saban oewong paḍa nglapoeraké djenengané njang goeminte. Woesianané wis mesti baé, ta, kiser bangsané dèwé moeng saoe pit, kiser bangsa Éropah satékroek. Wohé sabandjoeré: bangsané dèwé sing kedjoepoek dadi warga ija moeng satitik, bangsa Éropah ija sagrobag tjatjahé. Nanging ngandela njang akoe, kang Garèng, jèn wong Djawa wis paḍa ngreti kabèh preloené goeminterad, sarta bandjoer paḍa ora wegah ngirimaké djenengané njang goeminterad minangka dadi kiser, tak-tanggoeng, kaanané warga goeminterad mesti bisa saadil-adilé”.

Garèng: „Wèh, Pétroek anggoné ngréwangi goeminte sadjak toh ... woedoen, apa kepéngin dibenoem dadi ... toekang tèmpe l?”

Pétroek: „Kang Garèng, kowé koewi lé sok ora mèmper, ana *

oewong katik diarani mélik diangkat dadi toekang tèmpe, setoensetoen dibenoem hoepkemis, dadi rada kandjat, rada metangkring satitik. Wis, kang Garèng, saiki roengokna, takbandjoerné manèh andaranakoe ing bab geminterad koewi maoe. Kaja sing wis takkandakaké ingarep, ing geminterad koewi dianakaké wawakilé saka warna-warna bangsa, iki moela ija pantjèn adil banget, saopama para wakil alias para warga ing geminterad maoe pada netepi temenan anggoné dadi wawakilé bangsané dèwè-dèwè”.

Garèng: „Wé hla koerang adjar Pétroek iki, katik wani-wani andakwa sing ora-ora mengkono, doepèh geminterad loemrahé anggoné nganakaké benggandering ing wajah bengi. Teka wani ngandakaké ora pada netepi koewadjibané temenan, apa kokanggep para lid maoe pada salèwèngan kaja dèné kowé baé? Pamité njang ngomah arep loenga benggandering, nanging sanjatané ... kijah-kijah”.

Pétroek: „Salah grajang, kang Garèng, lid goeminterad koewi wong pilihan, mestiné ija wong sing wis loehoer beboedèné, lan soektji pikirané, masa ija nganti doewé lakoe ... delap mengkono. Anggoné tak-arani koerang anggoné netepi koewadjibané, koewi mangkéné:

Nagara nganakaké pranatan milih warga geminterad minangka kanggo wakilé bangsa-bangsa kang dedoeneng ana ing geminte (koeta) kono, koewi kresané Nagara sidji-sidjiné wakil soepaja bisaa migatèkaké, andjaga, lan angremboeg apa sing dadi kaboe-toehan lan kapreloewané bangsané dèwè-dèwè maoe. Ija mangkéné iki sing tak-arani adil banget koewi”.

Garèng: „Iki dines, Troek, awit sanadyan bangsa Walanda sing doewé baoesastra kang bisa ... angop, nganti loewih kèwes basané Djawa katimbang basané Walanda oepamané, wis loewih dojan petjel sarta roedjak oeleg katimbang sladah oetawa hoesarenslah, loewih mètèt jèn sila katimbang metangkring ana ing koersi, tjekak aos, wis kena diarani loewih mas Kramandika katimbang menir van Apem, éwasamono jèn dikon ngremboeg apa sing dadi kaboe-toehané bangsa Djawa, mestiné ija loewih pinter wongé Djawa sing grès. Mengkono oega moenggoehé wong Djawa, sanadyan tingkah lakoené oetawa tandang tandoeké loewih dèdong katimbang dèdongé sing temenan, temtoené saopama dikon makili bangsa Walanda, kapinterané ija ora bakal ngoengkoeli kapinterané wakil bangsa Walanda sing djekèk. Moelané akoe ija tjotjog, jèn dioenèkaké adil Walanda ana ing goeminterad makili bangsa Walanda, wong Djawa bangsa Djawa, lan sapitoe-roeté. Doedoe iki, Troek, sing tak-pikir, nanging kandamoe inga-

rep, jèn para lid geminterad ora netepi koewadjibané kanți tenanan, alias rada ... salèwèngan”.

Pétroek: „Lo, koewi mangkéné, kang Garèng. Kaja sing wis tak-kandakaké lagi anoe, ing koèta dianakaké geminte, koewi karepé arep ambetjikaké kaanané ing koèta kono. Tegesé betjik: kadjaba ing koèta kono dalan-dalané, apadéné kabèh pranatan-pranatan apik, kaanané tentrem tata rahardja. Ananging ija koewi maoe sing manggon ana ing koèta-koèta ing tanahé dèwé kéné kiji, kena diarani ... senéndjong godog, alijas bangsa warna-warna, kang adat tatatjarané ija warna-warna. Moelané moerih bisané kalegan kabèh atiné, bisané ambetjikaké koètané maoe, sing angremboeg ija koedoe bangsa warna-warna, kang pada ngirimaké wakilé dèwé-dèwé ana ing geminterad maoe”.

Garèng: „Tjotjog, Troek, iki tegesé: lid Walanda koedoe mikiraké kabotoehané bangsa Walanda, lid Djawa bangsaning Djawa, lan sapitoeroeté, wohé iki pantjèn ija adil banget. Ja ikoe: omah-omahé bangsa Walanda, sing pada andjalegedag, bregas, semanger, pada mangkoe dalan sing kintjling-kintjling, meling-meling, gementjrèt — srè—sèt, iki soewarané djaran andong sing kepèsèt —, katik lampoené padang lir rahina. Omah-omahé bangsa Djawa, sing oemoemé ambekokrok, pada mangkoe dalan, jèn ketiga wong-wongé bisa panèn ... bèlèk, saka kandelé bleoegé, jèn rendeng bisa panèn ... weloet, saka déning kandelé ... bletoké. Déné jèn dalané rada betjik satitik, geminte ija tansah prajitna lan waskita njang ... padjegé dalan”.

Pétroek: „Kowé koewi gawémoe lijané arep ngala-ala, ora manèh. Rak ija koedoe sabar, ija ora bisa jèn apa-apa koewi arep ditandangi bareng kabèh. Mestiné ija saka setitik, temtoené ija diwiwiti disik sing katon ing mata, kaja ta kowé baé, jèn pindah omah oepamané, sing kok-patjak loewih disik andak ngarah goedangmoe sing ana boeri papané, temtoené rak ija pendapané disik, ta, sing ngégla katon saka ing dalan. Mengkono oega tjarané geminte andandani dalan oepamané, temtoené sing ngégla disik, tegesé: sing digawé djoedjoegan ing wong mantja, saeewisé lagi dalan-dalan lijané. Bab dalan-dalan sing wis didandani geminte, woesiané wong-wongé ing kono koedoe pada ambajar padjeg, iki minangka oeroené, kang Garèng, awit andandani lan ngoepakara dalan koewi nganggo ragad, kang Garèng, ora gratis”.

Garèng: „Ija wis, ana baé sing kanggo wangsoelan koewi. Saiki pitakonkoe ingarep, kaanané ing geminte saiki kerep rèwèl, mitoeroet omongmoe sabab para lid-lidé sing akèh para ahli poelitik. Lo, kiji keprijé, Troek?”

Pétroek: „Lo koewi mangkéné, kang Garèng! Kresané Nagara, sidji-sidjining warga geminterad maoe, soepaja pada mrelokaké

sing dadi kaboetoeahané bangsa sing diwakili ana ing geminterad kono, moerih dadi betjiké koetané. Nanging para wargané maoe oemoemé bangsa poelitikoes, tegesé: wong-wong kang mèloe koempoelan poelik. Tegesé manèh: wong-wong kang pada andoewèni disiplin, ja ikoe: manoet mitoeroet apa préntahé koempoelané; moelané loenggoehé ana ing geminterad wong-wong maoe sanjatané, bandjoer kaja déné ora dadi wakilé bangsané, nanging dadi wakilé pakoempoelané. Wohé sing kaja ngéné kiji, warga Walanda pada Walanda, penteleng-pentelengan lid-lid bangsané déwé, sidji lan sidjiné pada tjakar-tjakaran, nganti bangsané déwé modar oetawa ora, ... loewèh-loewèh, djaréné".

Garèng: „Kowé koewi wong sembrana sing ngentèk temenan, Troek, doepèh ana sawidjining goeminterad sing para wakilé bangsa injong sidji lan sidjiné pada krawoes-krawoesan, nganti agawé kapitoenané bangsané déwé, bandjoer dipoekoel gambang samarata baé, lid-lid doedoe wakilé bangsané déwé, nanging wakilé pakoempoelané. Kaanan geminterad sing mamboe prengoes iki, ora kena kanggo oelar-oelar, Troek. Ija bener, lid-lid bangsané déwé sing pada krawoes-krawoesan iki wawakilé koempoelan loro, nanging anggoné pada tansah regedjegan baé maoe, rak doeroeng kinar, ta, jèn moeng mitoeroeti apa préntahé pakoempoelané, rak bisa oega wis sengit-sengitan ana ing djaba, bandjoer digawa ana ing geminterad kono. Boektiné: généja wawakilé pakoempoelan loro maoe ing koeta lija-lijané, pada tjotjog, pada akoer? Moelané moenggoeh ing panemoekoe, pasoe-lajan iki bisa se—top, ngemoengaké jèn wawakilé pakoempoelan loro maoe dionslah dengan hormat, bandjoer diganti wong-wong lijané, sanadyan ija wong-wong wawakilé pakoempoelan loro maoe manèh".

Pétroek: „Kang Garèng, omonganamoe katik ora mèmper mengkono, teka arep ngonslah para wargané koempoelan rong golongan maoe, apa dadi mandoré? Kang Garèng, anggonkoe njaritakaké kaanané sawidjining goeminterad kang para wargané, ingatasé pada bangsané, pada tjakar-tjakaran, pada graoet-graoetan, koewi ija wis mesti baé jèn ora kabèh ing goeminterad mengkono koewi maoe, mestiné ija ana baé, ing goeminterad sing para wargané bangsané déwé, sing goejob, sing roekoel, nganti kaja sadoeloer toenggal sakringkel. Nanging oemoemé, toemandang gawéné para wargané goeminterad koewi, sok njebal kar-saning Nagara, ja ikoe: ora amboedidaja moenggoeh ing kapre-loeané koeta lan wong-wongé, nanging sing didinesaké, dje-boel ... pakoempoelané; wohé, ija sok bandjoer pating slebar kaja ing sawidjining goeminte kaja sing wis tak-kandakaké maoe. Ingatasé bangsa prija, sing djaréné loewih djembar pikirané,

meksa isih tjakar-tjakaran, iki ora lija ija sabab saka anggoné nengenaké poelitik maoe, nganti koewadjibané sing sedjati, ja ikoe: amigatèkaké kapreloeané koeta lan wong-wongé, sing akèh bandjoer ... kelépjani. Apa manèh jèn wargané wanita ahli poelitik, nèk moeng sidji loro, bisa kepénak kanggo warga lija-lijané, sabab bandjoer akèh ngasoné, bisa oedoeoed-oedoeoed, bisa bir-biran, bisa teroes-teroesan angob, sabab temtoené ija warga wanita loro maoe sing teroes-teroesan giliran ... ngomong. Nanging nèk akèh wargané wanita sing ahli poelitik, tak-tanggoeng, kang Garèng, benggandering goeminterad mesthi ora béda karo ... tjèmbèng”.

Garèng: „Wong koerang adjar, ana kok dianggep wong wadon mesthi dojan ngomong, nganti diènèkaké, benggandering ing goeminterad, jèn akèh wargané wanita sing ahli poelitik, sidji lan sidjiné mesthi moh kalah remboegé, bandjoer mesthi pating tjraèk ramé kaja tjèmbèng. Doeroeng kinar, Troek, lananga wadona, jèn djeneng manoengsa, mesthi ana sing meneng, ana sing soegih omong. Wonga lanang baé rak ija akèh sing soegih omong, nganti ana ing benggandering, ngreti oetawa ora apa sing diremboeg ana ing kono, ija meksa mèloe ngomong baé. Poengkasané remboegé sok bandjoer ngroedjak sentoel, dika ngalor, koela ngétan”.

Pétroek: „Kang Garèng, nèk ngomong arep nganggo wangsalan, panganggoné koewi sing bener; roedjak sentoel koewi: dika ngalor, koela ngidoel, doedoe ...”

Garèng: „Wajah, nèk ditegesi kaja ngono, koewi djenengé ngina menjang sapaðaning oemat, andakwa jèn wong-wong maoe ora ngreti babar pisan apa sing lagi diremboeg, moelané remboegé ija bandjoer ngalor ngidoel. Sédjé karo jèn diènèkaké: dika ngalor koela ngétan, sing diremboeg ing kono maoe, ngretiné ngreti, moeng baé saka dèmené ngomong, remboegé bandjoer salèwèngan, nganggo mampir mas, mampir Jem barang. Dadi tjekak aos, loegoené ija pada baé, wong lanang lan wong wadon koewi, ana sing dojan ngomong, nanging ija ana sing kaja gong, moeniné jèn ditaboeh. Wis Troek, saiki ora preloe ngremboeg prakara poelitik, ija lananga, ija wadona, wong akoe bandjoer pating prinding gitokkoe. Nanging akoe arep takon njang kowé, kowé semoené tjotjog anané wanita dadi warga goeminte, anggeré adja ahli poelitik baé; lo, koewi sing kanggo wewatonmoe apa, Troek?”

Pétroek: „Wah, iki pirang-pirang banget, kang Garèng. Kaja ta: kang kapisan bangsaning wanita koewi oemoemé loewih landèp panggrahitané katimbang bangsaning prija”.

Garèng: „Tjotjog Troek, boektiné bakjoemoe koewi baé, lagi

anoe akoe ana ing kampoeng Nonongan toekoe djarit kawoeng, regané mono teloeng roepijah setengah, tak-bajar nganggo doewit kretas limang roepijah, lali akoe ora andjaloe soesoek, hla koewi saka landeping panggrahitané bakjoemoe, tekan ing omah akoe teroes dikrawoes nganti entèk entoeng, malah akoe diarani kepéngin ningkah bakoelé barang".

Pétroek: „Wijah, ora koewi sing tak-karepaké wanita panggrahitané loewih landep katimbang prija. Nèk sing ko-kandakaké koewi maoe, rak djalara kowé ngebrèh kagrawa saka geloeng gondèl, lan bakjoe rada gegeðèn boetarepané. Moenggoeh sing tak-oenèkaké wanita loewih landep panggrahitané, koewi karepé: wanita koewi oemoemé loewih ngreti njang pasemon katimbang wong lanang. Wis, wis, saméné baé disik bab iki. Saiki takbandjoerné manèh, ana manèh wataking wanita, kang preloe banget kanggoné warga geminterad sing pantjèn: nowétoe nijatingsoen amigatèkaké kapreloeaning koeta lan wong-wongé, ja ikoe wataking wanita sing dèmen anenitèni".

Garèng: „Moepakat, Troek, moela ija njata jèn wong wadon koewi pinter banget aninitèni, tandané bakjoemoe koewi, angger moelih saka benggandering koempoelané, saka ahliné anenitèni, ija bandjoer baé bisa ngarani: wah, mopro Kardjan, maoe panganggoné dikajang temenan, klambiné loerik abang, nganggo pendateng, penitiné rèntèng, kaloeng maðaljoen mripat sidji kaşik barlijan, wah, loewes banget. Bandjoer rasoekanè dèn ngantèn Hardja, agemé rasoekan soetra djambon nganti bali manèh kaja prawan ... kاپiran. Loewih-loewih mas djeng Djaja, ramboet alis diirengi, pipi lambé diabang, kaşik nganggo tjelakan, wah, nganti kaja ... topèng".

Pétroek: „Wajah, koewi tjara nenitèni kang ngadjak ora omah, kang Garèng, awit kaðang kala jèn ana ingomah sok bandjoer béka njang sing lanang, mangkéné: hek, hek, mo—as, toekokaké djoengkat ngawé-awé kaja sing dienggo djiipro Sarinten. Oetawa sok doewé pandakwa sing ora-ora mangkéné oepamané: panganggoné mopro Karta mompjoer nganti kaja toko mlakoe, nanging kabèh maoe lé oetang, nganti saiki doeroeng loenas, lan sapitoe-roeté. Doedoe iki sing tak-karepaké wanita ahli nenitèni koewi maoe. Tak-oenèkaké wong wadon ahli nenitèni, koewi sadjatiné ija saka pakoelinané saben dina, sok balandja njang pasar oetawa njang toko, dadi kapeksa bandjoer koedoe weroeh reregané barang kabèh, sarta saka sasrawoengané saben dina ija weroeh pira pangasilané kaoem dagang, pira boetohé sidji-sidjining wong, lan sapitoe-roeté. Kabèh iki kaja ana preloené toemrap warga geminterad, sabandjoeré jèn arep nganakaké pranatan apa-apa

sing bisa ngenani wong-wong maoe, ora moeng main antem krama baé, nanging bisa nganggo wawaton sing maçok temenan”.

Garèng: „Wèh, Pétroek iki ana baé sing kanggo waton anggoné arep ngréwangi kaoem wanita, semoené Pétroek kepéngin dibenem déning para wanita dadi ... pokroel bamboené”.

Pétroek: „Sakarepmoe anggonmoe arep ngarani, kang Garèng, ing kéné akoe moeng arep ngandakaké adilé. Kadjaba ikoe loemrahé kaoem wanita koewi ija loewih awas katimbang kaoem prija”.

Garèng: „Iki akoe wis aneksèni rambah kaping pinjo, Troek, moela ija njata jèn wanita awas! Kang kapisan nalikané ana motor toebroekan, kang andjalari sing noenggang pada nandang tatoe, malah ana sing mati barang, koewi saka awasé bakjoemoe, sanalika kono bisa kanda mengkéné: Prijaji poetri sing tiwas, njampingé kawoeng babaran Ngajodja, rasoekané krèp-de-sin, sengkangé oelir panoenggoelé sidji toer barlijan, malah soesoek kondéné weton ... Sliper”.

Pétroek: „Wajah, lo ora mèmper, sing weton Sliper koewi rak bangsané mesin, patjoel barang kaé. Kang kaja ngono koewi ija bener djeneng awas, nanging awasé wong sing lagi brahi sandang”.

Garèng: „Nanging rak ija awas, ta. Kang kapingdo: ésoek-ésoek tangi oedjoeg-oedjoeg anglabrag akoe, nosotaké nganti resik petjerèn kaé. Karo moena-moeni mangkéné: Ajo, ngakoewa baé, ija apa ora, kowé mesthi doewé lakoe ora apik, hèh? Akoe nganti deleg-deleg oro bisa ngoetjap; bareng tak-takoni: Akoe doewé lakoe ala sing kepijé, wangsoelané djeboel: Akoe maoe bengi ngimpi ... tapihkoe amoh”.

Pétroek: „Nèk kaja ngono koewi, ora saka awasé, nanging saka goegon-toehoné. Kang Garèng, kaoem wanita tak-oenèkaké loewih awas katimbang kaoem prija, sabab oemoemé kaoem wanita koewi pikirané moeng sawidji, ora sok aslèwèngan kaja loemrahé wong lanang. Kaja ta wataké wong lanang: lagi mriksa prakara, gawé prosès perbal, ana klambi djambon liwat baé, ija bandjoer mak tjlingoek dawa, hla, poengkasané, ing prosès perbalé ana oenèn-oenènané: moeng lakoené ambelarak sempal”.

Garèng: „Wajah, koewi rak wataké wong lanang sing pantjèn tistisan”.

Pétroek: „Lo, koewi moeng minangka kanggo toelada salèwèngané wong lanang. Sédjé karo bangsaning wanita, pikirané moeng sawidji; nèk dipasrahi pagawéan apa-apa, ija moeng ngemen-emenaké sidji koewi maoe, ora bakal salèwèngan saparan-paran. Moelané, saka déné anggoné ora andoewèni watak salèwèngan maoe, ing pagawéané ija ora bakal nganti kalebon oenèn-

oenèn kaja maoe kaé, malah ana apa-apa satitik sing ora mestiné, ija bandjoer: gloetek, weroeh baé. Mara, apa ora kena dioenèkaké kaoem wanita loewih awas katimbang kaoem prija? Djalaran saka kabèh maoe moelané akoe bisa ngarani moepakat kaoem wanita dadi warga goeminterad, moeng baé tak-balèni manèh oenikoe ingarep, anggeré doedoe wanita bangsa poelitikoes. Lan tak-tanggoeng, kang Garèng, jèn ing goeminterad akèh wargané kaoem wanita, ora-orané goeminte kanggoné bangsané déwé iki, nganti kakèhan mamboené ... petjerèn kaja saiki kiji”.

Garèng: „Wé, hla wong nékad ané, katik malah mlemboeng-mlemboengaké para wanita. Saka gedéning atiné para wanita, mengko rak bisa kalakon, ngagem selop djelinggring, doedoe toengkaké, nanging ngarepé, dadi bisa loewih andangak-dangak”.

Pétroek: „Wèh, hla wong sembrana ngentèk iki arané. Ana kok bandjoer ngira sing ora-ora mengkono. Mara, saiki tak-terangaké sababé apa akoe moepakat karo kaanané wanita dadi lid goeminterad koewi. Moenggoeh sanjatané, goeminte koewi kena diarani balé omah benggala, tegesé: balé omah kang gedé banget. Mara, saiki sapa sing loemrahé njekel balé omah koewi, sanadyan jèn dipandjing karo balé omahé goeminte moeng tjilik mentik banget, rak ija kaoem wanita, ta?”

Garèng: „Wèh, lé gawé pepandjangan koewi katik ora moerwat mengkono. Mengko soewé-soewé Pétroek iki doewé panemoe mangkéné: Moepakat para wanita didadèkaké ndara wedana, sabab bendara wedana koewi minangka bapa baboené wong sakadistrikan, ing mangka loemrahé sing dadi baboe oetawainja koewi ija bangsané bakjoe-bakjoe”.

Pétroek: „Lo, sapa weroeh, kang Garèng, kadadéané ing tembé boeri? Jèn ngélingi ing pradja-pradja ija saiki wis ana pradjoerit wadon, poelisi wadon, lan sapanoenggalané, bokmanawa ing tanahé déwé kiji soewé-soewéné ija ana dara mas rara oetawa dara adjeng mantri poelisi, asistèn wadana, sarta bendara mas lara oetawa bendara adjeng wedana — iki salawasé doeroeng kagoengan garwa, kang Garèng, déné jèn wis krama, mestiné seboetané ija ganti: bendara dèn ajoe wedana ... tjantjoet”.

Garèng: „Lo, Troek, ana katik diwènèhi panambang temboeng tjantjoet, iki karepmoe keprijé, Troek?”

Pétroek: „Iki kanggo ambédakaké aro bendara dèn ajoe wedana sing moeng njang dalem baé, ora gepok sénggol karo prakara pangrèh pradja. Dadi sing tjantjoet ija ingkang raka. Kosokbaliné karo sing tak-kandakaké ingarep, sing tjantjoet bendara dèn ajoené, déné kakoengé ... ngeloni poetra-poetra”.

Garèng: „Wah, djenengé kiji rak bandjoer djaman wolak-

walik-wolak. Jèn wis tekan samono djamané, wis, Troek, akoe narima dadi ... lènggèr alias talèdèk lanang baé”.

Pétroek: „Wé, hla ora oeroes temenan, ana kok bandjoer talontjongan omongané mengkono. Wis, wis, saiki tak-bandjoerné kateranganakoe ingarep. Wis oemoem pagawéané wong wadon koewi njekel balé omah, ja ikoe: wong wadon koedoe tansah andjaga, soepaja kaanané ing sadjeroning omah betjik, radjin, slamet, tata tentrem, lan sapanoenggalané. Déné piranti sing kanggo nata balé omahé maoe, ora lija ija pangasilané wong lanang. Mara, apa iki ora tjotjog karo kaanané goeminte? Sabab ing kéné wong wadon kena dipadkaké pangrèhé goeminte, ja ikoe sing nata lan ngigoehaké pangasilané; kaanané balé omah kena dipadkaké kaanané ing sadjeroning goeminte; pangasilané wong lanang iki kena dipadkaké karo padjegé wong-wong sing manggon ana ing sadjeroning goeminte kono”.

Garèng: „Dadi iki pepandjangané ija ora béda karo mangkéné oepamané: wong wadon sing lantap lan sija-sija banget menjang sing lanang, pada baé karo goeminte sing sawijah-wijah karo wong-wong ing koèta kono”.

Pétroek: „Wijah, wijah, kok roepa-roepa mengkono. Wis, saiki tak-bandjoerné kateranganakoe. Dadi pakoelinané wong wadon koewi saben dina nata kaanané ing balé omahé, soepaja slamet, tata tentrem lan rahardja. Bisané mangkéné iki ija koedoe tansah ngélingi pangasilané sing lanang. Dadi tjekak aos, jèn pangasilané saméné, anggoné ngetokaké doewit ija ora kena loewih saka samono. Widjang-widjangané mangkéné oepamané: kanggo pangané ing sadjeroning omah saméné — iki pepandjangané karo goeminte: sing kanggo ambalandja para poenggawané oepamané. Sing kanggo noekokaké soeweng barlijan anaké wadon saméné — iki pepandjangané karo geminte oepamané: sing kanggo andandani dalan-dalan ing koèta sing kleboe in de klas. Kanggo noekokaké plèlèr tapih kawoeng tjaptjapan njang baboené saméné, padané iki: kanggo andandani dalan kampoeng saméné. Kabèh maoe ora kena nglondjok saka pangasilané sing lanang, oetawa ora kena nglondjok saka pangasilan padjegé wong-wong ing koèta kono. Jèn wong wadon oeripé arep gagah-gagahan koewi, kadang kala bandjoer kapeksa njoewoen bantoe njang prijaji sepoe; nèk tjara goeminte njoewoen soebsidi njang kangdjeng rama goepremèn. Oetawa golèk ... oetangan. Mara, nèk nitik apa sing tak-omongaké iki, sanadyan tjilik-tjilikan, ing kono rak wis tetéla jèn pagawéané wong wadon saben dina koewi ija ora béda karo pagawéané pangrèh ing goeminte”.

Garèng: „Wèh, nèk bandjoer digotak-gatoekaké mengkono soewé-soewéné ija mesti gatoek. Wis, bandjoerna baé”.

Pétroek: „Saka tansah kapeksa koedoe ngélingi pametoené wong lanang, lan ing sarèhné roemasa ora bisa golèk òewit dèwé, sabandjoéré wong wadon loewih pinter ngirit katimbang wong lanang”.

Garèng: „Anggeré wong wadon adja demen nangga, oetawa seneng andeleng kloeroeking ... koetjing”.

Pétroek: „Wajah, nèk dipikir mengkono, ija wis boebrah kabèh”.

Garèng: „Mengko sik, Troek, sadoeroengé ambandjoeraké remboegané lagi anoe kaé, akoe takon marang djeneng sira, jaji — wajah, lé ngomong nganti kaja pijaji — djaréné sésoek embèn iki, dina Djoemoewah, kowé arep loenga menjang Jodja, Sala, Madijoen, Kèdiri, nglamar ndara, olèh paranjai ...”

Pétroek: „Wijah, takon ija takon, nanging omongé ambok adja nglantoer mengkono. Moela ija njata, jèn ora ana alangan, dina Djoemoewah ngarep iki akoe arep dibestèlaké kanthi prangko, njang Jodja, Sala, Madijoen lan Kèdiri, preloe dikon nonton keprijé kaanané wong-wong sing arep pada pindah njang tanah sabrang. Ing sarèhné loengkoe iki didèrèkaké — é, nas, nganti lali kawiné — andèrèk para panggedé, kanthi mrebes meles lan kaja diremet-remeta atikoe, akoe kapeksa koedoe ninggal adimoe, makné Kamprèt ana ing Batawi”.

Garèng: „Kowé koewi roemasamoe ngomong karo botjah tjilik apa keprijé, loemrahé ija kaja ngono koewi sing dadi parikané wong lanang, nèk dikira bakal kroengoe oetawa kaweroehan sing wadon, anggoné ngresoela anggaranggantoeng. Mengkéné oepamané: O, Allah, boené, kaja ngéné aboté oewong koedoe angla-koni ajahaning Nagara, nganti kepeksa akoe koedoe pisah njang kowé; rasaning atikoe kaja diremet-remet, prasaksat ninggal botjah ana ing pinggir soemoer. Malah bokmanawa mripaté nganggo ngetjembong barang, nanging lagi baé metoe lawang, apa manèh jèn nganti doh kana doh kéné, ija bandjoer andadak aksi, lé mlakoe nganggo ngoebeng-oebengaké tekené, loemrahé malah karo singsat-singsot: sit soe—wit, sit sit soewit soewit. Moelané bab iki kowé ora soesah anggedobrol, akoe wis ngreti gendingané. Ing bésok baé, adja lali olèh-olèhé. Saikiné pada ambandjoeraké remboegané disik sing nganti katam. Wis, mara bandjoerna kateranganamoe anggonmoe moepakat ana kaoem wanita dadi warga goeminterad”.

Pétroek: „Kang Garèng, akoe pretjaja, jèn para warga goeminterad sing saiki kiji, pantjèn bangsané wong pinter-pinter, bangsa djamhoer-djamhoer, bregas-bregas, gagah-gagah, oemoemé: para sing ora taoe ing dalemé kendilé mengkoereb, mengkono oega ija doedoe bangsané sing agem-agemané mleboe metoe ang-

goné ngèngèr njang pak gedé. Tjekak aos, para sing djempolan temenan”.

Garèng: „Saoepama akoe dadi warga goeminterad, sanalika Pétroek mesti tak-presèn sebénggol. Wajah, anggoné ngalembana koewi teka mantep temen”.

Pétroek: „Lo, akoe ngomong temenan, kang Garèng, ora nedya ngolam-ngalem. Moela ija njata, oemoémé para warga goeminterad sing saiki kiji, bangsa djempolan. Dalemé sing akèh-akèh ija bregas-bregas, adja manèh nganti roesak, botjor setitik baé, ija ora, kang Garèng, toer ija mangkoe dalan gedé, sing aspalan katik gempi kaé”.

Garèng: „Ora, Troek, wah, pikiranakoe répot, anggonmoe ngalem ana kok teroes andalindjing mengkono. Moenggoeh karepmoe baé keprijé?”

Pétroek: „Wong dalemé bregas katik ora botjor babar pisan, mestiné ija ora taoe ngraosaké soesahé jèn omah kang dienggoni koewi pating gemblèh katik botjor kabèh, kang kapeksa koedoe énggal-énggal didandani. Bengi-bengi lagi kepénak-kepénaké toeroe, kapeksa koedoe ojang-ojong ngalih enggon sabab ketrotjohan. Ngalih enggon sing ora botjor, anginé koela noewoen pada mleboe kabèh. Oemoémé para warga goeminterad sabab saka bregas-bregas maoe, kaanan sing kaja ngono koewi sadjégé ora taoe ngalami lan ija ora taoe ngrasakaké. Moelané jèn ing woe-sana ing goeminte nedya nganakaké pranatan toemrap wong kang arep jasa oetawa dandan-dandan omah, mengkéné mengkana mengkono, ija bandjoer asésé, alias moepakat”.

Garèng: „Rak ija apik, ta, Troek, djenengané pranatan, tegesé: kaanané ing kono bakal diatoer, ditata, adja nganti adegé omah pating besasik, adja nganti djoembleng tjedak soemoer, nganti banjoe-ombèn olèh sarining telèké ... mas Djaja”.

Pétroek: „Lo, dianakaké pranatan koewi pantjèn ija apik banget, agawé betjik, saras lan sapaðané, anggeré baé adja andawakaké rasaning panalangsa wong sing lagi boetoe. Kaja ta: wong arep gawé oetawa dandan-dandan omah, koewi pantjèn boetoe banget soepaja omahé kepénak, rapet, ora botjor, lan sapitoeroeté, bandjoer tjlorot ngatoeri lajang njang goeminte, preloe njoewoen palilah ngedegaké omah oetawa andandani omahé. Lo, koewi moedoené lajang idin, nèk dipikir ija ora soewé, wong ija moeng let ... sesasi manèh. Mara, apa iki ora andedawa rasa panalangsa lé omahé botjor, oetawa pating gemblèh maoe; nèk arep jasa omah, ija nganti bosen anggoné angggambaraké omahé: mengkéné, mengkono”.

Garèng: „Kowé koewi kok anèh, Troek, Troek, wong ija dipranata, kabèh-kabèh ija nganggo pranatan; moedoené lajang idin

saka goeminte nganti let sesasi, bokmanawa tekan setengah taoen barang, sabab wong nganggo pranatan, Troek, moelané setat-sijoené ija pirang-pirang. Kaja ta: lajang panoewoenan maoe, mestiné nganggo nginep njang kantor pos barang, ésoeké disowanaké njang panggedé kang doewé koewadjiban. Panggedé iki bokmanawa lagi begandering, oetawa lagi toerné oetawa lagi ... ora kober, kang andjalari lajang maoe mogok ana ing kono nganti ésoeké manèh. Sabandjoeré bokmanawa bandjoer dipasrahaké djoeroetoelis kang diwadjabaké nglebokaké njang boekoe register oepamané, doemadak djoeroetoelisé lagi prelop, si lajang bandjoer ngorok manèh ana ing médjané kono, emboeh pirang dina manèh; saewisé dilebokaké ing boekoe, dipasrahaké njang opsihter apa ija insepèktoer sing wadjib mriksa panggonan sing arep diedegi omah, oetawa mriksa omah sing arep didandani; mestiné opsihter oetawa insepèktoer iki pegawéané ija satékroek, ora bakal jèn toemoeli bandjoer nandangi baé, mestiné ija nganggo moeni: nanti doeloe, beloem ada témpo. Nantiné maoe bokmanawa ija ana teloe oetawa patang dina manèh; jèn wis dipriksa, saepama wis ditimbang betjik, kirakoe ija ora bandjoer mak gloetek, kena digarap baé, nanging ija nganggo moebeng-moebeng manèh. Dadi moenggoeh ing panemoekoe, meñoené lajang idin nganti let sesasi barang koewi, rak ija doedoe salahé para lid goeminterad".

Pétroek: „Doedoe, iki salahé pranatan. Kaanan sing kaja ngéné iki para lid goeminterad mestiné ija pada oeninga, nanging sarèhné ora taoe ngalami lan ora taoe ngrasakaké soesahé omah kang botjor lan pating gemblèh, mestiné panggalihané ija moeng: teloeng dinaa, sesasia rak ora ana bédané. Nanging jèn wis taoe ngrasakaké rasané, taktanggoeng, Troek, mesti ora bakal metoené lajang idin geminte diintit-intit kaja saiki kiji".

Garèng: „Bandjoer iki samboengé kanggo saepama wong wadon sing dadi lid goeminterad apa, Troek? Sabab sanadyan wanita sing kepilih dadi lid goeminterad, ora woeroeng mestiné ija para wanita sing gagah-gagah, sing djempolan, ija sing omahé apik-apik ora pating gemblèh lan ora botjor ..."

Pétroek: „Éwasamono meksa ana katjèké, kang Garèng, sabab wanita koewi oemoemé anggoné njang omah, ora kaja kaoem prija: nèk awan njang kantor, jèn bengi bokmanawa njang ... kamar bolah. Wong sing adjeg njang ngomah, iki bisa ngrasakaké kanti temen-temen, keprijé rasané jèn omahé botjor, djoebiné djemblong, pageré rajapen lan sapanoenggalané. Ing sarèhné wong wadon koewi loemrahé moeng njang ngomah baé, lan bisa ngrasakaké temenan soesahé jèn omahé roesak, moelané ija wong wadon sing bisa ngrasakaké temenan soesahé, jèn moe-

doené lajang idin saka goeminte andandani omahé maoe, diintit-intit”.

Garèng: „Heh, nèk noeroet omongmoe iki, dadi pikiranamoe mestiné: jèn arep gawé tatanan apa-apa, amrih betjiké, ija koedoe njambat oetawa remboegan karo wong-wong sing bakal kena oetawa gagajoetan karo tatanan maoe. Dadi saopama arep nganakaké tatanan kang sedyané arep noeloengi wong mlarad, kaprijé anggoné arep mitoeloengi, koedoe remboegan karo wong mlarad. Arep nganakaké tatanan kanggo mitoeloengi kaboedajan bangsané déwé sing tjilik-tjilik, ija koedoe sarembog karo wong-wong sing pada nglakokaké kaboedajan ...”

Pétroek: „Ija ngono koewi koedoené, kang Garèng soepaja sedyané tatanan maoe bisaa toemindak kanti betjik, sabab rak ija wong-wong maoe sing bisa weroeh lan bisa ngrasakaké, sapira lan keprijé sing arep kanggo mitoeloengi koewi”.

Garèng: „Ha ija, nèk kiji rada mèmper! Saikiné saopama wong arep gawé tatanan moerih betjiké — oepamané baé tatanan anetepaké paoekoeman — ing sarèhné koedoe sarembog karo wong-wong sing bakal gegajoetan karo tatanan maoe, apa ija koedoe sarembog karo ... maling, kètjoe, rampog lan sapaðané? Mangko rak kalakon ana pasakitan ing sadjeroning boewèn toeroe ana ing tempat tidjoer, ésoek sarapan roti, mertéga lan kèdjoe, awan mangan sega karo bestik lan sop pitik”.

Pétroek: „Wajah, ana kok bandjoer sing-sing mengkono sing dirembog! Saiki pada ambalèni remboégé ingarep ing bab betjiké wong wadon dadi warga goeminterad koewi maoe. Taktanggoeng, kang Garèng, jèn kaoem wanita bisa lenggah dadi lid goeminterad, ing sarèhné bisa ngrasakaké soesahé jèn omahé roesak maoe, ora bakal nganti kalakon wong njoewoen idin arep dandan-dandan oetawa jasa omah, anggoné ngentèni nganti ... bosen lé arep dandan-dandan oetawa gawé omah maoe”.

Garèng: „Apa bandjoer arep njebal atoeran sing salawasé ditindakaké ana ing goeminte? Ja ikoe: lajang panoewoenan ngorok disik njang goné sèp ana ka teloeng dina oepamané, bandjoer ditampakaké njang djoeroetoelis sing dipasrahi nglebokaké ing boekoe register, ana ing médjané kono ngorok manèh ana ka seminggoe, saowisé dilebokaké boekoe, diatoeraké ndara toewan insepèktoer sing diwadjabaké mriksa omah, ana ing kono lajangé panoewoenan maoe ija ngorok manèh, emboeh pirang dina ...”

Pétroek: „Wijah, wijah, adja roepa-roepa mengkono, ta, kang Garèng! Nèk-nèké lid-lidé goeminterad tansah rèwèl, sabab pantjèn ija ngreti temenan boetoehé wong sing arep jasa omah oetawa arep dandan-dandan, kirakoe kok bisa baé dianakaké pranatan anjar, sing ora nganggo ngorak-ngorok njang ngendi-endi,

nanging bisa tjékat-tjèket toemoeli ditandangi kanti rikat banget, nganti moedoené lajang idin goeminte maoe moeng let sadina rong dina baé karo mleboené lajang panoewoenan. Saiki tak-bandjoerné kateranganakoe. Koewadjibané wong wadon koewi oemoemé njekel balé omah. Kanggo njokoepi kaboetoehané ing omahé, wong wadon kapeksa koedoe sasrawoengan karo sawar-naning bakoel, malah ija kerep koedoe njang toko, lan njang pasar barang. Djalaran saka pakoelinané saben dina sing mangkono maoe, ija bandjoer weroeh, sapira olèh-olèhané bakoel goðong lembajoeng, bakoel djanganan, bakoel wowohan lan sapaðané. Bakoel goðong lembajoeng oepamané koewi sing akèh-akèh saka désa kang adoh saka koéta. Dodolané lembajoeng koewi oemoemé ambedjadji teloeng bénggol oetawa saketip. Saoepama saikiné akèh kaoem wanita paða dadi lid goeminterad, ing sarèhné paða priksa pira moenggoeh pangasilané bakoel sing tjilik-tjilik maoe, kira-kirané ija bisa ngalang-alangi bakoel bajem bledeng mleboe pasar tèplek ditèmpèli kertas, sarta diojak-ojak dikon bajar limang sèn”.

Garèng: „Kowé koewi djenengané wong ora genah, Troek. Apa karepmoe bakoel-bakoel sing paða mleboe ing pasar koewi soe-paja dikon gratis kabèh? Anané pasar koewi nganggo ongkos, Troek, toer ongkosé ija ora sañtik, kaja ta: andandani bango-bango, reresik ...”

Pétroek: „Akoe ngreti, kang Garèng, jèn kabèh maoe nganggo wragad. Moelané pasar bandjoer dikenakaké narik kartjis. Iki preloené ora lija moeng kanggo oeroen waragadé ngoepakara pasar. Dadi nariké kartjis maoe moeng preloe kanggo oeroen-oeroen, ora kena dianggep toeking pangasilan, Moelané panariking kartjis ija anggeré tjoekoe kanggo noetoe waragadé ngoepakara, ora nijat nedya golèk bañ satékrak”.

Garèng: „Nanging saiki woedjoedé pasar doewèké goeminte koewi betjiké ngoedoebillahi minassèsètti temenan, kang ikoe waragadé ngoepakara ija sasajahiranèki. Moelané anggoné andja-loek oeroenan dikajang”.

Pétroek: „Éwasamono, kang Garèng, jèn akèh kaoem wanita sing dadi lid goeminterad, ing sarèhné saora-orané kaoem wanita koewi kapeksa sok koedoe saba pasar, kirakoe bisa nganakaké pranatan kang bisa ngèntèngaké sanggané bakoel-bakoel sing paða dodolan ana ing pasar kono. Toemrap kaoem wanita mestiné paða soemoeroep, jèn akèh baé para prija, loewih-loewih jèn dina ming-goe, sing paða petèntang-petèntèng ana ing pasar, oemoemé ora paða arep toekoe apa-apa, sing akèh-akèh moeng arep ngewèhi pagawéan mripaté, ana ing bango-bangoné ... bakoel djarit oepa-mané. Bandjoer akèh baé wong mleboe pasar, ora nijat arep apa-

apa, moeng nijat arep ... ngoetil oetawa njebrot. Wong rong golongan iki rak ora lija moeng arep ngroesoehi wong kang pada doewé kaprelocan ana ing pasar baé. Sing kaja ngéné kaja ngéné kiji nèk wong wadon mesti soemoeroep, ora lija sababé wong ija sabané ana ing pasar, dadi ija sing sok ngrasakaké soesahé ana ing pasar saka déning wong-wong rong golongan maoe. Djalaran sok ngrasakaké paité, toemrapé wanita temtoené bisa doewé timbangan: sapa baé, ora predoeli bakoel oetawa wong sing moeng dolan baé, anggeré arep loemeboe ing pasar, koedoe ditariki kartijis sasèn. Iki goenané pirang-pirang, kang Garèng: 1° olèh-olèhané kartijis saka wong-wong sing doedoe bakoel, sing kirané ora satitik, kiji kena kanggo ngèntèngaké kartijisé para bakoel; 2° jèn padjegé para bakoel soeda, reregané barang dagangané mestiné ija soeda; 3° jèn saben oewong mleboe pasar pada bajar kartijis, iki bisa njoeda mleboené ndara-ndara toekang koetil lan toekang ... klirak-klirik".

Garèng: „Wèh, roemasané teka bandjoer dadi wèthoder, nganggo awèh timbangan barang".

Pétroek: „Ora mengkono, kang Garèng, akoe moeng arep noedochaké awasé kaoem wanita moenggoeh ing dadi lid goeminterad. Kadjaba iki isih akèh-manèh sing bisa amboektèkaké goenané wong wadon dadi warga goeminte. Bakal kedawan jèn kabèh maoe diremboeg ana ing kéné. Moeng sabab sing akoe ora tjotjog anané wanita dadi lid goeminterad, ja ikoe padjeg kasenengan mesti moendak sasajahé kaé, preloené soepaja wong lanang ... njang omah baé. Wis, kang Garèng, remboegané bab kiji pada disetop saméné baé, lija dina pada remboegan bab lijané baé manèh".





"A book that is shut is but a block"

CENTRAL ARCHAEOLOGICAL LIBRARY

GOVT. OF INDIA
Department of Archaeology
NEW DELHI.

Please help us to keep the book
clean and moving.

B. W. 148. N. DELHI.